# JA’HA’N TARIYXI’

9

Qayta islengen ha’m du’zetilgen u’shinshi basi’li’m

*O’zbekistan Respublikasi’ Xali’q bilimlendiriw ministrligi uluwma bilim beretug’i’n mekteplerdin’ 9-klasi’ ushi’n sabaqli’q si’pati’nda usi’ni’s yetken*

«O‘QITUVCHI» BASPA-POLIGRAFIYALI’Q
DO’RETIWSHILIK U’YI
TASHKENT — 2014

**UO'K: 94(4/9)-512.121(075)**
**KBK 63.3(0)**
**J-39**

Tariyxi'y a'debiyatlardi' baspag'a tayarlaw ha'm basi'p shi'g'ari'w boyi'nsha ekspert topari' juwmaqlari'na muwapi'q Respublikali'q bilim worayi'ni'n' tariyx pa'nlerinin' woqi'w-metodikali'q ken'esi ta'repinen baspag'a usi'ni's yetilgen.

*Avtorlar:*
**M. Lafasov, U. Jo'rayev, E. Xoliqov, D. Qodirova.**

Juwaplı redaktor: tariyx ilimlerinin' doktori', professor **E. Z. Nuriddinov**

**Pikir bildiriwshiler**: filosofiya ilimlerinin kandidatı **R.R. Nazarov;** Joqari' kategoriyali' woqi'ti'wshi' **B. Abdullayev**.

## BELGILER MAZMUNI'

Tema u'stinde wo'z betinshe islew.

Yeste saqlan'.

Atamalar mazmuni'.

Disput ushi'n tema.

Sorawlar ha'm tapsi'rmalar.

**Wo'zbek tilinen qaraqalpaq tiline awdarmag'a pikir bildiriwshi:**

**M. Ta'jimuratov** — *Shi'mbay rayoni' 10-sanli' mekteptin' tariyx pa'ni woqi'ti'wshi'si'.*

**Respublikali'q maqsetli kitap qori' qarji'lari' yesabi'nan ijara ushi'n basi'p shi'g'ari'ldi'.**

ISBN 978-9943-02-756-5
© «O'qituvchi» BPDU', 2014

# KIRISIW

A’ziz woqi’wshi’lar!

Siz g’a’rezsiz O’zbekistanni’n’ perzentlerisiz. Ja’ha’n tariyxi’n u’yreniwde yelimiz basshi’si’ Islam Karimovti’n’ wo’z tariyxi’n biliw ja’ha’n tariyxi’, uluwma rawajlani’w ni’zamli’qlari’n u’yreniwdin’ tiykari’ yekenligi haqqi’ndag’i’ pikirin yadta tuti’wi’n’i’z za’ru’r.

Siz 9-klasqa qa’dem qoydi’n’i’z. Mektepti pitkergennen son’ akademiyali’q licey yaki ka’sip-wo’ner kolledjinde woqi’ysi’z. Siz 8-klasta «Ja’ha’n tariyxi’» boyi’nsha XVI baslari’nan XIX a’sirdin’ yekinshi yari’mi’na shekemgi bolg’an da’wirdi u’yrendin’iz. Yendi ja’ha’n tariyxi’ni’n’ yen’ qi’zi’qli’, quramali’ da’wirin u’yrenesiz. Sebebi, bul da’wirde du’nyada u’lken wo’zgerisler ju’z berdi. Bul da’wirdin’ tiykarg’i’ belgisi — wo’ndiriste monopolistlik kapitalizm wornadi’. Ha’r tu’rli sindikatlar, karteller, koncernler ju’zege keldi. Islep shi’g’ari’w woraylasti’, shet yelge kapital shi’g’ari’w baslandi’. Bir qatar ma’mleketler aldi’ng’i’ 100 ji’llarda yerise almag’an rawajlani’wg’a yeristi.

Bazar ekonomikasi’ ja’miyeti rawajlani’wi’na ta’n bolg’an bunday wo’zgerislerdi ha’zirde bizin’ yelimiz wo’z basi’nan keshirmekte. Ja’miyet rawajlani’wi’ni’n’ tariyxi’y ta’jiriybelerinen bu’gingi ku’nde paydalani’w, jol qoyi’lg’an qa’telerdi ta’kirarlamaw yelimizde ulli’ ja’miyet du’ziwdi ha’m ja’ha’n ja’miyetshiligine mu’na’sip wori’n iyelewin tezlestiredi. Sol sebepli rawajlang’an yeller tariyxi’n teren’ u’yrenip, woni’n’ unamli’ ta’replerinen respublikami’z gu’lleniwi ushi’n paydalani’w ha’rbirimizdin’ a’diwli minnetimiz.

Bul sabaqli’q tariyxti’ jan’asha da’wirlestiriw negizinde tayarlang’an boli’p, XIX a’sirdin’ 70-ji’llari’nan 1918-ji’lg’a shekemgi da’wirdi wo’z ishine aladi’.

Sabaqli’qta tariyxti’ jan’a da’wirge qolaylap, klasli’q birlesiwdi bekkemlewge, insani’yli’qqa, gumanitar ideyalardi’ ken’eytiwge, uri’slardi’n’ adamzat dushpani’ yekenligin ko’rsetiwge, ti’ni’shli’q ha’m socialli’q rawajlani’w du’nya xali’qlari’ni’n’ ti’ni’sh jasawi’ ushi’n za’ru’r yekenligin ashi’p beriwge ha’reket yetildi.

# I BO'LIM — JA'HA'N XIX A'SIRDIN' AQI'RI' — XX A'SIR BASLARI'NDA

## I bap — DU'NYANI'N' SOCIAL-EKONOMIKALI'Q HA'M SIYASIY KO'RINISI

### 1-§. XIX a'sirdin' aqi'ri' — XX a'sirdin' baslari'nda kapitalizmnin' rawajlani'wi'nda ju'z bergen tu'pkilikli wo'zgerisler

**Monopolistik kapitalizm**

XIX a'sir aqi'ri' — XX a'sir baslari'nda kapitalizm rawajlani'wi'nda jan'a basqi'sh — monopolistlik kapitalizm dep atali'wshi' basqi'sh wornadi'. Bul — kapitalizmnin' ekonomikali'q turmi'si'nda monopoliyalar ju'zege kelgen, finans oligarxiyasi' qa'liplesken, siyasiy turmi'si'nda bolsa wolardi'n' ja'miyet u'stinen u'stemligi wornati'lg'an basqi'sh bo'li'p yesaplanadi'.

Kapitalizmnin' bul basqi'shi' yerkin kapitalizm basqi'shi'nan to'mendegi tiykarg'i' belgileri menen aji'rali'p turadi':

**1. Wo'ndiris tarawi'nda monopoliyalardi'n' ju'zege keliwi.**

Monopoliya — wo'ndiris yamasa sawdani'n' bir tarawi'nda jekke u'stemlikti iyelegen u'lken ka'rxana yaki sonday ka'rxanalar birlespesi. Monopoliyalar industrial ma'mleketlerdin' barli'g'i'nda ju'zege kelgen yedi.

Wolar kartel, sindikat, trest ha'm koncern ko'rinisinde ma'mleket xojali'g'i'ni'n' ha'r tu'rli tarawlari'n iyelegen yedi. Ma'selen, 1893-ji'li' Germaniyada du'zilgen Reyn-Vestfaliya ko'mir sindikati' yelde qazi'p ali'natug'i'n ha'm sati'latug'i'n ko'mirdin' tiykarg'i' bo'legin wo'z qoli'nda toplag'an.

XIX a'sirdin' aqi'ri'nda Germaniyada monopoliyalar sani' 250 den arti'q bolsa, AQSHta bolsa 185 monopoliya xi'zmet ko'rsetken.

**2. Finans oligarxiyasi'ni'n' ju'zege keliwi.**

Bul jag'day sanaat ha'm bank kapitali'ni'n' qosi'li'wi' na'tiyjesinde payda bolg'an. Wo'ndiristin' woraylasi'wi' ha'm sanaatti'n' monopoliyalasi'w procesi bank xi'zmetinde kapitaldi'n'

woraylasi'wi'na ali'p keldi. Ku'shli ba'seki sebepli kishi bankler kriziske ushi'rap, u'lken bankler qurami'na qosi'ldi'. Na'tiyjede ju'da' u'lken finansli'q qu'diretke ha'm wo'z yelinde u'lken siyasiy ta'sirge de iye bolg'an finansli'q woraylar — bank-gigantlar (iri bankler) ju'zege keldi. XX a'sir baslari'nda usi'nday banklerden Franciyada u'sh, AQSHta bolsa yekewi bar yedi.

Bank kapitali' menen sanaat kapitali'ni'n' birlesip ketiwi kapitaldi'n' jan'a formasi'n — finans kapitali'n ju'zege keltirdi. Polat, neft, gazeta ha'm basqa taraw «korollari'ni'n'» ju'da' u'lken bank-sanaat imperiyalari' payda boldi'.

AQSHta ma'mlekettin' ekonomikali'q turmi'si'n qadag'alap turg'an 60 shan'araqti'n' usi'nday imperiyalari' bar yedi. XIX a'sirdin' aqi'ri'nda bul shan'araqlardan «u'lken u'shlik» — Rokfeller (neft), Morgan (finans), Karnegi (polat) bo'linip turdi'. XX a'sirdin' baslari'nda Karnegi wo'zinin' ko'p millionli' mu'lkin satqannan son' amerikali'lar na'zerinde isbilermenliktegi tabi's ha'm bayli'qti'n' qu'direti yeki adamda — Morgan ha'm Rokfellerde ja'mlesken yedi. Solay yetip, Rokfellerdin' neft tresti yeldegi neft wo'niminin' derlik barli'g'i'n islep shi'g'ardi', Morganni'n' polat tresti bolsa polatti'n' 66 % tin berdi. Franciyada bolsa finansli'q qu'direttin' ti'msali' francuz bankinin' u'lken amanatshi'lari' bolg'an «200 shan'araq» yedi.

**3. Si'rtqa kapital shi'g'ari'w u'lken a'hmiyetke iye boldi'.**

Monopoliyalar, finans oligarxiyasi' paydani' ko'beytiwge ha'reket yetip, si'rtqa yendi tovarlardi' yemes, al kapital shi'g'ari'wg'a ayri'qsha a'hmiyet bere basladi'. Sebebi, yendi tovar shi'g'ari'wdan go're, si'rt yellerge kapital shi'g'ari'w, yag'ni'y wolarg'a joqari' procent yesabi'na kreditler beriw; ta'biyiy bayli'qlardi' arzang'a sati'p ali'w ha'm wol jerlerde yen' arzan jumi'sshi' ku'shi yesabi'na bayli'q artti'ri'w imkani'n beriwshi ka'rxanalar quri'w paydali' boli'p qaldi'.

**Shetke kapital shi'g'ari'wdi'n' wo'siwi (milliard sum yesabi'nda)**

| Ma'mleketler | ji'llar | | |
|---|---|---|---|
| | 1869 | 1899 | 1914 |
| Ulli' Britaniya | 5,8 | 23,9 | 36,7 |
| Franciya | 3,9 | 12,3 | 22,1 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| Germaniya | — | 4,8 | 16,6 |
| AQSH | — | 1,0 | 5,3 |
| Rossiya | — | — | 0,5 |
| Yaponiya | — | — | 0,4 |

Usi' sebepli 1900—1913-ji'llari' industrial yeller si'rtqa shi'g'arg'an kapitaldi'n' ko'lemi yeki yese ko'beygeni tosi'nnan yemes yedi. Sonday-aq, 1875 — 1900-ji'llari' Ulli' Britaniyani'n' si'rt yellerde jaylasti'rg'an kapitali' 2, Franciyaniki 2,25, Germaniyaniki bolsa 7,5 yese ko'terilgen.

**4. Xali'q arali'q monopoliyalardi'n' du'nyani' ekonomikali'q jaqtan bo'lip ali'wi'.**

Yen' u'lken monopoliyalar, finans oligarxiyasi'ni'n' tu'rli toparlari' bazarlar, shiyki zat derekleri u'stinen qadag'alaw wornati'wg'a umti'ldi'. Sol ta'rizde, xali'q arali'q monopoliyalar ju'zege kelgen. 1910-ji'li' wolardi'n' sani' 100 ge jetken. Na'tiyjede, yendi jan'a bir waqi'ya — xali'q arali'q monopoliyalar wortasi'nda ja'ha'n xojali'g'i' ha'm bayli'g'i'n qadag'alaw ushi'n gu'res baslang'an. Solay yetip, yeki finans topari' — Rokfeller (AQSH) ha'm Rotshildler (Ulli' Britaniya, Franciya) topari' ja'ha'nnin' kerosin bazari'n bo'lip alg'an.

1907-ji'li' u'lken monopoliyalar — «Uluwma elektr kompaniyasi'» (AQSH) menen «Uluwma elektr ja'miyeti» (Germaniya) wortasi'nda da ja'ha'n elektr bazari'n bo'lip ali'w ha'm wo'z ara birge islesiw haqqi'nda sha'rtnama du'zilgen.

Sol sebepli, derlik barli'q basqa ku'shsiz, artta qalg'an ma'mleketler yen' iri industrial (rawajlang'an) ma'mleketlerdin' finans oligarxiyasi'na ko'birek g'a'rezli boli'p qalg'an.

**5. Du'nyani' industrial ma'mleketler ta'repinen aymaqli'q jaqtan bo'lip ali'w ushi'n gu'res ku'sheydi.**

Finans oligarxiyasi' qu'diretinin' bekkemleniwi menen industrial ma'mleketlerdin' wo'z koloniyalari'n ken'eytiwge umti'li'wlari' tag'i' da ku'sheydi. Bul jag'day industrial ma'mleketler wortasi'nda du'nyani' aymaqli'q jaqtan bo'lip ali'wdi' tezlestirdi.

XIX a'sir aqi'ri' ha'm XX a'sir baslari'na shekem wolar arasi'nda pu'tkil jer ju'zinin' yari'mi'nan ko'bi bo'lip ali'ng'an yedi.

Ulli' Britaniya, Franciya ha'm Rossiya ju'da' u'lken koloniyalarg'a iye boli'p aldi'.

Germaniya, Italiya ha'm Yaponiya wonsha u'lken bolmag'an aymaqlar menen shekleniwge ma'jbu'r boldi'.

Ekonomikali'q rawajlani'wda du'nyada 2-wori'ng'a, Evropada 1-wori'ng'a shi'qqan Germaniyani' du'nyani'n' bunday bo'listiriliwi hesh qanaatlandi'rmadi'.

AQSH ju'da' u'lken aymaq, bay shiyki zat qorlari', ken' ishki bazarg'a iye bolg'anli'g'i' ushi'n koloniyalar basi'p ali'wdi' qa'lemedi. Buni'n' u'stine, ekonomikali'q jaqtan du'nyani'n' jetekshi ma'mleketine aylang'an AQSH, ashi'q quralli' ekspanciyadan go're basqa ma'mleketlerge, birinshi na'wbette Lati'n Amerikasi' yelleri ekonomikasi'na kirip bari'wdi' abzal ko'rdi. Ekonomikali'q jaqtan qu'diretli AQSH qarsi'laslari'n a'skeriy ku'sh qollanbastan-aq qi'si'p shi'g'ari'wi' mu'mkin yedi. Biraq AQSH jan'a aymaqlardi' basi'p ali'wdan pu'tkilley waz keshpedi. XIX a'sirdin' aqi'ri'na kelip, AQSH Gavaya atawlari'n annekciya yetti. Filippindi basi'p aldi', Puerto-Riko ha'm Guam atawlari'n wo'zinin' yari'm koloniyasi'na aylandi'rdi'.

**XIX a'sirdin' aqi'ri'nda industrial ma'mleketler ta'repinen basi'p ali'ng'an koloniyalar**

| Ma'mleketler | Jer maydani' (mln. kv.km. yesabi'nda) | Xali'q sani' (mln. adam yesabi'nda) |
|---|---|---|
| Ulli' Britaniya | 33,5 | 393,5 |
| Franciya | 10,6 | 10,6 |
| Germaniya | 2,9 | 12,5 |
| AQSH | 0,3 | 9,7 |

Koloniyali'q siyasati' na'tiyjesinde XIX a'sirdin' aqi'ri'na kelip «iyelenbegen jerler»di basi'p ali'w juwmaqlandi'. Ekonomikali'q jaqtan qu'diretli ma'mleketlerdin' Aziya, Afrika ha'm Lati'n Amerikasi'ndag'i' to'men rawajlang'an yellerine ta'siri barg'an sayi'n ku'sheydi. Ku'n ta'rtibinde koloniyalardi' ha'm ta'sir shen'berlerin qayta bo'liw ma'selesi payda boldi'. Ko'plegen ma'mleketler mashqalani' sheshiwdin' qurali' si'pati'nda ku'shke tayani'wdi' lazi'm tapti'. Aqi'betinde, qurallani'w jari'si' baslani'p, turmi'sti' a'skeriylestiriw barg'an sayi'n ha'wij aldi'.

Qurallani'w jari'si'na u'lken ta'sir ko'rsetken faktorlardan biri Evropa ma'mleketleri arasi'ndag'i' aymaqli'q kelispewshilikler yedi. Evropa ma'mleketleri wortasi'nda qatnasi'qlardi' keskinles-




AZIYA HA'M AFRIKANI'N' RAWAJLANG'AN




MA'MLEKETLER TA'REPINEN BO'LIP ALI'NI'WI'

tiriwdin' tag'i' basqa bir sebebi, wolardi'n' bir-birinen ekonomikali'q ha'm a'skeriy-strategiyali'q u'stinlikke yerisiw ushi'n gu'resi yedi. Sol waqi'tta, XIX a'sirdin' aqi'ri'na kelip, ekonomikali'q ko'rsetkishler boyi'nsha Evropada birinshi, du'nyada AQSHtan keyingi 2-wori'ndi' bekkem iyelegen Germaniya Ulli' Britaniya ha'm Franciyani'n' g'a'zebin keltirdi. Rossiya bolsa Germaniyani'n' arqayi'nli'g'i'na zi'yan keltirip ati'r yedi. Solay yetip, du'nyani'n' rawajlang'an ulli' ma'mleketler wortasi'nda bo'liniwi, ekonomikali'q ha'm siyasiy ba'seki, a'skeriy-strategiyali'q ishki qarsi'li'q ha'm qurallani'w jari'si' baslani'p ketti.

**Monopolistlik kapitalizmnin' worni'**

Monopoliyalardi'n' ju'zege keliwi, birinshiden, wo'ndiriske jan'a texnika ha'm texnologiyalardi' ken'irek yengiziwge imkan jarati'li'p, miynet wo'nimdarli'g'i' keskin wo'sti.

Yekinshiden, ja'miyettin' ju'da' azshi'li'q topari' qoli'nda u'lken ha'kimshiliktin' toplani'wi'na ali'p keldi. Sonli'qtan, AQSH monopoliyashi'lari'n biykarg'a «Amerikani'n' tajsi'z korollari'» dep atamag'an yedi. Wolar AQSH hu'kimetinin' ishki ha'm si'rtqi' siyasati'na u'lken ta'sir ko'rsetken. Germaniyada «Kruppqa ne jaqsi' bolsa, wol Germaniya ushi'n da jaqsi'», degen. Sebebi, wolar u'lken mug'dardag'i' bayli'qqa iyelik yetken.

U'shinshiden, monopolistlik kapitalizm qi'rg'i'nshi'li'q koloniyali'q uri'slardi' ku'sheyttirgenligi menen de aji'rali'p turadi'. Bunday uri'slardi'n' ku'sheyiwi XIX a'sir aqi'ri'nda «imperializm» atamasi'ni'n' qollani'li'wi'na ali'p keldi. Bul atama da'slep industrial ma'mleketlerdin' koloniyashi'li'qtan ibarat si'rtqi' siyasatqa qarata qollani'ldi'. Keyin bul atama «monopolistlik kapitalizm — atamasi'ni'n' sinonimi retinde qollani'li'p, bir ma'nini an'lata basladi'.

***Monopoliya*** (grekshe, mono — jeke, poleo — sataman) — ekonomikani'n' bir tarawi'ndag'i' jeke hu'kimranli'q.
***Finans*** — maqsetli pul qorlari'n ju'zege keltiriwshi, ja'mlew, bo'listiriw ha'm jumsaw menen baylani'sli' qatnasi'qlar.
***Oligarxiya*** (grek. — azshi'li'q ha'kimiyati') — ekonomikali'q ha'm siyasiy hu'kimranli'qti'n' bir topar u'lken kapital iyeleri qoli'nda toplani'wi'.
***Kartel*** (italyansha — qag'az, hu'jjet) — bir tarawdag'i' g'a'rezsiz kompaniyalar, firmalardi'n' wo'ndiris ha'm sati'wdi'n' uluwma ko'lemleri, bahalari', sati'w bazarlari', ha'rbir qatnasi'wshi'ni'n' u'lesi ha'm basqalar haqqi'ndag'i' pitimi negizindegi du'zilme.

***Koncern*** (qatnasi'w, ma'p) — ma'ptin' uluwmali'g'i' tiykari'nda birlesken ka'rxanalardi'n' u'lken birlespesi.

***Sindikat*** (grekshe — birgelikte islew) — bir tu'rdegi wo'nimlerdi islep shi'g'aratug'i'n ka'rxanalar birlespesi.

***Trest*** — wo'ndiris ha'm sawdani' wo'zlerinshe yemes, worayli'q basqari'w qarari' tiykari'nda ali'p baratug'i'n ka'rxanalar birlespesi.

### *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Monopolistlik kapitalizm degen ne?
2. Monopolistlik kapitalizmnin' tiykarg'i' belgileri?
3. Finans oligarxiyasi'na mi'sallar keltirin'.
4. Si'rtqa kapital shi'g'ari'w qalay ju'z berdi?
5. Du'nyani' bo'lip ali'w za'ru'rligi degen ne?
6. «Imperializm» atamasi'na tu'sinik berin'.

## 2-§. Industrial civilizaciya

**Industrial civilizaciya haqqi'nda**

Siz 8-klass «Ja'ha'n tariyxi'» sabaqli'g'i'nan XIX a'sirdin' 50 — 60-ji'llari'nda Bati's Evropa ha'm AQSHta sanaat awdari'spag'i' aqi'ri'na jetkenligin bilip aldi'n'i'z. Solay yetip, industrialli'q civilizaciya u'zil-kesil wornadi'. Bul civilizaciya —tiykarg'i' qa'diriyati' texnika rawajlani'wi' bolg'an civilizaciya yedi.

«Industrial civilizaciya» atamasi' worni'na «industrial ja'miyet» atamasi' da qollani'ladi' ha'm birdey ma'nis an'latadi'.

Industrialli'q civilizaciyani'n' belgilerinen biri — qalalardi'n' ju'da' tez rawajlani'wi'. Bul, birinshiden, awi'l xojali'g'i'nda texnikani' paydalani'w na'tiyjesinde bir bo'lek awi'l xalqi'ni'n' arti'qsha ku'sh boli'p, jumi'ssi'z qali'wi', wolardi'n' jumi's izlep qalalarg'a keliwi sebebinen ju'z berdi.

Yekinshiden, kishi qalalarda mayda sawdagerler ha'm wo'nermentshilik wo'ndirisinin' to'menlewi, transporttag'i' wo'zgerisler, temir jollar quri'li'si', sanaat woraylari'ni'n' u'lken qalalarg'a ko'shiwi yesabi'nan boldi'. Adamlar jumi's izlep, ku'n ko'riw ushi'n turaq jaylardi' wo'zgertiwge ma'jbu'r boldi'. Ju'z ji'llar dawami'nda wo'z jerlerinde jasag'an xali'q ha'reketke kelip, wo'z jerlerin taslap qalalarg'a kete basladi'. Awi'ldan ketiw immigraciyani' da ju'zege keltirip, yendi adamlar basqa yellerge de kete basladi'. Biraq, ko'shiwdin' u'lken bo'legin wo'z yelindegi migraciya quradi'.

**Qalalardi'n' rawajlani'wi'.** Industrialli'q rawajlani'w procesinde qalalar ayri'qsha a'hmiyetke iye boldi'. Sanaat wo'ndirisi derlik pu'tkilley qalalarda jaylasti'. Ja'miyettin' tiykarg'i' ideyalari', a'hmiyetli siyasiy waqi'yalar da qalalarda ju'z beretug'i'n yedi. Qalalar u'lken pa't penen wo'sti. XIX a'sirdin' wortalari'na kelip, industrial ma'mleketlerde xali'qti'n' derlik yari'mi' qalalarda toplandi'. Manufaktura wo'ndirisi da'wirinde qalalar wonsha u'lken yemes yedi.

Qalalardi'n' tez pa't penen rawajlani'wi' industriyalawdi'n' tiykari'n jaratqan sanaat awdari'spag'i', fabrika-zavod wo'ndirisi aqi'betinde yedi. Ulli' Britaniyada bul proces yerterek baslandi'. Basqa wori'nlarda keshirek, ma'selen, Germaniyada XIX a'sirdin' 70-ji'llari'nda ha'wij aldi'. AQSHta tez urbanizaciya procesi de shama menen usi' da'wirge tuwri' keldi. Uluwma, XIX a'sirdin' aqi'ri' — XX a'sirdin' basi'nda industrial yellerde qala xalqi' ju'da' tez wo'sti.

Yeski qalalardi'n' wo'siwi, jan'alari'ni'n' rawajlani'wi' sanaatti'n' jaylasi'wi' menen baylani'sli' yedi. Ko'pshilik xali'q qalalarg'a jumi's tabi'w u'mitinde keletug'i'n yedi. A'sirese, paytaxt, u'lken qalalar tez wo'sti. Mi'sali', Parij xalqi' 1850-ji'li' bir million bolsa, 1880-ji'li' yeki million adamnan ibarat boldi'.

XIX a'sirdin' wortalari'nan baslap, qalalar quri'li'si'nda da wo'zgerisler ju'z berdi. Mi'sali', Parij 1853-ji'ldan baslap 20 ji'l dawami'nda quri'li's maydani'na aylandi'. Wol zamanago'y yetip qaytadan quri'ldi': ken' ko'sheler, u'lken maydanlar, qi'yabanlar ha'm bag'lar jarati'ldi'. XIX a'sirdin' aqi'ri'na kelip, ishimlik ha'm aqava suw tarmaqlari'na, tramvay ha'm metrog'a iye boldi'. Basqa yellerde de qalalardi'n' xalqi' tez wo'sti.

#### Yeski ha'm jan'a aristokratiya

XIX a'sirde de aristokratiya ja'miyette wo'z da'rejesin saqlap, wolardi'n' bayli'g'i'ni'n' tiykari'n da'slepkidey jer mu'likleri quradi'. Aristokratlardi'n' turmi'si' yele de qalalarg'a qarag'anda ko'birek awi'l menen baylani'sli' yedi. Ken' ha'm qolayli' imaratlardag'i' wonlag'an jataqxanalar, kitapxanalar, jeke ko'rkem kollekciyalar, qabi'l yetiw saltanatlari', an' awlawlar — bulardi'n' barli'g'i' yelege shekem aristokratlar turmi'si'ni'n' aji'ralmas bo'legi yedi. Nekeler qag'i'yda boyi'nsha «wo'z shen'berinde» du'zilgenligi sebepli, aristokrat shan'araqlar wo'z ara tuwi'sqanli'q qatnasi'qlar menen baylani'sqan yedi. Ulli' Britaniyadag'i' bunday shan'araqlarda yer balalardi' jaslayi'nan-aq siyasiy

xi'zmetke tayarlaytug'i'n yedi. Da'slep wolar jen'illetilgen jeke mekteplerde, al keyin bolsa Oksford yamasa Kembridj universitetlerinde woqi'ydi'. Sonnan keyin xi'zmet maydani' parlament boladi'.

XIX a'sirdin' wortalari'nda Ulli' Britaniya parlamenti ja'miyetshilik palatasi'ni'n' 652 ag'zasi'nan 489 jer iyeleri yedi. 1906 — 1916-ji'llarda Ulli' Britaniya wa'zirlerinin' u'shten yeki bo'legi elita bilim worni' pitkeriwshileri yedi. Biraq, industrial civilizaciya rawajlani'wi' menen aristokratiya wo'zinin' u'stemlik halati'n barg'an sayi'n joyta basladi'. Jerdin' bir bo'legi qalalar quri'li'si'na berildi, tog'ay mu'likleri de qi'sqardi'.

Jan'a da'wir belgili adamlardi'n' aldi'na jan'a talaplar qoya basladi'. Buri'n jer iyeleri bolg'an aristokratiya yendi banklerde, sanaat kompaniyalari'nda, koloniya ha'kimshiliklerinde basshi'li'q lawazi'mlari'n iyeley basladi'. Ko'pshilik mu'lkinen ayi'ri'lg'an yeski aristokratlar jan'a baylar menen ag'ayi'n tuti'ni'wi' aristokratiyani'n' burjuaziya menen qosi'li'p ketiwine ali'p keldi.

XIX a'sirde ma'mlekettin' ekonomikali'q ha'm siyasiy turmi'si'nda burjuaziya barg'an sayi'n u'lken rol woynay basladi'. Iri sanaat ka'rxanalari' ha'm bankler basi'nda millionlap bayli'q ji'ynag'an burjuaziya wa'killeri turatug'i'n yedi. Burjuaziyani'n' yen' joqari' wa'kili u'lken siyasiy da'rejege de yerise basladi'.

**Worta qatlam.** XIX a'sirde ja'miyet turmi'si'ni'n' a'hmiyetli waqi'yalari'nan biri «worta qatlam»ni'n' qa'liplesiwi boldi'. «Yerkin ka'sip» iyeleri bolg'an shaxslar — injenerler, woylap tabi'wshi'lar, shi'pakerler, woqi'ti'wshi'lar, oficerler, huquq qorg'awshi'lar ha'm sol si'yaqli'lar ja'miyettin' worta qatlami'n quradi'. Bul qatlamg'a tiyisliliktin' tiykarg'i' belgilerinen biri materialli'q ahwaldi'n' ha'r ta'repleme molshi'li'g'i' yedi.

XIX a'sirdin' yekinshi yari'mi'nda worta qatlam wa'killeri arasi'nda, a'sirese, huquq qorg'awshi'lar topari' aji'rali'p turdi'. Huquqi'y ma'mlekettin' qa'liplesiwi, puqarali'q ja'miyettin' du'ziliwi, ekonomikali'q turmi'sti'n' rawajlani'wi' sebepli huquq qorg'awshi'larg'a bolg'an talap arti'p bardi'. Wolar konstituciyalar, ni'zamlar jazi'w, kodeksler du'ziw, miyrasti' ra'smiylestiriw, banklerge, isbilermenlerge ma'sla'ha'tler beriw ha'm sud jumi'slari'nda qatnasi'w jumi'slari'n wori'nlag'an. Ko'plegen siyasiy g'ayratkerler de mag'luwmati'na qaray huquq qorg'awshi' yedi. Worta qatlam ja'miyetke turaqli'li'qti' inam yetti. Sebebi,

a'dette, worta qatlam ja'miyetlik tarti'slardi' maqullamaydi', revolyuciyadan reformalardi' abzal ko'redi.

**Jumi'sshi'lar klasi'.** XIX a'sirde jan'a jumi'sshi'lar klasi' qa'liplesti. Sanaat awdari'spag'i' ju'z bergen u'sh u'lken ma'mleket — Ulli' Britaniya, Franciya ha'm AQSHta 70-ji'llarg'a kelip sanaat jumi'sshi'lari' 12—13 mln. adamdi', awi'l xojali'g'i'ndag'i' jumi'sshi'lar menen birgelikte bolsa 20 mln. adamdi' quradi'. Jumi'sshi'lardi'n' awhali' bir qi'yli' yemes yedi. Wolardi'n' yari'mi'nan ko'biregi to'men awhalda jasasa, ta'jiriybeli jumi'sshi'lar bolsa ko'birek haqi' ali'p, «jumi'sshi' aristokratiya»ni' quradi'. XX a'sirdin' baslari'nda «jumi'sshi' aristokratiyasi'» Ulli' Britaniyada uluwma jumi'sshi'lar sani'ni'n' u'shten birin qurap, ju'da' jaqsi' jasadi'.

XX a'sirdin' basi'nda AQSH sanaat jumi'sshi'lari'ni'n' sani' jag'i'nan birinshi wori'ndi' iyeledi. Bul jerde 10,4 mln. sanaat jumi'sshi'lari' bar yedi. Germaniyada bolsa sanaat jumi'sshi'lari'ni'n' sani' 1907-ji'li' 8,6 mln. adamg'a jetti. Evropa ha'm Arqa Amerikadag'i' jumi'sshi'lar sani' 40 mln. adamdi' quradi'. Awi'l xojali'g'i', xi'zmet ko'rsetiw tarawi', transport ha'm basqa tarawlardag'i' jumi'sshi'lar birgelikte 80 mln. adamg'a jaqi'nlasti'.

Jallanba jumi'sshi' ku'shinin' ta'jiriybesinde de ayri'qsha wo'zgerisler ju'z berdi. Sanaatti'n' jan'a tarawlari' ta'jiriybeli miynetti talap yetetug'i'n yedi. Maman jumi'sshi'lardi'n' salmag'i' Ulli' Britaniya mashinasazli'g'i'nda jumi'sshi'lardi'n' uluwma sani'nan 70 — 75, keme sog'i'wda bolsa 50 — 60 % tin quradi'. AQSHta uluwma sanaat jumi'sshi'lardi'n' 2/3 bo'limi, Germaniyada yari'mi'nan ko'biregi maman jumi'sshi'lar yedi.

XIX a'sirdin' 70-ji'llari'na shekem jumi's ku'ninin' uzi'nli'g'i' industrial ma'mleketlerde 10 — 16 saatti' qurag'an yedi.

Hayallar ha'm balalar miynetine is haqi' kem to'lenetug'i'n yedi. «Fabrika hayallari'», tiykari'nan, 13 — 14 jasli' qi'zlardan ibarat bolg'an. 10 — 12 jasli' balalar temeki fabrikalari'nan baslap tasko'mir shaxtalari'nda miynet yetti. Wolar miyneti ushi'n hayallardan da kem is haqi' alatug'i'n yedi.

Bul da'wirde hayal-qi'zlar ten' huquqli'li'q ushi'n ti'ni'msi'z gu'res ali'p bardi'. XX a'sirdin' baslari'na kelip, hayal-qi'zlar azatli'g'i' ha'm g'a'rezsizligi ideyalari', wolardi'n' ten' huquqli'q ushi'n gu'resleri jan'a civilizaciya ja'miyetinin' belgilerinen biri boli'p qaldi'.

***Immigrant*** (lati'nsha — ko'ship keliwshi) — bir ma'mleketten basqa bir ma'mleketke turaqli' yamasa uzaq waqi't jasaw ushi'n ko'ship kelgen shaxs.
***Industriya*** (lati'nsha — xi'zmet) — sanaat, tiykari'nan iri sanaatti' an'lati'wshi' atama.
***Migraciya*** (lati'nsha — ko'shemen) — wol yamasa bul ma'mleket xalqi'ni'n' bir aymaqtan basqa aymaqqa yaki bir ma'mleketten yekinshi ma'mleketke ko'shiwi.
***Urbanizaciya*** (francuzsha ha'm lati'nsha — qalalarg'a tiyisli) — ja'miyet turmi'si'nda qalalar rolinin' ha'm qala xalqi'ni'n' salmag'i'ni'n' arti'p bari'wi'.

## *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Industrialli'q civilizaciya qalay wornadi'?
2. Industrialli'q civilizaciya na'tiyjesinde qalalar turmi'si'nda qanday wo'zgerisler ju'z berdi?
3. Siz XIX a'sirdin' aqi'ri' — XX a'sirdin' baslari'ndag'i' urbanizaciya, migraciya qubi'li'slari'n qalay tu'sindiresiz?
4. Xali'qti'n' worta qatlami'n kimler quraydi'? Worta qatlamni'n' ko'beyiwi ja'miyet turmi'si'nda qanday a'hmiyetke iye?
5. XIX a'sirdin' aqi'ri' — XX a'sirdin' baslari'ndag'i' Watani'mi'z tariyxi'n Bati's Evropa ha'm AQSH tariyxi' menen sali'sti'ri'n'.
6. Bu'gingi ku'nde xali'q arali'q huquqta balalar miynetine neshe jastan ruqsat beriliwin ani'qlan'.

XIX a'sirdin' aqi'ri' ha'm XX a'sir aqi'ri'ndag'i' wo'ndiris birlespelerin wo'z ara sali'sti'ri'n'. Ayi'rmashi'li'g'i' bar ma?

Bul da'wirde ma'mleketler rawajlani'wi'na sebep bolg'an faktorlarg'a si'patlama berin'.

«Rawajlang'an ma'mleketler ta'jiriybesinen paydalani'w lazi'm. Biraq, bul ta'jiriybelerge bile tura su'yenbesten, wo'zimizdin' milliy talaplari'mi'zdan kelip shi'g'i'p, yen' maqul tu'rin tan'lap ali'wi'mi'z da'rkar».

*Islam Karimov*

# II BO'LIM

# EVROPA HA'M AMERIKA MA'MLEKETLERI

## II bap

## BATIS EVROPA MA'MLEKETLERI XIX A'SIRDIN' AQI'RI' HA'M XX A'SIRDIN' BASLARI'NDA

### 3-§. Franciya — Prussiya uri'si' ha'm woni'n' juwmaqlari'

**Fransiya — Prussiya uri'si'ni'n' sebepleri**

XIX a'sirdin' 60-ji'llari'ni'n' yekinshi yari'mi'nan baslap Franciya imperatori' Napoleon IIItin' abi'royi' tu'sip ketti. Bug'an sebep — Franciyani'n' ekonomikali'q rawajlani'wi' boyi'nsha wo'z qon'si'lari' bolg'an Ulli' Britaniya ha'm Germaniyadan barg'an sayi'n artta qali'p ati'rg'an yedi.

Sol waqi'tta, Franciya si'rtqi' siyasatta da sa'tsizlikke ushi'rag'anli'qtan Prussiyani'n' Germaniyani' birlestiriwine tosqi'nli'q yete almadi'. Germaniya bir ma'mleketke birlesse, Franciyani'n' xali'q arali'q maydandag'i' abi'royi'na u'lken zi'yan tiyip, Evropadag'i' yekinshi ma'mlekettey abi'rayi' joq bolar yedi. Franciya u'stem toparlari' buni' qa'lemeytug'i'ni' ta'biyiy yedi.

Franciyani'n' u'stem toparlari' 1860-ji'lg'i' Ulli' Britaniya-Franciya sawda sha'rtnamasi'nan da narazi' yedi. Sebebi, inglis tovarlari'ni'n' Franciyag'a ko'plep kirgiziliwi francuz tovarlari' menen ba'sekilikti ku'sheytken yedi. Bunnan ti'sqari', yeldegi jumi'ssi'zli'q, qi'mbatshi'li'q jumi'sshi'lardi'n' keskin narazi'li'g'i'n keltirip shi'g'ardi'.

Bunday sharayatta, Napoleon III ushi'n Prussiyag'a qarsi' jen'isli uri's za'ru'r yedi. Bul uri's Franciyani'n' ha'm Napoleon III tin' de abi'rayi'n tikler yedi. Bul ushi'n uri'sta jen'iske yerisiw, Germaniyani'n' birlesiwine jol qoymaw ha'm Germaniyani'n' ayi'ri'm aymaqlari'n basi'p ali'wi' za'ru'r yedi.

Prussiya da birneshe ji'llardan beri Franciyag'a qarsi' uri'sqa tayarlani'p ati'r yedi. Woni'n' maqseti Germaniyada Prussiyani'n' u'stemligin bekkemlewge tosi'q bolg'an Franciyani' jen'iw

ha'm Germaniyani' birlestiriw yedi. Ta'replerge uri'sti' baslaw ushi'n ba'ne kerek yedi. Tez arada bunday ba'ne de tabi'ldi'.

**Uri'sti'n' baslani'wi'**

Ispaniya taxti'na kimdi woti'rg'i'zi'w ma'selesi uri'sti'n' baslani'wi' ushi'n ba'ne boldi'. Bul mashqala qalay ju'zege keldi? Wo'zinin' bir waqi'tlardag'i' qu'diretin jog'altqan Ispaniyada 1868-ji'li' revolyuciya ju'z berdi. Koroleva Izabella II Franciyag'a qashi'wg'a ma'jbu'r boldi'. Franciya imperatori'ni'n' hayali' (milleti ispan) Izobellag'a taxtti' qaytari'p ali'wi'na ja'rdem beriwge qarar yetti.

Biraq, tez arada, Evropani'n' ulli' ma'mleketleri wortasi'nda Ispaniya taxti' ushi'n baslang'an gu'res bug'an imkan bermedi. Bug'an Germaniyani'n' da Ispaniya taxti'na wo'z kandidaturasi'n qoyi'wg'a ha'reket yetiwi sebep boldi'. Franciya hu'kimeti Germaniyadan wo'z kandidaturasi'nan waz keshiwdi talap yetti. Imperator Vilgelm I bug'an i'razi' boldi'. Biraq, bul kelisim Franciyani' qanaatlandi'rmadi'. Yendi, Franciya Germaniyadan keleshekte de Ispan taxti' ushi'n heshkimdi ko'rsetpewin, ha'zir ko'rsetken talapkerden taxttan pu'tkilley bas tarti'wi'n yerisiwin talap yetti. Imperator Franciya yelshisine bul ma'sele boyi'nsha Berlinge qaytqannan son' juwap qaytari'wi'n ma'lim yetti.

Uri'sqa asi'qqan Prussiya kancleri Bismark bolsa gazetada imperator ha'm Franciya yelshisi wortasi'ndag'i' so'ylesiwdi biletura buzi'p ja'riyaladi'. Gazetadag'i' xabar boyi'nsha, tap imperator Franciya yelshisi menen so'ylesiwdi qa'lemey ha'm yelshige arqasi'n qarati'p alg'an (bul waqi'ya tariyxqa «Ems depeshasi'» degen ati' menen kirgen).

Bul xabardi' Franciya wo'z abi'royi' ushi'n qorli'q dep yesapladi'.

1870-ji'li' 17-iyulde Franciya Prussiyag'a uri's ja'riyaladi'. Solay yetip, Franciya — Prussiya uri'si' baslandi'. Biraq, tez arada Franciya a'skeriy ku'shlerinin' uri'sqa tayar yemesligi, Franciyani'n' Prussiya qu'diretin jeterli bahalamag'anli'g'i' ma'lim boli'p qaldi'.

**Imperiyani'n' qulawi'.** 1870-ji'l 1-sentyabrde qurami'nda Napoleon III de bolg'an Franciya a'skeri Sedan qorg'ani' jani'nda qorshap ali'ndi'. Franciya armiyasi' nemislerdin' 140 mi'n'li'q a'skeri arasi'nan qorshawdi' jari'p wo'te almadi'. Ilajsi'z qalg'an Napoleon III 2-sentyabr ku'ni-aq bayraq ko'teriwge buyri'q beriwge, wo'zinin' qi'li'shi'n bolsa Prussiya koroli'na jo'neltiwge

ma’jbu’r boldi’. Solay yetip, bul jerdegi 80 mi’n’ adamli’q armiya Napoleon basshi’li’g’i’nda bag’i’ndi’. Napoleon III Sedanda wo’z Vaterloosi’n tapti’. 100 mi’n’ adamli’q yekinshi armiya da Mets qorg’ani’nda qorshawg’a ali’ndi’. Yendi Franciya Germaniyag’a qa’wip sala almaytug’i’n yedi. Bul jen’ilis, sol payi’tta yekinshi imperiya ha’kimiyati’ni’n’ qulawi’ da boldi’.

***Depesha*** — asi’g’i’sli’ xabar.
***Vaterloo*** — ha’zirgi Belgiya aymag’i’ndag’i’ awi’ldi’n’ ati’. Bul awi’lda 1815-ji’ldi’n’ 18-iyuni’nda Napoleon I armiyasi’ qi’yrati’lg’an sawash boli’p wo’tken.

***Soraw ha’m tapsi’rmalar***

**1.** Nege Franciya — Prussiya uri’si’ni’n’ ju’z beriwi mu’mkin yedi?
**2.** Franciya Prussiyag’a uri’s dag’azalag’an 1870-ji’ldan yeki ji’l buri’n 1868-ji’li’ qanday basqi’nshi’li’q boldi’. Ayti’p berin’.

Nege adamzat worta a’sirlerde de, jan’a da’wirlerde de uri’slardan quti’la almag’an? Nege bu’gingi ku’nde de Jer ju’zinde uri’s boldi’rmawdi’n’ ilaji’ bolmay ati’r?

Franciya tariyxi’nda 1- ha’m 2-imperiyalar qalay qa’lipleskenin yesin’izge tu’sirin’.

| T/s | Uri’stag’i’ tiykarg’i’ sawashlar ati’ | Uri’slardi’n’ aqi’betleri |
|---|---|---|
| 1 | | |
| 2 | | |
| 3 | | |

## 4-§. Franciyada U’shinshi Respublika ha’m 1871-ji’l 18-mart ma’mleket awdari’spag’i’

**4-sentyabr revolyuciyasi’**

Jen’ilisti yesitken Parij xalqi’ 3-sentyabrde ku’ni qozg’alan’ ko’terdi. Wolar Respublika dep dag’azalawdi’ ha’m Watandi’ qorg’awdi’ talap yetti. Xali’q talabi’ menen 4-sentyabr ku’ni Franciyani’n’ ni’zam shi’g’ari’wshi’ Korpusi’ imperator awdari’lg’anli’g’i’n ja’riyalawg’a ma’jbu’r boldi’. Sol waqi’tta,

Franciya Respublika dep ja'riyalandi'. Bul ma'mleket tariyxi'nda *U'shinshi Respublika* yedi. (Franciyada 1- ha'm 2- Respublikalar qashan bolg'anli'g'i'n yeslen').

Ni'zam shi'g'ari'wshi' Korpus general Troshyu basshi'li'g'i'nda Waqi'tsha milliy-qorg'ani'w hu'kimetin du'zdi.

Prussiya Franciyani' haldan taydi'ri'wdi' qa'leytug'i'n yedi. Wolar Franciyadan sali'q wo'ndiriwge ha'm de paydali' qazi'lmalarg'a bay Elzas ha'm Lotaringiyani' tarti'p ali'wg'a umti'ldi'. Yendi uri's Prussiya ushi'n basqi'nshi'li'q uri'si'na aylandi'.

19-sentyabrde Parij Prussiya armiyasi' ta'repinen qorshap ali'ndi'. Waqi'tsha hu'kimet ilajsi'z bag'i'ndi'. Uri'stag'i' jen'is Prussiyag'a pu'tkil Germaniyani' bir ma'mleketke birlestiriw imkaniyati'n berdi. 1871-ji'l 18-yanvar ku'ni Franciyani'n' Versal sarayi'nda Germaniya — imperiya, Prussiya koroli' Vilgelm I bolsa Germaniya imperatori' dep ja'riyalandi'. Otto fon Bismark imperiya kancleri lawazi'mi'n iyeledi.

1871-ji'l fevralda Franciyada Milliy Ma'jiliske asi'g'i's saylaw wo'tkerildi ha'm Tyer basshi'li'g'i'nda jan'a hu'kimet du'zilip, Franciya — Germaniya ti'ni'shli'q sha'rtnamasi'na qol qoydi'.

**1871-ji'l 18-mart waqi'yalari'**

Prussiyag'a qarsi' uri'stag'i' jen'ilis ha'm ayani'shli' sha'rtler tiykari'nda jarasi'w sha'rtnamasi'ni'n' qol qoyi'li'wi' parijlilerdin' hu'kimetke qarsi' g'a'zebin ku'sheytip jiberdi. Buni'n' u'stine, Parijde mu'ta'jlik, jumi'ssi'zli'q, azi'q-awqat wo'nimleri bahasi'ni'n' keskin wo'siwi ju'z berdi. Ha'tte, worta qatlam wa'killerinin' de jag'daylari' to'menley basladi'.

Parijlilerde hu'kimetke isenimsizlik payda boldi'. Bug'an qamaldan son' xali'qti' to'lemlerdi to'lewge ma'jbu'rliligi, hu'kimet worayi' yetip Versal qalasi' tan'lang'anli'g'i' sebep boldi'.

Bul waqi'tta, Bas wa'zir Tyer Milliy gvardiyani' quralsi'zlandi'ri'wdi' buyi'rdi'. 18-martta keshquri'n hu'kimet armiyasi' Milliy gvardiyag'a hu'jim yetti. Bul waqi'ya Parij xalqi'n ayaqqa turg'i'zdi'. Wolar hu'kimet armiyasi'n sheginiwge ma'jbu'r yetti. Tyer hu'kimetti Versaldan ko'shiriwge ko'rsetpe berdi. Bug'an juwap retinde Parij miynetkeshleri qozg'alan' ko'terdi. Wolar Milliy gvardiya menen birge ha'reket yetip, qalani'n' a'hmiyetli jerlerin qolg'a kirgizdi.

Ko'p wo'tpey hu'kimet imarati'n da, a'skeriy kazarmalar ha'm barli'q ma'mleket ma'kemelerin de qolg'a aldi'.

Parijde hu'kimet Milliy gvardiya Worayli'q komiteti qoli'na wo'tti. Bul komitet waqi'tsha hu'kimet wazi'ypasi'n atqardi'. Ma'mleket organlari'na jumi'sshi'lar, zi'yali'lar ha'm qozg'alan'ni'n' basqa qatnasi'wshi' wa'killeri basshi'li'q yete basladi'. 26-martta Parij Kommunasi'na saylaw wo'tkerildi ha'm Kommuna Ken'esi du'zildi. Bul ken'es wo'z ag'zalari'nan ibarat 10 komissiya (wa'zirlik) du'zdi. Solay yetip, Parij qalasi' kishi bir ma'mleketke aylandi'. Bul ma'mleket Parij miynetkeshlerinin' ma'mleketi yedi.

Parij Kommunasi' bir qatar social-ekonomikali'q ilajlardi' a'melge asi'rdi'. Soni'n' ishinde, iyeleri taslap ketken ka'rxanalar usi' ka'rxana jumi'sshi'lari'na tapsi'ri'ldi'. Ma'jbu'riy ha'm biypul woqi'ti'w yengizildi. Shirkew ma'mleketten, mektep shirkewden aji'rati'ldi'. Miynetkeshlerdin' u'y-jay haqi'si'n to'lew mu'ddeti keshiktirildi. Jumi'ssi'zlardi' jumi's penen ta'miyinlew ma'kemesi du'zildi. Jeke mu'lik bolg'an temir jol ma'kemeleri Kommuna qoli'na aldi' ha'm wo'ndiris u'stinen qadag'alaw wornatti'. Biraq, Kommuna wo'z xi'zmetinde bir qatar kemshiliklerge jol qoydi'.

*Birinshiden,* Parijden qashi'p ketken Tyer hu'kimetin qadag'alamadi'. Bul bolsa Tyerge Kommunag'a qarsi' gu'reste ku'sh toplawg'a imkan berdi. Na'tiyjede, hu'kimet armiyasi' Parijdi' qamalg'a aldi'.

*Yekinshiden,* yeldin' qalg'an bo'legi Kommunani' qollap quwatlamadi'. Bul hu'kimettin' kommunashi'lardi' yeldi dushpan jawlag'an waqi'tta bas ko'tergen ko'terilisshiler dep atag'an g'a'zepli u'gitlewinin' na'tiyjesi yedi. Diyqanlardi', Kommuna jen'iske yerisse, mal-mu'lkinen ayi'ri'li'w mu'mkinligi menen qorqi'ti'wg'a yeristi.

*U'shinshiden*, Kommuna ma'mleket g'a'ziynesin, banklerdi toli'q wo'z qoli'na almadi'.

*To'rtinshiden,* Kommuna ken'esi ishinde Kommuna ishki siyasati' boyi'nsha birlikke yerise almadi'.

Kommunani' saplasti'ri'wda Germaniya Tyer hu'kimetine ja'rdem berdi. Bismark 40 mi'n' francuz a'sker ha'm oficerlerdi tutqi'nli'qtan azat yetip, Tyer hu'kimeti i'qti'yari'na jiberdi.

**Kommunani'n' jen'iliwi**

Hu'kimet armiyasi' 21-mayda hu'jimge wo'tip Parijge kirip keldi. Kommunashi'lar ma'rtlik penen uri'sti'. Biraq, ku'shler ten' yemes yedi.

28-may ku'ni Kommuna toli'q qi'yrati'ldi'. Qolg'a ali'ng'an 30 mi'n'g'a jaqi'n kommunashi' ati'p taslandi'. 50 mi'n'g'a jaqi'n

kommunashi'lar qamaqqa ali'ndi'. Bular arasi'nda mi'n'lag'an hayal-qi'zlar ha'm balalar da bar yedi. Solay yetip, 72 ku'n jasag'an Kommunag'a juwmaq jasaldi'.

Parij Kommunasi' menen bir payi'tta Franciyada revolyuciyalar da'wiri aqi'ri'na jetti. Kommuna jen'ilisinin' aqi'betleri hu'kimet penen puqaralardi'n' wo'z ara kelisimli tiykari'nda jasawi' za'ru'rligin da'lillep berdi.

**Frankfurt pitim sha'rtnamasi'**

1871-ji'l 10-mayda Germaniyani'n' Frankfurt qalasi'nda Franciya — Germaniya pitim sha'rtnamasi' du'zildi. Wonda Franciya Germaniyag'a 5 mlrd. frank sali'q to'leytug'i'n boldi'. Bul sali'q to'lengenshe, Germaniya armiyasi'ni'n' bir bo'limin Franciya aymag'i'nda saqlaytug'i'n boldi'. Bunnan basqa, Franciyani'n' Elzas ha'm Lotaringiya wa'layatlari' Germaniyag'a berildi.

***Parij Kommunasi'*** — Parij qalasi'ni'n' wo'zin-wo'zi basqari'w organi' boli'p, wol ni'zam shi'g'ari'wshi' hu'kimetin iske asi'rg'an, miynetkeshlerdin' 1871-ji'l martta du'zgen ha'kimiyat organi'.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar***

**1.** Franciyada qay ta'rizde U'shinshi Respublika wornadi'?
**2.** Uri'sti'n' Franciya ha'm Prussiya ushi'n aqi'betlerin sali'sti'ri'n'.
**3.** Parij Kommunasi' qalay ju'zege keldi?
**4.** Kommunani'n' Franciya tariyxi'nda tutqan worni' haqqi'nda ne ayta alasi'z? Ayti'p berin'.

Ma'mleket awdari'spaqlari' ha'm revolyuciyalar nege payda boladi'?

## 5-§. XIX a'sirdin' aqi'ri' — XX a'sirdin' baslari'nda Franciyada ekonomikali'q ha'm siyasiy turmi's

**Ekonomikali'q awhal**

XIX a'sirdin' son'g'i' shereginde Franciyani'n' ekonomikali'q rawajlani'wi' to'menledi. Sonli'qtan du'nyada sanaat wo'ndirisinin' ko'lemi boyi'nsha 2- wori'nnan 4- wori'ng'a tu'sip qaldi'. Xosh, Franciya ekonomikali'q rawajlani'wdi'n' to'menlewinin' tiykarg'i' sebepleri nelerden ibarat yedi?

Da'slep, Franciyani'n' yele mayda tovar islep shi'g'ari'wshi'lar ma'mleketi boli'p qalg'anli'g'i' import ko'leminin' eksporttan arti'q boli'wi'na ali'p kelgen. Bul bolsa, ishki bazardi'n'

shekleniwine sebep bolg'an. Yekinshiden, Franciya ta'biyiy bayli'qlari' kem ma'mleket yedi. U'shinshiden, Prussiya menen bolg'an uri's Franciyag'a u'lken materialli'q zi'yan keltirdi. Uri'sta Franciya 13 mlrd. frank zi'yan ko'rdi. Germaniyag'a 5 mlrd. frank sali'q to'lewge ma'jbu'r boldi'. To'rtinshiden, ishki siyasiy jag'daydi'n' turaqsi'zli'g'i' yeldin' ekonomikali'q awhali'na keri ta'sir yetti. Besinshiden, diyqanlar sati'p ali'w quwati'ni'n' to'menligi sanaat wo'ndirisinin' wo'siwine keri ta'sirin tiygizdi. Alti'nshi'dan, Franciya si'rtqa ko'p kapital shi'g'ari'p jiberdi. Bul kapitalistlerge u'lken payda keltirdi. Soni'n' ushi'n da, kapitalistler wo'z kapitali'n yeldin' wo'ndirisine yemes, al si'rtqa (u'lken procent yesabi'na) shi'g'ari'wdi' abzal ko'rdi.

**Ha'kimiyat ushi'n gu'res**

Prussiya menen uri's tamam bolg'an son', u'stem toparlar arasi'nda ha'kimiyat ushi'n gu'res ku'sheyip ketti. Wolardi' sha'rtli tu'rde yeki toparg'a bo'liw mu'mkin: monarxiya ta'repdarlari' ha'm respublika ta'repdarlari'.

1873-ji'li' Germaniyag'a sali'q to'lep boli'ndi'. Aqi'ri'nda, Germaniya wo'z a'skerlerin Franciyadan ali'p shi'g'i'p ketti.

Respublikashi'lar ma'mleket parlamentinde (Milliy Ma'jilis) azshi'li'qti' qurag'an. Biraq, Franciya xalqi'ni'n' u'lken bo'limi monarxiyag'a qarsi' bolg'anli'g'i' wolarg'a ma'det boldi'.

Milliy Ma'jiliste ko'pshilikti qurag'an monarxiyashi'lar wo'z talabanlari'n yeki prezidentlikke saylag'an bolsa da, monarxiyani' tiklewge uri'ni'wi' na'tiyjesiz boldi'. Keskin ishki siyasiy gu'reste respublikashi'lar jen'iske yeristi.

**U'shinshi Respublika Konstituciyasi'**

1875-ji'l U'shinshi Respublika Konstituciyasi' qabi'llandi'. Wonda prezidentlik lawazi'mi' saqlani'p qaldi'. Sol waqi'tta yeki palatali' (Deputatlar palatasi' ha'm Senat) parlament (Milliy Ma'jilis) du'zildi. Woni'n' wa'killik mu'ddeti 4 ji'l yetip belgilendi.

Parlament ha'r yeki palatasi'ni'n' qospa ji'ynali'si' 7 ji'l mu'ddetke ma'mleket prezidentin saylaytug'i'n yedi. Atqari'w ha'kimiyati' prezidentke ha'm hu'kimetke tiyisli yedi. Prezident wa'zirlerin tayi'nlaw, respublika ati'nan si'rtqi' siyasat ju'rgiziw, sonday-aq, uri's ja'riya yetiw ha'm pitim du'ziw, uluwma keshirim ja'riya yetiw si'yaqli' wa'killiklerge iye yedi.

Hu'kimet ag'zalari'n prezident saylasa da, wolar parlament aldi'nda juwapker yedi.

«Marselyeza» qosi’’g’i’ ma’mleket gimni yetip belgilendi. Ulli’ francuz revolyuciyasi’ baslang’an (1789-ji’l) 14-iyul francuz xalqi’ni’n’ Milliy bayram ku’ni dep ja’riyalandi’.

Sol da’wir ushi’n u’lken a’hmiyetke iye bolg’an bir qatar huquq ha’m yerkinlikler ja’riyalandi’. Soni’n’ ishinde, baspaso’z ha’m ji’ynali’s wo’tkeriw, siyasiy u’git-na’siyat penen shug’i’llani’w si’yaqli’ yerkinlik ha’m huquqlar solar qatari’na kiredi. Biraq, hayal-qi’zlarg’a saylaw huquqi’ berilmedi.

***Parlament*** — (fr.) — saylaw tiykari’nda du’ziletug’i’n ni’zam shi’g’ari’wshi’ joqari’ ma’mleket organi’.
***Respublika*** — (lat. ja’miyet jumi’si’) — puqaralardi’n’ uluwma saylawi’ tiykari’nda basqari’latug’i’n ma’mleket.
***Monarxiya*** (grekshe) — jeke basqari’w.

***Soraw ha’m tapsi’rmalar***

1. Ne ushi’n XIX a’sirdin’ son’g’i’ shereginde Franciya ekonomikali’q rawajlani’wda du’nyada 4-wori’ng’a tu’sip qaldi’?
2. Nege ha’kimiyat ushi’n gu’reste respublikashi’lar jen’iske yeristi?
3. U’shinshi Respublika Konstituciyasi’ mazmuni’ haqqi’nda nelerdi bilesiz?

## 6-§. Franciyani’n’ ishki siyasati’

**U’shinshi Respublika ishki siyasati’**

Respublika hu’kimeti ishki siyasatta bir qatar a’hmiyetli ilajlardi’ a’melge asi’rdi’. Sonday-aq, 1881—1882-ji’llarda bilimlendiriw haqqi’ndag’i’ ni’zam qabi’l yetildi. Wonda, mektep shirkewden aji’rati’ldi’. Bilimlendiriwdin’ zamanago’yligi ta’miyinlendi. 13 jasqa shekemgi balalar ushi’n ma’jbu’riy biypul bilim beriw yengizildi. Mekteplerde woqi’ti’w arnawli’ ma’mleketlik bag’darlamalar tiykari’nda ali’p bari’latug’i’n boldi’.

Joqari’ pedagogikali’q woqi’w wori’nlari’nda woqi’ti’wshi’ kadrlar tayarlaw jolg’a qoyi’ldi’. Ma’jbu’riy woqi’ti’w bag’darlamasi’nda yer balalar ushi’n gimnastika sabag’i’ ma’jbu’riy dep belgilendi. Bunnan wo’spirimlerdi a’skeriy xi’zmetke fizikali’q jaqtan jetik yetip tayarlaw ko’zde tuti’ldi’. Qi’z balalar ushi’n liceyler ashi’ldi’. Arnawli’ joqari’ woqi’w wori’nlari’nda hayal woqi’ti’wshi’lar da tayarlana basladi’. 1884-ji’li’ ka’siplik sho’lkemlerdin’ yerkin xi’zmetine ha’m de jumi’s taslawg’a ruqsat yetiwshi

ni'zam qabi'l yetildi. Jumi'sshi'lar wo'z ka'siplik sho'lkemleri ha'm miynet birjalari'n du'zdi. Bul birjalar jumi'ssi'zlar haqqi'nda, wolardi'n' turmi'si' haqqi'nda g'amxorli'q yete basladi'.

Jergilikli ken'eslerge wo'z basshi'lari'n saylaw huquqi' berildi. Bug'an shekem wolar worayli'q ha'kimiyat ta'repinen tayi'nlanatug'i'n yedi.

**Siyasiy awhal**

Yelde respublikani' bekkemlew barg'an sayi'n ha'wij aldi'. 1876-ji'lg'i' Senat saylawi'nda respublikashi'lar qoli' ba'lent keldi. Ma'mleketti basqarg'an monarxiya ta'repdari' bolg'an prezident Mak-Magon otstavkag'a shi'g'i'wg'a ma'jbu'r boldi'. Ma'mlekette ishki siyasiy turmi'sti'n' tiykarg'i' wo'zgesheligi — ko'p partiyali'li'q wornadi'. Wolardi'n' ishinde radikallar, socalistler ha'm respublikashi'lar partiyalari' u'lken abi'rayg'a iye yedi.

Franciya siyasiy turmi'si'nda, sol waqi'tta demokratiyag'a qarsi' ku'shler ta'siri de wo'sip bardi'. Ma'mlekette milletshilik, shovinizm ideyalari' tarqala basladi'. Bul ideyalar ta'repdarlari' qu'diretli armiya g'ana Elzas ha'm Lotaringiyani' qaytari'p ali'wi' mu'mkinligine isener yedi. Franciya ishki siyasiy turmi'si'nda anarxistler ha'm monarxiyashi'lar xi'zmeti ku'sheydi. Wolardi'n' maqseti bar bolg'an du'zimdi awdari'w yedi. Bug'an yerisiw ushi'n anarxistler gu'restin' terror usi'li'n qolladi'. Wolar Parlament imarati'na bomba tasladi'. Na'tiyjede 80 adam jaradar boldi'.

1894-ji'li' ma'mleket prezidenti Sadi Karno da wo'ltirildi. Franciya kontrrazvedkasi' ma'mleket a'skeriy ku'shleri haqqi'nda jansi'z ta'repinen Germaniyag'a jasi'ri'n mag'luwmatlar jiberilgenin ani'qladi'.

Arnawli' xi'zmet bul ma'selede Franciya armiyasi' Bas shtabi'nda xi'zmet yetiwshi, evrey milletine tiyisli kapitan A. Dreyfustan gu'manlandi'. Tez arada wol satqi'nli'qta ayi'plani'p, ji'nayi'y juwapkershilikke tarti'ldi'. Tiykari'nda A. Dreyfus jansi'z yemes yedi. Biraq, jalg'an hu'jjetler ha'm jalg'an gu'walar ja'rdeminde woni'n' «satqi'nli'g'i'»n a'shkaraladi'. A'skeriy sud woni' wo'mirlik su'rgin jazasi'na hu'kim yetti.

Siyasiy reakciya «Dreyfus isi» nen ma'mlekette demokratiyag'a qarsi' u'gitlewdi, milletshilik, shovinistlik keypiyatlardi' ja'ne de ku'sheytiw ushi'n paydalandi'.

Yelde, A. Dreyfusti'n' satqi'n yemesligine, yele haqi'yqi'y satqi'nni'n' tabi'lmag'anli'g'i'na iseniwshiler bar yedi. Wolar haqi'yqi'y satqi'ndi' ani'qlaw ushi'n tekseriwdi dawam yetti ha'm

haqi'yqi'y jansi'zdi' ani'qladi'. Wol bas shtab mayori' Estergazi' boli'p shi'qti'.

Biraq, Bas shtab ha'm woni'n' menen bekkem baylani'sqan ku'shler bul haqi'yqatti' a'shkara yetiwdi wo'zleri ushi'n u'lken shermendelik dep yesapladi'. Biraq, bul haqi'yqat si'rli'li'g'i'nsha qali'p ketpedi. 1897-ji'li' baspaso'zde ja'riyalandi'.

Franciyani'n' barli'q demokratiyali'q ku'shleri A. Dreyfus jumi'si'n qayta ko'riwdi talap yetti. Shermende boli'wdi' qa'lemegen ku'shler jasalma gu'wani' wo'ltiriwdi sho'lkemlestirdi. Estergazi' bolsa Franciyadan qashi'p ketiwge miyasar boldi'.

«Dreyfus isi» boyi'nsha gu'res uzaq dawam yetti. Aqi'ri'nda hu'kimet woni' ayi'psi'zli'g'i' ushi'n yemes, «salamatli'g'i' jamanlasqanli'g'i'» ushi'n azat yetti. A. Dreyfus 1906-ji'li' toli'q aqlandi'.

**Ekonomikali'q turmi'stag'i' wo'zgerisler**

XX a'sirdin' baslari'na kelip, yelde wortasha siyasiy turaqli'li'q ta'miyinlendi. Bug'an XIX a'sirdin' 90-ji'llari'ni'n' wortalari'nan baslang'an ekonomikali'q jetiskenlik sebepli yeristi. 1913-ji'li' Franciya tiykari'nan, temir rudasi'n qazi'p shi'g'ari'w boyi'nsha AQSH ha'm Germaniyani' artta qaldi'rdi'.

Sanaatta jan'a tarmaqlar (elektrotexnika, avtomobil ha'm ximiya) tez rawajlana basladi'. Na'tiyjede, sanaatta xi'zmet yetiwshi xali'q sani' 36% ke jetti. 40% xali'q awi'l xojali'g'i'nda ba'nt yedi.

Franciya eksporti'nda ju'n birinshi, jip gezleme yekinshi, shayi' gezleme u'shinshi, francuz vinolari' to'rtinshi wori'ndi' iyeledi. Franciyani'n' shetke kapital shi'g'ari'w quwati' ja'ne de wo'sti. Bul bag'darda wol du'nyada Ulli' Britaniyadan son' yekinshi wori'ng'a shi'qti'. 1914-ji'lg'a kelip Rossiyag'a 13 mlrd., Ulli' Britaniya ha'm AQSHqa 5 mlrd., Qubla Amerika ma'mleketlerine 6 mlrd. frank mug'dari'nda kapital shi'g'ardi'.

Bul kapitallar procent yesabi'nda Franciyag'a u'lken mug'darda da'ramat keltirip qoymay, sol waqi'tta siyasiy awqamlasl ardi' da ju'zege keltirdi.

**Ja'miyetlik ha'reket**

Franciya miynetkeshlerinin' awhali' awi'r yedi. Wolar ku'nine 10 — 12 saat, geyde 14 — 16 saatqa shekem islewge ma'jbu'r yedi. Miynetkeshler wo'z huquqlari' ushi'n gu'rese basladi'. Bunday sharayatta jumi'sshi'lar ha'reketin sho'lkemlestiriw u'lken a'hmiyetke iye yedi. 1880-ji'li' jumi'sshi' sho'lkem wa'killeri «Franciya jumi'sshi' partiyasi'»si'n du'zdi. Jumi'sshi'lar miynet birjalari' du'zildi. Wolar jumi'ssi'zlar ha'm is taslawda qatnasqanlarg'a g'amxorli'q yetti.

Sonday-aq, miynet ni'zamlari' kodeksi boyi'nsha, jumi's waqti'nda ali'ng'an jaraqat ushi'n to'lem to'lenetug'i'n boldi'. Ha'ptede bir ku'n — demali's ku'ni dep belgilendi.

1910-ji'li' pensiya haqqi'nda ni'zam qabi'llani'p, pensiya jasi' 65 jas dep belgilendi. Germaniya ha'm Ulli' Britaniyada 70 jas yedi). Ja'miyetlik ha'rekette 2 tiykarg'i' ag'i'm boldi'. Birinshisi, ja'miyetti parlament joli' menen (reformalar arqali'), yekinshisi bolsa ni'zamsi'z jol menen (qouralli' ko'terilis) qayta quri'w joli' yedi. Yekinshi jol bara-bara wo'z ta'sirin pu'tkilley jog'altti'.

***Anarxizm*** (gr. — ha'kimiyatsi'zli'q, wo'z basi'mshali'q) — ayi'ri'm shaxsti'n' yerk-i'qrari'n ta'n ali'p, ha'rqanday ha'kimiyat ha'm ma'mleket du'zimin biykarlawshi' ta'liymat.
***Shovinizm*** — rasali'q ayi'rmashi'li'q ha'm milliy qarama-qarsi'li'qti' ha'wij aldi'ri'wg'a uri'ni'wshi' asa ketken milletshilik.
***Siyasiy reakciya*** — rawajlani'wg'a qarsi', yeskirgen ja'miyetlik ta'rtiplerdi saqlap qali'w ta'repdari' bolg'an siyasiy ku'sh.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar***

**1.** Franciya hu'kimeti ishki siyasatta qanday a'hmiyetli ilajlardi' a'melge asi'rdi'?
**2.** «Dreyfus isi»nen go'zlengen tiykarg'i' maqset ne yedi?
**3.** XIX a'sirdin' aqi'ri' — XX a'sirdin' baslari'nda Franciya ekonomikali'q awhali'nda qanday wo'zgerisler ju'z berdi?
**4.** Franciya miynetkeshleri wo'z haq-huquqlari' ushi'n ju'rgizgen gu'reslerinde nelerge yeristi?

Nege aqi'r-aqi'bette Franciyada ja'miyetlik ha'rekette ja'miyetti reformalar joli' menen qayta quri'w joli' jen'iske yerisken?

## 7-§. Franciyani'n' si'rtqi' siyasati'

**Ma'mlekettin' xali'q arali'q awhali'**

XIX a'sirdin' 70-ji'llari'nan baslap, Franciyani'n' xali'q-arali'q maydandag'i' awhali' to'menledi. Prussiya menen bolg'an uri'stag'i' jen'ilisten son' Franciyani'n' kontitental Evropadag'i' jetekshi ma'mleket abi'rayi' joqqa shi'qti'. Franciya Germaniya hu'jiminen qa'wipsirep jasaytug'i'n ma'mleketke aylandi'.

A'sirese, 1879-ji'li' Germaniya ha'm Avstriya-Vengriya awqamli'q sha'rtnamasi' Franciyani'n' xali'q arali'q abi'rayi'n

ja'ne de to'menletip jiberdi. Solay bolsa da, Franciya basqa ulli' ma'mleketler wortasi'ndag'i' kelispewshiliklerden sheberlik penen paydalani'p, wo'z koloniyali'q imperiyasi'n ken'eytiw boldi'.

### Koloniyali'q imperiyasi'ni'n' jarati'li'wi'

XIX a'sirdin' 70-ji'llari'ni'n' aqi'ri'nda koloniyali'q siyasati'ni'n' bag'dari' da'slep basi'p ali'ng'an koloniya aymaqlari'n wo'zlestiriw ha'm jan'a koloniyalar basi'p ali'wg'a qarati'ldi'.

1883-ji'li' Arqa Afrikadag'i' Tunistin' basi'p ali'ni'wi' jan'a koloniyalar basi'p ali'w joli'ndag'i' da'slepki qa'dem boldi'. Germaniya Franciyani'n' Tunisti basi'p ali'wi'na qarsi'li'q ko'rsetpedi. Woni'n' maqseti Franciya ha'm Italiya mu'na'sibetlerin keskinlestiriw yedi. Sebebi, Italiya da Tuniske dawager yedi.

Franciya menen mu'na'sibetleri keskinlesken Italiya Germaniya menen jaqi'nlasa basladi'. Aqi'betinde, bul jaqi'nlasi'w 1882-ji'li' Italiyani'n' 1879-ji'li' Germaniya ha'm Avstriya-Vengriya imperiyalari' menen du'zilgen a'skeriy-siyasiy awqamg'a qosi'li'wi'na ali'p keldi. Solay yetip, Evropada ja'ha'n tariyxi'na «U'shlik awqami'» ati' menen kirgen a'skeriy-siyasiy awqam du'zildi.

Franciyani'n' Afrikadag'i' basqi'nshi'li'q siyasati' Tunis penen g'ana sheklenip qalmay, 1891 — 1896-ji'llar dawami'nda Gvineya, Senegal, Madagaskar ha'm Mavritaniyani' da basi'p aldi'. 1912-ji'lda bolsa Marokko u'stinen wo'z protektorati'n wornatti'.

Franciya Aziyada da wo'z koloniyalari'n ko'beytip bardi'. Sonday-aq, 1884-ji'li' Vietnamdi' iyeledi. 10 ji'ldan son', Laos u'stinen protektorat wornatti'. Solay yetip, 20 mln. xali'q jasaytug'i'n koloniyali'q imperiyasi' du'zildi. Bul koloniyali'q imperiyasi' sebepli, Franciya u'lken da'ramat deregine iye boldi'.

### Ulli' Britaniya menen jaqi'nlasi'w

Germaniya Ulli' Britaniyani'n' Evropadag'i' birinshi ma'mleketin da'rejesine yen' ko'p da'rejede qa'wip sali'p ati'rg'an ma'mleketke aylani'p barati'rg'anli'g'i' Ulli' Britaniya u'stem toparlari'n ta'shwishlendirmey qalmadi'. Germaniya siyasiy maydanda «quyashti'n' barli'q ma'mleketlerge birdey nur shashi'wi' lazi'mli'g'i'n dawa yetip ati'r yedi. Bul Ulli' Britaniya, Franciya ha'm patsha Rossiyasi' koloniyalari'n qayta bo'liwge dawagerlik, degeni yedi. Bul dawa Franciyani' da ta'shwishke saldi'. Franciya yele 1870 — 1871-ji'llardag'i' Franciya-Prussiya uri'si'ni'n' aqi'betlerin umi'tpag'an yedi. Demek, Franciya ushi'n usi' waqi'tqa shekem xali'q arali'q maydanda tiykarg'i' qarsi'lasi' boli'p kelgen Ulli' Britaniya menen jaqi'nlasi'w jollari'n izlewden

basqa jol joq yedi. Bul waqi'tta Ulli' Britaniya ushi'n da Franciya menen jaqi'nlasi'w woni'n' ma'plerine say keletug'i'n yedi. Sebebi, bul da'wirde xali'q arali'q maydanda Germaniya woni'n' birinshi qarsi'lasi'na aylani'p qalg'an yedi.

Aqi'ri'nda, Franciya — Ulli' Britaniya jaqi'nlasi'wi' 1904-ji'li' wolar arasi'nda pitimge qol qoyi'li'wi' menen juwmaqlandi'. Bul pitimde wolardi'n' koloniya ma'selesi boyi'nsha kelisimi keltirildi. Atap aytqanda, Franciya Ulli' Britaniyani'n' Mi'srdag'i' ha'reketlerine tosqi'nli'q yetpewin, Mi'srdi'n' Ulli' Britaniya ta'sir shen'berinde yekenligin ta'n aldi'. Ulli' Britaniya bolsa Franciyani'n' Marokkodag'i' ma'plerin ta'n aldi'.

Marokko sultani' wo'z wazi'ypasi'n atqara almawi' itimali' barli'g'i'n ha'm solay boli'p qalsa, Marokko aymag'i'ni'n' Gibraltar bug'azi'na tikkeley tutas bolg'an bo'limin Ispaniyag'a beriwin belgilep qoydi'. Marokkoni'n' qalg'an bo'legin Franciya wo'z qoli'na ali'wi' ko'zde tuti'ldi'.

Ulli' Britaniya ushi'n Gibraltar bug'azi' Franciyani'n' yemes, basqa wo'zi ushi'n qa'wipsizirek bolg'an Ispaniya qaramag'i'nda boli'wi' maqul yedi.

1904-ji'lg'i' yeki ma'mleket wortasi'ndag'i' pitim tiykari'nda Ulli' Britaniya ha'm Franciya wortasi'nda a'skeriy-siyasiy awqam tuwrali' sha'rtnama du'zilgenin de an'latatug'i'n yedi.

**Rossiya menen jaqi'nlasi'w**

XIX a'sirdin' aqi'ri' — XX a'sirdin' baslari'nda Rossiya ha'm Avstriya-Vengriya mu'na'sibetleri barg'an sayi'n to'menledi. Bug'an yeki ma'mleket ma'plerinin' Balkan yari'm atawi'nda keskin dus kelgenligi sebep boldi'.

1879-ji'li' Germaniya ha'm Avstriya-Vengriya a'skeriy-siyasiy awqamni'n' du'ziliwi ha'm de bul awqamg'a Italiyani'n' qosi'li'wi' jag'daydi' ja'ne de qi'yi'nlasti'rdi'. Sonday sharayatta Franciya ha'm Rossiyani'n' jaqi'nlasi'wi' ta'biyiy bir jag'day yedi. Germaniyani'n' ja'ne de ku'sheyip ketiwin qa'lemegen Rossiya Germaniyani'n' Franciyag'a qarsi' jan'a uri's ashi'w rejelerine tosqi'nli'q yetip keldi.

1882-ji'li' «U'shlik awqam»ni'n' du'zilgenligi Franciya menen Rossiyani' jaqi'nlasi'wg'a ma'jbu'r yetti.

Aqi'ri'nda, 1891-ji'li' bul yeki ma'mleket arasi'nda awqamli'q pitim du'zildi. Pitim boyi'nsha, bul yeki ma'mleketten birine si'rtqi' hu'jim bolg'an jag'dayda ha'r yeki ta'rep bir waqi'tti'n' wo'zinde a'skeriy ju'ris ja'riya yetiwi ko'zde tuti'ldi'.

1907-ji'li' bolsa Rossiya 1904-ji'lda Ulli' Britaniya ha'm Franciya wortasi'nda du'zilgen a'skeriy-siyasiy awqamg'a qosi'ldi'. Solay yetip, Antanta ju'zege keldi ha'm Evropani'n' ulli' ma'mleketleri yeki a'skeriy-siyasiy awqamg'a bo'linip ketti.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar***

1. Qanday sebeplerge baylani'sli' Franciyani'n' kontinental Evropadag'i' jetekshi ma'mlekettey abi'rayi' joqqa shi'qti'?
2. Franciya koloniyali'q imperiyasi' qay ta'rizde du'zildi?
3. Franciyani' Ulli' Britaniya ha'm patsha Rossiyasi' menen jaqi'nlasi'wi'na ma'jbu'r yetken faktorlardi'n' uqsas ha'm wo'zine ta'n ta'replerin ani'qlan'.

Nege buri'n wo'z ara mu'na'sibetleri jaman boli'p kelgen ma'mleketler waqi't wo'tiwi menen bir-birine awqamlas yaki kerisinshe, wo'z ara qarsi'las ma'mleketlerge aylani'p qalg'an?

## 8-§. XIX a'sirdin' aqi'ri' — XX a'sirdin' baslari'nda Germaniya. Imperiyani'n' du'ziliwi

**Germaniyani birlestiriwdin' tamamlani'wi**

Joqari'da ayti'lg'anday, Franciya-Prussiya uri'si' waqti'nda, yag'ni'y 1871-ji'ldi'n' 18-yanvari'nda barli'q german ma'mleketlerinin' monarxlari' Versalda ji'ynali'p, Prussiya koroli' Vilgelm I di Germaniya imperatori' dep ja'riyaladi'. Bul Germaniyani'n' yekinshi ma'rte imperiya dep ja'riya yetiliwi yedi. (Yeslen': Germaniya qashan 1-ma'rte Imperiya dep dag'azalandi'?) Solay yetip, pu'tkil Germaniya aymag'i'ni'n' 2/3 bo'liminde jaylasqan, xali'qti'n' bolsa 60% jasap ati'rg'an Prussiya monarxiyasi' jetekshiliginde Germaniyani'n' birlesiwi tamamlandi'. Birden-bir ha'm bir pu'tin Germaniya imperiyasi' du'zildi.

**1871-ji'ldag'i' imperiya konstituciyasi'**

1871-ji'l imperiya reyxstag'i' uluwma german konstituciyasi'n qabi'lladi'. Germaniya imperiyasi' awqamlaslar ma'mleketi boli'p qaldi'. Elzas-Lotaringiya imperiya qurami'na ha'kim (shtatgalter) basqaratug'i'n «arnawli' imperiya wa'layati'» boli'p kirdi. Ha'kimdi imperatordi'n' wo'zi tayi'nlaydi'. Imperiyag'a kirgen ayi'ri'm ma'mleketler wo'z konstituciyalari' ha'm parlamentlerin (landtaglari'n) saqlap qaldi'.



**Otto fon Bismark.**

Imperiyani'n' joqari' wa'killikli sho'lkemleri Awqam Ken'esi (Bundesrat) menen Reyxstag yedi. Konstituciyada birlesken Germaniyada Prussiya gegemonli'g'i' bekkemlenip qoyi'ldi'. Imperator uri's ja'riyalap, kelisim du'zedi, xali'q arali'q qatnaslarda Imperiya ati'nan is ali'p baradi'. Sondayaq, wol imperiya qurall' ku'shlerinin' bas komandiri de yedi. Wol wo'z i'qti'yari' menen Reyxstag ha'm Awqam Ken'esi sessiyalari'n shaqi'ri'w, ashi'w, tarqati'p jiberiw yamasa mu'ddetin sozi'w, imperiya kanclerin tayarlaw ha'm wazi'ypasi'nan azat yetiw huquqlari'na iye yedi.

1871-ji'li' konstituciyag'a muwapi'q imperator bir waqi'tti'n' wo'zinde Prussiya koroli dep te yesaplang'an. Germaniyani'n' birinshi imperiya kancleri lawazi'mi'na Otto fon Bismark tayi'nlandi'. Wol ma'mleket basqari'wi'nda u'lken ta'jiriybege iye boli'p, derlik 20 ji'l dawami'nda (1871—1890) hu'kimetti basqardi'. Bismark Germaniya tariyxi'nda «Temir kancler» laqabi' menen at qaldi'rdi'.

Reyxstag, konstituciyada ko'rsetilgenindey, uluwma saylaw huquqi' tiykari'nda 5 ji'l mu'ddetke saylanatug'i'n yedi. Biraq is ju'zinde saylaw huquqi' tek ati' g'ana uluwma yedi. A'skeriy xi'zmetkerlerden basqa, 25 jasqa tolg'an yerler g'ana saylaw huquqlari'nan paydalanatug'i'n yedi.

**Germaniyani'n' ekonomikali'q rawajlani'wi'**

70 — 80-ji'llari' Germaniya ekonomikasi' rawajlana basladi'. Sanaat wo'nimleri barli'q kontinent ma'mleketleri bazarlari'na kirip bardi'. Qanday faktorlar Germaniya ekonomikasi'ni'n' gu'rlep rawajlani'wi'na sebep boldi'?

Bas faktor — Germaniyani'n' birlestirilgenligi. Bul birlesiw sebepli birden-bir ishki bazar ju'zege keldi. Yag'ni'y, baji'xana tosi'qlari' ali'p taslandi'. Birden-bir pul, wo'lshew ha'm awi'qli'q birlikleri yengizildi.

Yekinshi faktor — Franciyani'n' talani'wi'. Franciya 3 ji'l ishinde 5 mlrd. frank kontribuciya to'lewge ma'jbu'r boldi'. Wonnan tarti'p ali'ng'an ha'm temir rudasi'na bay Lotaringiya menen Saar tasko'mir ka'ni ha'm Germaniya awi'r sanaati' rawajlani'wi'nda u'lken a'hmiyetke iye boldi'.

U'shinshiden, Germaniya isbilermenleri basqa ma'mleketler ta'jiriybelerinen tabi'sli' paydalandi'. Wo'ndiriske yen' aldi'ng'i' texnologiya ha'm de ilim ha'm texnika tabi'slari'n yengizdi. A'si-rese, Tomson ta'repinen fosfor ali'w procesinin' a'piwayi'las-ti'ri'li'wi' Germaniya sanaati'ni'n' rawajlani'wi'na u'lken imkan jaratti'. Sebebi, Germaniya fosfor rudalari'ni'n' tiykarg'i' ma'kani' yedi.

To'rtinshiden, sanaatti'n' tez pa't penen militarlasti'ri'li'wi' wo'ndiristin' rawajlani'wi'na ta'sir yetpey qalmadi'. Franciyadan wo'ndirilgen kontribuciyani'n' belgili bo'legi a'skeriy buyi'rtpalar ushi'n to'lendi. Bul faktorlar, Germaniyani' agrar ma'mleketten industrial ma'mleketke aylandi'rdi'.

Germaniya ximiya sanaati'nda 1-wori'ng'a shi'qti'. Temir ha'm polat wo'ndiriwde AQSHtan son' 2-wori'ng'a shi'qti'. Shoyi'n wo'ndiriw 1912-ji'l 17,6 mln. tonnag'a yetti.

Sanaat rawajlani'wi' menen wo'ndiris u'lken ka'rxanalarda toplani'p bardi'. Bul da'wirde ha'rbirinde 1000 nan aslam jumi'sshi'lar isleytug'i'n ka'rxanalar sani' 600 ge jaqi'nladi'.

Sanaatta wo'ndiristin' woraylasi'wi' ku'sheydi. Mi'sali', ko'mir qazi'p shi'g'ari'w, shoyi'n ha'm polat yeritiw tiykari'nan 4 monopoliya qoli'na wo'tti.

1914-ji'lg'a kelip, Germaniya sanaat wo'ndirisi 1871-ji'lg'a sali'sti'rg'anda 7 yese ko'beydi.

Sanaat wo'ndirisi ko'lemi boyi'nsha Germaniya du'nyada AQSHtan keyin 2-wori'ndi' iyeleydi. Awi'l xojali'g'i' da tez pa't penen rawajlana basladi'.



**Shnayder zavodi'nda toplardi' ji'ynaw procesi.**

***Bundesrat*** (Awqam Ken'esi) — Germaniya parlamentinin' joqari' palatasi'.
***Reyxstag*** — Germaniya parlamentinin' to'mengi palatasi'.
***Kancler*** — bas wa'zir.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar***

1. Germaniya birinshi ma'rte qashan imperiya dep ja'riyalang'an?
2. Germaniyani' birlestiriw procesi haqqi'nda ayti'n'?
3. Imperiya ma'mleket ha'kimiyati'ni'n' joqari' organlari'n ayti'n'.
4. Qanday faktorlar Germaniyani'n' ekonomikali'q jaqtan gu'rkirep rawajlani'wi'n ta'miyinledi?

Otto fon Bismark haqqi'nda referat jazi'n'.

## 9-§. Imperiyani'n' ishki siyasati'

### Ishki siyasat

German hu'kimeti ishki siyasatta Germaniyani' prusslasti'ri'wg'a ayri'qsha itibar berdi. Konstituciyada Prussiya koroli' g'ana Germaniya imperatori' bola ali'wi'ni'n' ko'rsetilgeni buni'n' ayqi'n da'lili yedi.

Polsha ha'm Franciyani'n' Germaniyag'a wo'tken aymaqlari'nda da prusslasti'ri'w siyasati' ju'rgizildi. Polyak tilinde woqi'ti'latug'i'n mektepler jawi'ldi'. Sol sebepli 1906-ji'li' 100 mi'n'nan aslam polyak balalari' mektepke bari'wdan bas tartti'.

Bismark hu'kimeti katolik shirkewini'n' ta'sirin kemeytiwge uri'ndi'. Bul wori'nda 1872-ji'li' qabi'l yetilgen arnawli' ni'zam u'lken a'hmiyetke iye boldi'. Wonda, mektep shirkewden aji'rati'ldi'. Ruwxani'ylardi'n' siyasiy u'gitler ju'rgiziwi qadag'an yetildi. Ruwxani'y kadrlar tayarlaw, wolardi' wazi'ypalarg'a tayi'nlaw jumi'slari'n ma'mleket wo'z qoli'na aldi'.

Puqarali'q halati' aktlerin dizimge ali'w jumi'slari' (tuwi'li'w, neke, qayti's bolg'anli'g'i') ma'mleket ma'kemeleri i'qti'yari'na wo'tkerildi. Bismarkti'n' katolik shirkewi ta'sirine qarsi' qollag'an ilajlari' «*Kulturkampf*» (Ma'deniyat ushi'n gu'res) degen at aldi'.

Bismark hu'kimeti jumi'sshi'lar ha'm socialistlik ha'reketti basti'ri'w siyasati'n ju'rgizdi. Bul da'wirde 1875-ji'li' du'zilgen Germaniya social-demokratiyali'q partiyasi'ni'n' (GSDP) ta'siri wo'sip barati'rg'an yedi. Sonli'qtan, 1877-ji'lg'i' parlament saylawi'nda bul partiya 12 deputatli'q wori'ng'a iye boldi'.

1878-ji'li' socialistlerge qarsi' ayri'qsha ni'zam («Social-demokratlardi'n' qa'wipli umti'li'wlari'na qarsi' ni'zam») qabi'l yetti. Woni'n' qabi'l yetiliwine Imperator Vilgelm I ge qarsi' yeki ret sho'lkemlestirilgen qasti'yanli'q ba'ne boldi'. Bul qastiyanli'qti' socialistler sho'lkemlestirmegen bolsa da, Bismark wolardi' ja'miyet ta'rtibin buzi'wshi'lar dep yesapladi'. Bul ni'zam partiya xi'zmetin a'melde qadag'an yetti. Ni'zam 2,5 ji'l mu'ddetke qabi'llang'an bolsa da, 12 ji'l dawami'nda a'mel qi'ldi'.

Bismark hu'kimeti tek qadag'alawlar menen yelde siyasiy turaqli'li'qti' ta'miyinley almaytug'i'ni'n jaqsi' tu'sindi. Wol jumi'sshi'larg'a tiyisli ni'zamlar da qabi'l yetiw lazi'm dep yesapladi' ha'm bug'an yeristi.

Sonday-aq, bular jumi'sshi'lar nawqas bolg'ani'nda, jaraqatlang'anda, qartayg'anda ha'm miynet qa'biletin jog'altqanda qamsi'zlandi'ri'w haqqi'ndag'i' ni'zamlar yedi.

1888-ji'li' Vilgelm I qayti's boldi'. Taxtti' 28 jasli' Vilgelm II (1888 — 1918) iyeledi. Wonnan ha'rqanday ha'reketlerdi ku'tiw mu'mkin yedi. Wol ha'kimiyatti' heshkim menen, ha'tteki Bismark penen de bo'lisiwdi qa'lemedi ha'm jeke hu'kimdarli'qqa umti'ldi'.

1889-ji'li' Bismark Reyxstag aldi'na socialistlerge qarsi' ni'zamg'a turaqli'li'q kirgiziw ma'selesin qoydi'. Biraq, Reyxstag bunnan bas tartti'. Imperator da Bismarkti quwatlamadi'. Bismark buni' wo'zine ko'rsetilgen qorli'q dep bilip, 1890-ji'li' otstavkag'a shi'qti'. Jan'a hu'kimet ayri'qsha ni'zamdi' biykarladi'.

GSDP ashi'q halatta islewge wo'tti. Partiya miynetkeshler ma'pin qorg'aw siyasati'n dawam yettirdi. Wol yen' ku'shli ha'm massali'q partiyalardi'n' birine aylandi'. Na'tiyjede, 1891-ji'ldan baslap yekshembi demali's ku'ni dep belgilendi. 13 jastan kishi balalarg'a miynet yetiwge ruqsat yetilmedi. Hayal-qi'zlar ushi'n 11 saatli'q jumi's ku'ni belgilendi.

### Awi'l xojali'g'i'ndag'i' awhal

Awi'l xojali'g'i'nda su'riletug'i'n jerlerdin' 25% ke jaqi'ni' yunkerler (u'lken jer iyeleri) qoli'nda boldi'. Yunkerler xojali'q ju'rgiziwde jallanba miynetten paydalandi'. Sol waqi'tta awi'l xojali'g'i'nda qollani'w ushi'n jarati'lg'an texnikadan na'tiyjeli paydalani'wg'a ayri'qsha itibar berildi. Ken' ko'lemde mineral to'ginlerden paydalani'wg'a wo'tti.

Bular wo'z na'wbetinde, miynet wo'nimdarli'g'i'n artti'ri'wdi', zu'ra'a'tlilikti asi'ri'wdi' ta'miyinledi.

Awi'l xojali'g'i'nda texnikani'n' ken' qollani'li'wi' arti'qsha jumi'sshi'lardi'n' jumi's izlep qalag'a ko'shiwine ali'p keldi. Bul bolsa rawajlani'p ati'rg'an sanaatti' jumi'sshi' ku'shi menen ta'miyinlewge ken' jol ashti'.

Germaniyani'n' agrar ma'mleketten industrial ma'mleketke aylani'wi'nda bul faktor da a'hmiyetli rol woynadi'.

### Miynetkeshler ma'pleri ushi'n gu'res

Germaniya qanshelli rawajlanbasi'n, ma'mleket jumi'sshi'lari' AQSH ha'm Ulli' Britaniya jumi'sshi'lari'na qarag'anda az is haqi' alatug'i'n yedi. 1900 — 1903-ji'llardag'i' ja'ha'n ekonomikasi'ni'n' krizisi jumi'ssi'zli'qti'n' ko'beyiwine, is haqi'ni'n' ja'ne de kemeyiwine ali'p keldi.

Aqi'betinde, jumi'sshi'lardi'n' materialli'q awhali' awi'rlasti'. Sonday sharayatta GSDP jumi'sshi'lar ma'plerin parlament joli' menen qorg'ay basladi'. 1912-ji'lg'i' parlament saylawi'nda bul partiya 34,8% dawi's ali'wg'a miyasar boldi'. Bul tabi's hu'kimetti de boysi'ni'wg'a ma'jbu'r yetti. Is haqi' az bolsa da ko'beytildi, jumi's ku'ni 9,5 saat dep belgilendi. Biraq, jumi'sshi'lar buni'n' menen gu'resti toqtatpadi'. Wolar, 8 saatli'q jumi's ku'ni belgileniwin talap yetti.

GSDP jumi'sshi'lardi'n' ma'pi ushi'n gu'restin' ti'ni'sh, parlament joli'n tan'lag'an yedi. Bul Parij Kommunasi' sabaqlari'nan tan'lang'an birden-bir tuwri' jol yedi. GSDPni'n' parlament joli' menen gu'res taktikasi'ni'n' tiykari'nda ja'miyettegi a'hmiyetli, tiykarg'i' mashqalalardi' reforma joli' menen sheshiw maqseti turar yedi. Sonday-aq, bul jol puqaralar tati'wli'g'i'n na'zerde tutti'.

Duri's, GSDPni'n' barli'q basshi'lari' ishinde du'zimdi quralli' ko'terilis penen wo'zgertiw lazi'm, dep yesaplawshi'lar da joq yemes yedi. Biraq, wolar azshi'li'qti' quradi. Pu'tkil wo'tken tariyxi'y da'wir bul joldi'n' naduri'sli'g'i'n tasti'yi'qladi'.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar***

**1.** «Germaniyani' prusslasti'ri'w» so'zinin' ma'nisin tu'sindirin'.
**2.** GSDP kimlerdin' ma'plerin qorg'ag'an ha'm bul partiyani'n' siyasiy gu'resindegi yeki jol haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?
**3.** GSDP miynetkeshler ma'pleri ushi'n gu'res joli'nda qanday tabi'slarg'a yeristi?

Bu'gingi Germaniyada qaysi' partiya hu'kimetti basqari'p ati'rg'ani'n ani'qlan'.

## 10-§. Imperiyani'n' si'rtqi' siyasati'

### Du'nyani' qayta bo'lisiwge dawagerlik

Ulli' Britaniya ha'm Franciya u'lken koloniyag'a iye bolg'an halda Germaniya bunday koloniyag'a iye yemes yedi. Germaniya u'stemlik shen'berleri «quyashti'n' ha'mmenin' arqasi'na birdey nur shashi'wi'» talabi' menen shi'qti'.

Bismark Germaniyani'n' xali'q arali'q maydandag'i' ta'sirin ku'sheytiwdi wo'z aldi'na wazi'ypa yetip qoydi'. Jan'adan du'zilgen francuz armiyasi'n wo'sh ali'wshi' armiya, dep yesaplay basladi'. Sonli'qtan, Franciya yele toli'q bekkemlenip almastan, woni'n' menen uri'si'wg'a asi'qpaqta yedi. Biraq, Rossiya menen Ulli' Britaniya Germaniyani'n' ku'sheyiwin qa'lemeytug'i'n yedi.

Bismark yeki frontta uri'si'wdan qorqatug'i'n yedi. Sonday sharayatta wol wo'zine awqamlas izledi ha'm tez arada woni' tapti'. Bul Avstriya-Vengriya imperiyasi' yedi. 1879-ji'li' Germaniya Avstriya-Vengriya menen awqam du'zdi. 1882-ji'li' Avstriya-Vengriya-Germaniya awqami'na Italiya qosi'ldi'. Bug'an Italiyani'n' Franciya menen qatnasi'g'i'ni'n' keskinlesiwi sebep boldi'. Sonli'qtan, Franciya 1881-ji'li' Italiya dawagerlik yetip ju'rgen Tunisti basi'p alg'an yedi. Avstriya-Vengriya imperiyasi' bul waqi'tta Balqan yari'm atawi'nda Rossiya menen ba'sekilespekte yedi. Solay yetip, u'sh pikirles ku'shler birlesip, 1882-ji'li' a'skeriy awqam — «U'shler awqami'n» du'ziwge yeristi. Solay yetip, Germaniya Franciya ha'm Rossiyag'a qarsi' qarati'lg'an koaliciyag'a bas boli'p aldi'. Bismark Rossiyani' wo'z siyasiy rejelerin iske asi'ri'w joli'nda tiykarg'i' tosqi'nli'q dep bildi. Biraq, Bismark bir waqi'tta ha'm Franciyag'a, ha'm Rossiyag'a qarsi' gu'resiw an'sat yemesligin an'laytug'i'n yedi.

1891-ji'li' shovinistlik sho'lkem — «German awqami'» du'zildi. «Korol Prussiya u'stinde, Prussiya Germaniya u'stinde, Germaniya du'nya u'stinde» degen shaqi'ri'q alg'a su'rildi.

### Germaniyani'n' koloniyali'q ekspansiyasi'

Germaniya Evropa uri'si'na tayarlani'w menen bir waqi'tta koloniyalar basi'p ali'wg'a da kiristi. 1882-ji'li' Bremen sawdagerleri Afrikani'n' qubla-bati's jag'asi'ndag'i' Angra —Peken buxtasi'na keldi. Wolar 200 yeski mi'lti'q ha'm 2000 marka ushi'n ruw basli'g'i'nan a'dewir aymaqti' sati'p aldi'. Tez arada Germaniya bul jerdi wo'z protektorati' dep ja'riyaladi'. Afrikag'a

a'meldarlar ha'm soldatlar jiberildi. Wolardi'n' jan'a jerlerdi basi'p ali'wg'a uri'ni'wi' jergilikli xali'qti'n' qarsi'li'g'i'na ushi'radi'.

1884-ji'li' Germaniya Afrikani'n' worta bo'limindegi Togo ha'm Kamerun aymaqlari'n, Gvineyani'n' arqa bo'limin ha'm wog'an jaqi'n atawlardi' iyeledi. 1885-ji'li' bolsa Afrikani'n' shi'g'i's bo'limindegi aymaqlardi' ha'm Zanzibardi' basi'p aldi'. Bul aymaq «Germaniya Shi'g'i's Afrikasi'» degen ataq aldi'.

Vilgelm II Germaniya u'stem toparlari'ni'n' basqi'nshi'li'q siyasati'ni'n'«jarshi'si'» ha'm belsendi a'melge asi'ri'wshi'si' boldi'. 90-ji'llardi'n' aqi'ri'nda Shandun (Qi'tay) provinciyasi'ni'n' bir bo'limi basi'p ali'ndi'. Sol waqi'tta-aq, Germaniya Ti'ni'sh okeandag'i' Karolina, Mariana ha'm de Samoa atawi'ni'n' bir bo'limin iyelegen yedi. 1885-ji'li' wol Marshall atawlari'n basi'p aldi'.

Arqa ten'izdi Baltik ten'izi menen tutasti'rg'an Kil kanali' ashi'ldi'. Reyxstag a'skeriy flot du'ziwdin' u'lken bag'darlamasi'n qabi'l yetti. Bul na'rse Ulli' Britaniya menen qatnasi'qlari'n ja'ne de keskinlestirdi. Marokkog'a bolg'an dawasi' Franciya menen qatnasi'qlari'n tag'i' da to'menletti.

Afrikada «bizdi quri' qaldi'rdi'» dep bilgen german u'stem toparlari' «qoldan ketkenlerdin'» worni'n Jaqi'n Shi'g'i'sta tolti'rmaqshi' boldi'. Wolar Kishi Aziya, Siriya, Mesopotamiya ha'm Palestinada jaylasi'p almaqshi' yedi. Sebebi, bul jerde du'nyadag'i' yen' bay neft ka'nleri, g'a'lle ha'm paxta shiyki zati' bar yedi. Nemis bankiri Simens baslamasi' menen Berlindi Persiya qolti'g'i' menen tutasti'ri'wshi' temir jol sali'w rejesi du'zildi.

1889-ji'li' Vilgelm II «ha'zireti Isa qa'biri»n zi'yaratlaw ba'nesi menen Palestinag'a bardi'. Wol sapar waqti'nda Turkiya sultani' menen ushi'rasi'p, reje boyi'nsha Bosfordan Kishi Aziya arqali' Bag'dadqa ha'm wonnan Persiya qolti'g'i'na shekem temir jol quri'wdi' kelisip aldi'. Bul jol «Bag'dad temir joli'» dep ataldi'.

Nemislerdin' Persiya qolti'g'i'na shi'g'i'wi' Ulli' Britaniyani'n' bul aymaqtag'i' ma'plerine qa'wip salatug'i'n yedi. Sol sebepli, Ulli' Britaniya «Bag'dad temir joli'»ni'n' Persiya qolti'g'i'na shi'g'i'wi'na jol qoymaw ushi'n 1899-ji'li' Kuveytte wo'z protektorati'n wornatti'. Sog'an qaramay, 1902-ji'li' Turkiya menen Germaniya wortasi'nda temir jol ma'selesinde juwmaqlawshi' pitim du'zildi.

Usi' waqi'tta, Germaniya zor berip qurallani'wdi' ku'sheytti. Armiya sani' keskin ko'beytildi. Reyxstag u'lken a'skeriy kemeler sog'i'wg'a ha'm suw asti' floti' ushi'n qarji'lar bo'lip shi'g'ardi'.

Biraq, 1907-ji'li' du'zilgen Ulli' Britaniya, Franciya ha'm Rossiya awqami' Germaniyani'n' si'rtqi' awhali'n qi'yi'nlasti'ri'p jiberdi.

**Germaniya—Turkiya qatnasi'qlari'**

XIX a'sir aqi'ri'nan baslap, Germaniya-Turkiya mu'na'sibetleri jaqi'nlasi'p bardi'. Turkiya Germaniya ko'rinisinde wo'z qutqari'wshi'si'n ko'rgendey yedi.

Xosh, bug'an neler sebep bolg'an? Evropani'n' ulli' ma'mleketleri bolg'an Ulli' Britaniya da, Franciya ha'm Rossiya da Turkiya ushi'n imperiya aymaqlari'n ko'z asti'na alg'an yaki izbe-iz wolardi' basi'p alg'an uluwma dushpan ma'mleketlerine aylang'an yedi. Mi'sali', Turkiyag'a ra'smiy g'a'rezli bolg'an Mi'srdi' basi'p alg'an Ulli' Britaniya yemes pe? Yaki Tunis ha'm Morokkog'a dawager Franciya yemes pe?

Qara ten'izdi Jer Worta ten'izi menen baylani'sti'ri'wshi' Turkiyag'a qarasli' Bosfor ha'm Dardanell bug'azlari'na, Istanbul qalasi'na dawagerlik yetiwshi Rossiya yemes pe yedi? A'lbette, sonday yedi. Demek, bunday sharayatta Germaniya Turkiya ko'z aldi'nda woni'n' imperiyasi' aymag'i'na dawa yetpey ati'rg'an birden-bir ma'mleket yedi.

Ulli' ma'mleketlerdin' qi'si'mi'na shi'daw ushi'n Turkiyag'a Germaniyaday awqamlas za'ru'r yedi. Germaniya ushi'n Bag'dad temir joli'n qursa keleshekte pu'tkil Jaqi'n Shi'g'i'sqa iyelik yetiwi mu'mkindey yedi. Sonli'qtan Germaniya Turkiyani' finansli'q ha'm a'skeriy jaqtan quwatladi'.

Bul yeki ma'mleket wortasi'nda jaqi'nli'q, aqi'r-aqi'betinde, Turkiyani' wo'zi sezbegen halda Germaniyani'n' derlik vassali'na aylandi'ri'p qoydi'. Yendi, Turkiya Birinshi ja'ha'n uri'si'nda Germaniya ta'repinde turi'p uri'sqa qatnasi'wg'a ma'jbu'r yedi.

**Uri'sti'n' so'zsizliligi**

Germaniya da koloniyalar basi'p ali'wda shette turmadi'. XIX a'sirdin' 90-ji'l-lari'nda wol iyelegen koloniyalar aymag'i' wo'zinin' aymag'i'nan derlik bes yese arti'q yedi.

Sol waqi'tta, Germaniyani'n' Evropada u'stemlik yetiwi haqqi'ndag'i' dawalari' ku'sheydi.

Yekinshiden, ja'ha'n bazari'nda Germaniya Ulli' Britaniyani'n' tiykarg'i' qarsi'lasi'na aylandi'.

U'shinshiden, Afrikani' qayta bo'listiriwdi talap yetip ati'rg'ani' woni'n' Franciya, Ulli' Britaniya menen mu'na'sibetlerin ja'ne de keskinlestirip jiberdi.

To'rtinshiden, Germaniyani'n' Balkang'a, Jaqi'n, Worta ha'm Uzaq Shi'g'i'sqa kirip keliwi tezlesti, bul ha'reket tariyxqa «Shi'g'i'sqa hu'jim» («Grang nakh osten») ati' menen kirdi.

Yendi, Germaniya u'stem toparlari' du'nyag'a ja'ha'n siyasati'na wo'tkenligin ma'lim yetti ha'm bul jaqti' du'nyadan jay talap yete basladi'. Sonday-aq, xali'q arali'q kelispewshiliklerden wo'z ma'pi joli'nda paydalani'wg'a uri'ndi'. Patsha Rossiyasi'ni'n' Balkan yari'm atawi'ndag'i' ma'plerin mensinbey, Avstriya-Vengriyani'n' Balkan siyasati'n qollap-quwatladi'.

Du'nyani'n' barli'q noqatlari'nda Germaniya ekspansiyasi' Ulli' Britaniya ma'plerine tiyisti ha'm woni'n' qarsi'li'g'i'na dus keldi.

Germaniya imperatori' Vilgelm II «Germaniyani'n' keleshegi ten'izde» degen u'ndewdi ja'riya yetti.

Bul u'ndew ten'iz hu'kimdari' — Ulli' Britaniya a'skeriy floti'na ten' keletug'i'n flot sholkemlestiriw za'ru'rligin an'latatug'i'n yedi.

Bul waqi'tta, Germaniya a'skeriy ten'iz floti' qu'direti jag'i'nan 2-wori'ng'a shi'g'i'p alg'an yedi. Imperator maqsetin iske asi'ri'w ushi'n jan'a a'skeriy kemeler quri'w jumi'si' tezlestirildi.

1905-ji'li' Germaniya q303ralli' ku'shleri Bas shtabi' yeki frontta, Bati'sta ha'm Shi'g'i'sta (Rossiyag'a qarsi') uri's ali'p bari'w rejesin islep shi'qti'.

Germaniya ha'm a'skeriy, ha'm ekonomikali'q, ha'm ideologiyali'q jaqtan uri'sqa tayarlani'wda wo'zinin' qarsi'laslari'nan wozi'p ketti.

***Koaliciya*** (lati'nsha — birlesken) — bir yaki birneshe ma'mleketlerge qarsi' birlesip ha'reket yetiw ushi'n yeki yaki wonnan ko'p ma'mleketlerdin' du'zgen waqi'tsha a'skeriy-siyasiy awqami'.

***Ekspansiya*** (lati'nsha — ken'eyttiriw) — ulli' ma'mleketlerdin' wo'zgeler aymag'i'n ha'm bazarlari'n, shiyki zat dereklerin basi'p ali'wg'a, siyasiy ha'm ekonomikali'q ta'sir shen'berlerin ken'eyttiriwge qarati'lg'an siyasatlari'.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar***

**1.** Germaniya si'rtqi' siyasati'ni'n' tiykarg'i' maqseti ne yedi?
**2.** Germaniya, Avstriya-Vengriya ha'm Italiya a'skeriy-siyasiy awqami' qalay yetip ju'zege keldi?

3. Nege Germaniya Evropani'n' yen' ulli' ma'mleketleri yesaplang'an Ulli' Britaniya, Franciya ha'm Rossiyani'n' hesh bolmag'anda birewi menen de awqamlas sha'rtnamasi'n du'ze almadi'?
4. Germaniyani'n' I ja'ha'n uri'si'na puxta tayarli'g'i'na mi'sallar keltirin'.
5. Bu'gingi Germaniya Federativ Respublikasi' ha'm Franciya mu'na'sibetlerine tiyisli mag'luwmatlardi' toplan'.

## 11-§. XIX a'sirdin' aqi'ri' — XX a'sirdin' baslari'nda Ulli' Britaniyani'n' siyasiy ha'm ekonomikali'q awhali'

### Yeldin' siyasiy du'zimi

Ulli' Britaniya bul da'wirde de konstituciyali'q monarxiya yedi. Biraq, Germaniyadan wo'zgesheligi, bul ma'mlekette korol ha'kimiyati' tiykarg'i' rol woynamaytug'i'n yedi. Ulli' Britaniya korollari' ma'mleket basli'g'i' yedi. Wolar ma'mleketti a'melde basqarmadi'. Ma'mlekettin' ishki ha'm si'rtqi' siyasati'n basqari'w parlament du'zetug'i'n hu'kimet qoli'nda yedi.

Ulli' Britaniyada qaysi' partiya parlament saylawi'nda jen'ip shi'qsa, sol partiya hu'kimet du'zetug'i'n yedi. Yelde ku'shli yeki partiyali' sistema wornap, wolardi'n' biri Konservatorlar, yekinshisi Liberallar partiyasi' dep ataladi'. Konservator partiyasi'ni'n' tiykarg'i' tayani'shi' iri jer iyeleri ha'm anglikan shirkewi, Liberallar partiyasi'ni'n' tiykarg'i' tayani'shi' bolsa worta klass wa'killeri yedi.

Konservatorlar partiyasi' da'stu'rlerge sadi'qli'g'i' menen aji'rali'p tursa, Liberallar partiyasi' zaman ruwxi'na say reformalar wo'tkeriw baslamasi' menen aji'rali'p turdi'. Sol payi'tta, wolardi' birlestiriwshi birden-bir ma'pler de bar yedi. Bul ma'plerdin' uluwma tiykari'n Ulli' Britaniyani'n' du'nyada jetekshi ma'mleket poziciyasi'n saqlap qali'wg'a umti'li'wi', koloniya imperiyani' tag'i' da ken'eytiw, du'nya bazarlari'nan wo'z qarsi'lasi'n ilaji' bari'nsha ko'birek qi'si'p shi'g'ari'wg'a umti'li'w si'yaqli' maqsetler qurag'an.

XIX a'sirdin' wortalari'na kelip Ulli' Britaniyada demokratiyali'q ja'miyet tiykarlari' wornadi'. Bular — so'z, mitingler wo'tkeriw, baspaso'z yerkinligi si'yaqli'larda wo'z ko'rinisin tapti'. Sonday-aq, qatlamli'q jen'illikler tamamlandi'. Birinshi wori'ng'a insanni'n' qaysi' qatlamg'a tiyisliligi yemes, shaxsti'n' yerkinligi, qa'bileti, g'a'rezsizligi, individualli'g'i' qoyi'ldi'.

1867-ji’li’ wo’tkerilgen parlament reformasi’ sebepli saylawda qatnasi’wshi’lar ushi’n mu’lik cenzi kemeyttirildi. Na’tiyjede, yer adamlar xali’qti’n’ 50 % saylaw huquqi’na iye boldi’.

Liberallar partiyasi’nan U. Gladston 4 ret bas wa’zirlik lawazi’mi’n iyelegen. 1864—1874-ji’llarda bas wa’zirlik da’wirinde woni’n’ hu’kimeti bir qatar reformalar wo’tkerdi. Sonli’qtan, tred-yunionlarg’a wo’z huquqlari’n sudta qorg’aw huquqi’ berildi. Sonday-aq, is taslawlar wo’tkeriwge ruqsat yetildi. Parlamentke saylawlardi’n’ jasi’ri’n dawi’s beriw joli’ menen wo’tkeriliwi yengizildi. Mektep reformasi’ wo’tkerildi.

B. Dizraeli bas wa’zirligi da’wirinde (1874 — 1880) de bir qatar a’hmiyetli ilajlar a’melge asi’ri’ldi’. Sonday-aq, 1875-ji’li’ ha’ptede 54 saatli’q jumi’s waqti’ belgilendi. 10 jastan kishi balalardi’ jumi’sqa qabi’llaw qadag’alandi’. 1911-ji’li’ tag’i’ bir ma’rte parlament reformasi’ wo’tkerildi. Bul reformalar Ulli’ Britaniyada Demokratiya ja’miyeti ha’m huquqi’y ma’mleketshilik rawajlani’wi’ joli’nda a’hmiyetli basqi’sh boldi’.

**Ekonomikali’q rawajlani’wda artta qali’wi’**

XIX a’sirdin’ son’g’i’ shereginde Ulli’ Britaniya ekonomikali’q jaqtan artta qala basladi’. «Ja’ha’n ustaxanasi’» dep atalg’an Ulli’ Britaniyani’n’ XIX a’sirdin’ aqi’ri’ — XX a’sirdin’ baslari’nda sanaat wo’ndirisinin’ ko’lemi 2 yese, si’rtqi’ sawdadag’i’ u’lesi 70 % ke qi’sqardi’. Sanaat wo’ndirisinin’ ko’lemi boyi’nsha 3-wori’ng’a tu’sip qaldi’. Yeldin’ ja’ha’n ustaxanasi’ belgisi wo’tmishke aylani’p qaldi’. Buni’n’ tiykarg’i’ sebebi — birinshiden, kapitaldi’n’ tiykari’nan shetke shi’g’ari’li’wi’ yedi. Inglis kapitalistleri koloniyalarda zavod, fabrika ha’m basqa ka’rxanalar quri’wdi’ abzal ko’rgen. Sebebi, koloniyalar shiyki zat ha’m arzan jumi’sshi’ ku’shinin’ da’regi yedi. Wolardi’ metropoliyag’a ali’p keliw qi’mbatqa tu’setug’i’n yedi.

Shetke kapital shi’g’ari’w ju’da’ u’lken tabi’s keltirgen. Sonday-aq, woni’n’ keltirgen paydasi’ si’rtqi’ sawda keltirgen paydadan 5 yese ko’p bolg’an. Payda izinen quwi’w aqi’betinde Ulli’ Britaniyadag’i’ ka’rxanalar wo’z waqti’nda zamanago’y texnika ha’m texnologiyalar menen qayta u’skenelenbey qaldi’. Buni’n’ na’tiyjesinde Ulli’ Britaniya sanaat wo’nimlerinin’ ba’sekilik quwati’ pa’seydi. Germaniya ha’m AQSH tovarlari’ ja’ha’nnin’ barli’q bazarlari’nda Ulli’ Britaniya tovarlari’n qi’si’p shi’g’ara basladi’. Sebebi, Germaniya ha’m AQSH tovarlari’ ha’m sapali’, ha’m arzan yedi. Sol sebepli 20 ji’l ishinde, yag’ni’y 80-

ji'llardan baslap XX a'sir baslari'na shekem Germaniyani'n' Ulli' Britaniyag'a eksporti' 41 % ko'beygen, AQSHtan eksport yetiw bolsa yeki yeseden zi'yati'raq ko'beygen, bul ma'mleketlerge ingliz eksporti' bari'-jog'i' 8 % ke ko'beygen.

Bunnan ti'sqari', jas rawajlani'p ati'rg'an ma'mleketler inglis tovarlari'na u'lken baji' to'lemlerin yengizgen yedi. Ulli' Britaniya bolsa baji' to'lemisiz sawda da'stu'rlerine sadi'q boli'p qala berdi.

Yekinshiden, xali'q arali'q maydanda bo'lingen du'nyani' qayta bo'liw ushi'n gu'res ku'sheygen bir waqi'tta Ulli' Britaniya a'skeriy qa'rejetlerin ko'beytiwge ma'jbu'r boldi'. 1900 — 1914-ji'llar arali'g'i'nda bul qa'rejet 3 ma'rte ko'beydi.

Solay bolsa da, Ulli' Britaniya ekonomikali'q jaqtan yele qu'diretli yedi. London yele ja'ha'n finans worayi' yedi. Ja'ha'n sawdasi'nda yesap sanaq yele Ulli' Britaniya pul birligi (funt sterling) tiykari'nda a'melge asi'ri'latug'i'n yedi.

Inglis kapitalizmi sanaat tarawi'nda aldi'ng'i' birinshiliginen ayi'ri'lg'an bolsa da, ju'da' u'lken payda ali'w imkani'n saqlap qaldi'. Bug'an ko'pten-ko'p koloniyalardag'i' ju'da' u'lken bazarlari'n wo'z qoli'nda saqlap qali'w arqali' yeristi. Bunnan basqa, Ulli' Britaniyani'n' sanaat u'stinligi a'ste qoldan ketkeni menen, ja'ha'n da'ldalshi'li'q sawdasi'nan, qamsi'zlandi'ri'w, bank, kemesazli'q tarawi'ndag'i' monopol u'stemliginen qol u'zgen joq yedi. Ulli' Britaniya burjuaziyasi' bul monopol u'stemlikti da'slep wo'zinin' koloniya imperiyasi' sebepli uzaq waqi't saqlap qala aldi'. Ulli' Britaniya yele kapital eksport qi'li'wdi' dawam yettirdi. Bul kapital Ulli' Britaniyag'a ju'da' u'lken payda keltirdi.

***Kapital*** (lati'nsha — bas, tiykarg'i') — qarji'; wo'z iyesine payda keltiriwshi ja'mi qurallar ha'm qarji'lar. Yag'ni'y, payda keltiretug'i'n, wo'zin-wo'zi ko'beyttiriwshi qun.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar***

**1.** «Siyasiy du'zim» tu'sinigine «Ma'mleket ha'm huquq tiykarlari'» pa'ninen alg'an bilimlerin'izge tiykarlani'p tu'sinik berin'.
**2.** «Ku'shli yeki partiyali'q sistema» degende neni tu'sinesiz?
**3.** «Huquqtani'w» sabaqli'g'i'nan puqarali'q ja'miyet qanday ja'miyet yekenligi haqqi'nda mag'luwmatlardi' tabi'n'.
**4.** XIX a'sirdin' son'g'i' shereginde Ulli' Britaniyani'n' ekonomikali'q rawajlani'wi'nda jetekshilik abi'rayi'n jog'altqanli'q sebeplerin tu'sindirip berin'.

## 12-§. Ulli’ Britaniyani’n’ ishki siyasati’

**Irlandiya mashqalasi’** Ulli’ Britaniya ishki siyasati’ndag’i’ keskin mashqalalardan biri — Irlandiya mashqalasi’ yedi. Irlandiyani’n’ ijarag’a jer ali’p ku’n ko’riwshi diyqanlari’ wog’ada mu’ta’jlikte jasadi’. Sebebi, jerlerdi Britaniya lendlordlari’ wo’zleriniki yetip alg’an yedi. Ko’pshilik irlandiyali’lar tirishilik joli’nda Amerikag’a ko’ship ketti. Ashli’q, wo’lim ha’m ko’ship ketiw na’tiyjesinde xali’q azayi’p ketti.

1875-ji’li’ Ulli’ Britaniyani’n’ parlamenti deputati’, olsterlik protestant, jer iyesi Parnell Irlandiyag’a Avtonomiya huquqi’ beriliwi haqqi’nda ni’zam qabi’llawdi’ (gomrul) talap yetti. Sondayaq, wol ijarani’n’ turaqli’ boli’wi’, ijara haqi’ni’n’ insap penen ali’ni’wi’ ha’m ijarag’a ali’ng’an jerdin’ qoldan-qolg’a yerkin wo’tiwin ko’zde tuti’wshi’ agrar reformani’ a’melge asi’ri’wdi’ talap yetken birlesken ja’miyet — Irland qarsi’las topari’n wo’z a’tirapi’na birlestirdi.

Parnell basshi’li’q yetken qarsi’lasi’ 70-ji’llar aqi’ri’nda abi’rayli’ ku’shke aylandi’. Irland diyqanlari’ni’n’ «Jer-suw ligasi’» atli’ g’alaba sho’lkemi usi’ qarsi’lasti’n’ tayani’shi’ boldi’. Ijarashi’lardi’n’ jerden aydali’wi’na juwap retinde «Jer-suw ligasi’» Irlandiyadag’i’ u’lken jer iyelerine qarsi’ g’alaba terror baslap jiberdi. Usi’ni’n’ menen Britaniya tovarlari’na boykot ku’sheydi.

Ulli Britaniya hu’kimeti 1881-ji’li’ irlandlarg’a gomrul worni’na «Jer-suw akt»in usi’ni’s yetti. Wonda 15 ji’l mu’ddetke ijara mug’dari’n a’dillik penen belgileytug’i’n ha’m ijarashi’g’a wo’z jer maydani’n basqa bir shaxsqa wo’tkeriw huquqi’n beretug’i’n komissiya du’ziliwin ko’zde tutqan yedi.

Irland «Jer-suw ligasi’» bul ta’rtipke qarsi’ shi’qti’ ha’m boykotti’ ku’sheyttirip, britaniyali’q pomeshiklerdi qorqi’ti’w kompaniyasi’n baslap jiberdi ha’m gomruldi’ talap yetti. Bug’an juwap retinde, hu’kimet qadag’alawdi’ ku’sheytti. Panelldi qamaqqa aldi’. «Jer-suw ligasi’» toqtati’p qoyi’ldi’.

Ulli’ Britaniya hu’kimetinin’ bul ha’reketleri jani’p turg’an jali’ng’a may quyg’an menen barabar yedi. Irland diyqanlari’ Parnelldin’ baslamasi’ menen britaniyali’q lendlordlari’na renta (ijara haqi’) to’lewden bas tartti’. Toqtati’lg’an «Jer-suw ligasi’» worni’na «Hayal-qi’zlar jer ligasi’» du’zildi. Woni’n’ menen bir qatarda, «Ay shug’lasi’ bahadi’rlari’», «Aq ug’lanlar», «Jen’ilmes

bati'rlar» si'yaqli' milletshi jawi'nger irland sho'lkemleri payda boldi'.

Irlandiyada ashi'qtan-ashi'q puqaralar uri'si' qa'wpi ku'sheydi. Sonnan keyin Ulli' Britaniya hu'kimeti Parnell ha'm woni'n' ta'repdarlari'na kelisimge keliwdi usi'ni's yetti. 1881-ji'li' Parnell menen du'zilgen pitimge muwapi'q, irland ijarashi' diyqanlari' renta to'lewdi dawam yetiwi ha'm is taslawdi' toqtati'wi', pomeshikler ijarashi'lardi'n' qari'zlari'n keship jiberiwleri lazi'm yedi.

Biraq, Parnell tutqan kelisim joli' Irlandiyadag'i' mayda terrorshi' toparlardi' aktivlestirdi. 1882-ji'li' Dublinda Irlandiya jumi'slari' boyi'nsha stats-sekretar ha'm Irlandiya lord-ha'kimi wo'ltirildi. Britaniya ta'repinen qa'wip ha'm policiya terrori' baslandi'. Irland awi'li'nda jan'a terrorshi'li'q tolqi'ni' ko'terildi.

Aqi'r-aqi'betde, 1886-ji'li' hu'kimet gomrul beriwge qarar qi'ldi'. Biraq, Parlament wonnan bas tartti'.

Usi'nday sharayatta Irlandiya burjuaziyasi'ni'n' bir bo'legi Irlandiyag'a Avtonomiya beriliwi talabi' menen shi'qti'. Irlandiya burjuaziyasi'ni'n' sawda-sanaat shen'berleri ma'plerin go'zlewshi bo'legi bolsa Irlandiyani'n' ekonomikali'q g'a'rezsizligin ta'miyinlewge qarati'lg'an birqansha keskin talaplardi' wortag'a qoydi'.

Usi' topardi'n' basli'g'i' A. Griffit 1905-ji'li' «Shinfeyn», («Biz wo'zimiz») partiyasi'n du'zdi. Wol Irlandiya g'a'rezsiz parlamentin du'ziw sho'lkemin ali'p bara basladi'. Britaniyani'n' tovarlari'n boykot jasaw ja'ne de ku'sheydi.

Hu'kimet 1912-ji'li' parlamentke jan'a gomrul haqqi'ndag'i' ni'zam joybari'n usi'ni's yetti. Biraq, parlament woni' tasti'yi'qlamadi'. Na'tiyjede, Irlandiyada siyasiy awhal wog'ada keskinlesti.

Biraq, 1914-ji'li' baslang'an ja'ha'n uri'si' parlamentti gomrul haqqi'ndag'i' ni'zamdi' tasti'yi'qlawg'a ma'jbu'r yetti. Sebebi, uri's da'wirinde ishki siyasat turaqli'li'g'i' hawaday za'ru'r yedi.

**1911-ji'lg'i' parlament reformasi'**

1911-ji'li' Ulli' Britaniyada Parlament reformasi' haqqi'ndag'i' ni'zam qabi'l yetildi. Bul ni'zam parlamenttin' joqari' palatasi'—Lordlar palatasi'ni'n' veto huquqlari'n shekledi.
Sonday-aq, yendi parlamenttin' to'mengi — Ja'ma'a'tler palatasi' bir ni'zam joybari'n 3 ret maqullasa, wol Lordlar palatasi' ta'repinen tasti'yi'qlanbasa da ni'zam ku'shke iye bolatug'i'n boldi'. Lordlar palatasi' finans ma'selelerin de sheshiwden shetletip qoyi'ldi'. Parlamenttin' wa'killik mu'ddeti 5 ji'l yetip belgilendi. Deputatlarg'a ayli'q belgilendi.

Ulli' Britaniya miynetkeshleri wo'z huquqlari' ushi'n ba'rha gu'res ali'p bardi'. Ulli' Britaniya jumi'sshi'lari' ha'reketinde tred-yunionlar (ka'siplik sho'lkemleri) u'lken rol atqarg'an. Tred-yunionlarg'a ag'za bolg'anlar sani' da ji'ldan-ji'lg'a asi'p barg'an. Soni'n' ishinde, 1888-ji'lda wolardi'n' sani' 750 mi'n' adam bolg'an bolsa, 1892-ji'lda 1,5 mln. adamg'a jetti.

**Ja'miyetlik ha'reket**

Ulli' Britaniya tred-yunionlari' gu'restin' parlament joli'n tan'lag'an. Ni'zam jumi'sshi'larg'a is taslaw huquqi'n bergen. Biraq, is taslaw dawam yetken ku'nlerde ka'rxanalar ko'rgen zi'yan tred-yunionlar yesabi'nan wo'ndiriletug'i'n yedi. Bul qag'i'yda a'melde is taslawdi' gu'res usi'li' si'pati'nda joqqa shi'g'aradi'. Tred-yunionlar wo'z partiyalari'n du'ziwge qarar yetti. Bul partiya 1900-ji'li' du'zilgen ha'm wol 1906-ji'ldan baslap Leyboristler partiyasi' dep atala basladi'.

Leyboristler partiyasi' parlament joli' menen jumi'sshi'lar ma'plerin qorg'awdi' wo'z maqseti, dep dag'azaladi'. Liberallar hu'kimeti basshi'si' D. Lloyd-Djorj «Leyboristler partiyasi'ni'n' du'ziliwi Liberallar hu'kimetinin' qa'tesi», dep wo'kinish penen ko'rsetken yedi. Leyboristler partiyasi' du'zilgennen son' wo'tkerilgen birinshi parlament saylawi'nda-aq bul partiya 29 deputatli'q worni'n iyeledi.

Ekonomikali'q rawajlani'w pa'tinin' to'menlewi tuti'ni'w wo'nimlerinin' bahasi'ni'n' ko'teriliwine ali'p keldi. Bul bolsa jumi'sshi'lardi' is taslawg'a ma'jbu'r yetti. Yen' u'lken is taslaw 1911-ji'li' ju'z berdi. Ko'mir qazi'wshi'lardi'n' 6 ha'pte dawam yetken is taslawi' hu'kimetti za'ru'r ilajlar ko'riwge ma'jbu'r yetti. Sonli'qtan, «Is haqi' minimumi' haqqi'nda»g'i' ni'zam qabi'l yetildi. Ni'zamda is taslawlar waqti'nda ka'rxanalar ko'rgen zi'yanni'n' tred-yunionlardan wo'ndiriliwi qadag'an yetildi.

Wo'ndiris procesinde baxi'tsi'z ha'diyse sebepli ja'birlengenlerge ka'rxana iyeleri yesabi'nan napaqa to'lew belgilendi. 70 jasqa tolg'an adamlarg'a pensiya tayi'nlandi'. Ka'nshiler ushi'n 8 saatli'q is ku'ni belgilendi. Nawqasli'q ha'm jumi'ssi'zli'q boyi'nsha qamsi'zlandi'ri'w to'lemlerin to'lew yengizildi.

Bir so'z benen aytqanda, Ulli' Britaniya u'stemlik toparlari' Birinshi ja'ha'n uri'si' qabati'nda ishki siyasiy mashqalalardi' jumsarti'wg'a ha'm xali'qti' birlestiriwge muwapi'q boldi'.

***Gomrul*** — wo'z-wo'zin basqari'w (Irlandiyada).

***Soraw ha'm tapsi'rmalar***

1. Irlandiya mashqalasi' qalay ju'zege kelgen yedi?
2. Irland xalqi' wo'z azatli'g'i' joli'nda ali'p barg'an gu'resi haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?
3. Gomrul haqqi'nda ni'zam qabi'l yetpewi mu'mkin be yedi?
4. 1911-ji'li' Ulli' Britaniyada wo'tkerilgen parlament reformasi' haqqi'nda ayti'p berin'.
5. Leyboristler partiyasi'ni'n' du'ziliwi haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?
6. Ulli Britaniya qashan Irlandiyani' basi'p alg'an yedi?

## 13-§. Ulli' Britaniyani'n' si'rtqi' siyasati'

**Yen' ko'p koloniyag'a iye ma'mleket**

Ulli' Britaniyani'n' ekonomikali'q rawajlani'wi' AQSH ha'm Germaniyag'a qarag'anda to'menlep ati'rg'an bolsa da, a'skeriy jaqtan yele du'nyani'n' yen' qu'diretli ma'mleketi boli'p qalg'an yedi. Qu'diretli a'skeriy ten'iz floti' Ulli' Britaniyani' ten'izde birden-bir u'stem ma'mleketke aylandi'rdi'. Sol sebepli, Ulli' Britaniya XIX a'sirden baslap du'nyani'n' barli'q kontinentlerinde ju'da' u'lken aymaqlardi' basi'p aldi' ha'm wolardi' wo'z koloniyasi'na aylandi'rdi'.

XIX a'sirdin' aqi'ri'na kelgende, koloniyalarg'a aylandi'ri'lg'an aymaqlar 33 mln. kv. km. di quradi'. Wolarda 370 mln. adamli'q xali'q jasaytug'i'n yedi.

Koloniyalardan keletug'i'n payda ali'ni'p ati'rg'an paydani'n' u'lken bo'legin quradi'.

Sol da'wir tariyxshi'lari' Ulli' Britaniya ushi'n koloniyalardi'n' a'hmiyeti haqqi'nda obrazli' yetip bi'lay jazg'an yedi: «Hindstan Ulli' Britaniyani' bag'i'wshi' ta'rbiyashi'. Mi'sr bolsa Britaniya imperiyasi' basi'na kiydirilgen taj».

**Koloniyali'q imperiyani'n' du'ziliwi**

Britaniyani'n' ten'izdegi jalg'i'z u'stemligi ha'tte ma'mleket gimninde de wo'z ko'rinisin tapqan yedi. Ulli' Britaniya ulqi'zlari' gimnnen wori'n alg'an «Britaniya, ten'izlerdi basqar, u'stemlik yet!» degen qatarlardi' yoshlani'p atqaratug'i'n yedi.

Ekonomikali'q jaqtan Ulli' Britaniyani'n' yen' aldi'ng'i' ma'mleket si'pati'nda abi'rayi'ni'n' pa'seyiwi woni' ja'ne jan'a koloniyalar basi'p ali'wg'a iytermeledi. Sol waqi'tta bolsa, da'slepki koloniyalarda wo'z abi'rayi'n ja'ne de bekkemlewge umti'ldi'.

1875-ji'li' da'slep Mi'sr hu'kimetinen Jer Worta ten'izinen Hind okeani'na shi'g'i'wg'a imkan beriwshi Suec kanali'ni'n' 45% akciyasi'n sati'p aldi'. Tez arada, kanaldi'n' basqa, jeke adamlar qoli'nda ji'ynalg'an akciyalardi' da qolg'a kirgizdi. Sol arqali' Hindstang'a shi'g'atug'i'n ten'iz jollari'n qadag'alaw toli'q Britaniya qoli'na wo'tti.

1876-ji'li' Britaniya wo'z korolevasi' Viktoriyani' Hindstanni'n' imperatori' dep ja'riyaladi'. Solay yetip, Ulli' Britaniya imperiyasi' du'zildi. Yendi Ulli' Britaniya imperiya dep, parlament bolsa imperiya parlamenti dep ju'rgiziletug'i'n boldi'.

**Ulli' Britaniya ha'm patsha Rossiyasi'**

Ulli' Britaniya wo'z aldi'na Worta Aziyani' da iyelewdi maqset yetti. Sol waqi'tta, Jer shari'ni'n' bul kontinentine patsha Rossiyasi' da dawagerlik yetpekte yedi. Patsha hu'kimetinin' maqseti Worta Aziyani' iyelew arqali' Awg'anstang'a shi'g'i'w ha'm sol arqali' Hindstang'a tikkeley qa'wip sali'w imkani'na iye boli'w joli' menen xali'q arali'q ma'selelerde Ulli' Britaniyani' boysi'ni'wg'a ma'jbu'rlew yedi.

Patsha Rossiyasi' Worta Aziya ma'mleketlerin basi'p ali'w ushi'n ha'reket baslag'ani' Ulli' Britaniyani' ta'shwishke salmay qalmadi'. Aqi'ri', yeki ma'mleket ma'plerinin' wo'z ara uluwmali'g'i'na yeristi. Yag'ni'y, Rossiya Hindstang'a qa'wip sali'w, Ulli' Britaniya bolsa Worta Aziyani' iyelew niyetinen bas tartti'. Awg'anstan bul yeki ulli' ma'mleket ma'plerinin' ti'yi'g'i'n qaytari'p turi'wshi' aymaq wazi'ypasi'n wo'tewi lazi'm yedi.

Ulli' Britaniya ha'm patsha Rossiyasi' ma'plerine qarsi' keletug'i'n ja'ne bir aymaq Balkan yari'm atawi', sonday-aq, Qara ten'izdi Jer Worta ten'izi menen tutasti'ratug'i'n Turkiyag'a qarasli' Bosfor ha'm Dardanell bug'azlari' ha'm de Istanbul qalasi' yedi. XIX a'sir aqi'rlari'nda Balkan yari'm atawi' xali'qlari'ni'n' belgili bo'legi Turkiya zuli'mi' asti'nda yedi.

Patsha Rossiyasi'ni'n' Balkanda bekkem wornalasi'wg'a umti'li'wi', Turkiyani'n' bolsa Balkandag'i' slavyan xali'qlari'n wo'z zuli'mi' asti'nda saqlawg'a uri'ni'wi' 1877-ji'li' Rossiya — Turkiya uri'si'n keltirip shi'g'ardi'. Bul uri'sta qoli' ba'lent kelgen Rossiya Turkiyani' wo'zi ushi'n qolay San-Stefano pitim sha'rtnamasi'na qol qoyi'wg'a ma'jbu'r yetti. Biraq, Rossiyani'n' ku'sheyip ketiwin qa'lemegen Ulli' Britaniya, Rossiyani' San-Stefano sha'rtnamasi'n ulli' ma'mleketlerdin' Berlin kongresinde qayta ko'rip shi'g'i'wg'a ma'jbu'r yetti. Kongresste slavyan

xali'qlari'ni'n' ma'plerine qarsi' qararlar qabi'llandi'. Turkiya ma'pleri qatan' qorg'aldi'. Bul xi'zmet ushi'n Turkiya Ulli' Britaniya paydasi'na Kipr atawi'nan bas tartti'.

Biraq, bara-bara Ulli' Britaniya patsha Rossiyasi'na dushpanli'q mu'na'sibetlerin wo'zgertiwge ma'jbu'r boldi'. Bug'an Germaniya a'skeriy qu'diretinin' barg'an sayi'n arti'p barati'rg'anli'g'i', woni'n' ha'tteki Ulli' Britaniya koloniyalari'na da dawa yetkenligi sebep boldi'. Yen' ko'p koloniyali' ma'mleket bolg'an Ulli' Britaniya ha'm patsha Rossiyasi' wo'z koloniyalari'n Germaniya menen birge bo'lisiwin hesh qa'lemeytug'i'n yedi. Yendi, bul yeki ma'mleket uluwma dushpan qa'wpine qarsi' turi'w ushi'n wo'z ara jaqi'nlasi'w jollari'n izley basladi'.

**Afrikadag'i' koloniyalar**

Ulli' Britaniya ta'biyiy qazi'lmalarg'a bay Afrika kontinentinde de u'lken koloniyalar basi'p ali'wg'a kiristi. 1882-ji'li' bolsa Mi'srdi' iyeledi. Keyingi ji'llarda Nigeriya, Somali, Keniya, Ugandani' basi'p aldi'.

1899-ji'li' Afrikag'a Gollandiya, Franciya ha'm Germaniya-dan ko'ship barg'an adamlar a'wladlari' basqari'p ati'rg'an Bur Respublikasi'na qarsi' uri's ha'reketlerin basladi'. 1902-ji'li' Bur Respublikasi' bag'i'ndi'ri'ldi' (Transvaal va Oranj Respublikalari').

Ulli' Britaniya Qubla Afrikada basi'p alg'an barli'q aymaqlardi' birden-bir birlikke — Qubla Afrika Awqami'na birlestirdi.

**Ulli' Britaniyani'n' xali'q arali'q awhali'**

Bazarlar ha'm koloniyalar ushi'n ku'shli ma'mleketler wortasi'nda ba'sekinin' ku'sheygenligi Ulli' Britaniyani'n' xali'q arali'q awhali'n biraz to'menletti. A'sirese, Germaniya menen Ulli' Britaniya qarama-qarsi'li'qlari' ku'sheydi. Usi'nday sharayatta Ulli' Britaniya Germaniyag'a qarsi' basqa ma'mleketler menen til tabi'si'w joli'n izlewge ma'jbu'r boldi'. 1901-ji'li' Panama kanali' ma'selesinde AQSHqa boysi'ndi'. 1902-ji'lg'a kelip, Yaponiya menen sha'rtnama du'zdi ha'm wog'an u'lken finansli'q ja'rdem ko'rsetti. 1904-ji'li' Ulli' Britaniya menen Franciya wortasi'nda sha'rtnama du'zilip, wol Antanta dep ataldi'. 1907-ji'li' Ulli' Britaniya-Rossiya pitimi du'zildi.

Ulli' Britaniya hu'kimeti, sol waqi'tta basqa ma'mleketlerdin' ishki islerine de aralasi'wi'n dawam yettirdi. Sonday-aq, Irandag'i' (1905 — 1911-ji'llar) revolyuciyani' basti'rdi'. Qi'tayda 1911-ji'lg'i' revolyuciyag'a qarsi' shi'qqan ku'shlerdi qollap-quwatladi'.

Sol waqi'tta Ulli' Britaniyadan ko'ship barg'an inglisler jaylasqan koloniyalarda bekkemlenip alg'an milliy burjuaziyani'n' qi'si'mi' asti'nda hu'kimet bul koloniyalarg'a ra'smiyetshilik jaqtan wo'z-wo'zin basqari'w huquqi'n (dominion) beriwge ma'jbu'r boldi'. Avstraliya, Jan'a Zelandiya ha'm Qubla Afrika Awqami' dominionli'q huquqi'n aldi' (1867-ji'li' Kanada usi'nday huquqti' alg'an yedi).

***Soraw ha'm tapsi'rmalar***

1. XIX a'sir aqi'ri' — XX a'sir baslari'nda Ulli' Britaniyani'n' yen' u'lken koloniyashi' ma'mleket yekenligin da'lillen'.
2. Ulli' Britaniya koloniyashi' imperiyasi' qalay yetip du'zilgen?
3. Ulli' Britaniya — Rossiya mu'na'sibetleri haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?
4. Ulli' Britaniya da I ja'ha'n uri'si'ni'n' ayi'pkerlerinen biri bolg'anli'g'i'n tiykarlap berin'.

# III BAP XIX A'SIR AQI'RI' — XX A'SIR BASLARI'NDA AMERIKA MA'MLEKETLERI

## 14-§. Amerika Qurama Shtatlari'

### Ekonomikali'q rawajlani'wi'

Puqaralar uri'si'nan keyin birden-bir ishki bazardi'n' ju'zege keliwi, qulshi'li'qti'n' saplasti'ri'li'wi', qul iyelewshilik latifundiyalari'ni'n' biykarlani'wi', wo'nimdarli' jerlerdin', paydali' qazi'lma bayli'qlari'ni'n' ko'pligi, suwli' da'ryalar ha'm sheksiz tog'aylar, Amerika xalqi'ni'n' isbilermenligi ma'mleket ekonomikali'q rawajlani'wi'ni'n' ju'da' tezlesiwine sebep boldi'. Bul pa-yi'tta, AQSHqa qon'si' ma'mleketler (Kanada ha'm Meksika) ku'shsiz yedi. Bul jag'day AQSHti' arti'qsha a'skeriy qa'rejetlerinen qutqardi'. Bunnan basqa, AQSHqa jasaw ushi'n kelgenlerdin' u'lken bo'legi a'melde joqari' ta'jiriybeli qa'nigeler yedi.

1870 — 1914-ji'llari' AQSHqa 25 mln. adam ko'ship keldi. Bul da AQSHti'n' rawajlani'wi'nda a'hmiyetli rol woynadi'. Sonday-aq, jumi'sshi' ku'shine bolg'an mu'ta'jlik jan'a texnika ha'm texnologiyalardi'n' wo'ndiriske ken' yengiziliwine jol ashi'ldi'.

Qoli'nda qanday da bir wo'nerdin' joqli'g'i' uyat yesaplanatug'i'n boldi'. Bul faktorlar da AQSHti'n' tez rawajlani'wi'na ali'p keldi.

XIX a'sirdin' aqi'rg'i' woti'z ji'li' AQSH tariyxi'nda rawajlani'wdi'n' jetiskenligi ha'm ju'da' a'hmiyetli ekonomikali'q ha'm siyasiy waqi'yalar bolg'anli'g'i' menen si'patlanadi'. Yeger 1860-ji'li' AQSH sanaat wo'niminin' ko'lemi jag'i'nan du'nyada to'rtinshi wori'nda turg'an bolsa, 1894-ji'lg'a kelip birinshi wori'ng'a shi'g'i'p aldi'. 1894-ji'li' AQSH ti'n'sanaat wo'nimi Bati's Evropadag'i' barli'q yellerdin' wo'niminin' yari'mi'na ten' ha'm Ulli' Britaniya wo'niminen bolsa yeki yese arti'q yedi.

AQSHta ken' ishki bazardi'n' ju'zege keltiriliwi kapitalizmnin' rawajlani'wi' ushi'n ju'da' u'lken a'hmiyetke iye boldi'. Bug'an awi'l xojali'g'i'ndag'i' kapitalizm rawajlani'wi'ni'n' «amerikali'q joli'» (yegislik maydanlardi' ken'eytiw yesabi'na wo'nimdarli'qti' artti'ri'w) tabi'sqa yeriskenligi, bati's aymaqlardi'n' tezlik penen wo'zlestirilgenligi, u'lken tezlik penen temir jollari'ni'n' quri'lg'anli'g'i' ha'm immigraciya na'tiyjesinde xali'qti'n' tez ko'beyiwi de ja'rdem berdi.

AQSHta sanaatti'n' wo'siwinde Evropa kapitali' da u'lken a'hmiyetli rol woynadi'. Evropa ma'mleketlerinin' AQSHqa qoyg'an kapitali' 1890-ji'li' 3 mlrd. dollarg'a jetti. Biraq, AQSH shetke kapital shi'g'ari'w boyi'nsha Ulli' Britaniya, Franciya ha'm Germaniyadan arqada yedi.

**Wo'ndiristin' woraylasi'wi'**

XX a'sirdin' baslari'nda ma'mlekette wo'ndiristin' woraylasi'wi' sonday-aq, bank kapitali' menen sanaat kapitali'ni'n' qosi'li'p ketiwi dawam yetti. Sanaat wo'niminin' quni' 1909-ji'li' 20 mlrd. dollardan asti'. Bul Ulli' Britaniya sanaati' wo'nimlerinin' quni'nan 2,5 yese, Germaniyadag'i'dan 2 yese arti'q yedi. Birinshi ja'ha'n uri'si' da'wirinde AQSHta qazi'p shi'g'ari'li'p ati'rg'an tas ko'mirdin', islep shi'g'ari'li'p ati'rg'an shoyi'n ha'm polatti'n' mug'dari' Ulli' Britaniya, Franciya ha'm Germaniya yerisken uluwma mug'darg'a ten' yedi. Sanaatti'n' barli'q tarawlari' boyi'nsha AQSH jer ju'zinde birinshi wori'ng'a shi'qti'. Wo'ndiristin' derlik barli'q tarawlari'nda trestler sho'lkemlestirildi. Polat, neft, mi's, elektr ha'm sol si'yaqli' sanaat tarawlari' «korollari'»ni'n' qu'diretli dinastiyalari' ju'zege keldi. Ford avtomobil koroli'na aylandi'.

1901-ji'li' Morgan 1 milliard dollarli'q kapitalg'a iye bolg'an «Polat korporaciyasi' dep» atalg'an u'lken trestti du'zdi. Yen' jaqsi' kokslenetug'i'n ko'mir ka'nleri jaylasqan 5000 gektardan ko'birek jer, mi'n' milyadan uzi'ni'raq temir jol, 100 den aslam sawda kemeleri usi' tresttin' qoli'nda yedi.

Rokfellerdin' «Standart oyl» tresti uluwma neft wo'niminin' 90% tin, okeanlarda qatnaytug'i'n ju'zlegen paroxodlardi' wo'z qoli'na aldi'.

1914-ji'lg'a kelip xali'qti'n' 2 % tin qurag'an kapitalistler milliy bayli'qti'n' 60 %ne iyelik yete basladi'.

**Awi'l xojali'g'i'ndag'i' tu'pkilikli wo'zgeris**

Awi'l xojali'g'i'ndag'i' tu'pkilikli wo'zgeristin' mazmuni'n qol miyneti worni'n texnikani'n' barg'an sayi'n ko'birek iyelewi quradi'. 1860 — 1910-ji'llar arali'g'i'nda AQSHta fermerler sani' 3 ma'rte ko'beydi.

Awi'l xojali'g'i'nda paydalani'latug'i'n jer bolsa 160 mln. gektardan 352 mln. g'a jetti. AQSHta Bati's Evropag'a uqsas korol shan'arag'i' da, Shi'g'i's yellerindegi si'yaqli' iri jer iyeleri de, u'lken-u'lken mu'liklerge iye bolg'an shirkew jer iyeligi de joq yedi.

Tez arada awi'l xojali'q texnikalari' woylap tabi'ldi'. Bular sho'plerdi pressleytug'i'n mashina, da'nli yeginlerdi woratug'i'n ha'm ji'ynaytug'i'n mashina (kombayn), yegiwshi, qi'rqi'wshi' qabi'g'i'n aji'rati'wshi', jerdi jumsarti'wshi', to'gin shashi'wshi', kartoshka yegiwshi, saban keptiriwshi, u'y quslari'ni'n' inkubatorlari' si'yaqli'lardan ibarat boldi'. Awi'l xojali'g'i'nda ilim-pa'n tabi'slari' da ken' qollani'la basladi'.

**Qubladag'i' jag'day**

Qublada puqaralar uri'si'nan keyin u'lken wo'zgerisler ju'z berdi. Qulshi'li'q saplasti'ri'ldi'. Xali'q jedellesti. 1870-ji'li' AQSH Konstituciyasi'na du'zetiw kirgizildi. Bul du'zetiwde, «rasasi', terisinin' ren'i yamasa buri'ng'i' qulli'q halati'n ba'ne yetip» saylawlarda qatnasi'wdi' ha'r ta'repleme sheklew biykar yetildi. Qubladag'i' shtatlardi'n' jan'a hu'kimetleri qurami'nda negrler de qatnasa basladi'. Ma'mleket mektepleri sistemasi' ju'zege keltirildi. A'dil sali'q sistemasi'n yengizdi. Rasali'q kemsitiw ni'zamlari'n biykar yetti. Jergilikli ha'kimiyat organlari'n demokratlasti'rdi'. Jasi' u'lkenler, mayi'plar ha'm jetim-jesirler ushi'n qayi'rqomli'q ja'miyetleri du'zildi.

Kongress 1872-ji'li' Qubladag'i' buri'ng'i' qozg'alan'shi'larg'a uluwma keshirim beriw haqqi'nda ni'zam qabi'l yetti. Qozg'alan'

basshi'lari'nan 500 adamni'n' ma'mleketlik wazi'ypalari'nda islewi qadag'an yetildi. Bul jag'day plantatorlardi'n' yeski ta'rtiplerin qayta tiklew ushi'n gu'res ali'p bari'wi'na sebep boldi'. Qublada «Ku-kluks-klan» usag'an rasashi'l-terrorshi' sho'lkemler ja'ne bas ko'terdi. Alg'a ilgerilewshi ziyali' xi'zmetkerlerden wo'sh ali'w ha'm «Linch sudlari'» ja'ne a'piwayi' jag'dayg'a aylandi'. Qubla negr xalqi' ushi'n «tyurma» boli'p qaldi'. Prezident saylawlari' aldi'nan tek yeki qubla shtat (Qubla Karolina ha'm Luiziana shtatlari') respublikashi'lar qoli' asti'nda qaldi'.

### Yeki partiyali'q sistema

AQSHta ku'shli prezidentlik respublikasi' wornadi'. Usi' payi'tta, ku'shli yeki partiyali'q sistema da teren' tami'r jaydi'.

1828-ji'li' sho'lkemlesken Demokratiyali'q partiya puqaralar uri'si' waqti'nda «jegen» soqqi'lari'nan tez yesin ji'ynap ali'p, iri jer iyeleri, bay fermerler, Qubla burjuaziyasi' ha'm Arqa sanaatshi'lari', finanistler ma'plerin qorg'aytug'i'n partiya boli'p qaldi'. 1854-ji'li' du'zilgen Respublikashi'lar partiyasi' iri sanaat ha'm finanistler partiyasi'na aylandi'.

Ha'r yeki partiya da mayda fermerlerge ha'm qalalardag'i' mayda burjuaziyag'a, jumi'sshi'larg'a wo'z ta'sirin wo'tkeriw ushi'n gu'res ali'p bardi'. Biraq, wo'ndiris ja'ne de wo'sip, ja'miyetlik ha'reket rawajlani'p barg'an sayi'n bul partiyalar arasi'ndag'i' pari'q kem-kemnen jog'ali'p bardi'.

Amerika burjuaziyasi' yeki partiyali' sistemadan sheberlik penen paydalani'p keldi. Yeger ha'kimiyat basi'nda respublikashi'lar turg'an bolsa, demokratlar hu'kimetti si'ng'a ali'p, wo'zlerin xali'q ma'plerin qorg'awshi'lar yetip ko'rsetip, narazi'lardi'n' ko'pshilik bo'limin wo'z ta'replerine aylandi'ri'p alatug'i'n yedi. Demokratlar jen'iske yerisken jag'dayda qarsi' ta'reptegi partiya rolin respublikashi'lar woynaytug'i'n yedi. Bul na'rse a'melde basqa u'shinshi partiya du'ziliwine tosi'q boli'p keldi.

***Korporaciya*** (lati'nsha—birlespe) — monopolistlik akcionerler birlespesi.
***Latifundiya*** (lati'nsha) — u'lken jer-mu'lik.
***Ku-kluks-klan*** — rasali'q terrorshi'lar sho'lkemi.
***Linch sudi*** — AQSHta negrler ha'm demokratiyali'q ha'reket qatnasi'wshi'lari'n sudsi'z ha'm sorawsi'z jazalaw.
***Milya*** — 1609,3 metrge ten' uzi'nli'q wo'lshewi.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar***

1. Qanday faktorlar AQSHti'n' tez rawajlani'wi'na sebep boldi'?
2. AQSHti'n' du'nyada jetekshi ma'mleketke aylang'anli'g'i'n si'patlawshi' da'liller keltirin'.
3. AQSH awi'l xojali'g'i'nda ju'z bergen tu'pkilikli wo'zgerislerdin' mazmuni' neden ibarat?
4. Rasali'q qay da'rejede ju'zege kelgen? Wol keltirgen ayani'shli' aqi'betlerge mi'sallar keltirin'.
5. «Ku'shli yeki partiyali'q sistema» so'zinin' mazmuni'n tu'sindirip berin'.
6. Ha'zir a'meldegi AQSH prezidenti qaysi' partiya wa'kili? Wol haqqi'nda bilgen mag'luwmatlari'n'i'zdi' qag'azg'a tu'sirin'.

## 15-§. AQSHti'n' ishki siyasati'

### Ja'miyetlik ha'reket

AQSH ekonomikasi'ni'n' rawajlani'wi' ha'm du'nyada birinshi ma'mleketke aylani'wi' ja'miyet turmi'si'ndag'i' barli'q socialli'q mashqalalardi' saplasti'ri'wg'a ali'p kelgeni joq. AQSHta da jumi'sshi'lar klasi' wo'z huquqlari' ushi'n ku'shli gu'res ali'p bari'wg'a ma'jbu'r bolg'an. Bul da'wirdegi jumi'sshi'lar ha'reketinin' tiykarg'i' maqseti 8 saatli'q jumi's ku'nin yengiziwge yerisiw yedi.

1886-ji'l 1-maydag'i' g'alaba is taslawlarda 350 000 nan aslam jumi'sshi' qatnasti'. Usi'ni'n' na'tiyjesinde 200 000 g'a jaqi'n jumi'sshi' 8 saatli'q jumi's ku'nine yeristi. Biraq, keyingi 2 ji'lda bul gu'res na'tiyjeleri derlik joqqa shi'g'ari'ldi'.

8 saatli'q is ku'ni ushi'n baslang'an ha'reket Chikagoda wog'ada keskin tu's aldi'. Qalani'n' Senno maydani'nda bolg'an g'alaba miting waqti'nda policiya is taslag'anlarg'a qarap woq atti'. Na'tiyjede 6 adam wo'ltirildi ha'm ko'p jumi'sshi'lar jaradar boldi'. Ashi'wg'a mingen Chikago jumi'sshi'lari' bul qan to'giwshilikke qarsi' narazi'li'q bildirip, g'alaba miting sho'lkemlestirdi. Quralli' policiya otryadlari' jumi'sshi'larg'a qarsi' jiberildi. Sudti'n' qarari'na muwapi'q, g'alaba ha'reket basshi'lari'nan 4 adam darg'a asi'ldi'. Wolar wo'limge tik qaradi'. Asi'p wo'ltiriwge hu'kim yetilgenlerden biri — Shpis aqi'rg'i' so'zinde «Sonday zaman keledi, bizin' u'nsizligimiz so'ylegen so'zlerimizden de wo'tkirrek boladi'», degen yedi.

XIX a'sirdin' aqi'ri'na kelip, ja'miyetlik ha'reketke basshi'li'q 1881-ji'li' du'zilgen «Qurama Shtatlar ha'm Kanada sho'lkemlesken tred-yunionlari' ha'm jumi'sshi' awqami' federaciyasi'»na wo'tti. 1886-ji'li' wol Amerika Miynet Federaciyasi' degen atama aldi'. AMF tiykari'nan joqari' mamanli'qtag'i' jumi'sshi'lar ma'plerin qorg'aytug'i'n yedi. 1914-ji'li' woni'n' ag'zalari' sani' 2 mln. adamdi' quradi'.

Sho'lkem jumi'sshi'lar ma'pleri joli'ndag'i' gu'reste Kongress ag'zalari' ha'm de ka'rxana iyelerine ta'sir wo'tkeriwge ayri'qsha itibar berdi. Hu'kimet 1894-ji'li' sentyabrdin' birinshi du'yshembisin «Miynet ku'ni» bayrami' dep dag'azalawg'a ma'jbu'r boldi'. Bul bayram bu'gingi ku'nge shekem belgilenip kelinbekte.

1913-ji'li' sentyabrde ka'n jumi'sshi'lari' awi'r miynetke qarsi' is tasladi'. Wolar 8 saatli'q jumi's ku'nin yengiziwdi ha'm is haqi'ni' asi'ri'wdi' talap yetti. Hu'kimet wolarg'a qarsi' ku'sh isletti. Pu'tkil Kolorado shtatlari'nda a'skeriy jag'day dag'azalandi'. Jumi'sshi' lagerleri woqqa tuti'ldi'. Ko'plegen jumi'sshi'lar nabi't boldi' ha'm jaraqatlandi'. Is taslawshi'lardi'n' basshi'lari' bolsa ati'p taslandi'. Jumi'sshi'lar ma'jbu'riy ka'nlerge qaytari'ldi'.

**Negrlerdin' awhali'**

Puqaralar uri'si'nan son' negrler azatli'qqa yeristi. Biraq, wolar ten'likke yerise almadi'. Ma'mlekette segregaciya ta'rtibi wornadi'. Negrler aq deneliler woqi'ytug'i'n mektepke, aq deneliler qatnaytug'i'n shirkewge bara almaytug'i'n yedi. Aq deneli mingen transportqa da mine almaytug'i'n yedi. Ha'tteki, qoyi'mshi'li'qlari' da bo'lek yedi. Sol ta'rizde, ma'mlekette rasali'q ha'wij aldi'. A'sirese, Qublada jasaytug'i'n negrler awhali' awi'r yedi. Wolar Arqag'a qashi'p wo'tetug'i'n yedi. Biraq, bul jerde de wolar ayi'ri'm kvartallarda jasawg'a ma'jbu'r yedi. Qari'zdar negr qamaqqa ali'ni'wi' ha'm qari'zdan quti'li'wi' ushi'n qa'legen adamg'a sha'rtnama tiykari'nda jumi'sshi' yetip beriliwi mu'mkin yedi. Qubla shtatlarda negrler saylaw huquqi'na iye yemes yedi. Negrlerdin' ilgir ziyali' toparlari' negr xalqi'ni'n' ten' huquqli' puqara boli'wlari' joli'ndag'i' gu'reske basshi'li'q yetti. Wolar gu'restin' ti'ni'sh joli'n tan'ladi'.

**Indeeclerdin' awhali'**

AQSHti'n' tu'pkilikli xalqi' — indeecler azap-aqi'betlerge duwshar boldi'. Indeecler wo'zlerinin' huquqlari' ushi'n ku'shleri jetkenshe gu'resti. Biraq, ku'shler ten' bolmag'an gu'reste wolar jen'iliske ushi'radi'.

1880-ji'lg'i' aqi'rg'i' uri'sta jen'ilgen indeecler ayi'ri'm rezervaciyalarg'a i'si'ri'p shi'g'ari'ldi'. Bul rezervaciyalar yen'

wo'nimdarsi'z taslandi' jerler yedi. Bul jerde wolar hu'kimet «qa'wenderligi»ne ali'ndi'. Indeecler mashqalasi' mine usi'nday jol menen sheshildi.

Sol waqi'tta, AQSH Kongresi indeeclerge fermerlik xi'zmet benen shug'i'llani'wg'a imkaniyat beriwshi ni'zam qabi'l yetti.

Biraq, ni'zam a'melge aspay qala berdi. Bug'an birinshiden, indeeclerge aji'rati'lg'an jer maydanlari'ni'n' wo'nimsizligi, yekinshiden bolsa, fermerlik xi'zmeti menen shug'i'llani'w indeeclerdin' ja'ma'a'lik turmi's ta'rizine qarsi' keliwi sebep boldi'.

### T. Ruzvelt ha'm V. Vilsonlar da'wirinde ishki siyasat

1900—1914-ji'llar AQSH tariyxi'na «alg'a ilgerilew» atamasi' menen kirgen. Bug'an AQSH prezidentlerinin' monopoliyalarg'a qarsi' gu'res ali'p barg'anli'qlari' sebep bolg'an.

Monopoliyalarg'a qarsi' gu'resiwden maqset — worta qatlamlar ma'plerin qorg'aw yedi. Monopoliyalarg'a qarsi' gu'res ta'repdarlari' *alg'a ilgerilewshiler* dep ataldi'. Wolardi'n' qatari'na 1901-ji'li' AQSH prezidenti lawazi'mi'n iyelegen Teodor Ruzvelt te bar yedi.

Wol Amerika-Ispaniya uri'si'nda wo'zi qatnasi'p hu'rmetke yerisken yedi. T.Ruzvelttin' monopoliyalarg'a qarsi' gu'res siyasati' «A'dalatli' jol» dep ataldi'. T.Ruzvelt hu'kimeti, sol payi'tta jumi'sshi'lar menen jumi's beriwshiler wortasi'ndag'i' kelispewshiliklerge to'reshilik yetiw wazi'ypasi'n atqara basladi'. Hu'kimet trestlerge qarsi' 20 dan aslam sud procesin sho'lkemlestirdi. Bular belgili na'tiyjeler de berdi. A'sirese, sud qarari' menen Morgan qadag'alaytug'i'n temir jol kompaniyasi' yekige bo'lindi. 1906-ji'li' temir jollar jumi'si'n ta'rtipke sali'wshi' ni'zam qabi'l yetildi.

1912-ji'lg'i' prezident saylawlari'nda demokrat Vudro Vilson jen'iske yeristi. Wol Birinshi ja'ha'n uri'si' qarsan'i'nda baji'xana tarifleri haqqi'nda jan'a ni'zam qabi'l yetiliwine yeristi. Ni'zam boyi'nsha, tarif stavkasi' 10 % ke kemeyttirildi. Paydani'n' wo'sip bari'wi'na qarap, qosi'msha sali'q sali'natug'i'n boldi'. Saylaw sistemasi'nda da reforma wo'tkerildi.

Wol boyi'nsha, aldi'n ayi'ri'm shtatlardi'n' ni'zam shi'g'ari'wshi' organlari' ta'repinen saylanatug'i'n senatorlar yendi xali'qti'n' dawi's beriwi menen saylanatug'i'n boldi'.

1914-ji'li' AQSH Kongresi trestlerge qarsi' ni'zam qabi'l yetti. Ni'zam is taslaw da'wirinde trestlerge jetkerilgen zi'yandi' ka'siplik awqamlari'nan wo'ndirip ali'w ta'rtibin biykarladi'.

***Rezervaciya*** (lati'nsha, saqlayman) — ayi'ri'm ma'mleketlerde jergilikli xali'qti'n' aman qalg'an bo'limin zorlap jaylasti'ri'w ushi'n aji'rati'lg'an aymaq.
***Segregaciya*** (lati'nsha, bo'liw) — ayi'ri'm ma'mleketlerde xali'qti' ma'jbu'riy rasali'q toparlarg'a bo'liw.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar***

**1.** AQSHta jumi'sshi'lar klasi' wo'z huquqlari' ushi'n gu'reste aldi'na qanday maqsetlerdi qoyg'an yedi?
**2.** AQSH Miynet Federaciyasi'ni'n' jumi'sshi'lar ha'reketinde tutqan worni' haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?
**3.** AQSH hu'kimeti negr xalqi' ma'selesin qalay sheshti?
**4.** Tu'pkilikli xalqi'—indeeclerge qanday siyasat ju'zgizdi?
**5.** Prezidentler T. Ruzvelt ha'm V. Vilsonlar ishki siyasatlari'n bir-biri menen sali'sti'ri'n'.

Ne ushi'n Franciyada u'sh ma'rte Respublika ja'riyalang'an bir sharayatta AQSHta bunday waqi'ya ju'z bermegen?

## 16-§. AQSHti'n' si'rtqi' siyasati'

**AQSH a'skeriy qu'diretinin' ko'rinisi**

Ma'mlekettin' sheksiz aymaqlari' ha'm Rossiyadan sati'p ali'ng'an Alyaskani' wo'zlestiriw menen ba'nt bolg'an AQSH koloniyalar ha'm wo'z ta'sir shen'berlerin qolg'a kirgiziwge Evropa ma'mleketlerinen keyin kiristi. Woni'n' itibari' da'slep Lati'n Amerikasi', Karib basseyni ha'm Ti'ni'sh okeani' boylap jaylasqan ma'mleketlerge qarati'ldi'.

AQSH Lati'n Amerikasi'nda u'stemlik yetiw ushi'n gu'resip, hiylekerlik penen «Barli'q Amerika ma'mleketlerinin' ma'pleri bir», degen ideyani' usi'ni'p keldi. 1889-ji'li' AQSH Ma'mleket departamenti baslamasi' menen Vashingtonda birinshi Panamerika konferenciyasi' shaqi'ri'ldi'. Birinshi Panamerika konferenciyasi'ni'n' ani'q na'tiyjesi xali'q arali'q «Amerika respublikalari' syezdi» associaciyasi'n du'ziwden ibarat boldi'. AQSHti'n' Bati's yari'mshardag'i' ma'mleketler u'stinen jeke u'stemlik yetiwge qarati'lg'an Panamerikanizm siyasati' usi' ta'rizde ju'zege keldi. «Monro doktrinasi'»na tayani'p, Samoa atawlari' qolg'a kiritildi.

1898-ji'li' Ti'ni'sh okeani'ni'n' yen' worayi'nda, Aziyag'a ali'p baratug'i'n strategiyali'q jaqtan a'hmiyetli bolg'an ten'iz jollari' kesisken jerdegi Gavaya atawlari' basi'p ali'ndi'.

XIX a'sirdin' aqi'ri'nda AQSH qu'diretli ma'mleketke aylandi'. Ispaniyag'a qarasli' Kuba atawi' Amerika u'stemlik shen'berlerinin' ha'wesin keltiretug'i'n yedi. AQSH Ispaniyag'a qarsi' uri'sqa tayarlana basladi'. AQSH wo'z puqaralari'ni'n' ma'plerin qorg'aw ba'nesi menen 1898-ji'li' Kuba jag'alari'na wo'z a'skeriy kemesin jiberdi. Bul a'skeriy keme Gavana reydinde turg'an jerinde belgisiz sebeplerge baylani'sli' partlap ketti. AQSH bul qopari'wshi'li'qta Ispaniyani' ayi'pladi'. Kongress Ispaniyag'a qarsi' uri's ha'reketlerin baslawg'a qarar yetti.

Bul du'nyani' qayta bo'lip ali'w joli'ndag'i' birinshi uri's yedi. 3 ay dawam yetken uri'sta Ispaniya jen'ildi ha'm pitim sorawg'a ma'jbu'r boldi'. 1898-ji'l 10-dekabrde Parij qalasi'nda AQSH — Ispaniya ti'ni'shli'q sha'rtnamasi'na qol qoyi'ldi'. Wonda, AQSH Puerto-Riko ha'm Guam atawlari'na, Ispaniyag'a 20 mln. dollar to'lep Filippinge de iye boldi'. 1898-ji'li' Kubag'a ko'zabag'a g'a'rezsizlik berildi. A'melde bolsa AQSHqa g'a'rezli boli'p qaldi'.

**Panama kanali'**

AQSH Karib ten'izi basseyninde de agressiv siyasat ju'rgizdi. 1903-ji'li' Kubag'a ma'jbu'riy sha'rtnama qabi'llati'p, wog'an ko're AQSHti'n' ruqsatsi'z bir de ma'mleket penen awqam du'ziw yaki wo'zinin' ishki siyasati'na bir de wo'zgeris kirgiziw huquqi'nan ayri'ldi'.

AQSHti'n' Meksikag'a kirgizgen kapitali' 1911-ji'ldi'n' aqi'ri'nda 1,5 mlrd. dollarg'a jetti. Tiykarg'i' wo'ndiristin' 70%i AQSH monopolistlerinin' qoli'na wo'tti. AQSH Gvatemala, Kosta-Rika, Nikaraguag'a qi'yi'n ahwalg'a salatug'i'n sha'rtler menen qari'zlar berdi. Bul qari'zlardi' beriwde qoyi'lg'an sha'rtler AQSHti'n' bul ma'mleketler ishki islerine aralasi'wi'na imkan berdi.

Gavaya ha'm Filippin atawlari'n basi'p alg'anli'g'i' ha'm de Ti'ni'sh okean boyi'nda jaylasqan yelleri menen sawda-sati'q ku'sheygenligi sebepli, AQSH Ti'ni'sh ha'm Atlantika okeanlari'n birlestiriwshi kanal quri'w ma'selesine ayri'qsha a'hmiyet bere basladi'.

Franciyadan Panama kanali'n quri'p ati'rg'an ha'm bankrotqa ushi'rag'an akcionerlik ja'miyetinin' barli'q akciyalari'n arzan sati'p aldi'. Kanal Kolumbiya aymag'i'nda yedi. Yendi kanal quri'w ha'm wonnan paydalani'w huquqi'na Amerikani'n' toli'q tu'rde iye boli'wi'na Kolumbiya Senati' qarsi'li'q yetti. Sonnan keyin 1903-ji'l 3-noyabrde AQSH Panamada Kolumbiyag'a qarsi' qozg'alan' basladi' ha'm bul jerde «quwi'rshaq» ma'mleket du'zdi. Panama g'a'rezsiz respublika dep dag'azalandi'. AQSH Panama

Respublikasi'ni'n' g'a'rezsizligin ta'n aldi'. Panama hu'kimeti AQSH penen kanal qazi'w, temir jollar ha'm Panama kanali' boyi'nda qorg'anlar sali'w ushi'n Amerikag'a ju'da' ken' huquqlar bergen sha'rtnamag'a qol qoydi'. Buni'n' yesesine Panama 10 mln. dollar aldi' ha'm ji'li'na 250 mi'n' dollar renta ali'p turatug'i'n boldi'. AQSH Panama kanali' quri'li'si'na itibardi' ku'sheytti. Quri'li's 10 ji'l dawam yetip, 1914-ji'li' tamamlandi'.

Kanal AQSHti'n' Atlantika okeani' jag'alari'nan Ti'ni'sh okean jag'alari'na baratug'i'n ten'iz joli'n qi'sqarti'p, AQSH ushi'n strategiyali'q ha'm ekonomikali'q jaqtan ju'da' u'lken a'hmiyetke iye boldi'.

### Panamerika awqami'

1910-ji'li' Buenes-Ayresda wo'tkerilgen IV Panamerika konferenciyasi'nda Amerika Respublikalari' awqami' sho'lkemi «Panamerika awqami'» dep ataldi' ha'm AQSH ma'pi ushi'n ni'qap boldi'. 1912-ji'li' prezident Taft «dollar diplomatiyasi'» siyasati'n dag'azaladi'. Bul siyasat, tiykari'nan, ekonomikasi' to'men bolg'an Lati'n Amerikasi'na sali'sti'rmali' qollandi'. «Ja'rdem beriw» ni'qabi' asti'nda sati'p ali'w, ma'mleketlik awdari'spaqlari'n sho'lkemlestiriw a'dettegi halg'a aylani'p qaldi'.

Lati'n Amerikasi'n boysi'ndi'ri'w ushi'n basqa ma'mleketlerge qarsi' gu'reste AQSH «Monro doktrinasi'» (VIII klass sabaqli'g'i'ndag'i' «Amerika amerikali'lar ushi'n» shaqi'ri'g'i')na su'yenip is ali'p bardi'. Bul doktrinani' Teodor Ruzvelt AQSHqa qolaylap bayan yetti. Bunda Amerika yellerinin' birewinde ta'rtipsizlikler turaqli' tu's alg'an jag'dayda xali'q arali'q policiya rolin atqari'w AQSHti'n' minneti boli'wi' kerek yedi. Sol sebepli «juwan tayaq» atamasi' payda boldi'. «Juwan tayaq» siyasati' AQSHti' «Bati's yari'mshardi'n' policiyasi'na» aylandi'rdi'.

### «Ashi'q yesikler ha'm ten' imkaniyatlar» doktrinasi'

AQSH XX a'sirdin' baslari'nda Qi'tayg'a ekspansiya yetiwdi ku'sheytti. Biraq, basqa ma'mleketler Qi'taydi' wo'z ta'sir shen'berine bo'lip alg'anli'g'i' sebepli, AQSH ushi'n wo'z tovarlari'n usi' «ta'sir shen'berleri»ne ali'p kiriwge, keyin wo'zinin' jeke u'stemligin wornati'wg'a mu'mkinshilik beretu-g'i'n doktrina tabi'w za'ru'r boli'p qaldi'.

1899-ji'li' AQSH ma'mleketlik xatkeri Xey Ulli' Britaniya, Germaniya, Rossiya, Yaponiya, Franciya ha'm Italiyag'a birdey mazmunda nota jiberdi. Bunda tariyxqa «Ashi'q yesikler ha'm ten' imkaniyatlar» ati' menen doktrina wo'z ko'rinisin tapti'.

Doktrinag'a muwapi'q, AQSH Qi'taydag'i' «ta'sir shen'ber»in ta'n aldi'. Bul waqi'tta bolsa, Amerika tovarlari' ushi'n «ta'sir shen'berler»in ashi'p qoyi'wdi', yag'ni'y sawda-satli'q yerkinligin talap yetti. Sonday-aq, basqa ma'mleketler Qi'tayda sawda yetiw ushi'n heshqanday jen'illikler almawi' tiyis yedi. AQSH Qi'taydi'n' basqa ma'mleketlerge bergen jen'illiklerin Amerika kapitali'ni'n' Qi'tayg'a kirip keliwine ha'm Aziyada wo'zinin' u'stemligin wornati'w rejesin iske asi'ri'wi'na tosqi'nli'q dep bildi.

Prezident V. Vilson si'rtqi' siyasatta wo'zinen aldi'ng'i' prezidentler qatari' AQSHti'n' du'nyada yen' qu'diretli ta'sirge iye boli'wi' ushi'n gu'resti. Solay yetip, Vilson bi'lay jazdi': «Jan'a da'wir qarsan'i'nda turmi'z. Bul da'wirde biz amerikali'lar du'nyani' basqari'wi'mi'z kerek».

Sonday boldi' da. Birinshi ja'ha'n uri'si' AQSH maqsetlerinin' wori'nlani'wi'na jag'day jaratti'.

***Ma'mleket departamenti*** — AQSH si'rtqi' isler wa'zirligi.
***Doktrina*** (lati'nsha, ta'liymat) — siyasiy basshi'li'q principi.
***Nota*** (lati'nsha) — bir ma'mlekettin' basqa ma'mleketke jazg'an ra'smiy mu'raja'a'tnamasi'.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar***

**1.** AQSH si'rtqi' siyasati'ni'n' a'hmiyetin tu'sindirip berin'.
**2.** «Juwan tayaq», «Dollar diplomatiyasi'», «Monro doktrinasi'» so'zlerinin' mazmuni'n tu'sindirip berin'.
**3.** Panama kanali' quri'li'si' qalay a'melge asi'ri'ldi'?
**4.** «Ashi'q yesikler ha'm ten' imkaniyatlar» mazmuni' haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?

| T/s | Prezidentler | Prezidentlik yetken ji'llari' | Partiyasi' |
|---|---|---|---|
| 1. | U. Grand | 1868—1876 | Respublikashi' |
| 2. | R. Xeys | 1877—1881 | Respublikashi' |
| 3. | D. Garfild | 1881— 4 aydan son' ati'p wo'ltirildi | Respublikashi' |
| 4. | Ch. Artur | 1881—1884 | Demokrat |
| 5. | S. Klivlend | 1885—1889 | Demokrat |
| 6. | B. Garrison | 1889—1893 | Respublikashi' |
| 7. | C. Klivlend | 1893—1897 | Demokrat |
| 8. | U. Mak-Kinli | 1897—1901 | Respublikashi' |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 9. | U. Mak-Kinli | 1901— 6 aydan son' ati'p wo'ltirildi | Respublikashi' |
| 10. | T. Ruzvelt | 1901—1908 | Respublikashi' |
| 11. | V. G. Taft | 1908—1912 | Respublikashi' |
| 12. | V. Vilson | 1912—1920 | Demokrat |

## 17-§. XIX a'sirdin' aqi'ri' ha'm XX a'sirdin' baslari'nda Lati'n Amerikasi' ma'mleketleri

### Uluwma si'patlama

Amerika kontinenti sha'rtli ra'wishte Arqa ha'm Qubla Amerikag'a bo'lindi. Bazda Lati'n Amerikasi' atamasi' da qollani'ladi'. Qubla Amerikani' ispanlar ha'm partugallar basi'p alg'anli'g'i' belgili. Wolardi'n' tili lati'n tilinen kelip shi'qqanli'g'i'na sali'sti'ri'li'p, bul materik Lati'n Amerikasi' dep atalg'an. Biraq, Lati'n Amerikasi' Qubla Amerikag'a qarag'anda ken' tu'sinik. Wog'an Qubla Amerikadan ti'sqari', Meksika (Arqa Amerikani'n' bir bo'limi) ha'm Vest-Indiya da kiredi.

Arqa ha'm Lati'n Amerikani'n' rawajlani'wi' bir qi'yli' da'rejede keshken joq. Arqa Amerikada jaylasqan AQSH du'nyani'n' birinshi ma'mleketine aylang'an bolsa, Lati'n Amerikasi' rawajlani'wda arqada qali'p ketdi.

Buni'n' tiykarg'i' sebebi Lati'n Amerikasi' ma'mleketlerin du'zgen u'stem shen'berler ha'm wolardi'n' wa'kili bolg'an siyasiy g'ayratkerler kelip shi'g'i'wi' boyi'nsha ispaniyali'q ha'm portugaliyali'qlar bolg'anli'g'i' menen tu'sindiriledi.

Ispaniya ha'm Portugaliya bul da'wirde Bati's Evropani'n' ekonomikali'q rawajlani'wda artta qalg'an ma'mleketleri yedi. Bul yeki ma'mleket jamiyeti turmi'si'nda worta a'sir feodal ta'rtiplerdin' yele saqlani'p kelingenligi buni'n' tiykarg'i' sebebi yedi.

Lati'n Amerikasi' ma'mleketleri u'stemlik shen'berleri usi' yeki ma'mlekettegi hu'kim su'rip ati'rg'an worta a'sir feodal qatnasi'qlarg'a tiykarlang'an u'lgidegi ta'rtiplerdi wo'zlerinde de saqlap turg'an. Sebebi, usi' ta'rtipler wolarg'a ha'kimiyatti' wo'z qollari'nda bekkem saqlap turi'wdi'n' kepili bolg'an worta a'sir feodalli'q ta'rtiplerdin' saqlang'anli'g'i' Lati'n Amerikasi'nda da ja'miyet rawajlani'wi'ni'n' arqada qali'wi'na sebep bolg'an.

Lati'n Amerikasi'nda siyasiy jaqtan g'a'rezsiz bolg'an ma'mleketlerdin' du'ziliw procesi 1870-ji'lg'a kelip, derlik tamamlandi'. Argentina, Meksika, Chili, Urugvay, Venesuela ha'm Kolumbiya yelleri Ispaniya zuli'mli'g'i'na qarsi' wo'z g'a'rezsizligin saqlaw ha'm feodalli'q monarxiyani' awdari'p taslaw ushi'n gu'resti.

Lati'n Amerikasi' yellerinin' ko'pshiliginde XIX a'sirdin' aqi'rg'i' shereginde sanaat rawajlani'wi' yendi baslang'an yedi. Wolardi'n' ekonomikasi'nda kapitalistlik qatnaslar menen bir qatarda, feodalli'q qatnasi'qlar, qulshi'li'q qaldi'qlari' ha'm indeeclerdin' a'piwayi' ruw-qa'wimshilik ja'ma'a'tleri de bar yedi. Bul yellerdin' a'sirlik artta qalg'anli'g'i'nan Ulli' Britaniya, Franciya, AQSH ha'm Germaniya usag'an ulli' ma'mleketlerdin' monopolistleri paydalani'p qaldi'. XIX a'sirdin' aqi'ri'na kelip, Lati'n Amerikasi' yelleri a'melde Ulli' Britaniya ha'm AQSHti'n' yari'm koloniyalari'na aylang'an yedi.

Lati'n Amerikasi' ma'mleketlerinde kapitalizmnin' wornawi' uzaq ha'm ju'da' mashaqatli' joldan bardi'. Bul regiong'a yen' ko'p kapital qoyg'an ma'mleket Ulli' Britaniya yedi. Tiykarg'i' kapitallar portlarg'a, temir jollar quri'li'si'na, banklerge ha'm de tropikali'q wo'simliklerdi wo'siriwge ha'm go'sh sanaati'na jumsaldi'.

XIX a'sirdin' aqi'ri'nda Lati'n Amerikasi'na AQSH kapitali' da kirip kele basladi'.

**Kubani'n' g'a'rezsizlik ushi'n gu'resi**

1868—1878-ji'llari' Kuba xalqi' ispan kolonizatorlari'na qarsi' azatli'q gu'resin ali'p bardi' (Ispaniya Kubani' 1510-ji'li' basi'p alg'an yedi). Biraq, Ispaniya qaramag'i'nan azatli'qqa yerisilmedi. 1880-ji'li' qulshi'li'qti'n' biykar yetiliwine yeristi.

Tez arada Kubag'a AQSH dawagerlik yetip, Kubani' sati'p ali'w niyetinde Ispaniyag'a mu'ra'ja'a't yetti. Biraq, Ispaniya kelisim bermedi. 1895-ji'li' Kuba xalqi' milliy qaharmani' Xose Marti ha'm de Maksimo Gomesler basshi'li'g'i'nda qozg'alan' ko'terdi.

1898-ji'li' Parijde qol qoyi'lg'an Ispaniya-AQSH sha'rtnamasi' boyi'nsha Kuba g'a'rezsiz dep ja'riyalansa da, a'melde AQSHqa g'a'rezli boli'p qaldi'.

**Meksikada Dias diktaturasi'**

XIX a'sirdin' 70-ji'llari'nda AQSH — Meksika (Meksika 1821-ji'li' g'a'rezsizlikti alg'an yedi) qatnaslari' keskinlese basladi'. Bug'an AQSHti'n' Meksikani' wo'zine siyasiy ha'm ekonomikali'q boysi'ndi'ri'wg'a umti'li'wi' sebep boldi'. Sonday-

aq, 1876-ji'li' AQSH wo'zine shegaralas Meksikani'n' arqa rayonlari'nda Amerika ka'rxanalari' ha'm temir jollar quri'w ushi'n Meksika hu'kimetinen ruqsat soradi'. Biraq, hu'kimet bunnan bas tartti', ma'mleket awdari'spag'i' sho'lkemlestirildi. AQSH ha'm jergilikli pomeshikler reakciyasi'na tayang'an Porfirio Dias 1876-ji'lda prezident dep dag'azalandi' ha'm bul lawazi'mda az g'ana ta'nepis penen 1911-ji'lg'a shekem turdi'.




**Emiliano Sapata.**

Dias diktaturasi' da'wiri Meksikani' shet yel monopoliyalari'ni'n' yari'm koloniyasi'na aylandi'ri'w da'wiri boldi'.

Dias basqarg'an da'wirdin' aqi'ri'na bari'p, AQSHti'n' Meksikag'a qoyg'an kapitali' 1 mlrd. dollardan asti'. AQSH Meksikani'n' neft ka'nlerin wo'z qoli'na aldi'. Si'rtqi' sawdani'n' 90 %in wo'z qadag'alawi'na boysi'ndi'rdi'.

1909-ji'li' Meksikada zu'ra'a't bolmadi'. Aqi'bette, diyqanlar ko'terilisi baslandi'. Diyqanlar ko'terilisine Emiliano Sapata basshi'li'q yetti. Wol «Diyqanlardi' qorg'aw xuntasi'n» du'zdi. Woni'n' su'reni «Jer ha'm azatli'q» shaqi'ri'g'i'nan ibarat yedi.

### 1910-ji'lg'i' prezidentlik saylawi'

1910-ji'l iyulde Meksikada prezidentlikke saylawlar boldi'. Diktator Diasti' prezidentlikke qayta saylawg'a qarsi' turg'an ko'pshilik qarsi'las (muxolifat) jetekshisi Madero a'tirapi'na birlesti.

Prezidentlikke saylawda Madero wo'z kandidaturasi'n qoydi'. Saylaw aqi'betinen qori'qqan Dias Maderoni' tyurmag'a taslatti'.

Saylawlar ti'ni'sh wo'tip, a'dettegidey Dias jen'iske yeristi. Aradan biraz waqi't wo'tkennen keyin tyurmadan bosati'lg'an Madero saylawlardi'n' jasalmali'g'i'n a'shkara yetip, wo'zin ni'zamli' prezident dep dag'azaladi'. Diktatura da'wirinde indeeclerden ni'zamsi'z tarti'p ali'ng'an jerlerdi qaytari'p beriwge, pomeshiklerge qarasli' jerlerdin' bir bo'limin haqi' to'lew yesesine diyqanlarg'a beriwge wa'de berdi. Xali'qti' qozg'alan'g'a shaqi'rdi'. 1911-ji'lg'i' xali'q qozg'alan'i'nan qorqi'p ketken. Dias Meksikadan qashi'wg'a ma'jbu'r boldi'.

Madero paytaxtqa kirip keldi ha'm prezidentlik lawazi'mi'n iyeledi. Biraq, Meksikadag'i' awi'r ishki siyasiy jag'day sebepli

ani'q wo'zgerisler qi'la almadi'. Solay bolsa da, jumi's ku'nin 10 saatqa sheklep qoydi' ha'm wo'ndiriste ja'riyma sistemasi'n biykar yetti. Si'rt yel kapitali'n sheklewge ha'm milliy ekonomikani' qorg'awg'a umti'ldi'.

### Uerta diktaturasi'

AQSH Maderoni'n' siyasati'na dushpanli'q ko'zi menen qaradi' ha'm diktator Diasti'n' sheriklesi, general Uertani' Maderog'a qarsi' qoya basladi'. AQSHti'n' qollap-quwatlawi'nan ruwxlang'an Uerta 1913-ji'li' ma'mleket awdari'spag'i'n wo'tkerdi. Madero ati'p taslandi'.

Uerta diktaturasi' Meksikadag'i' awhaldi' ja'ne de awi'rlasti'rdi'. Tek a'piwayi' xali'q yemes, al milliy burjuaziya ha'm burjualasqan pomeshiklerdin' bir bo'limi de Uertag'a qarsi' shi'qti'. Yelde puqaralar uri'si' baslandi'. Milliy watandi' su'yiwshi ku'shler general Uerta diktaturasi'n awdari'p tasladi'.

### Meksika revolyuciyasi'

XX a'sirdin' baslari'nda Meksikada qu'diretli diyqanlar ha'reketi baslandi'. Buni'n' sebebi — diyqanlardi'n' jersizligi yedi. Diyqanlar ha'reketi revolyuciyag'a aylandi'. Bul revolyuciya (1910 — 1917) Meksika tariyxi'na burjuaziyali'q revolyuciya ati' menen kirgen.

Ma'mleket qublasi'ndag'i' diyqanlar ha'reketinin' basshi'si' Emiliano Sapata 1911-ji'lda wo'z agrar rejesin ja'riyaladi'. Bul reje indeeclerden tarti'p ali'ng'an jerlerin qaytari'p beriw, barli'q jerlerdi ma'mleketke wo'tkeriw ha'm wolardi' jersiz diyqanlarg'a bo'lip beriw si'yaqli' talaplardan ibarat yedi.

Ma'mleket arqasi'ndag'i' diyqanlar ha'reket basshi'si' Francisko Vilya bayrag'i'na «Jer ha'm azatli'q» urani' jazi'lg'an yedi. E. Sapata ha'm F.Vilya qurall i' ku'shleri 1914-ji'li' ma'mleket paytaxti' Mexiko qalasi'n iyeledi. Biraq, ko'p wo'tpey hu'kimet a'skeri wolardi' sheginiwge ma'jbu'r yetti. 1917-ji'lg'a kelip diyqanlar qozg'alan'i' basti'ri'ldi'. E.Sapata ha'm F.Vilyalar tu'rli ji'llarda jallanba ji'nayatshi'lar ta'repinen wo'ltirildi.

Diyqanlar qozg'alan'i' jen'ilgen bolsa da, izsiz ketpedi. Hu'kimet agrar ma'seleni azi'raq bolsa da sheshti. Sonday-aq, latifundistler ta'repinen ni'zamsi'z basi'p ali'ng'an jerler diyqanlarg'a qaytari'ldi'. Bunnan ti'sqari', 1917-ji'li' demokratiyali'q ruwxtag'i' konstituciya qabi'l yetildi.

***Diktatura*** (lati'nsha — sheklenbegen hu'kimet) — heshqanday ni'zam menen sheklenbegen, zorli'qqa su'yeniwshi ha'kimiyat.
***Muxolifat*** — a'meldegi hu'kimet siyasati'na qarsi' ku'shler.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar***

1. Lati'n Amerikasi'ni'n' rawajlani'wda arqada qali'p ketiwinin' sebeplerin ayti'n'.
2. Kuba qanday jag'dayda a'melde AQSHqa g'a'rezli boli'p qaldi'?
3. AQSH Lati'n Amerikasi' ma'mleketlerin siyasiy ha'm ekonomikali'q g'a'rezlikte tuti'w joli'nda qanday usi'llari'n qollag'an?
4. Meksikada diktatorli'q rejimlerdin' uzaq hu'kim su'rgenlerin qalay tu'sindiresiz?
5. 1910—1917-ji'llardag'i' Meksika revolyuciyasi'ni'n' a'hmiyetin ayti'p berin'.
6. Bu'gingi Meksika respublikasi' haqqi'nda mag'luwmat berin'.

## 18-§. Lati'n Amerikasi'ni'n' basqa ma'mleketleri

**Braziliyada qulshi'li'q-tin' biykar yetiliwi**

Braziliya Qubla Amerikadag'i' iri ma'mleketlerden boli'p, 15 mln. xali'q jasag'an. Braziliya, sol waqi'tta, yen' artta qalg'an ma'mleket yedi. Braziliyada qulshi'li'q, ash-jalan'ashli'q, sawatsi'zli'q ha'm huquqsi'zli'q ha'wij alg'an yedi. Qullardi' satatug'i'n bazarlar, wo'z shan'arag'i'na, u'yine iye boli'w huquqi'nan ayri'lg'an adamlardi' sati'w, miynetkesh quldi' qadag'alawshi'lar ta'repinen qamshi'lap isletiw 70 — 80-ji'llari' a'dettegi jag'day yedi.

Usi'nday sharayatta qullar da wo'z insani'yli'q huqular'n qorg'awg'a ma'jbu'r bolg'an. Sonli'qtan, qul Bonifacio basshi'li'g'i'nda qant qami'si' plantaciyasi'nda islewshi qullar qozg'alan'i' buni'n' da'liyli. Qullar wo'zlerinin' negrler respublikasi'n ja'riyaladi' ha'm Bonifacioni' woni'n' prezidenti yetip sayladi'. Bonifacio quralli' gu'res arqali' barli'q qullardi' azat yetiw za'ru'r dep yesapladi'. Biraq, hu'kimet a'skerleri Bonifacio a'skerin qi'yratti'.

Qulli'qqa qarsi' ku'shler 1883-ji'li' qullardi' qulli'qtan azatli'qqa shi'g'ari'wshi' «Azatli'q manifest»in dag'azaladi'.

Qulshi'li'qqa qarsi' bolg'an ayi'ri'm plantatorlar abolicionistlik ha'reketti quwatladi'. Plantator Antonio Predo wo'z qullari'n azat yetti. Wol ma'mleket wa'ziri bolg'annan keyin, qullardi' azat yetiw haqqi'nda usi'ni's kirgizdi. Nawqasli'g'i'nan wazi'ypasi'n wori'nlay almay ati'rg'an imperator Pedru II worni'nda waqti'nsha ma'mleketti basqari'p turg'an malika Izabel 1888-ji'li' Braziliyada qullardi' azat yetiw haqqi'ndag'i' «Alti'n ni'zam» atli' ni'zamg'a qol qoydi'. Yelde bul waqi'tta 750 mi'n' qul bar yedi.

**Respublikani'n' ja'riyalani'wi'**

Qulshi'li'q biykar yetilgennen keyin, respublika ushi'n gu'res ku'sheydi. 1889-ji'li' Riode-Janeyroda respublika ta'repdarlari'ni'n' u'lken demonstraciyasi' boli'p wo'tti. Demonstraciyada talabalar, wo'nermentler, sawdagerler qatnasti'. Bul demonstraciya respublika du'zimi ta'repdari' bolg'an a'skerler ta'repinen qollap-quwatlandi'.

Aqi'betinde, 1889-ji'l 19-noyabrde Pedru II taxttan bas tarti'p, Britaniya kemesinde Portugaliyag'a ketti. Ha'kimiyat a'skerler qoli'na wo'tti. Jan'a hu'kimet ma'mleketti Respublika dep ja'riyaladi'. 1891-ji'li' qabi'l yetilgen konstituciyag'a muwapi'q ma'mleket Braziliya Qurama Shtatlari' dep ataldi'. Barli'q puqaralardi'n' ni'zam aldi'nda ten'ligi ja'riyalandi'. Jazi'w ha'm woqi'wdi' biletug'i'n puqaralarg'a uluwma saylaw huquqi' berildi.

Yeldin' ekonomikali'q awhali' awi'r yedi. Bunnan ingliz, francuz, german ha'm Arqa Amerika monopoliyalari' paydalandi'. Wolar sheshiwshi tarawlardi' iyelep aldi'.

**Argentinadag'i' awhal**

Uzaq dawam yetken ishki gu'res, Paragvay menen bolg'an uri's aqi'betinde Argentinada ekonomikali'q turmi's derlik toqtap qaldi'.

Ma'mleket hu'kimeti ishki awhaldi' turaqlasti'ri'wda u'lken tabi'slarg'a yeristi. Sonday-aq, 1872-ji'li' Buenos-Ayreste milliy bank ashi'ldi'. Immigraciyani' qollap-quwatladi'. Na'tiyje de, qi'sqa waqi'tta Argentinag'a 300000 adam ko'ship keldi. Evropadan kelgenler jen'illikli sha'rtler menen ma'mleketten jer aladi'. Ko'plegen qalalar, jollar sali'ni'p, ken'eytildi. Bilimlendiriw ha'm ilim tez rawajlana basladi'. Buenos-Ayresta piyada a'skerler ha'm a'skeriy ten'iz mektebi ashi'li'p, a'skeriy bilimge tiykar sali'ndi'.

1876-ji'li' immigraciya ha'm kolonizaciya haqqi'nda ni'zam qabi'l yetildi. Ni'zamg'a muwapi'q, yele xali'q iyelemegen ma'mleket jerleri 80 gektardan aspaytug'i'n uchastkalarg'a bo'linip sati'ldi'. Indeeclerdin' wo'nimli jerleri tarti'p ali'ni'p, oficer ha'm a'skerlerge biypul bo'lip berildi.

Hu'kimet, sol waqi'tta, shet yel kapitali' kiritiliwin qoshametlep bardi'. Bir g'ana Ulli' Britaniyani'n' kirgizgen kapitali' 1914-ji'li' 1,5 mln. dollardi' qurag'anli'g'i' tosi'nnan yemes yedi.

Biraq, miynetkeshlerdin' awhali' yele to'menliginshe qalmaqta yedi. Aqi'betinde, jumi'sshi'lar klasi' wo'z huquqlari' ushi'n gu'res basladi'. Wolar 8 saatli'q jumi's ku'nin talap yetti. 1895-ji'li' Socialistlik partiya du'zildi. Partiya diniy bilimdi biykar yetiw,

birden-bir sali'q yengiziw, ka'siplik sho'lkemlerdi birlestiriw ha'm demonstraciyalarg'a ruqsat ushi'n gu'res ali'p bardi'. 18 jasqa tolg'an yer puqaralarg'a (ruwxani'y ha'm a'skerlerden basqa) uluwma saylaw huquqlari'n beriw haqqi'nda ni'zam shi'g'ari'li'wg'a yerisildi.

**Worayli'q Amerikadag'i' awhal**

Worayli'q Amerikada AQSHti'n' ta'siri ku'sheyip bardi'. Buni'n' aqi'betinde, ishki gu'resler na'tiyjesinde haldan tayg'an Gvatemala AQSHqa g'a'rezli boli'p qaldi'.

Gonduras, Salvador ha'm Nikaragua 1895—1896-ji'llarda birden-bir ma'mleket — Ulli' Worayli'q Amerika Respublikasi'na birlesti. Mine, usi' birlik AQSHti' ta'shwishke sali'p qoydi'. Sebebi, AQSHqa Worayli'q Amerikada woni'n' siyasati'na tosqi'nli'q yetiwshi ma'mleketler awqami' kerek yemes yedi. AQSH monopoliyalari' bul yellerdegi hu'kimetke qarsi' toparlarg'a su'yenip, Ulli' Worayli'q Amerika Respublikasi'n tarqati'p jiberiwge yeristi.

1914-ji'li' avgusti'nda Panama kanali' ashi'lg'annan keyin, kanal zonasi'nda Amerika gubernatori' wo'zine boysi'natug'i'n iri a'skeriy ku'shler menen Worayli'q Amerika yellerine qa'wip sali'p turdi'.

***Abolicionizm*** (lati'nsha — jog'alti'w, biykar yetiw) — negrlerdi qulli'qtan azat yetiw ha'reketi.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar***

1. Braziliyada qulshi'li'q qay ta'rizde saplasti'ri'ldi'?
2. Braziliyada Respublika du'ziminin' wornawi' haqqi'nda ayti'n'.
3. Argentina hu'kimeti yeldi awi'r ekonomikali'q jag'daydan ali'p shi'g'i'w ushi'n qanday sharalar ko'rdi?
4. Worayli'q Amerika ma'mleketlerinin' rawajlani'wi'na ta'n tiykarg'i' ishki wo'zgesheligin ayti'p berin'.

**Pikirlen':** ma'mleket ha'm xali'qlardi' bir-birine qarsi' qoyi'w qanday aqi'betlerge ali'p kelgen? Ha'zir-she?

AQSH penen Panama Respublikasi' wortasi'nda Panama kanali' haqqi'nda du'zilgen sha'rtnamadan. 1903-ji'l.
«...**2 statya.** Panama Respublikasi' ati' tilge ali'ng'an kanaldi' quri'w, saqlap turi'w, wonnan paydalani'w, woni' sanitariya

jag'dayi'na keltiriw ha'm de qorg'aw ushi'n 10 milyalik zona shen'berindegi jerler ha'm suw asti'ndag'i' quri'lmalardan paydalani'w, wolardi' iyelew ha'm qadag'alaw huquqi'n Amerika Qurama Shtatlari'na burotala tapsi'radi'.

**3-statya.** Panama Respublikasi' AQShqa zonadag'i' barli'q huquqlardi', wa'killiklerdi ha'm pu'tin ha'kimiyatti' tapsi'radi'.....»

# IV bap XIX A'SIR AQI'RI' — XX A'SIR BASLARI'NDA PATSHA ROSSIYASI' HA'M QUBLASHI'G'I'S EVROPA MA'MLEKETLERI

## 19-§. XIX a'sir aqi'ri' — XX a'sir baslari'nda patsha Rossiyasi'ni'n' socialli'q-siyasiy ha'm ekonomikali'q awhali'

**Rossiyani'n' siyasiy du'zimi**

Rossiya bul da'wirde sheklenbegen monarxiya boli'p, pu'tkil ha'kimiyat patsha qoli'nda toplang'an yedi. (Tariyx kitaplari'nda patsha ha'kimiyati'na sali'sti'rma, «carizm» «samoderjavie» atamalari' da qollani'ladi').

Patsha ha'kimiyati'ni'n' tiykarg'i' tayani'shi' pomeshikler ha'm de pravoslav shirkewi yedi. Patsha shan'arag'i'ni'n' wo'zi u'lken pomeshik boli'p, 7 mln. desyatina (1 desyatina-1,1 gektar) jerge iyelik yetti.

Pomeshik xojali'g'i' Rossiyani'n' kapitalistlik rawajlani'w joli'ndag'i' tiykarg'i' tosi'q yedi. Pomeshikler jan-ta'ni menen yeski ta'rtiplerdin' saqlani'p qali'wi'na ha'reket yetti.

Rossiyada burjuaziya klasi' da bar yedi. Wolardi'n' kapitallar ko'lemi barg'an sayi'n wo'sip bardi'. Biraq, burjuaziyani'n' siyasiy abi'rayi' to'men, ma'mleketti basqari'wdag'i' qatnasi' derlik sezilmeytug'i'n yedi.

**Ekonomikali'q awhal**

Rossiya agrar-industrial ma'mleket yedi. Yeldegi xali'qti'n' 85 %ti awi'llarda jasadi'. Solay bolsa da, patsha Rossiyasi'nda kapitalizm tezlik penen rawajlani'p bardi'. Shet yel kapitali'ni'n' kirip keliwi sebepli awi'r sanaat tezlik penen ilgeriledi. Woni'n' metallurgiya, mashinasog'i'w, neft ha'm ko'mir qazi'p ali'w si'yaqli' tarmaqlari' jetilise basladi'. Rossiya qi'sqa waqi't ishinde neft qazi'p shi'g'ari'w boyi'nsha AQSHti' da artta qaldi'rdi' ha'm du'nyada 1-wori'ng'a shi'qti'.

Shetke, kerosin eksport qi'li'ndi'. Metall yeritiw boyi'nsha du'nyada 4-wori'ndi' iyeledi.

Rossiyani'n' ekonomikali'q rawajlani'wi'na ta'n wo'zgeshelik — monopoliyalardi'n' ju'zege keliwi. Sonli'qtan da, Rossiya qara metallurgiyasi'nda «Prodmet», ko'mir sanaati'nda «Produgol» degen iri monopoliyalar du'zildi. Ren'li metallurgiya tarawi'nda «Med» ja'miyeti (1907) sheshiwshi wori'ndi' iyelep aldi'.

Rossiya ekonomikali'q rawajlani'wi'na ta'n ja'ne bir wo'zgeshelik — shetke kapital shi'g'ari'wdan go're shetten Rossiyag'a kapital kirgiziw u'stinligi yedi. Bul, bir ta'repten, Rossiya kapitalizminin' to'menligi aqi'betinen bolsa, yekinshiden, Rossiyada shet yel kapitali'na u'lken payda keltiriwshi tarawlardi'n', regionlardi'n' ko'pligi ha'm de arzan jumi'sshi' ku'shinin' barli'g'i' menen de tu'sindiriledi.

Ma'mleket sanaati'na qoyi'lg'an shet yel kapitali'ni'n' tiykarg'i' bo'legi Franciya kapitali' yedi.

Rossiya awi'l xojali'g'i' da a'ste-aqi'ri'nli'q penen bolsa da, rawajlandi'. Awi'l xojali'q wo'nimlerin eksport yetiwi de wo'sti. Tiykarg'i' eksport wo'nimi — g'a'lle yedi.

Rossiyada kapitalizm rawajlani'wi' menen finans kapitali' da ju'zege keldi. «Peterburg xali'q arali'q banki», «Azov — Don» ha'm «Rus Aziya» bankleri ma'mleket turmi'si'nda jetekshi rol woynay basladi'.

Solay bolsa da, XIX a'sirdin' aqi'ri' — XX a'sir baslari'nda Rossiya ekonomikali'q rawajlani'wda basqa ulli' ma'mleketlerge qarag'anda keyinde boldi'. Sebebi, wol sanaat wo'ndiris ko'lemi boyi'nsha du'nyada 5-wori'nda yedi.

**Ishki siyasat**

Rossiya imperiyasi' qurami'nda 100 den aslam millet ha'm xali'q jasaytug'i'n yedi. Wolardi'n' aymaqlari' tu'rli a'sirlerde, tu'rli tariyxi'y sharayatlarda Rossiya ta'repinen basi'p ali'ng'an.

Basi'p ali'ng'an u'lkelerde ruslasti'ri'w siyasati' ali'p bari'ldi'. Basqi'nshi'lar zuli'mi'na qarsi' ko'terilgen milliy-azatli'q ha'reketleri bolsa ayawsi'z basti'ri'ldi'.

Demek, patsha Rossiyasi'nda puqaralardi'n' u'lken bo'legi, sonday-aq, koloniya xali'qlari' awi'r turmi's keshiretug'i'n yedi. Bul bolsa qay waqi'tta da u'lken partlaw ju'z beriwine ali'p keliwine gu'man joq yedi. Buni'n' u'stine, 1904-ji'ldag'i' Rossiya —Yaponiya uri'si' xali'q massasi'ni'n' turmi's da'rejesin ja'ne de awi'rlasti'ri'p jiberdi. Aqi'r-aqi'betinde, bul — 1905-ji'li'

revolyuciyani'n' ju'z beriwine ali'p keldi. Duri's, revolyuciya jen'ildi. U'stem qatlamlar bul revolyuciyadan za'ru'r sabaqlar da shi'g'ardi'. Woni'n' tiykarg'i'si'—diyqanlardi' revolyuciyali'q ha'reketten shetletiw haqqi'ndag'i' sabaq yedi. Yekinshisi, awi'llarda patsha hu'kimetinin' ku'shli socialli'q tayani'shi'n ju'zege keltiriw mashqalasi' boldi'.

Bul maqsetlerdi wori'nlaw ushi'n agrar reformasi'n wo'tkeriwge qarar yetildi. Patsha 1906-ji'li' agrar reforma wo'tkeriw ha'm diy-qanlardi' ko'shiriw haqqi'nda pa'rman shi'g'ardi'. Bul reforma bas wa'zir P.A. Stoli'pin usi'ni'si' menen baylani'sli' bolg'anli'g'i' ushi'n wol tariyxqa «Stoli'pin agrar reformasi'» ati' menen kirgen. Wonda ko'rsetiliwinshe diyqanlardi'n' wo'z menshik jerine iye boli'w ma'selesi to'mendegi 3 usi'l arqali' a'melge asi'ri'li'wi' mo'lsherlendi:

— ja'ma'a't jer iyeligin biykarlaw ha'm diyqanlarg'a sati'p alg'an ja'ma'a't jerin jeke menshikke aylandi'ri'w ha'm diyqang'a wo'z jerin sati'w huquqi'n da beriw;

— diyqanlardi'n' ma'mleket ha'm pomeshiklerge qarasli' jerlerdi sati'p ali'wi' ushi'n wolarg'a «Diyqanlar banki» arqali' ja'rdem beriw;

— jer jetispewshiligi ku'shli bolg'an worayli'q regionlardag'i' diyqanlardi'n' bir bo'legin Sibir, Tu'rkstan, Uzaq Shi'g'i's ha'm imperiyani'n' milliy shetki u'lkelerine ko'shiriw.

Stoli'pin agrar reformasi' awi'l xalqi'ni'n' qatlamlani'wi' ha'm ishki bazardi'n' wo'siwin ku'sheytti. Bay diyqanlar (kulaklar) di'n' jag'dayi'n bekkemledi. Biraq ta, agrar reforma pomeshik jer iyeligin toqtata almadi'.

Bunnan ti'sqari', ko'ship ketkenler tag'i' aldi'ng'i' jerlerine qaytadan ko'ship keliwge ma'jbu'r bola basladi'. Sebebi, ko'shiriw materialli'q jaqtan jeterli ta'miyinlenbedi. Buni'n' aqi'betinde 1911-ji'li' ko'ship ketkenlerdin' (wolardi'n' sani' 3,5 mln. nan aslam yedi) yari'mi'nan ko'bi qayta ko'ship keldi.

Bunnan ti'sqari', ko'shiriw siyasati' milliy shetki u'lkelerdegi siyasiy jag'daylardi' keskinlestirdi. Bug'an shetki u'lkelerdegi, a'sirese, Tu'rkstandag'i' xali'qqa qarasli' yen' jaqsi' jerlerdin' ko'ship kelgenlerge berilgenligi, jergilikli xali'qti'n' bolsa wo'nimsiz jerlerge qi'si'p shi'g'ari'lg'anli'g'i' sebep boldi'.

Solay yetip, Stoli'pin yeldi «ti'ni'shlandi'ra» almadi'. U'stem qatlamlar woni'n' otstavkag'a shi'g'i'wi'n talap yete basladi'. Bug'an yerise almag'annan keyin 1911-ji'li' Stoli'pin ati'p wo'ltirildi.

Biraq, barli'q kemshiliklerge qaramay Stoli'pin agrar siyasati' awi'lda kapitalizmnin' rawajlani'wi'na jol ashti'.

***Reforma*** — qanday da bir tarawdag'i' bar bolg'an ta'rtiplerdi tu'pten wo'zgertiw.
***Agrar reforma*** — jer-suw, jerge iyelik ha'm jer-suwdan paydalani'wg'a tiyisli ta'rtipti qayta wo'zgertiw.
***Sarizm*** — Rossiya patshasi'ni'n', monarxiyani'n' sheklenbegen ha'kimiyati'na tiykarlang'an ma'mleket du'zimi.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar***

1. Rossiya siyasiy du'zimin Ulli' Britaniya, Germaniya ha'm Franciya siyasiy du'zimi menen sali'sti'ri'n'.
2. Rossiya ekonomikali'q rawajlani'wi'na ta'n wo'zgesheliklerin ayti'p berin'.
3. Stoli'pin agrar reformasi' mazmuni' ha'm aqi'betleri haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?

## 20-§. Patsha Rossiyasi'ni'n' si'rtqi' siyasati'

**Patsha Rossiyasi' koloniyali'q ma'mleket**

Rossiya da qu'diretli koloniyali' ma'mleketlerden biri bolg'an. Basqi'nshi'li'q uri's ashi'w joli' menen u'lken imperiya ju'zege keltirildi. Sol payi'tta, Rossiya koloniyali'q imperiyasi' Ulli' Britaniya yamasa Franciya koloniyali'q imperiyasi'nan pari'q qi'latug'i'n yedi.

Bul pari'q — Rossiya basi'p alg'an aymaqlardi'n' imperiya qurami'na tikkeley qosi'p ali'ni'wi'nda yedi. Sol sebepli Rossiyani'n' okean yamasa ten'iz arti' koloniyalari' joq yedi.

Sonday-aq, Worta Aziyani'n' basi'p ali'ng'an bo'legi imperiya qurami'na qosi'li'p, bul aymaqta Tu'rkstan general-gubernatorli'g'i' du'zilgenligi sizge «O'zbekistan tariyxi'»nan belgili.

Rossiya agressiv siyasati'ni'n' tiykarg'i' bag'darlari' Balkan, Uzaq Shi'g'i's, Qara ten'iz benen Jer Worta ten'izdi tutasti'ri'wshi' Turkiyag'a qarasli' Dardanell ha'm Bosfor bug'azlari'nda ha'm de Worta Aziyada wo'z u'stemligin wornati'w yedi.

Rossiya XIX a'sirdin' 70-ji'llari'nan keyin de Worta Aziyada basqi'nshi'li'q siyasati'n dawam yettirdi. 1873-ji'li' Xiywa xanli'g'i' vassal ma'mleketke aylandi'ri'ldi'. Worta Aziya 1885-ji'li' toli'q boysi'ndi'ri'ldi'.

### Rossiya — Turkiya uri'si'

1875-ji'li' Gercegovina ha'm Bosniyada Turkiya kolonizatorli'g'i'na qarsi' qozg'alan' ko'terildi. Wolar milliy g'a'rezsizlikti talap yetti. Bolgariyada da usi'nday qozg'alan' ko'terildi. Biraq, qozg'alan' jawi'zli'q penen basti'ri'ldi'.

Balkan krizisi ulli' ma'mleketlerdin' ma'plerin tag'i' bir ret ju'zlestirdi.

1876-ji'li' Serbiya — Turkiya uri'si'nda Turkiyani'n' qoli' ba'lent kele basladi'. Bul jag'dayda Rossiya Turkiyadan Serbiya menen jarasi'w kelisimin du'zdi ha'm armiyasi'n demobilizaciyalawdi' talap yetti. Biraq, Turkiya bul talapti'n' wori'nlani'wi'n arqag'a su'rdi. Aqi'ri'nda, Rossiya bul ma'selede Turkiyag'a ultimatum tapsi'rdi'. Solay yetip, Serbiya qa'wipten saqlap qali'ndi'.

Turkiya Serbiya menen ti'ni'shli'q sha'rtnamasi'n du'zgen bolsa da, wo'z armiyasi'n demobilizaciya yetpedi. Bul Rossiya ushi'n ju'da' maqul boldi'. Rossiya 1877-ji'li' 24-aprelde Turkiyag'a uri's ja'riyaladi'. Serbiya ha'm Chernogoriya da uri's ha'reketlerinde qatnasti'. Rossiya Turkiyag'a u'lken zi'yan keltirdi. 1878-ji'l yanvarda Rossiya armiyasi' Adrianopoldi' basi'p aldi'.

Rossiyani'n' tabi'slari' Ulli' Britaniyani' ta'shwishke saldi' ha'm wo'z a'skeriy kemelerin Mramor ten'izine kirgizdi. Rossiya armiyasi' Konstantinopol qalasi'na basti'ri'p kirse, Rossiya menen diplomatiyali'q baylani'si'n u'zetug'i'ni'n ma'lim yetti.

### San-Stefano sha'rtnamasi'

1878-ji'li' San-Stefanoda Rossiya-Turkiya sha'rtnamasi'na qol qoyi'ldi'. Sha'rtnama Balkan yari'm atawi'ni'n' siyasiy kartasi'n tu'pten wo'zgertip jiberdi. Sonday-aq, Bolgariya Turkiyag'a qarasli' degen ati' bolmasa, a'melde bolsa g'a'rezsiz ma'mleketke aylandi'. Chernogoriya, Serbiya ha'm Rumi'niya toli'q g'a'rezsiz ma'mleketler dep ta'n ali'ndi'. Turkiyani'n' Rossiyag'a ko'p mug'darda to'lem to'lewi belgilendi. Biraq, San-Stefano sha'rtnamasi'n Ulli' Britaniya ta'n almadi'. Wol bul sha'rtnamani' qayta ko'rip shi'g'i'wdi' talap yetti. Germaniya ha'm Avstriya-Vengriya da bul talapqa qosi'ldi'. Jekkelenip qalg'an Rossiya xali'q arali'q kongress — Berlin kongresinin' shaqi'ri'li'wi'na ilajsi'z kelisim berdi.

### Berlin kongresi

Kongress 1878-ji'ldi'n' 13-iyuni'nda ashi'ldi'. Wonda Ulli' Britaniya, Franciya, Germaniya, Rossiya, Avstriya-Vengriya, Italiya ha'm Turkiya delegaciyalari' qatnasti'.

Kongresste «Berlin traktati'» dep atalg'an hu'jjetke qol qoyi'sti'. Bul hu'jjet Rossiyani'n' San-Stefano sha'rtnamasi' na'tiyjesinde qolg'a kirgizgen u'lken tabi'slari'ni'n' a'hmiyetin kemeyttirip jiberdi. Sonday-aq, Ulli' Britaniya a'skeriy kemeleri Qara ten'izge kiriw huquqi'na iye boldi'. Kipr atawi' Ulli' Britaniyag'a, Bosniya ha'm Gercegovina Avstriya-Vengriyag'a ina'm yetildi. Bolgariya yekige bo'lip jiberildi. Sol payi'tta, Turkiya to'lewi lazi'm bolg'an sali'qti'n' u'lken bo'legi yesabi'na Rossiyag'a Kavkazdi'n' Botumi, Kars ha'm Ardagan aymaqlari' berildi. Chernogoriya, Serbiya ha'm Rumi'niyani'n' ma'mleket g'a'rezsizligi ta'n ali'ndi'.

**Uzaq Shi'g'i's siyasati'**

Rossiya sawda-sanaat shen'beri Uzaq Shi'g'i'sti'n' qolg'a kirgiziliwinen ma'pda'r yedi. Soni'n' ushi'n da, Amurboyi' ha'm Primore u'lkelerin basi'p aldi'.

Sol sebepli, Rossiya Yaponiya menen jaqsi' mu'na'sibette boli'wg'a umti'ldi'. AQSH, Ulli' Britaniya ha'm Franciyani'n' Yaponiyag'a qarsi' qarati'lg'an a'skeriy ekspediciyalari'nda qatnaspadi'. 1875-ji'li' Yaponiya hu'kimeti Qubla Saxalinge bolg'an dawasi'nan bas tarti'w sha'rti menen Kuril atawlari'ni'n' arqa bo'limin Yaponiyag'a beriliwi haqqi'nda sha'rtnama du'ziwge yeristi.

**Worta Aziya ma'selesinde qarama-qarsi'li'qlar**

70-ji'llarda patsha hu'kimeti menen Britaniya hu'kimeti wortasi'nda Worta Aziyadag'i' ta'sir shen'berlerin ani'qlaw ushi'n so'ylesiwler baslandi' ha'm wol 1873-ji'li' pitim du'ziw menen juwmaqlandi'. Wonda ko'rsetiliwinshe, Rossiya Awg'anstandi' wo'z ta'sirinen ti'sqari'da dep tapti'. Ulli' Britaniya bolsa Xiywani' dawagerlik yetpeytug'i'n boldi'.

1878-ji'li' Ulli' Britaniya Awg'anstang'a qarsi' basqi'nshi'li'q ha'reketlerin basladi'. Biraq, awg'an xalqi' ingliz basqi'nshi'lari'na qarsi' qozg'alan' ko'terdi. Qozg'alan'g'a Awga'nstanni'n' Rossiya ta'sirinde bolg'an siyasiy iskeri Abdiraxman basshi'li'q yetti. Qozg'alan'shi'lar tez arada ingilizler u'stinen jen'iske yeristi. Bul jen'ilisten son' ulli' Britaniya hu'kimeti Abdiraxmandi' Awg'anstan a'miri dep ta'n ali'wg'a ma'jbu'r boldi'.

Wo'zinin' strategiyali'q maqsetine yerisken Rossiya ha'zirgi Tu'rkmenstan aymaqlari'n basi'p ali'wg'a kiristi. 1880-ji'li' Rossiya armiyasi' generali' Skobelev basshi'li'g'i'nda ju'ris basladi'. 1881-ji'li' qi'rg'i'n sawashtan keyin Ko'ktepa qorg'ani'

qolg'a kirgizildi. Sol payi'tta tu'rkmen qa'wimleri arasi'nda wo'z ara kelispewshilikleri, wolardi'n' birden-bir ku'sh si'pati'nda birlese almawi' da Rossiyag'a ju'da' qolay keldi.

Na'tiyjede, 1885-ji'li' Kushka qalasi'n basi'p aldi'. Sonnan son' Ulli' Britaniya ha'm Rossiya wortasi'nda Awg'anstanni'n' ta'g'diri ha'm woni'n' shegarasi'n belgilew ma'selesi sheshildi. 1891-ji'li' Rossiya basi'p alg'an Worta Aziya aymag'i' ha'm Awg'anstan wortasi'ndag'i' shegarani'n' Pamirden wo'tiwi haqqi'nda sha'rtnamag'a qol qoyi'ldi'.

### Rossiya — Yaponiya uri'si'

Rossiya — Yaponiya qatnasi'qlari' Qi'tay ha'm woni'n provinciyasi' Manshjuriya sebepli ju'da' keskinlesti. Yerte me kesh pe bul yeki ma'mleket wortasi'nda uri's kelip shi'g'atug'i'ni' ani'q boli'p qaldi'. Buni' jaqsi' bilgen Yaponiya yendi ulli' ma'mleketler menen jaqi'nlasi'w jollari'n izley basladi'. Aqi'ri'nda, 1902-ji'li' Yaponiya — Ulli' Britaniya pitimi du'zildi. Wolar ha'r-qanday sharayatta da bir-birin qollap-quwatlawg'a kelisti.

AQSH Yaponiyani' Rossiyag'a qarsi' uri'si'wg'a xoshametley basladi'. A'skeriy jaqtan uri'sqa tayar bolg'an Yaponiya floti' 1904-ji'li' uri'sti' dag'azalamay turi'p, Port-Arturdag'i' Rossiya a'skeriy ten'iz ku'shlerine hu'jim qi'ldi' ha'm woni' u'lken shi'g'i'ng'a ushi'ratti'.

Rossiya a'skeriy-ekonomikali'q jaqtan uri'sqa tayar yemes yedi. Buni'n' aqi'betinde ha'm ten'izde, ha'm qurg'aqli'qta jen'iliske ushi'radi'. Aqi'ri'nda, Port-Artur bag'i'ndi'. 1905-ji'li' Susima jani'nda rus floti' qi'yrati'ldi'. Solay yetip, derlik pu'tkil Ti'ni'sh okean floti' qi'yradi'.

Sonday sharayatta Rossiyani'n' Yaponiya menen ti'ni'shli'q sha'rtnamasi'na qol qoyi'wdan basqa ilaji' qalmadi'.

AQSHti'n' da'ldalshi'li'g'i'nda 1905-ji'ldi'n' 23-avgusti'nda sonday sha'rtnamag'a qol qoyi'ldi'.

Sha'rtnama boyi'nsha, Rossiya Koreyani' Yaponiya ta'sir shen'beri dep ta'n aldi'.

Yaponiya Port-Arturdi' ijarag'a ali'w huquqi'na iye boldi'. Saxalin atawi'ni'n' qubla bo'limi Yaponiyag'a berildi.

***Demobilizaciya*** — a'skeriy xi'zmetten bosati'w.
***Traktat*** — xali'q arali'q sha'rtnama, pitim.
***Ultimatum*** — bir ma'mlekettin' yekinshi ma'mleketke qoyi'latug'i'n qatan' talabi'.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar***

1. Rossiya koloniyali'q imperiyasi' basqa imperiyalardan qay jag'i'nan pari'q qi'lg'an?
2. Rossiyani'n' ma'pleri yen' ko'p da'rejede ju'zlesken ma'mleketlerden biri Turkiya bolg'anli'g'i'n qanday faktorlar menen tu'sindiresiz?
3. 1877 — 1878-ji'llardag'i' Rossiya — Turkiya uri'si' ha'm woni'n' aqi'betleri haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?
4. Rus—Yapon uri'si' aqi'betleri nelerden ibarat boldi'?

Germaniya birleskennen keyin birden-bir ishki bazardi'n' ju'zege keliwi woni'n' rawajlani'wi'na ali'p keldi. Rossiya bolsa birneshe a'sirler dawami'nda pu'tin bir ma'mleket bolsa da, ekonomikali'q jaqtan to'menliginshe qaldi'. Buni' qalay tu'sindire alasi'z?

## 21-§. Rossiyada Ma'mleket dumasi'ni'n' du'ziliwi

### Ja'miyetlik ha'reket

Rossiya xalqi'ni'n' turmi's da'rejesi Bati's Evropa ma'mleketlerine sali'sti'rg'anda ju'da' to'men yedi. Bul jag'day, ma'mlekette ekonomikali'q-siyasiy reformalar wo'tkeriliwin talap yetiwge tiyisli konstituciyali'q qarsi'lasi'ni'n' joqli'g'i' aqi'betinen yedi. U'stem sistema bolsa teren' socialli'q reformalardi'n' ayqi'n dushpani' yedi.

Ka'rxanalarda jumi's waqti' worta yesapta 12 — 14 saat dawam yetetug'i'n yedi. Fabrikag'a jallang'an jumi'sshi' xojayi'n du'ka'ni'nan wo'nimdi nesiyege ali'wg'a ma'jbu'r yedi. Du'ka'n ka'rxana iyeleri ushi'n jumi'sshi'lardi' qosi'msha ekspluataciya yetiw qurali' wazi'ypasi'n atqarg'an.

Milliy shetki u'lkelerde jumi'sshi'lar wog'ada awi'r ha'm huquqsi'z awhalda yedi.

Ja'miyette bar du'zimdi wo'zgertiw haqqi'nda woylawshi' toparlar, awqamlar joq yemes yedi. Wolardan biri — G.V. Plexanov basshi'li'q yetken «Miynetti azat yetiw» topari'. Topar 1883-ji'li' du'zildi. G.V.Plexanov jumi'sshi'lar klasi'n revolyuciyali'q ku'sh dep yesaplag'an. Biraq, wol ha'kimiyatti' quralli' qozg'alan' joli' menen basi'p ali'wg'a qarsi' yedi. Wol ja'miyetti reformalar joli' menen jan'alaw ta'repdari' yedi.

1895-ji'li' Peterburgta «Jumi'sshi'lar klasi'n azat yetiw ushi'n gu'res awqami'» du'zildi. 1898-ji'li' Rossiyadag'i' barli'q social-

demokratiyali'q toparlar «Rossiya social-demokratiyali'q jumi'sshi'lar partiyasi'» (RSDRP) dep atalg'an partiyag'a birlesti. 1903-ji'ldan baslap bul partiyag'a V.I. Lenin basshi'li'q yetti. Wol RSDRPdag'i' bolshevikler ag'i'mi'ni'n' jetekshisi boldi'.

Bolshevikler Rossiyada jeke mu'lik uluwma bolmaytug'i'n, ja'miyet ag'zalari' yeziwshi ha'm yeziliwshilerge bo'linbeytug'i'n, ma'mleket ha'kimiyati', tiykari'nan, jumi'sshi'lar klasi' qoli'nda bolatug'i'n, barli'q mu'lik ma'mlekettiki dep yesaplanatug'i'n ja'miyetti wornatpaqshi' boldi'.

Bunday ja'miyetti quri'w ushi'n bar du'zimdi jumi'sshi'lardi'n' qoralli' qozg'alan'i' (tiykari'nda ma'mleket awdari'spag'i') arqali' awdari'p taslaw ideyasi'n usi'ng'an.

**1905-ji'l revolyuciyani'n' baslani'wi'**

1905-ji'ldi'n' 9-yanvari'nda Rossiya tariyxi'nda 1-revolyuciya baslandi'. Bul revolyuciya Rossiya miynetkeshlerinin' awi'r turmi'si' Rus — Yapon uri'si' sebepli ja'ne de to'menlep ketiwi aqi'betinde ju'z berdi.

Patshani'n' «a'dilligi»ne yele de isengen Peterburg jumi'sshi'lari'nan 250 mi'n' adam 9-yanvar, yekshembi ku'ni wo'tinishlerin patshag'a bildiriw ushi'n ti'ni'sh demonstraciyag'a shi'qti'. Wo'tinishnamada Sho'lkemlestiriw ma'jilisin shaqi'ri'w, demokratiyali'q yerkinlikler beriw, 8 saatli'q jumi's ku'nin yengiziw si'yaqli'lar alg'a qoyi'lg'an yedi.

Biraq, patsha ti'ni'sh demonstraciyani' woqqa tuti'wdi' buyi'rdi'. Bul waqi'ya Rossiya tariyxi'na «qanli' yekshembi» ati' menen kirgen. Peterburgdag'i' «qanli'» waqi'yalarg'a juwap retinde Moskva, Riga, Varshava, Baku ha'm basqa qalalardi'n' jumi'sshi'lari' is tasladi', demonstraciyalar baslandi'.

Ma'mlekette diyqanlar ko'terilisi de baslandi'. Revolyuciyali'q ko'terilis, ha'tte ayi'ri'm a'skeriy bo'limlerge de ta'sir ko'rsetti. Sonday-aq, Qara ten'iz floti'na qarasli' «Potyomkin» bronenoseci matroslari' 1905-ji'ldi'n' jazi'nda qozg'alan' ko'terdi.

**Rossiyada parlamenttin' sho'lkemlestiriliwi**

Revolyuciyali'q ha'rekettin' bunday tu'sali'wi' patsha Nikolay II ni bag'i'ni'wg'a ma'jbu'r yetti. 17-oktyabr ku'ni patsha Manifestti dag'azaladi'. Wonda hu'jdan, so'z, baspaso'z yerkinligi, ji'ynali's wo'tkeriw ha'm tu'rli awqamlar du'ziw huquqi', sonday-aq, ni'zam shi'g'ari'wshi' ha'kimiyat — Ma'mleket dumasi' (parlament)i'n yengiziwdi wa'de yetti.

Hu'kimet 1905-ji'ldi'n' dekabrinde Ma'mleket dumasi'na saylaw haqqi'nda ni'zam qabi'llandi'. 1906-ji'li' 27-aprelde 1-Ma'mleket dumasi' jumi's basladi'. Wonda 448 deputat qatnasti'. Duma jumi'si'ndag'i' tiykarg'i' ma'sele agrar ma'sele yedi. Deputatlardi'n' 1/4 bo'limi diyqan wa'killerinen yedi. Wolar Dumada «Trudovikler» («Miynet topari'») frakciyasi'n du'zdi. Wolar jerlerdin' diyqanlar wortasi'nda bo'listiriliwin usi'ni's yetti. Bul a'melde pomeshik jer iyeliginin' saplasti'ri'li'wi'n an'latar yedi.

Patsha bolsa Dumadag'i' jag'daydan ta'shwishte yedi. Duma patsha woylag'anday juwas boli'p shi'qpadi'. Soni'n' ushi'n Nikolay II Dumani' tarqati'p jiberdi. 1907-ji'ldi'n' yanvari'nda II Ma'mleket dumasi'na saylaw wo'tkerildi. Bul Dumada da agrar ma'sele tiykarg'i' ma'sele boldi'.

Agrar ma'selede Duma hu'kimet jobasi'n tasti'yi'qlamadi'. Hu'kimet, Dumadag'i' social-demokratlarg'a ma'mleket awdari'spag'i'n tayarlamaqta, dep ayi'p qoydi' ha'm wolardi' Duma qurami'nan shi'g'ari'wdi' talap yetti. Bul talapqa juwap beriwdin' sozi'li'p ketkenligi ba'nesinde Nikolay II 3-iyunda ja'ne Dumani' tarqati'p jiberdi. Sol ta'rizde 1-rus revolyuciyasi' jen'ilis penen tamamlandi'. 1905-ji'lg'i' saylaw haqqi'ndag'i' ni'zam biykar yetildi.

**Saylaw haqqi'ndag'i' jan'a ni'zam**

1907-ji'l 3-iyunda saylaw haqqi'nda jan'a ni'zam qabi'llandi'. Jan'a ni'zam wo'zinde u'stem qatlam ma'plerin toli'q da'rejede ko'rsetti. Sonday-aq, bir pomeshiktin' dawi'si' 4 iri burjuaziya wa'kilinin', 260 diyqanni'n' ha'm 543 jumi'sshi'ni'n' dawi's beriwine ten' yedi. Sol ta'rizde, III Dumag'a saylang'an 442 deputatti'n' 202 si pomeshik wa'killeri boldi'.

Sol waqi'tta, Rossiya parlamenti 2 palatali' parlamentke aylandi'. Ma'mleket Ken'esi parlamenttin' joqari' palatasi' wazi'ypasi'n atqardi'. Ma'mleket Ken'esi ag'zalari'ni'n' 50%tin patsha tayi'nlaytug'i'n yedi. Hu'kimet patsha aldi'nda juwapker yedi. Wog'an «veto» huquqi' berildi. Si'rttan qarag'anda Rossiya konstituciyali'q monarxiyag'a aylang'anday yedi. Tiykari'nda, patsha hu'kimeti sheklenbegenliginshe qala berdi. Bul da Rossiya ja'miyetlik-siyasiy turmi'si'ni'n' wo'zine ta'n ayi'rmashi'li'g'i' yedi.

Birinshi rus revolyuciyasi' izsiz ketpedi. Sonli'qtan, jumi'sshi'larg'a ka'siplik awqamlari'na birlesiw huquqi' berildi. Is taslag'ani' ushi'n ji'nayi'y juwapkershilikke tarti'w, diyqanlardi'n' bolsa jer ushi'n haqi' to'lewleri biykarlandi'. Patsha ha'kimiyati' qaramag'i'nda bolsa da, wa'killikli sho'lkem — parlament du'zildi.

***Manifest*** (lati'nsha) — hu'kimettin' ju'da' a'hmiyetli waqi'ya mu'na'sibeti menen xali'qqa qi'lg'an jazba mu'ra'ja'a'ti'.
***Frakciya*** (francuzsha — lati'nsha) — parlament deputatlari'ni'n' qandayda bir siyasiy partiyag'a tiyisli topari'.
***Ekspluataciya*** (francuzsha) — mu'lik iyelerinin' basqalar miynetinin' wo'nimin wo'zlestirip ali'wi'.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar***

**1.** Rossiyadag'i' socialli'q ha'rekettin' wo'zine ta'n ayi'rmashi'li'g'i'n tu'sindirin'.
**2.** Bolsheviklerdin' ja'miyetti qayta quri'w haqqi'ndag'i' ta'liymati'n bu'gingi ku'n ko'zqarasi' menen bahalan'.
**3.** 1-rus revolyuciyasi'ni'n' sebepleri ha'm aqi'betleri haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?
**4.** Rossiyada Ma'mleket dumasi' (parlament) qalay ju'zege keldi?

Bu'gingi Rossiya Federaciyasi' Ma'mleket dumasi' haqqi'nda mag'luwmat toplan'.

## 22-§. XIX a'sirdin' aqi'ri' — XX a'sirdin' baslari'nda Avstriya-Vengriya imperiyasi'

### Siyasiy du'zim

Avstriya-Vengriya imperiyasi' 1867-ji'li' Avstriya ha'm Vengriyani'n' u'stem qatlamlari' arasi'ndag'i' pitim tiykari'nda ju'zege keldi.

Imperiyani'n' Avstriya korolli'g'i' qurami'na Chexiya, Moraviya, Galiciya ha'm Bukovina, Vengriya qurami'na bolsa Slovakiya, Xorvatiya ha'm Transilvaniya kirgen.

Sol ji'li' imperiyani'n' jan'a konstituciyasi' qabi'l yetildi. Wog'an muwapi'q imperiyani'n' hu'kimdari' Avstriya imperatori' bolg'an. Imperator Gabsburglar a'wladi' wa'kili yedi. A'wladlar imperiyani' 1867-ji'llar arali'g'i' 1918-ji'lg'a shekem basqarg'an. Imperiya du'zilgen payi'tta imperator Franc Iosif II yedi.

Avstriyada imperator ha'kimiyati' ra'smiy tu'rde Reyxstag, Vengriyada bolsa Seym ta'repinen sheklengen. Demek, Avstriya-Vengriya konstituciyali'q monarxiya yedi.

Imperiya du'zilgennen keyin, to'mendegi 3 uluwma imperiya wa'zirligi du'zildi: 1. Si'rtqi' isler. 2. A'skeriy ha'm ten'iz. 3. Finans. Basqa wa'zirlikler imperiyani'n' ha'r yeki bo'liminde de g'a'rezsiz jumi's ju'rgizgen. Vengriya wo'z parlamentine, atqari'w ha'kimiyati'na, siyasiy ha'm administrativlik avtonomiyasi'na iye

bolg'an. Imperiya xalqi'ni'n' ko'pshiligin boysi'ndi'ri'lg'an slavyan xali'qlari' qurag'an.

### Avstriya-Vengriyani'n' ekonomikali'q rawajlani'wi'

XIX a'sirdin' son'g'i' shereginde Avstriya-Vengriya Evropani'n' rawajlang'an ma'mleketlerine qarag'anda artta qalg'an yedi. Yelde worta a'sir feodalizm qaldi'q-lari'ni'n' saqlang'anli'g'i' aldi'ng'i' Evropa yellerine qarag'anda sanaatti'n' rawajlani'w pa'tinin' to'menlewine ali'p keldi. 1890-ji'llarda qala xalqi' pu'tkil Avstriya-Vengriya xalqi'ni'n' tek 1/3 quradi'. Ha'tteki, imperiyani'n' yen' rawajlang'an bo'limi bolg'an Avstriyada da awi'l xalqi' ko'pshilikti quradi'.

1867-ji'li' du'zilgen Avstriya-Vengriya pitimi Vengriyani'n' ekonomikali'q jaqtan rawajlani'wi' ushi'n tu'rtki boldi'. Vengriya ko'mir bazasi'nda sanaatti'n' metallurgiya tarawi' rawajlandi'. Biraq, Vengriyani'n' tiykarg'i' tarawi' azi'q-awqat sanaati' boli'p qaldi'. 1898-ji'li' Vengriyani'n' islep shi'g'ari'lg'an azi'q-awqat wo'nimleri imperiyada wo'ndirilgen wo'nimnin' yari'mi'n quradi'.

Imperiyani'n' industrial rayonlari' To'mengi Avstriyada ha'm Chexiyada wo'ndiristin' woraylasi'wi' ha'm monopoliyalardi'n' ju'zege keliw procesi tez pa't penen wo'sti.

XX a'sirdin' baslari'na kelip, ssuda kapitali', tiykari'nan, Venadag'i' iri banklerde toplandi'. Yel turmi'si'nda finans oligarxiyasi'ni'n' ta'siri ku'sheyip bardi'.

Sol waqi'tta, imperiya rawajlani'wi'ni'n' ja'ne bir wo'zgesheligi — woni'n' shet yel kapitali'na g'a'rezliligi ku'sheyip bari'wi'n ko'rsetti. Franciya, Belgiya, Germaniya bankleri qari'z beriw, sanaatqa pul wo'tkeriw menen Avstriyani' wo'z kapitallari' menen tolti'ri'p jiberdi.

Avstriya-Vengriya sanaati'ni'n' metallurgiya, mashinasazli'q, elektrotexnika ha'm sol si'yaqli' tarmaqlari' Germaniya firmalari' ta'repinen finansli'q jaqtan ta'miyinlendi. Nemis kapitali'ni'n' toqi'mashi'li'q ha'm mashinsazli'q ka'rxanalari'nda da poziciyasi' joqari' wo'sti. Nemis kapitali' awi'l xojali'g'i'na da kirip keldi. Avstriyani'n' 200000 gektar jeri nemis pomeshiklerine tiyisli yedi.

### Ja'miyetlik ha'reket

Imperiya miynetkeshleri wo'z huquqlari' ushi'n gu'res ali'p barg'an. Sonday-aq, 1869-ji'li' imperiya paytaxti' Vena qalasi'nda jumi'sshi'lardi'n' g'alaba demonstraciyasi' wo'tkerildi. Demonstrantlar demokratiyali'q yerkinlik beriliwin talap yetti.

Hu'kimet bug'an juwap retinde, Avstriya jumi'sshi'lar ha're-

ketinin' basshi'lari'n ma'mleketke qi'yanette ayi'pladi'. Sud wolardi' uzaq mu'ddetke azatli'qtan ayi'rdi'.

Avstriya hu'kimeti de Bismarktan u'lgi ali'p, 1884-ji'li' jumi'sshi'lar ha'reketine qarsi' «ayri'qsha ni'zam» yengizdi. Ni'zam jumi'sshi'lar ha'reketine qarsi' policiya terrori'ni'n' ku'sheyttiriliwine ruqsat berdi. 80-ji'llardi'n' aqi'ri'na kelip, ka'siplik awqamlar tarqati'p jiberildi. Jumi'sshi' gazetalari'n basi'p shi'g'ari'w toqtati'ldi'. Solay bolsa da, jumi'sshi'lar gu'resi dawam yetti. 1889-ji'li' Avstriya social-demokratiyali'q partiyasi' (ASDP) du'zildi.

Partiya bag'darlamasi'nda siyasiy yerkinliklerdi yengiziw, parlamentti uluwma, ten', duri's, jasi'ri'n dawi's beriw joli' menen saylaw haqqi'nda ni'zam qabi'l yetiw, shirkewdi ma'mleketten, mektepti shirkewden aji'rati'w, jumi's ku'nin qi'sqarti'w usag'an talaplar bar yedi.

Jumi'sshi'lar ha'reketi barg'an sayi'n ku'sheygennen son', 1907-ji'li' hu'kimet saylaw sistemasi' reformasi' haqqi'nda ni'zam qabi'l yetti. Wog'an muwapi'q, 24 jasli' yerler saylaw ha'm saylani'w huquqi'na iye boldi'.

**Milliy-azatli'q ha'reketi**

Imperiyada ha'rqanday sharayatta da slavyan xali'qlari'ni'n' koloniyasi'n saqlap qali'wg'a umti'li'wshi' shovinistlik keypiyattag'i' ku'shler de wo'z siyasiy partiyalari'n du'zdi. Bul partiyalardan biri Pangerman partiyasi', yekinshisi Xristian socialistler partiyasi' dep ataldi'.

Ko'pshiligi avstriyali' katoliklerden ibarat bolg'an Xristian socialistler partiyasi' g'ayratkerleri «Ulli' Germaniya» ideyasi'n klasli'q ti'ni'shli'qti' propagandalaw, barli'q ja'miyetlik kelispewshiliklerdi «tati'wli'q ha'm su'yispenshilik ruwxi'nda» sheshiwge shaqi'ri'w ha'm antisemitizmdi propagandalaw menen qosi'p ali'p bardi'. Biraq, u'stem shen'berler slavyan xalqi'ni'n' milliy-azatli'q ha'reketin toqtata almadi'.

Chex qarsi'lasi' Chexiyag'a da siyasiy huquqlar beriliwin talap yetti. Hu'kimet bug'an juwap retinde qadag'alaw sharalari'n ku'sheytip jiberdi. 1868-ji'li' ha'tte Chexiyada qamal jag'dayi' yengizildi. Biraq, bul usi'l chex qarsi'lasi'n «si'ndi'ra» almadi'. Gu'res dawam yetti, na'tiyjede, 1880-ji'lda Chexiyada sud ha'm administrativlik jumi'slar ushi'n yeki til yengizildi. 1882-ji'ldan baslap, Praga universitetinde de woqi'ti'w yeki tilde (nemis ha'm chex) ali'p bari'latug'i'n boldi'.

Galiciyadag'i' ukrain ha'm polyak xalqi' da milliy zuli'm

asti'nda yedi. Avstriya hu'kimeti Galiciyadag'i' u'stem toparlar menen pitim du'zip, aymaqti' basqari'wda wolarg'a basshi'li'q rolin berdi.

XIX a'sirdin' son'g'i' won ji'lli'g'i'nda milliy yeziwshilik tag'i' da ku'sheydi. Zakarpatyedag'i' ukrain xalqi' «vengrlestirildi». Xorvatiya turaqli' a'skeriy yamasa ayri'qsha jag'dayda boldi', xali'q narazi'li'g'i' qadag'alawlar menen ayawsi'z basti'ri'ldi'.

Xorvatiyadag'i' milliy-azatli'q ha'reketine Vengriya hu'kimeti 1912-ji'li' Xorvatiya Seymin tarqati'p jiberiw ha'm konstituciyani' toqtati'p qoyi'w menen juwap berdi.

**Ekonomikali'q krizis**

1912-ji'li' Avstriya-Vengriyada awi'r ekonomikali'q krizis ju'z berdi. Aqi'bette, iri sanaat ha'm sawda ka'rxanalari' jabi'ldi'. Imperiya eksporti'ni'n' keskin kemeyiwi ekonomikali'q krizisti ja'ne de teren'lestirip jiberdi. Miynetkesh xali'q massasi'ni'n' turmi's da'rejesi pa'seydi. Imperiya u'stem qatlamlari' milliy zuli'mli'qti' ja'ne de ku'sheytti. Aqi'betinde, ekonomikali'q ha'm milliy-azatli'q gu'resi keskinlesti.

Imperiyadag'i' awi'r jag'dayg'a qaramay, Vengriya u'stem toparlari' Avstriyani'n' Balkandag'i' basi'p ali'wshi'li'q siyasati'nda aktiv qatnasa basladi'. Ha'tte, armiya qaytadan du'zildi. Bul imperiyani'n' uri'sqa tayarli'q ko'rip ati'rg'anli'g'i'n an'latar yedi.

Yeldi a'skeriylestiriwge, uri'sqa tayarli'q ko'rilip ati'rg'ani'na ha'm milliy zuli'mli'qqa qarsi' Vengriyani'n' tiykarg'i' qalasi' Budapesht qalasi'nda ko'p mi'n' adamli'q demonstraciya wo'tkerildi.

Uluwma narazi'li'q g'alaba is taslawg'a ali'p keldi. Demonstrantlarg'a qarsi' policiya ku'shleri jiberildi. Na'tiyjede, Budapesht barrikadalarg'a toli'p ketti. Ku'shler ten' yemes yedi. Sol sebepli, jumi'sshi'lar demonstraciyani' toqtati'wg'a ma'jbu'r boldi'.

Ja'miyetlik ha'reket ha'm imperiya qurami'ndag'i' slavyan xali'qlari'ni'n' milliy-azatli'q ushi'n gu'resi Avstriya-Vengriya imperiyasi' teren' krizis da'wirine kirgenligin an'latatug'i'n yedi.

Ayi'ri'm siyasatshi' g'ayratkerler *trializm* (u'shlik) talabi' menen shi'qti'. Trializm ideyasi' imperiyani' Avstriya, Vengriya ha'm imperiya qurami'ndag'i' slavyan xali'qlari' jerlerin wo'z ishine ali'wshi', ha'r u'sh ta'repti ten' huquq tiykari'nda birlestiretug'i'n federaciyag'a aylandi'ri'w, degeni yedi. Biraq, federaciyani'n' slavyan bo'limi ku'sheyip ketiwinen qorqqan u'stem toparlar trializm ideyasi'n biykarladi'.

Bul jag'day I ja'ha'n uri'si' qarsan'i'nda imperiya ishki qarama-qarsi'li'qlari'ni'n' keskinliginshe qali'wi'na sebep boldi'.

***Federaciya*** (lat. — awqam) — aymaqli'q jaqtan siyasiy g'a'rezsizlikke iye bolg'an birneshe ma'mleketlerden ibarat birden-bir awqam ma'mleket.

***Ssuda*** — materialli'q bayli'qlar girewi yesabi'nan procent to'lew ha'm qaytari'p beriw sha'rti menen belgili mu'ddetke qari'zg'a beriletug'i'n pul yamasa materialli'q bayli'q.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar***

1. Avstriya-Vengriya ha'm Germaniya imperiyalari'ni'n' siyasiy du'zimin sali'sti'ri'n'.
2. Avstriya-Vengriya ekonomiklai'q rawajlani'wi'nda artta qali'wi'na sebep bolg'an faktorlardi' ayti'p berin'.
3. Ja'miyetlik ha'reket degen ne ha'm wol Avstriya-Vengriyada qalay wo'tti?
4. «Milliy-azatli'q ha'reketi»ne tu'sinik berin'. Avstriya-Vengriyada milliy-azatli'q ha'reketinin' sebepleri nelerden ibarat yedi?

## 23-§. Avstriya-Vengriya imperiyasi'ni'n' si'rtqi' siyasati'

### Germaniya menen jaqi'nlasi'w

Avstriya-Vengriya imperiyasi' si'rtqi' siyasati'ni'n' worayi'nda tiykari'nan Balkan yari'm atawi' jatqan. Soni'n' ushi'n wol Balkanda iyelep alg'an slavyan xali'qlari' jerlerinde bekkem wornasi'p ali'wg'a, Rossiyani'n' Balkan yari'm atawi'ndag'i' ta'sirin keskin kemeytiwge jan-ta'ni menen ha'reket yetken.

Avstriya-Vengriyani'n' jekke wo'zi bul wazi'ypani' wori'nlay almas yedi. Sonli'qtan da, wol Germaniya menen jaqi'nlasti'. Germaniya da bul jaqi'nlasi'wdan ma'pdar yedi. Sebebi, bul da'wirde Germaniya ulli' ma'mleketler wortasi'nda bo'linip bolg'an du'nyani' ja'ne qayta bo'liwge umti'li'p ati'rg'an yedi. Bul maqsettin' iske asi'wi' ushi'n Germaniyag'a, a'bette, awqamlas za'ru'r yedi. Na'tiyjede, 1879-ji'li' bul yeki imperiya wortasi'nda awqam sha'rtnamasi' du'zildi.

### Avstriya-Vengriya ha'm Rossiya mu'na'sibetleri

Bul yeki imperiya, tiykari'nan, Balkan yari'm atawi'ndag'i' jerlerdi go'zledi. Avstriya-Vengriya bul jerde slavyan xali'qlari'n wo'zine boysi'ndi'ri'wg'a, wolardi'n' ma'mleketlerin bolsa koloniyag'a aylandi'ri'wg'a uri'natug'i'n yedi. Sol waqi'tta, Balkanda Turkiya u'lken koloniya aymaqlari'na iye yedi.

Slavyan xali'qlari' wo'z milliy-azatli'g'i' ushi'n turaqli' gu'res ali'p barg'an. Bul gu'reste wolar Rossiyag'a su'yengen. Rossiya

slavyan xali'qlari'ni'n' milliy-azatli'q gu'resin quwatlaw arqali' wo'zide Balkanda bekkem wornalasi'p ali'wg'a umti'lg'an.

Demek, bul u'sh imperiyani'n' ma'pleri Balkanda mudami' soqli'g'i'si'p turg'an.

Avstriya-Vengriyani'n' Balkanda ju'rgizgen siyasati' Rossiya menen qatnaslari'ni'n' jamanlasi'wi'na ali'p kelgen. Bul yeki imperiya wortasi'nda qashan bolsa da uri's boli'wi' ani'q yedi.

1878-ji'li' bolg'an Berlin kongresinde Avstriya-Vengriya Balkandag'i' Bosniya ha'm Gercegovinani' basi'p ali'w huquqi'n qolg'a kirgizdi. Woni'n' maqseti bul aymaqti' basi'p ali'w yedi. Aqi'ri'nda, 1908-ji'li' Avstriya-Vengriya wo'z maqsetin a'melge asi'rdi'. Bul bolsa Avstriya-Vengriya ha'm Rossiya mu'na'sibetlerin keskinlestirip jiberdi.

Bul ha'diyse slavyan xali'qlari' arasi'nda Rossiya abi'rayi'na da zi'yan keltirdi. Sebebi, Rossiya Avstriya-Vengriya basi'p ali'wi'ni'n' aldi'n almadi'. Bug'an Germaniyani'n' Avstriya-Vengriyani' qollap-quwatlawi', woni'n' Rossiyag'a qarsi' uri's ja'riyalawi' mu'mkinligi haqqi'ndag'i' abaylari' sebep boldi'.

### Avstriya-Vengriyani'n' uri'sqa tayarli'q ko'riwi

Turkiya ha'm Italiya ma'plerinin' Arqa Afrikada soqli'g'i'si'wi', Aqi'r-aqi'bette 1911-ji'li' wolar wortasi'nda uri's kelip shi'g'i'wi'na ali'p keldi. Bul uri'sta Turkiyani'n' jen'iliwi woni' ja'ne de a'zziletti. Bul faktor qubla slavyan xali'qlari'ni'n' Turkiya zuli'mi'nan azat boli'wlari' ushi'n ali'p bari'lg'an gu'reslerinin' ja'ne de ku'sheyiwine qolay sharayat jaratti'.

Bul qolay sharayattan paydalang'an Balkanni'n' g'a'rezsiz ma'mleketleri Bolgariya, Serbiya, Chernogoriya ha'm Greciya tez arada Balkan awqami'n du'zdi. Awqam 1912-ji'li' Turkiyag'a qarsi' uri's basladi'. Bul uri's tariyxqa «Birinshi Balkan uri'si'» ati' menen kirgen. Bul uri's Balkan slavyanlari' ha'm greklerdin' Turkiya u'stemliginen azat boli'wi' menen tamamlandi'. Biraq, awqamlaslar Turkiyadan azat yetilgen aymaqlardi' bo'liw ma'selesinde wo'z ara kelispedi. Bug'an Bolgariyani'n' ha'mmeden ko'p u'les ali'wg'a uri'ni'wi' sebep boldi'. Woni'n' dawalari' Avstriya-Vengriya ta'repinen qollap-quwatlandi'. Avstriya-Vengriya usi' jol menen Ulli' Britaniya, Franciya ha'm Rossiya quwatlawi'na su'yengen Balkan awqami'n buzi'p jibermekshi yedi. Sebebi, bul awqam bar boli'wi' Avstriya-Vengriyag'a Balkanda bekkem wornalasi'wi'na mu'mkinshilik bermeytug'i'n yedi.

Avstriya-Vengriya wo'z maqsetlerine yeristti. 1913-ji'li' Bolgariya Serbiya ha'm Greciyag'a hu'jim jasadi'. Solay yetip, yekinshi Balkan uri'si' baslandi'. Bul uri'sta Chernogoriya ha'm Rumi'niya Serbiya ha'm Greciyag'a ja'rdem berdi. Keshegi uluwma dushpan — Turkiya da Bolgariyag'a qarsi' uri'sqa qatnasti'.

Yekinshi Balkan uri'si'nda Bolgariya jen'ildi ha'm qolg'a kirgizgen aymaqlari'ni'n' bir bo'limin jog'altti'.

Uri's na'tiyjesinde Serbiya Balkanni'n' jetekshi ma'mleketine aylandi'. Astriya-Vengriya ha'm Germaniya wo'z aldi'na ku'sheyip barati'rg'an Serbiyani' jenship taslaw ha'm sol arqali' Rossiyani'n' Balkandag'i' ta'sirine zi'yan keltiriw maqsetin qoydi'.

Avstriya-Vengriyani'n' maqsetleri woni' si'rtqi' siyasatta Germaniyag'a birotala g'a'rezli yetip qoydi'.

Avstriya-Vengriya uri'sqa tayarli'q ko're basladi'. Yelde mobilizaciya wo'tkerildi. 1914-ji'li' parlament tarqati'p jiberildi. Usi' qolaysi'z jag'dayda, serb milletshileri ta'repinen 1914-ji'l 28-iyulde Avstriya-Vengriya taxt miyrasxori' Franc-Ferdinandti'n' wo'ltiriliwi Avstriya-Vengriya u'stem qatlamlari'ni'n' uri'sti' baslap jiberiwleri ushi'n ba'ne boldi'. Yelde a'skeriy diktatura wornati'ldi'.

***A'skeriy diktatura*** — a'skerlerdin' sheklenbegen ha'kimiyati'.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar***

1. Avstriya-Vengriya nege Germaniya menen jaqi'nlasi'w siyasati'n ju'rgizdi?
2. Avstriya-Vengriya ha'm Rossiya mu'na'sibetleri qalay wo'tti?
3. Balkan uri'si' haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?

Bolgariya mi'sali'nda keshe awqamlas bolg'an ma'mleketlerdin' bu'gin birden dushpang'a aylani'p qali'wi' mu'mkinligin qalay tu'sindiresiz?

## 24-§. XIX a'sirdin' aqi'ri' — XX a'sirdin' baslari'nda Italiya

**Italiyani'n' siyasiy du'zimi**

Franciyani'n' Prussiya menen uri'sta jen'iliwi Italiyani' toli'q birlestiriwdegi aqi'rgi' tosi'qti' joq yetiwge imkan berdi.

1870-ji'ldi'n' 3-oktyabrinde Franciya a'skeri qorg'awi'nda bolg'an italyan a'skeri ta'repinen iyelengen Rim qalasi' da Italiya korolligi paytaxti'na aylandi'ri'ldi'. Papa ha'kimiyati' Vatikan sarayi' menen sheklep qoyi'ldi'. Bug'an shekem papa Piy IX Rim qalasi'ni'n' Italiyag'a qosi'li'wi'na qarsi'li'q yetken ha'm woni' Franciya armiyasi' qorg'ap turg'an yedi.

Italiya siyasiy du'zimi boyi'nsha konstituciyali'q monarxiya boli'p qaldi'. Konstituciya boyi'nsha yeki palatali' (Senat ha'm deputatlar palatasi') parlament du'zildi. Korol Viktor Emmanuil II ni'zam shi'g'ari'wshi' ha'kimiyatti' parlament penen bo'lip aldi'. Senatorlar korol ta'repinen wo'mirlikke saylanatug'i'n yedi. Atqari'wshi' ha'kimiyat Bas ministr qoli'na toplandi'.

Konstituciyada barli'q puqaralardi'n' ni'zam aldi'nda ten'ligi, u'y-jayg'a qol qati'lmasli'g'i', so'z ha'm baspaso'z yerkinligi, ji'y-nali's wo'tkeriw huquqi' ko'rsetildi. Xristian dininin' katolik ag'i'mi' jalg'i'z din boli'p qaldi'. 1871-ji'li' shirkew ha'm ma'm-leket baylani'slari'n ta'rtipke sali'wshi' ni'zam qabi'l yetildi. Ni'-zam Rim Papasi'n muqaddes ha'm qol qati'lmaydi' dep dag'a-zaladi' ha'm wol jaylasqan ma'mleket-qala—Vatikang'a basqa ma'mleketler menen diplomatiyali'q baylani's wornati'w huquqi' berildi.

### Ekonomikali'q awhal

Italiyani'n' milliy ma'mleket boli'p bir-lestiriliwi yelde kapitalistlik sistemani' tu-raqlasti'ri'w procesin tezlestiriw ushi'n qolay sharayatlar jarati'p berdi. Biraq, Italiya yele agrar ma'mleket boli'p qala berdi.

Jerge, tiykari'nan, iri jer iyelerinin' iyelik yetiwi saqlani'p qal-di'. Buni'n' u'stine, jerden paydalani'wdi'n' artta qalg'an forma-lari' hu'kim su'rdi. Pomeshikler jerinin' ko'pshiligi mayda uchast-kalarg'a bo'linip, ju'da' awi'r sha'rtler menen (wo'nimnin' 3/4 bo'limin to'lew sha'rti u'lken) diyqanlarg'a ijarag'a beriletug'i'n yedi. Sol waqi'tta, ma'mleket aldi'nda u'lken finansli'q mash-qalalar boldi'. Bul Italiyani'n' ishki ha'm si'rtqi' qari'zi' wog'ada ko'beyip ketkenligi aqi'betinde boldi'. Wo'sip barati'rg'an qa're-jetlerdi qaplaw ushi'n hu'kimet ma'mleket zayomlari'n shi'g'a-ri'wg'a, yel ishindegi ha'm de si'rti'ndag'i' kapital iyelerine ja'rdem sorap mu'ra'ja'a't yetiwge ma'jbu'r boldi'.

Aqi'betinde, Italiyani'n' ma'mleketlik qari'zi' tezlik penen ko'beyip bardi'. Sog'an qaramay, kapitalizm barg'an sayi'n bek-kem wornasa basladi'. Hu'kimet da'slep temir jol quri'li'si'n ken'eyttirdi.

Sawda floti'n quri'w ken' ha'wij aldi'. Tez arada Italiya sawda floti' du'nyada u'shinshi wori'ng'a shi'qti'. Hu'kimet Italiyani' Franciya ha'm Shveycariya menen baylani'sti'ratug'i'n yeki tunnel qurdi'. Jan'a sanaat tarawlari' akcionerlik ja'miyetleri tu'rinde ju'zege keldi.

1906-ji'li' du'zilgen «Fiat» aktsionerlik ja'miyeti ximiya, rezina, mashinasazli'q, elektr, avtomobil sanaati' ha'm basqa wo'nimler islep shi'g'ari'wda joqari' wori'ndi' iyelep aldi'.

Birinshi ja'ha'n uri'si'na shekem Italiya agrar ma'mleketliginshe qali'p, jumi'sqa jaramli' xalqi'ni'n' ko'pshiligi awi'l xojali'g'i'nda ba'nt yedi. Solay bolsa da, awi'l xojali'g'i' menen ba'nt bolg'an xali'q sani' ji'ldan-ji'lg'a azayi'p bardi'.

**Ja'miyetlik ha'reket**

Yelde miynetkeshler awhali' wog'ada awi'r yedi. Italiya xalqi' jan basi'na da'ramat bo'listiriw da'rejesi boyi'nsha Bati's Evropada yen' keyingi wori'nda turdi'. Jumi's 12 — 13 saat dawam yetetug'i'n yedi.

Awhal a'sirese, yeldin' qublasi'nda awi'r yedi. Aqi'betinde, Italiyani'n' ko'plegen puqaralari' jumi's izlep shet yellerge ketti.

Italiya xalqi' wo'z jag'daylari'n jaqsi'law ha'm wo'z huquqlari' ushi'n gu'res ali'p bari'wg'a ma'jbu'r boldi'. Bul gu'res aqi'betinde, 1892-ji'lda Italiya socialistlik partiyasi' du'zildi.

Diyqanlardi'n' awhali' da awi'r yedi. Bul awi'r turmi's Ciciliyada diyqanlar qozg'alan'i'na ali'p keldi. 1898-ji'li' Milanda ju'z bergen uluwma is taslaw 5 ku'nlik barrikada uri'slari'na aylani'p ketti. Hu'kimet jumi'sshi'lar ha'reketin armiya ku'shi menen basti'rdi'.

1903 — 1914-ji'llari' (arada belgili u'zilisler menen) Italiya hu'kimetin wo'z da'wirinin' belgili siyasiy g'ayratkeri J.Jolitti basqardi'.

J. Jolitti xali'qti'n' sati'p ali'w quwati'n asi'rmay turi'p, sanaat wo'ndirisin rawajlandi'ri'wg'a bolmaytug'i'ni'n jaqsi' tu'sinetug'i'n yedi. Buni'n' ushi'n bolsa miynetkeshlerge jaqsi' is haqi' to'lew za'ru'r yedi. Bul haqqi'nda wol «Sanaatti'n' rawajlani'w basi'nda is haqi' joqari' bolg'an yeller turadi'», dep ko'rsetken yedi. Woni'n' da'wirinde ka'siplik awqamlar du'ziliwine, is taslaw wo'tkeriwine ruqsat yetiwshi, tu'ngi smenada balalar ha'm hayallar miynetinen paydalanbaw, saylawshi'lardi'n' mu'lik ha'm sawat ashi'w cenzini biykarlaw haqqi'nda ni'zamlar qabi'l yetildi.

Sol waqi'tta, wol ma'mlekettin' yel ekonomikasi'ndag'i' rolin asi'ri'w ta'repdari' yedi. Woni'n' pikirinshe, ma'mleket — miynet

ha'm kapital wortasi'nda to'reshi wazi'ypasi'n wori'nlawi' lazi'm yedi.

**Si'rtqi' siyasat**

Italiya si'rtqi' siyasati'nda «irredentizm» ta'repdarlari'ni'n' ta'siri ku'sheydi. Bul jag'day woni'n' qon'si' ma'mleketler menen qatnasi'qlari'n to'menletti.

Italiya dawa yetip ati'rg'an Arqa Afrika ma'mleketleri aymag'i'n izbe-iz Franciya iyeley basladi'. Bul jag'day Italiyani' Germaniya menen jaqi'nlasti'rdi'. 1882-ji'li' Italiya Germaniya ha'm Avstriya-Vengriya Awqami'na qosi'ldi'.

Awqamshi'larg'a iye bolg'an Italiya tez arada Somalidi ha'm Eritreyani' boysi'ndi'rdi'. 1895-ji'li' Efiopiyani' basi'p ali'w maqsetinde bul ma'mleketke hu'jim qi'ldi'.

Biraq, 1896-ji'ldi'n' 1-avgusti'nda Adua jani'nda Italiya a'skerleri qi'yrati'ldi'. Aqi'betinde, 5 mi'n' italyan a'skeri nabi't boldi'. Bul waqi'ya Italiyada milliy shermendelik si'pati'nda qabi'l yetildi.

Jan'a koloniyalar basi'p ali'w ushi'n qolayli' jag'day jarati'w za'ru'r yedi. Italiya hu'kimeti tap sonday sharayatti' jarata aldi'.

Sonday-aq, Italiya menen Franciya arasi'ndag'i' keskin qatnasi'qlardi' saplasti'ri'wg'a yeristi. 1902-ji'lda bul yeki ma'mleket arasi'nda pitim du'zildi. Pitim boyi'nsha, ta'repler yeki ma'mlekettin' biri basqa ma'mlekettin' hu'jimine ushi'raytug'i'n bolsa, wo'z ara qatan' biyta'replik minnetlemesin aldi'.

1908-ji'li' Italiya Bosniya ha'm Gercegovinani' Avstriya basi'p ali'wi'na qatan' narazi'li'q bildirdi ha'm 1909-ji'li' Rossiya menen Balkan yari'm atawi'ndag'i' wo'z ma'plerin quwatlawshi' pitim du'zdi. Yeki ma'mleket Avstriya-Vengriyani'n' Balkan yellerine basi'p kiriwine qatti' qarsi'li'q ko'rsetiwge kelisip aldi'.

Qolayli' diplomatiyali'q jag'day jarati'lg'an son', Italiya 1911-ji'li' Liviyag'a hu'jim qi'ldi'. Liviya bul da'wirde ra'smiy Turkiya imperiyasi' qurami'nda yedi. Bul jag'day Italiya — Turkiya uri'si'n keltirip shi'g'ardi'. Uri's Italiya jen'isi menen tamamlandi'. 1912-ji'ldan baslap Liviya Italiya koloniyasi'na aylandi'.

***Mu'lik cenzi*** — Saylawda qatnasi'w ushi'n puqarani'n' ma'lim da'rejedegi mu'likke iye boli'wi' (basqa ma'mleketlerde de bolg'an).

***Irredentizm*** — Italiyag'a qon'si'las bolg'an ma'mleketlerde italiyali'lar az mug'darda jasaytug'i'n aymaqlardi' qosi'p ali'wdi' u'git-na'siyatlawshi' milletshilik ha'reketi.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar***

1. Italiyani'n' basqa Bati's Evropa ma'mleketlerine sali'sti'rg'anda ekonomikali'q jaqtan a'zzi, agrar ma'mleket boli'p qali'w sebeplerin ayti'p berin'.
2. Italiyani'n' ekonomikali'q rawajlani'wi'ni'n' wo'zine ta'n wo'zgesheliklerin tu'sindirip berin'.
3. Italiya miynetkeshlerinin' awi'r ta'g'diri haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?
4. J. Jolitti hu'kimeti ishki siyasatta qanday ilajlardi' a'melge asi'rdi'?

## 25-§. XIX a'sirdin' aqi'ri'—XX a'sirdin' baslari'nda Balkan ma'mleketleri

**Balqan xali'qlari'ni'n' Turkiya ta'repinen yeziliwi**

XIX a'sirdin' 70-ji'llari'na kelgende qubla slavyanlardi'n' ko'pshiligi yele shet yel zuli'mi' asti'nda yezilmekte yedi. Tek Chernogoriya ha'm Serbiya jerlerinin' bir bo'legi g'a'rezsiz yedi. Qubla slavyanlar — bolgarlar, makedoniyali'lar, Bosniya ha'm Gercogovina slavyanlari', serbiyali'lardi'n' biraz bo'legi Turkiya u'stemligi asti'nda yedi.

Xorvatlar, slovenler, bati's slavyanlar (chex, slovak, polyaklar) di'n' bir bo'limi Gabsburglar qol asti'nda yedi. Polyaklardi'n' yekinshi bo'limi Germaniya, u'shinshisi bolsa patsha Rossiyasi' zuli'mli'g'i'nan azap shekti. Shet yel zuli'mli'g'i' slavyan xali'qlari'ni'n' siyasiy, ekonomikali'q ha'm ma'deniy rawajlani'wi'na tosqi'nli'q yetetug'i'n yedi.

**Milliy-azatli'q ha'reketi**

XIX a'sirdin' 70-ji'llari'nan baslap slavyan xali'qlari'ni'n' milliy-azatli'q gu'resi ku'sheydi. Ma'rt bolgar revolyucioneri Vasil Levskiy g'a'rezsiz demokratiyali'q Bolgariya Respublikasi'n du'ziw rejesin alg'a su'rdi. Wol Bolgariya aymag'i'nda jasi'ri'n qozg'alan'shi' komitetler du'zdi. 1872-ji'li' V.Levskiydi wo'ltirgen bolsa da, azatli'q ha'reketi toqtamadi'. 1876-ji'li' Bolgariyada ko'terilis baslandi'. Ko'terilisshiler wo'z bayraqlari'na «Azatli'q yaki wo'lim» urani'n jazg'an. Talantli' publicist ha'm shayi'r Xristo Botev azatli'q ha'reketine basshi'li'q yetti. Wol 1876-ji'li' tu'rkler menen bolg'an sawashta qaharmanlarsha qaza tapti'. Wol qazalang'an ku'n Bolgariyada Yeske tu'siriw ku'ni si'pati'nda belgilenedi.

Bolgar xalqi'ni'n' gu'resi ju'da' awi'r keshti. Ku'shler ten' yemes yedi. Tu'rkler azatli'q ha'reketi qatnasi'wshi'lari'n ayawsi'z qi'li'shtan wo'tkerdi ha'm ko'plegen awi'llardi' ku'lge aylandi'rdi'.

Bul jawi'zli'qlar ko'plegen yeller ja'miyetshiligin qatti' g'a'zeplendirdi. Rus hu'kimeti Balkanda wo'z ta'sirin bekkemlew ushi'n ko'terilislerden paydalani'wg'a qarar yetti ha'm Balkan slavyanlari'n jaqlap shi'qti'.

Turkiya Chernogoriya ha'm Serbiyani'n' g'a'rezsizligin ta'n ali'wg'a ma'jbu'r boldi'. Wolardi'n' aymag'i' a'dewir ken'eydi. Rumi'niya g'a'rezsiz ma'mleket dep tani'ldi'.

Rossiya hu'kimeti 1877-ji'l 24-aprelde Turkiyag'a qarsi' uri's ja'riyaladi'. Uri'sta Turkiya jen'ildi. Yeki wortada qol qoyi'lg'an San-Stefano sha'rtnamasi' boyi'nsha, g'a'rezsiz Bolgariya ma'mleketi du'zildi.

### Bolgariyani'n' qayta tikleniwi

Jan'adan ju'zege keltirilgen Bolgariyani'n' ma'mleketlik du'zimin 1878-ji'li' qabi'l yetilgen Bolgariya Konstituciyasi' belgilep berdi. Konstituciyag'a muwapi'q, Bolgariya konstituciyali'q monarxiya dep dag'azalandi'. Konstituciya Bolgariya g'a'rezsizligin is ju'zinde tasti'yi'qladi'.

Biraq, Ulli' Britaniya ha'm Avstriya-Vengriya Balkanda Rossiya poziciyasi'ni'n' bekkemliginen ha'm de qu'diretli Bolgariya ma'mleketi du'zilgenliginen ta'shwishte yedi. Sonli'qtan da, wolar Rossiyani' San-Stefano pitim sha'rtnamasi'n qayta ko'rip shi'g'i'wg'a i'razi'li'q beriwge ma'jbu'r yetti. Berlinde shaqi'ri'lg'an xali'q arali'q kongress mine usi' ma'selege bag'i'shlandi'. Kongress ko'p g'ana ma'seleler menen birge Bolgariya ma'selesin de ko'rip shi'qti' ha'm woni'n' San-Stefano sha'rtnamasi' boyi'nsha iye bolg'an aymaqlari'n qi'sqarti'w haqqi'nda qarar qabi'l yetti.

### G'a'rezsizlikten keyingi ishki siyasiy awhal

Rossiya imperatori' Aleksandr II qa'ynisi ha'm de bir waqi'tti'n' wo'zinde Pruss oficeri bolg'an Aleksandr Battenbergdi Bolgariya ma'mleketinin' basli'g'i' yetip saylawdi' usi'ni's yetti. Bolgariya Ulli' xali'q ma'jilisi bul usi'ni'sti' maqulladi'.

Biraq, jan'a hu'kimdar Rossiyadan g'a'rezsiz siyasat ju'rgiziwge uri'ndi'. Buni'n' ushi'n wog'an su'yenetug'i'n ma'mleketler de kerek yedi. Soni'n' ushi'n da, A. Battenberg Bati's ma'mleketleri menen jaqi'nlasi'w siyasati'n ju'rgize basladi'. Woni'n' negizgi niyeti — Bolgariya armiyasi'nda xi'zmet yetip ati'rg'an rus oficerlerin nemis oficerleri menen almasti'ri'wda ani'q ko'rindi.

Yendi, Rossiya hu'kimeti wog'an Rossiyani'n' dushpani' si'pati'nda qaray basladi'.

Yelde wo'z poziciyasi'n bekkemlewge umti'lg'an Aleksandr Battenberg qubla ha'm arqa Bolgariyani'n' jan'adan birden-bir ma'mleketke birleskenligin ja'riyaladi'. Bul jag'daydi' Balkandag'i' basqa slavyan ma'mleketleri wo'z ma'plerine qarsi' ha'reket, dep bahaladi'.

Rossiya wolardi'n' da ma'plerin yesapqa ali'wi' kerek yedi. Soni'n' ushi'n da, Aleksandr II hu'kimeti narazi'li'q belgisi si'pati'nda Bolgariyadan wo'z oficerlerin shaqi'ri'p aldi'. Sonday sharayatta Rossiya ta'repdarlari' bolg'an joqari' da'rejeli oficerlerdin' bir topari' 1886-ji'li' Aleksandr Battenbergti taxttan bas tarti'wi'na ma'jbu'r yetti. Biraq, hu'kimet ku'shleri bul oficerlerdi qamaqqa aldi'. Na'tiyjede, Rossiya ha'm Bolgariya wortasi'ndag'i' diplomatiyali'q qatnaslar u'zildi. Buni'n' u'stine, Bolgariya taxti'na Avstriya-Vengriya kandidaturasi' Ferdinand Kaburg wo'ti'rg'i'zi'ldi'. Rossiya — Bolgariya diplomatiyali'q qatnasi'qlari' 1896-ji'l g'ana tiklendi.

1908-ji'li' Avstriya-Vengriya quwatlawi'na su'yengen Bolgariya wo'zin Turkiyadan toli'q g'a'rezsiz ma'mleket dep ja'riyaladi'.

Yekinshi Balkan uri'si'nda Bolgariyani'n' jen'iliske ushi'rawi' woni'n' keyingi si'rtqi' siyasati'ni'n' bag'dari'n belgilep berdi. 1913-ji'li' ha'kimiyat basi'na germanshi'l hu'kimet keldi. Bul hu'kimet si'rtqi' siyasatta Bolgariyani'n' milliy ma'plerin «U'shlik awqami'» (Germaniya, Avstriya-Vengriya ha'm Italiya) ja'rdeminde qorg'awdi' ma'lim yetti. Bul bayanat, Evropada bolajaq u'lken uri'sta Bolgariya, «U'shlik awqam»i' ta'repinde turi'wi'n an'latatug'i'n yedi.

**Serbiyani'n' g'a'rezsizlikke yerisiwi**

XIX a'sirdin' aqi'ri'nda Serbiya Turkiyag'a ati'na g'ana g'a'rezli yedi. Serbiya si'rtqi' siyasati'ni'n' tiykarg'i' maqseti — Turkiya qol asti'nda qalg'an serb jerlerin toli'q qaytari'p ali'w ha'm wolardi' birden-bir Serbiya ma'mleketine birlestiriwden ibarat yedi. Soni'n' ushi'n da, Serbiya Rossiyani'n' Turkiyag'a qarsi' uri'slari'nda aktiv qatnasqan.

Berlin kongresi Serbiyani'n' Turkiyadan g'a'rezsiz yekenligin tasti'yi'qladi'. Usi' payi'tta, Serbiyag'a shet yel tovarlari'nan tranzit baji' almaw minneti ha'm wog'an Turkiyadan ali'p berilgen jan'a

aymaqlarg'a sa'ykes mug'darda Turkiyani'n' shet yel ma'mleketleri aldi'ndag'i' qari'zi'n to'lew minnetlemesi ju'klendi.

Serbiyada Rossiya ta'repdarlari' bolg'an ku'shler u'lken ta'sirge iye bolg'an. Na'tiyjede, usi' faktorlar bir waqi'tlari' Avstriya-Vengriya ha'm Rossiya ma'plerinin' qatti' soqli'g'i'si'wi'n keltirip shi'g'ari'wi' so'zsiz yedi.

**Albaniyani'n' g'a'rezsizlikke yerisiwi**

Balkanni'n' basqa xali'qlari' qatari', Turkiya koloniyasi' bolg'an Albaniya da wo'z g'a'rezsizligi ushi'n gu'resin ku'sheytti. Albaniyadag'i' barli'q siyasiy ku'shler Albaniyani' bo'lisip ali'w rejelerin du'zip ati'rg'an shet yel ma'mleketleri siyasati'na qarsi' shi'qti'. Bolgariyada shi'g'i'p ati'rg'an «Kalendari' kombiar» («Milliy kalendar») jurnali' 1902-ji'li' bi'lay dep jazg'an: «Biz uyqi'da jati'rmi'z, bul waqi'tta bolsa bizin' u'stimizde sawdalaspaqta». 1909 — 1911-ji'llari' Albaniyada qozg'alan' ko'teriledi. Bunda xali'qti'n' barli'q qatlamlari' qatnasti'.

Birinshi Balkan uri'si'nda Turkiyani'n' jen'ilisi na'tiyjesinde, 1912-ji'l 28-noyabrde Albaniya g'a'rezsizlikke yeristi. Tu'rklerdin' derlik bes a'sirge shamalas dawam yetken u'stemligine shek qoyi'ldi'.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar***

1. Aldi'ng'i' klaslarda alg'an bilimlerin'izge su'yenip, Balkanni'n' qalay yetip Turkiya koloniyasi'na aylang'anli'g'i' haqqi'nda ayti'p berin'.
2. XIX a'sirdin' son'g'i' shereginde Balkandag'i' siyasiy awhal qanday yedi?
3. 1877—1878-ji'llardag'i' Rossiya — Turkiya uri'si' Balkan xali'qlari'ni'n' ta'g'dirinde qanday rol woynadi'?
4. Bes a'sirge jaqi'n Turkiya zuli'mli'g'i' asti'nda qali'p kelgen slavyan xali'qlari' nege XIX a'sirdin' aqi'ri' ha'm XX a'sirdin' baslari'nda azatli'qqa yeristi.

**Tema u'stinde wo'z betinshe islew:**

| T/s | Ma'mlekettin' ati' | Basi'p wo'tken joli' |
|---|---|---|
| 1 | | |
| 2 | | |

# III BO'LIM

# AZIYA HA'M AFRIKA MA'MLEKETLERI

## V bap

## XIX A'SIR AQI'RI' — XX A'SIR BASLARI'NDA AZIYA MA'MLEKETLERI

### 26-§. XIX a'sirdin' aqi'ri' ha'm XX a'sirdin' baslari'nda Yaponiya

#### Tu'p wo'zgerisler joli'nda

1867—1868-ji'llari' Yaponiyada ju'z bergen Meydzi revolyuciyasi' Yaponiyada bazar qatnasi'qlari'na tiykarlang'an ja'miyet quri'li'si'na ken' jol ashti'. Yendigi tiykarg'i' wazi'ypa — yapon xalqi'ni'n' milliy da'stu'rlerin saqlang'an halda ja'miyetti Bati's modelinde qayta quri'w yedi. Imperator Mutsixito wo'ndiris ku'shlerinin' rawajlani'wi'na tosqi'nli'q yetiwshi ni'zam ha'm ta'rtiplerdi biykarladi'. Yaponiya du'nyani'n' barli'q ma'mleketleri ushi'n ashi'p qoyi'ldi'. Ma'mleketti modernizaciyalaw baslandi'. Da'slep, birden-bir pul birligi yengizildi.

Ayi'ri'm ha'kimlikler shegarasi'ndag'i' baji'xanalar ha'm basqa tosi'qlar ali'p taslandi'. Bul ilaj ma'mleket ko'leminde sawda-ekonomikali'q baylani'slarg'a ken' jol ashti'. Jollarda diyqanlardi'n' qalag'a qashi'p ketiwine qarsi', wolardi' tuti'p worni'na qaytari'w ushi'n qoyi'lg'an saqshi'li'q wori'nlari' saplasti'ri'ldi'. Sebebi, sanaat awi'ldan jumi'sshi' ku'shi «ag'i'li'p» keliwinen ma'pdar yedi. Bul ilajlar Yaponiyada ishki bazardi'n', sanaat tarawlari'ni'n' rawajlani'wi'na xi'zmet yetti. 1869-ji'li' xali'qti'n' barli'q qatlamlari' — feodalli'q jer iyesi, samuray, diyqan, wo'nerment, sawdagerler ra'smiy ten' huquqli' dep ja'riyalandi'. Pu'tkil ma'mleket ko'leminde woraylasqan hu'kimet basqari'wi' ju'zege keldi. Uluwma a'skeriy xi'zmet haqqi'nda ni'zam qabi'llandi'.

1871—1878-ji'llari' awi'l xojali'g'i' tarawi'nda reformalar wo'tkerilip, jerdi yerkin aldi'-satti' yetiwge, qa'legen tu'rdegi yeginlerdi yegiwge ruqsat berildi. Zu'ra'a'tten u'les ko'rinisindegi

sali'q pul sali'g'i' menen almasti'ri'ldi'. Jerdin' mayda bo'leklerge bo'linip ketiwine qarsi' ni'zam shi'g'ari'ldi'.

**Sanaatti' rawajlandi'ri'wda ma'mlekettin' roli**

Jag'day qanshelli awi'r bolmasi'n, Yaponiyada bazar qatnasi'qlari' tez rawajlana basladi'. Shi'g'i'sta birinshi boli'p Yaponiya Evropa ta'jiriybelerinen paydalandi', Evropada uzaq waqi't dawami'nda ju'zege keltirilgen aldi'ng'i' sanaat texnikasi'n Yaponiya tayar halda sati'p ala basladi'. Ma'mleket sanaatti' rawajlandi'ri'w isine qa'wenderlik yetti.

Birinshi gezekte Yaponiyada toqi'mashi'li'q sanaati' tez rawajlandi'. 1890-ji'li' wol barli'q sanaat tarawlari'ni'n' 45 %in quradi'. Sherek a'sir dawami'nda 1300 sanaat ka'rxanasi' quri'ldi'. Wolar da'slep bay sanaatshi'larg'a ijarag'a berildi. Al, keyinirek bolsa sanaat ka'rxanalari' wo'z bahasi'ni'n' yari'mi'na, ha'tte 10 — 15 % ke jeke menshikke aylandi'ri'p sati'latug'i'n boldi'. Na'tiyjede, bank kapitali' menen sanaat kapitali' qosi'li'p bardi'. Yaponiyada sanaat wo'ndirisi Rossiyadan won yese tez rawajlandi'.

**Yaponiya rawajlani'wi'ni'n' wo'zgeshelikleri**

Yaponiyada monopolistlik kapitalizm feodal-monarxiya qaldi'qlari' menen baylani'si'p ketdi. Bul jag'i'nan Yaponiya Rossiyag'a uqsap keter yedi. Ulli' Britaniya, Franciya, AQSHtan wo'zgesheligi, Yaponiyada ha'kimiyat burjuaziya qoli'nda bolmay, al pomeshik-burjuaziya bloki qoli'nda yedi.

Yaponiya armiya ha'm flotti' da qayta qura basladi'. Yaponiya hu'kimeti awi'r industriyani' rawajlandi'ri'wg'a ayri'qsha itibar berdi. Na'tiyjede, 1900—1913-ji'llari' sanaat wo'ndiris ko'lemi boyi'nsha Italiyadan wozi'p, Franciyag'a jaqi'nlasti'. Yelde sanaat, sawda ha'm bankler woraylasi'p, monopoliyalar ju'zege keldi.

**Socialli'q turmi's**

Yaponiyada kapitalizmnin' rawajlani'wi' diyqanlardi'n' jerden aji'rali'wi' menen birgelikte wo'tti. Agrar reformasi' boyi'nsha, jer alg'an diyqanlardi'n' tek 1/3 bo'limi g'ana alg'an jerlerdi saqlap qaldi'. Ba'sekige shi'dam bere almag'anlar ijarag'a jer ali'p xojali'q ju'rgiziwge ma'jbu'r boldi'. Qalg'anlari' bolsa qalag'a ketip, jallanba jumi'sshi'larg'a aylandi'. Sanaat iyeleri jan'asha, aldi'ng'i' wo'ndiristi ken' jolg'a qoyi'p, yeldi jan'a rawajlani'w basqi'shi'na ali'p shi'g'a basladi'. Sanaat ka'rxanalari'ni'n' sani' ji'ldan-ji'lg'a ko'beydi.

Biraq, usi' sanaat ka'rxanalari'nda islep ati'rg'an jumi'sshi'lardi'n' ekonomikali'q jag'dayi' awi'r yedi. Sebebi, is haqi' to'men

yedi. Ka’rxanada texnika qa’wipsizligine juwapkershilik joq yedi. Buni’n’ u’stine yapon jumi’sshi’lari’ ha’m miynetkeshleri siyasiy yamasa socialli’q huquqlari’nan paydalana almaytug’i’n yedi. Yaponiya jumi’sshi’lar klasi’ ka’siplik sho’lkemlerge birlese basladi’. Yaponiya ja’miyetinin’ aldi’ng’i’ qatlami’ parlament wornati’w ushi’n gu’resti.

### 1889-ji’l konstituciyasi’

Ekonomikali’q reformalar burjuaziyani’n’ wo’siwine ha’m siyasiy jaqtan ku’sheyiwine sebep boldi’. Burjuaziya ma’mleketke basshi’li’qti’ wo’z qoli’na ali’wdi’ talap yete basladi’.

Sonday sharayatta hu’kimet kelisimge keliwge qarar yetti. Aqi’ri’nda, 1889-ji’li’ Prussiya konstituciyasi’ u’lgisi tiykari’nda du’zilgen konstituciya qabi’l yetildi. Yelde yeki palatali’ (joqari’ (perler) ha’m to’mengi (wa’killer)) parlament yengizildi.

Konstituciya imperatordi’n’ barli’q huquqlari’n tek saqlap qalmay, al wog’an ja’ne de ken’ huquqlar berdi. Mi’sali’, wol parlamentti shaqi’ri’w, ashi’w, tarqati’p jiberiw, ni’zamlar worni’na joqari’ pa’rmanlar shi’g’ari’w, armiyani’n’ Joqari’ Bas komandiri boli’w, uri’s ja’riyalaw, pitim du’ziw si’yaqli’ huquqlardi’ wo’zinde saqlap qaldi’. Konstituciya boyi’nsha, Ministrler Ken’esi tek imperatorg’a yesap beretug’i’n yedi.

Parlamenttin’ barli’q qararlari’ imperator qabi’llawi’ndag’i’ Jasi’ri’n Ken’esten wo’tiwi za’ru’r yedi. Saylaw huquqi’ malmu’lik cenzi menen sheklendi. Saylaw jasi’ 25 jas dep belgilendi. Sog’an qaramay, Yaponiyadag’i’ kibi worta a’sir da’stu’rlerine bay yelde konstituciya qabi’l yetiliwinin’ wo’zi u’lken waqi’ya yedi.

### Si’rtqi’ siyasat

Xali’qti’n’ ka’mbag’alli’g’i’ sanaat wo’nimlerinin’ sati’p ali’ni’wi’n qi’yi’nlasti’rdi’. Bul waqi’ya Yapon u’stem shen’berlerin qon’si’ ma’mleketler aymaqlari’n basi’p ali’wg’a iytermelegen. Bul maqsetti ju’zege shi’g’ari’w ushi’n Yaponiya ku’shli qurallandi’. Yaponiyani’n’ basi’p ali’wshi’li’q maqsetleri Koreya, Qi’tay, Ti’ni’sh okeani’ basseynine qarati’ldi’. Tez arada Yaponiya basqi’nshi’li’q uri’slari’n baslap jiberdi. 1879-ji’li’ Yaponiya Qi’taydi’n’ narazi’li’g’i’na qaramastan, Ryukyu atawi’n basi’p aldi’. 1875-ji’li’ Qubla Saxalin yesabi’nan Kuril atawlari’n Rossiyadan bo’lip, wo’zine qosi’p aldi’. 1876-ji’li’ yaponlar ushi’n Koreya ashi’q yel dep ja’riyalandi’. Yapon tovarlari’ baji’si’z sati’latug’i’n boldi’. Usi’ jol menen Koreya Qi’tay ta’sirinen aji’rati’p ali’ndi’. Maqset Koreyani’ annekciya yetiw yedi.

**1894—1895-ji'llardag'i' Yaponiya — Qi'tay uri'si'**

1894-ji'l Yaponiya Seulde saray awdari'spag'i'n wo'tkerip, yaponshi'l hu'kimet du'zdi ha'm paytaxt garnizoni'n quralsi'zlandi'rdi'. Bul Yapon — Qi'tay uri'si'ni'n' baslani'wi'na ali'p keldi. Qi'tay a'skeriy floti'ni'n' transport kemeleri sho'ktirildi. Sol payi'tta, yapon a'skerleri uri's dag'azalamastan Koreyada turg'an Qi'tay a'skeriy bo'limlerine hu'jim jasadi'. 1894-ji'li' Qi'tay a'skerleri Pxenyan jani'nda sa'tsizlikke ushi'radi'. Bul jag'day Yaponiyani'n' Uzaq Shi'g'i'sta u'stinlikke iye boli'wi'na jol ashti'. Yaponiyani'n' zamanago'y qurallar menen ta'miyinlengen a'skeriy ku'shleri ha'm qurg'aqli'qtan, ha'm ten'izden hu'jim sho'lkemlestirip, Qi'tay a'skerlerin qi'yratti'. 1895-ji'li' bul yeki ma'mleket wortasi'nda Simonoseki pitimi du'zildi. Qi'tay Koreyani'n' g'a'rezsizligin ta'n aldi'. *Lyaodun, Tayvan, Penxu* (Peskador) atawlari'n Yaponiyag'a berdi. Sonday-aq, Yaponiyag'a ko'p mug'darda sali'q to'lewge ma'jbu'r boldi'.

Sha'rtnama boyi'nsha, Yaponiya wo'z sawdasi' ushi'n Qi'tay aymag'i'nda sanaat ka'rxanalari'n quri'w ha'm wolardan paydalani'w huquqi'n aldi'. Yendi woni'n' maqseti Uzaq Shi'g'i'stag'i' tiykarg'i' qarsi'lasi' Rossiyani' jen'iw yedi.

1895-ji'li' soni'n' ushi'n 10 ji'lli'q quralladi'w bag'darlamasi'n qabi'l yetti. Rossiya menen uri's bolg'an jag'dayda, ulli' ma'mleketlerdin' biyta'rep boli'wi'n ta'miyinleytug'i'n sha'rtnamalar du'ziwge yeristi. Solay yetip, so'zsiz bolatug'i'n uri'sta Rossiya jekkelenip qaldi'. 1904-ji'li' ju'z bergen Rossiya — Yaponiya uri'si'nda yerisilgen jen'is Yaponiyani'n' qa'diretin ja'ne de artti'rdi'.

1910-ji'li' Yaponiya Koreya yari'm atawi'n a'skeriy ku'sh benen wo'zine qosi'p aldi'. Koreyada Yapon general-gubernatori' sheklenbegen ha'kimiyatqa iye boldi'. Koloniyashi' hu'kimetti qollap turi'w maqsetinde Yaponiya u'lken a'skeriy ku'shlerdi Koreyag'a jaylasti'rdi'.

Yaponiya yendi barli'q itibardi' Qi'tayg'a qaratti'. Evropa ma'mleketleri ha'm AQSHti'n' Qi'tay bayli'qlari'nan paydalani'wi' Yaponiyani' da Qi'tay mu'liklerinen paydalani'wg'a iytermeler yedi. Woni'n' bul ha'reketi AQSH ha'm Ulli' Britaniya menen qatnaslari'ni'n' jamanlasi'wi'na ali'p keldi. Yaponiya Uzaq Shi'g'i'sta, qa'wipli qarsi'lasqa aylandi'. Solay yetip, Yaponiya da jan'a uri's maydani'na barg'an sayi'n kirip bara berdi.

***Anneksiya*** (lati'nsha — birlestiriw) — bir ma'mleket aymag'i'n zorli'q joli' menen pu'tkilley yamasa bir bo'limin wo'z ma'mleketine qosi'p ali'w.
***Sali'q (tovon)*** — (farsi'sha) — uri'sta jen'iliske ushi'rag'an ma'mleketten jen'ip shi'qqan ma'mleket paydasi'na ma'jbu'riy wo'ndiriletug'i'n sali'q.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar***

1. Meydzi reformasi'ni'n' a'hmiyetin revolyuciyag'a ten' yekenligin da'liller menen tiykarlap berin'.
2. Yaponiyani'n' rawajlani'wi'ni'n' wo'zine ta'n wo'zgeshelikleri menen Rossiya rawajlani'wi'ni'n' wo'zine ta'n wo'zgesheliklerin sali'sti'ri'n'.
3. Yaponiya ekonomikasi'na ma'mleket aralasi'wi' qay bag'darda a'melge asi'ri'ldi'?
4. 1889-ji'lg'i' Yaponiya Konstituciyasi' 1875-ji'lg'i' Franciya konstituciyasi'nan qanday ta'repleri menen pari'qlanadi'?
5. Yaponiya agressiv si'rtqi' siyasat ju'rgizbewi mu'mkin be yedi?

Ne ushi'n bazar ekonomikasi'na wo'tiw da'wirinde ma'mlekettin' ekonomikag'a aralasi'wi' za'ru'r boli'p qaldi'?

Bu'gingi Yaponiya ha'm O'zbekistan baylani'slari' haqqi'nda mag'luwmat toplan'.

## 27-§. XIX a'sirdin' aqi'ri'nda Qi'tay

**Qi'taydi'n' yari'm koloniyag'a aylandi'ri'li'wi'**

XIX a'sirdin' aqi'ri'nda Qi'tay artta qalg'an, yari'm feodal ma'mleket yedi. Jerdin' tiykarg'i' bo'limi feodal baylardi'n' qoli'nda yedi. Ko'pshilik diyqanlar jer iyelerinen jerdi ijarag'a alatug'i'n, ijara haqi'ni' pul menen yaki zu'ra'a't yesabi'nan to'leytug'i'n yedi. Jeri bar diyqanlar ju'da' az yedi.

Diyqanlar qalag'a jumi's izlep keletug'i'n yedi. Biraq, ha'rdayi'm da jumi's tabi'latug'i'n yedi. Sebebi, Qi'tay sanaati' ju'da' a'sten rawajlani'p ati'rg'an yedi.

XIX a'sirdin' son'g'i' shereginen baslap yelde kapitalistlik qatnaslar da rawajlana basladi'. Da'slepki temir jollar quri'ldi'. Ekonomikali'q baylani'slar ken'eydi. Iri qalalar payda boldi'. Jumi'sshi'lar sani' ko'beydi. Sanaat payda boli'wi' menen milliy

burjuaziya da qa'liplese basladi'. Biraq, milliy burjuaziyani'n' ko'pshiligi kompradorlardan ibarat yedi. Wolar a'melde si'rt yel firmalari'ni'n' jallang'an wa'killeri yedi. Wolar si'rttan keltirilgen tovarlardi' sati'w ha'm arzan shiyki zat sati'p ali'w yesabi'nan bayi'ytug'i'n yedi.

Pulg'a mu'ta'j bolg'an Sin dinastiyasi' si'rt ma'mleketleri menen awi'r sha'rtler tiykari'nda sha'rtnamalar du'zip ha'm milliy ma'pke qi'lapli'q tu'rde wolarg'a kelisim berdi. 70-ji'llarda-aq si'rt yellikler Qi'taydi'n' 26 porti'na yerkin kirdi ha'm xojayi'nlarday is ju'rgizdi. Temir jollar quri'li'si', ko'mir shaxtalari', ka'nlerdin' u'lken bo'limi de wolardi'n' i'qti'yari'nda boli'p, Qi'tay shet ma'mleketlerinin' shiyki zat bazasi'na aylani'p qaldi'. Si'rt yellikler u'lken qalalarda wo'z ma'kanlari'n du'zip, Qi'tay administratorlari'n mensinbesten wo'zinshe is ju'rgizetug'i'n yedi.

Qi'taydi'n' Yaponiya menen 1894 — 1895-ji'llardag'i' uri'sta jen'iliwi si'rt yel monopolistlerinin' Qi'taydi' ja'ne de ko'birek talawlari', yeziwlerine sebep boldi'. 1897—1898-ji'llari' Germaniya Szyaochjouvan (Sindao) porti'n basi'p aldi' ha'm Shandun wa'layati'n wo'z qol asti'na aldi'. Franciya Guamchjuvan qolti'g'i'n iyeledi ha'm Yunan wa'layati'nda u'stemlik ta'sirin wo'tkerdi. Rossiya Port-Arturdi' (Lyushun), Ulli' Britaniya Veyxayvey porti'n ijarag'a aldi'. Yen' bay aymaq — Yanczi da'ryasi' basseyni Ulli' Britaniyani'n' qol asti'na wo'tti. Futsziyan wa'layati'nda yapon basqi'nshi'lari' u'stemlik yetip aldi'. Qi'taydag'i' ha'rqanday wo'zgerisler ulli' ma'mleketler ta'repinen qadag'alani'p bari'ldi'. Solay yetip, Qi'tay yari'm koloniyag'a aylandi'.

**Sanaat rawajlani'wi' ha'm shet yel u'stemligi**

XIX a'sirdin' aqi'ri'nda Qi'tayda da'slepki sanaat ka'rxanalari' payda bola basladi'. 1881-ji'li' Arqa Qi'tayda birinshi temir jol iske tu'sirildi. 1897-ji'li' bul jerde 600 ge jaqi'n shet yel firmalari' bar yedi. Biraq, sanaat ka'rxanalari'ni'n' wo'siwi ha'm ko'beyiwi a'stelik penen ju'rdi.

Import eksporttan a'dewir ko'p yedi. Qi'tay menen Ulli' Britaniya arasi'nda 1876-ji'l du'zilgen konvenciya Qi'taydi' ja'ne de qi'yi'n awhalg'a saldi'. Konvenciya Ulli' Britaniyag'a Qi'taydi'n' 10 nan aslam porti'na yerkin kiriw, ayi'ri'm wa'layatlarda jen'illikli sawda yetiw huquqi'n berdi.

1884-ji'li' Franciyani'n' Vetnamdi' basi'p ali'wi' sebepli Franciya — Qi'tay qatnasi'qlari' buzi'ldi'. Usi' ji'li' Qi'tay Woray-li'q Vetnam u'stinen ra'smiy u'stemliginen bas tartti' ha'm wol

jerde Franciya protektorati'n ta'n aldi'. Qi'tay hu'kimeti Franciya menen asi'g'i's pitim du'zdi ha'm Franciyag'a bir qatar ma'selelerde kelisim berdi.

### Ja'miyetlik ha'reket

Qi'tay yendi g'ana sanaatlasi'w joli'na qa'dem qoyg'anda shet ma'mleketler ta'repinen talan-taraj yetiliwi xali'qti'n' awhali'na awi'r ta'sir ko'rsetti. Qi'taydi' tuwri' rawajlani'w joli'na ali'p shi'g'i'w haqqi'nda tu'rli ideyalar qa'liplesti. Bul reformalawshi' ha'reket dep ataldi'. Bul da'wir ja'miyetlik ha'reketinde Sun Yat Sennin' worni' ayri'qsha a'hmiyetke iye boldi'. Wol Qi'taydi' revolyuciya joli'na baslag'an jolbaslawshi' yedi. Sun Yat Sennin' «Qi'tay woyani'w ja'miyeti» atli' sho'lkemi manjurlardi'n' Sin dinastiyasi'n awdari'p taslap, Qi'tayda demokratiyali'q milliy ma'mleket du'ziw ushi'n gu'restti.

Qi'tayda bul da'wirdegi ja'miyetlik ha'rekette «Ixetuan» — «Ti'ni'shli'q ha'm a'dillik ushi'n ko'terilgen mush» dep atalg'an jasi'ri'n sho'lkem de u'lken rol woynadi'. «Ixetuan»lar «Manjur sinlerin aydap shi'g'arami'z, shet yelliklerdi saplasti'rami'z» urani' asti'nda is tutatug'i'n yedi.

1899-ji'li' «Ixetuan» ha'reketi qozg'alan' tu'sin aldi'. Ixetuanlar Yaponiyag'a sali'q to'lewdi toqtati'w, Tayvandi' Qi'tayg'a birlestiriw usag'an talaplardi' qoydi'. Sin hu'kimeti qozg'alan'nan qorqi'p qaldi'. Sebebi, Ixetuanlar paytaxt ha'm wa'layatlardi'n' derlik yari'mi'n qolda uslap turg'an yedi. 1900-ji'li' hu'kimet qozg'alan'shi'larg'a qarsi' jibergen a'skerler jen'ildi.

Qozg'alan'shi'lardi'n' jaqsi' sho'lkemlesken otryadlari' Pekinge ju'ris basladi' ha'm bul jerde wo'z ha'kimiyati'n wornatti'.

### Qi'tayg'a qarsi' intervenciya

Bul waqi'ya Pekinge shet yellikler intervenciyasi' baslani'wi'na ba'ne boldi'. Intervensiyada segiz ma'mleket — Germaniya, Yaponiya, Italiya, Ulli' Britaniya, AQSH, Franciya, Rossiya ha'm Avstriya-Vengriya qatnasti'. Wolardi'n' ha'rbiri Qi'tayda u'lkenirek u'leske iye boli'w maqsetin go'zleytug'i'n yedi.

1899-ji'li' sentyabrde AQSH ma'mleket xatkeri Xeydin' «ashi'q yesikler ha'm ten' imkaniyatlar» siyasati' dag'azalandi' ha'm «Xey» doktrinasi' dep ataldi'.

1900-ji'l iyul ayi'nda shet yel interventleri jalpi' hu'jimge wo'tti ha'm Pekindi iyeledi. Shet yellikler qalani' ha'm imperator sarayi'n qi'yratti'. Segiz ma'mleket Qi'taydi' qulshi'li'qqa tu'siretug'i'n sha'rtnamag'a qol qoyi'wg'a ma'jbu'r yetti. Sha'rtnamada

qozg'alan'da qatnasqan belgili adamlardi' wo'ltiriw yamasa su'rginge jiberiw talap yetildi. Sonday-aq, Pekin menen ten'iz boyi' wortasi'ndag'i' jollardi' qorg'aw ushi'n shet ma'mleketlerge Qi'tayda wo'z a'skerlerin saqlawg'a ruqsat berildi. Bunnan ti'sqari', Qi'tay shet yel interventlerine 33 mln. dollar sali'q to'lewge ma'jbu'r yetildi. Qi'tayg'a qural-jaraq kirgiziw qadag'an yetildi. Shet yelliklerdin' Qi'taydag'i' jen'illikleri ko'beydi. Na'tiyjede, Qi'tay ja'ne de qorg'awsi'z boli'p qaldi'.

Sol payi'tta Ixetuan qozg'alan'i' kolonizatorlardi' abayli'li'q penen ha'reket yetiwge ma'jbu'r yetti.

***Intervenciya*** — (lati'nsha — aralasi'w) wo'zge ma'mleket aymag'i'n basi'p ali'w, wo'z u'stemligin wornati'w maqsetinde usi' ma'mleket ishki islerine zorli'q penen aralasi'w.
***Komprador*** —(ispansha — sawda yetiwshi) — ekonomikali'q qalaq ha'm g'a'rezli ma'mleketler burjuaziyasi'ni'n' shet yel kapitali' menen ishki bazar wortasi'ndag'i' da'ldalshi'li'q yetiwshi bo'legi.
***Konvenciya*** — (lati'nsha, sha'rtnama) — ha'r ta'repleme xali'q arali'q sha'rtnama tu'rlerinen biri.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar***

1. Qi'tay ha'm Yaponiyani'n' rawajlani'wi'ni'n' uqsas ha'm wo'zine ta'n ayi'rmashi'li'qlari'n sali'sti'ri'n'.
2. Qi'tay qalay yetip yari'm koloniyag'a aylani'p qaldi'?
3. 1876-ji'lg'i' Qi'tay — Ulli' Britaniya konvenciyasi' Qi'tay ushi'n qanday aqi'betlerdi ali'p keldi?
4. Ixetuanlar qozg'alan'i' ha'm woni'n' aqi'betleri haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?
5. «Xey» doktrinasi' qanday maqsetlerdi go'zlegen yedi?

## 28-§. XX a'sirdin' baslari'nda Qi'taydi'n' social-ekonomikali'q ha'm siyasiy awhali'

**Social-ekonomikali'q awhali'**

XX a'sirdin' baslari'nda Qi'tayda socialli'q qarama-qarsi'li'qlar ku'sheyip ketti. Manjurlardi'n' Sin dinastiyasi'ni'n' u's-temligi kriziske ushi'radi'. Asi'g'i's ko'rilgen reforma ilajlari' ja'-miyettin' awhali'n tu'pten jaqsi'lamadi'. Qi'tayda sanaatti'n' rawajlani'wi' menen wog'an tosqi'nli'qqa aylang'an feodal jer iyelewshiligine ta'n artta qalg'an wo'ndiris qatnasi'qlari' arasi'nda qarama-qarsi'li'q teren'lesti. Massa arasi'nda manjurlar basqari'-

wi'na qarsi' ha'reket ku'sheydi. Qi'tay sanaati'ni'n' rawajlani'wi' a'dewir artta qaldi'. Degen menen, ha'r ji'li' 50 den ko'birek ka'rxana iske qosi'ldi'. Na'tiyjede, ma'mleket eksport ko'lemi 2 yese wo'sti. Shet ma'mleketler ishinde Ulli' Britaniya tovar almaslawda birinshi wori'nda (50%) turatug'i'n yedi. Qi'taydi'n' shet ma'mleketlerden qari'zi' barg'an sayi'n arti'p bardi'.

**Sun Yat Sen**

Revolyucioner-demokrat Sun Yat Sen (1866—1925) Qi'taydag'i' milliy-azatli'q ha'reketinin' ataqli' iskeri yedi. Wol Guanchjou (Kanton) jani'nda diyqan shan'arag'i'nda tuwi'ldi'. Sun Yat Sen 90-ji'llardi'n' basi'nda Gonkongta ingliz medicina instituti'n tamamladi'. Keyingi wo'mirin wol siyasiy taraw menen baylani'sti'rdi'.

Sun Yat Sen 1905-ji'li' «Qi'tay sho'lkemleri awqami'» (Tunminxay) degen siyasiy sho'lkem du'zdi. Iri qalalarda bul awqamni'n' jasi'ri'n bo'limleri ashi'ldi'. Bul awqam 1905-ji'li' noyabrde «Minbao» (Xali'q gazetasi')ni' shi'g'ara basladi'.

«Awqam» Sun Yat Sen basshi'li'g'i'nda bag'darlama qabi'l yetti. Bag'darlamada Sin monarxiyasi'n awdari'p taslaw, Respublika sho'lkemlestiriw ha'm jerge iyelik huquqi'n ten'lestiriw, g'a'rezsizlikti tiklew ko'zde tuti'lg'an yedi.

Sun Yat Sen social-ekonomikali'q jaqtan to'men rawajlang'an Qi'tayda jerge iyelik huquqi'n ten'lestiriw joli' menen socialli'q a'dil du'zim jarati'w mu'mkin, degen pikirde yedi.

**Waqi'tsha Respublika hu'kimetinin' du'ziliwi**

Sun Yat Sen sho'lkemi respublika du'zimin wornati'w maqsetin qoydi'. Bul ideya manjurlarg'a qarsi' ha'reketti ja'ne de ku'sheytti. Bul ha'reket 1911-ji'li' shet yelliklerden temir jol quri'li'si' ushi'n qari'z ali'w haqqi'nda pitim du'zilgennen keyin, quralli' qarsi'li'q tu's aldi'. Ha'tteki, armiyada da narazi'li'q baslandi'.

Uxan qalasi'nda a'skerler jataqxanasi'n tintiwge kirgen manjur ha'kimshiligi ta'repdarlari'n a'skerler wo'ltirdi. Qural-jaraq qoyma-si'n basi'p aldi'. Basqa a'sker bo'limleri de wolarg'a qosi'ldi'. Revolyucionerler 11-oktyabrde Uxandi' toli'q qolg'a kirgizdi. Wolar Respublika hu'kimetin du'zdi ha'm barli'q Qi'tay wa'layatlari'n Respublika a'tirapi'nda birlesiwge shaqi'rdi'. Manjur dinastiyasi' u'stemligi qulati'lg'anli'g'i' dag'azalandi'. Bul revolyuciya Qi'tay tariyxi'na «Sinxay revolyuciyasi'» ati' menen kirgen. Solay yetip, «Sinxay revolyuciyasi'» quralli' qozg'alan' joli'

menen Qi'tayda XVII a'sirden baslap hu'kim su'rgen manjurlar ha'kimiyati'n awdari'p tasladi'.

1911-ji'li' ko'p ji'lli'q emigraciyadan son' Sun Yat Sen Qi'tayg'a qayti'p keldi. Woni' Qi'tay xalqi' quwani'sh penen ku'tip aldi'. 29-dekabrde Nankinde revolyuciyali'q wa'layatlar wa'killerinen ibarat Millet Ma'jilisi ji'ynaldi'. Millet Ma'jilisi Qi'taydi' Respublika dep ja'riyaladi' ha'm emigraciyadan qayti'p kelgen Sun Yat Sendi Qi'tay Respublikasi'ni'n' waqi'tsha prezidenti yetip sayladi'. Millet Ma'jilisi waqi'tsha qabi'l yetilgen konstituciyada barli'q puqaralardi'n' ten'ligi ha'm tu'rli demokratiyali'q yerkinlikler ja'riyalansa da, diyqanlardi'n' arzi'w-a'rmanlari'n ko'rsetetug'i'n «jerge iyelik yetiwde ten' huquqli' boli'w» shaqi'ri'g'i' wo'z ko'rinisin tappadi'.

**Yuan Shikay diktaturasi'**

Buni'n' sebebi — jerge iyelik yetiwde ten' huquqqa iye boli'wg'a qarsi' ku'shlerdin' u'lken abi'rayg'a iye bolg'anli'g'i' yedi. Revolyuciya na'tiyjesinde Qi'tayda yeki ha'kimiyat ju'zege keldi. Wolardi'n' biri — Qi'tay Respublikasi' ha'kimiyati', yekinshisi — Arqada saqlani'p qalg'an imperator ha'kimiyati' yedi. Pekindegi imperator hu'kimetinin' basli'g'i' Yuan Shikay yedi.

Ulli ma'mleketlerdi Qi'taydag'i' poziciyalari'ni'n' qay awhalda boli'wi' ta'shwishke saldi'. Sol sebepli, wolar tu'rli ba'neler menen Qi'taydi'n' ishki jumi'slari'na barg'an sayi'n ko'birek aralasa basladi'. Wolar Qi'taydag'i' revolyuciyani' quraldi'n' ku'shi menen basti'ri'w maqsetinde wo'z ku'shlerin birlestiriwge yeristi.

Ulli' ma'mleketlerdin' Pekin hu'kimetin qollap-quwatlawi'n-dag'i' maqseti Qi'taydi'n' ishki islerine aralasi'w yedi. Biraq, bul Qi'tayda uluwma narazi'li'q keltirip shi'g'ardi'. Xali'q shet yel tovarlari'n boykot yete basladi'. Usi'nday sharayatta respublikag'a qarsi' ku'shler Bas wa'zir Yuan Shikay a'tirapi'na birlesti.

Pekin saray xalqi' wog'an monarxiyani'n' qa'wenderi dep qaraytug'i'n yedi. Biraq, Yuan Shikay revolyuciyali'q ha'rekettin' qi'si'mi' menen 1912-ji'l 12-fevral ku'ni Sin dinastiyasi'n taxttan waz keshiwine ma'jbu'r yetti. U'stem qatlamlar pu'tkil ha'kimiyatti' wog'an tapsi'ri'wg'a uri'ndi'. Bul waqi'tta ulli' ma'mleketler de Sun Yat Sennin' hu'kimiyattan ketiwin ashi'q talap yetti ha'm Qi'tayg'a intervenciya uyi'mlasti'ri'wg'a ashi'q tu'rde tayarli'q ko're basladi'. Qi'tayg'a qarsi' intervenciya qa'wpi asti'n-da Sun Yat Sen prezidentlik lawazi'mi'n Yuan Shikayg'a tapsi'ri'wg'a ma'jbu'r boldi'.

Pu’tkil ha’kimiyatti’ wo’z qoli’na toplag’an Yuan Shikay demokratiyali’q yerkinliklerdi joqqa shi’g’ara basladi’. Wol jumi’sti’ revolyuciya a’skerlerin pu’tkilley quralsi’zlandi’ri’wdan basladi’. Hu’kimetke qarsi’ du’zilgen ha’rqanday topar ag’zalari’ni’n’ ta’g’diri wo’lim menen juwmaqlanatug’i’n yedi. Ha’rbir awi’lda jazalaw topari’ jumi’s isledi. Sog’an qaramay, demokratiyali’q ku’shler 1912-ji’li’ Gomindan (Milliy partiyani’)di’ du’zdi. Partiya basqari’wi’ lawazi’mi’na Sun Yat Sen saylandi’.

Wo’z jen’isinen ruwxlang’an Yuan Shikay Millet Ma’jilisin wo’zin bes ji’l mu’ddetke prezident yetip saylawg’a ma’jbu’r yetti. Ulli’ ma’mleketler menen jan’a gedeylikke tu’siretug’i’n qari’z haqqi’nda sha’rtnamag’a qol qoydi’. Sonnan keyin, ulli’ ma’mleketler Qi’tay Respublikasi’n ta’n alg’anli’g’i’n bildirdi. Qi’taydi’n’ ekonomikali’q awhali’ awi’rlasti’. Xali’qti’n’ turmi’s da’rejesi jamanlasti’. Usi’nday bir jag’dayda Gomindan xali’qti’ qozg’alan’ baslawg’a shaqi’rdi’. 1913-ji’li’ Qi’taydi’n’ qublasi’nda hu’kimettin’ siyasati’na qarsi’ «Yekinshi revolyuciya» dep atalg’an qozg’alan’ baslani’p ketti.

Biraq, ku’shler ten’ bolmag’anli’g’i’ sebepli shet ma’mleketlerden a’skeriy ja’rdem alg’an hu’kimet a’skerleri ta’repinen «Yekinshi revolyuciya» ha’reketi qi’yrati’ldi’.

1914-ji’li’ Yuan Shikay Konstituciyali’q Ken’es shaqi’rdi’. Wonda «Jan’a Qi’tay Konstituciyasi’» qabi’l yetildi. Yuan Shikay prezident si’pati’nda sheklenbegen ha’kimiyatqa iye boldi’. Ma’mlekette a’skeriy diktatura wornati’ldi’. Respublika basqari’w organlari’ saplasti’ri’ldi’.

***Sinxay*** — sinxay «ji’l» degen ma’nisti an’latadi’. Qi’tay ay kalendari’ boyi’nsha, revolyuciya bir ji’l dawam yetkeni ushi’n wol Sinxay (bir ji’l dawam yetken revolyuciya) dep atalg’an.
***Sin dinastiyasi’*** — 1628 — 1644-ji’llardag’i’ diyqanlar uri’si’ na’tiyjesinde saplasti’ri’lg’an Min dinastiyasi’nan keyingi dinastiya. Bul dinastiya 1644 — 1911-ji’llarda u’stemlik yetken.

***Soraw ha’m tapsi’rmalar***

1. Sinxay revolyuciyasi’ qalay ju’z berdi ha’m woni’n’ aqi’betleri nelerden ibarat yedi?
2. Sun Yat Sen iskerligin qalay bahalaysi’z?
3. Yuan Shikay diktaturasi’ni’n’ wornati’li’wi’ haqqi’nda nelerdi bilip aldi’n’i’z?

*Sizler bul pikirlerdin' qaysi' birin duri's dep yesaplaysi'z? Wo'z pikirlerin'izdi da'liller menen tu'sindirin'.*

| | |
|---|---|
| 1. Qi'tay hu'kimeti yeldin' yari'm koloniya jag'dayi'na tu'sip qali'wi'ni'n' aldi'n ali'w mu'mkinshiligine iye yedi. | 2. Qi'tay hu'kimeti yeldin' yari'm koloniya jag'dayi'na tu'sip qali'wi'ni'n' aldi'n ali'w mu'mkinshiligine iye yemes yedi. |

## 29-§. XIX a'sirdin' aqi'ri'—XX a'sirdin' baslari'nda Hindstan

**Kolonizatorli'q**

Hindstan bul da'wirde Ulli' Britaniya koloniyasi' yedi. Wol Hindstandi' vice-korol basshi'li'g'i'ndag'i' a'meldarlar ha'm policiya ja'rdeminde basqaratug'i'n yedi.

Ingliz kolonizatorli'g'i' sharayati'nda Hindstanda kapitalizmge tiykarlang'an jergilikli wo'ndiris sistemasi' ju'zege kele basladi'. Iri sanaat ka'rxanalari'n quri'wg'a kirisildi. 1886-ji'li' toqi'mashi'li'q sanaati'nda 95 fabrika bar yedi. Ka'nler sani', temir jol tarmaqlari' ko'beydi. Bul shiyki zat tayarlaw ha'm tasi'wda u'lken a'hmiyetke iye boldi'.

Ulli' Britaniya Hindstanda sanaatti' wo'zine qolay yetip jaylasti'ri'wg'a ha'reket yetti. Tiykarg'i' sanaat ka'rxanalari' ten'iz boyi' port qalalari' jani'nda yedi. Maqset Hindstan bayli'qlari'n arzan ha'm an'sat ali'p shi'g'i'p ketiwden ibarat yedi. 1873-ji'ldan 1883-ji'lg'a shekem Hindstan menen Ulli' Britaniya sawdasi' barg'an sayi'n wo'sip bardi'. Hindstan inglis burjuaziyasi'ni'n' kapital kirgiziw aymag'i'na aylani'p qaldi'.

Diyqanshi'li'qta agrotexnika ma'deniyati' to'men yedi. Kolonizatorlar ta'repinen ashi'lg'an suwg'ari'w quri'lmalari' ha'mmesi boli'p 20 % jerdi suwg'ari'wg'a jetetug'i'n yedi. Jer zu'ra'a'ttin' u'lken bo'limin to'lew sha'rti menen diyqanlarg'a ijarag'a berildi. Qari'z yesabi'nan islep beriwge ma'jbu'r adamlar sani' barg'an sayi'n ko'beydi.

Awi'l xojali'g'i'ni'n' yen' paydali' tarawlari'na (shay, kenep, paxta) kapital jumsaw inglislerge ko'p payda keltiretug'i'n yedi.

Hindstan XIX a'sirdin' aqi'ri'nda du'nya bazari'na u'lken mug'darda sanaat ha'm awi'l xojali'g'i' tovarlari'n shi'g'ara basladi'. Biraq, ali'ng'an da'ramat ingliz kolonizatorlari'n bayi'tti'. Awi'l xojali'g'i'nda monokultura ju'zege keldi. Bengaliya kenep, Assam shay, Bombey ha'm Worayli'q Hindstan paxta, Panjab biyday jetistiriwge qa'nigelesti. Jer iyeleri, bank iyeleri, su'txorlar diyqanlardi' qari'zg'a bati'ri'p, wolardi' ayani'shli' awhalg'a sali'p qoydi'. 1870 — 1890-ji'llar dawami'nda Hindstanda 20 yeseden ko'p asharshi'li'q boli'p, 18 million adam ashli'qtan qi'ri'ldi'.

1878-ji'li' inglis ha'kimshiligi Hindstandag'i' milliy tillerde shi'g'atug'i'n baspaso'z haqqi'nda ni'zam qabi'l yetti. Ni'zam boyi'nsha barli'q gazetalar inglizler qadag'alawi'na wo'tti. Tez arada woq atar qurallardi' saqlamaw haqqi'nda akt qabi'l yetildi.

Ulli' Britaniya jergilikli burjuaziyag'a azi'-kem boysi'ni'w siyasati'n da ju'rgize basladi'. Wolardi'n' wa'killeri qalalar ha'kimshiligine saylana basladi'.

### Ekonomikali'q awhal

XX a'sirdin' baslari'nda Hindstanda kapitalizm a'stelik benen bolsa da, rawajlana basladi'. 1910-ji'lg'a kelip kenep-talshi'q fabrikalari' sani' yeki yese ko'beydi. Paxta shiyki zati'n tayarlaw, bo'z gezleme toqi'w ka'rxanalari'ni'n' 215 i hind kapitalistlerinin' qoli'nda yedi. Sanaat jumi'sshi'lari'ni'n' sani' azli'-kem 1 mln. adamg'a jetti. Ulli' Britaniya barli'q ko'mir basseynleri, kenep sanaati', shay maydanlari'n, transport, sawda ha'm qamsi'zlandi'ri'w ja'miyetlerin wo'z qoli'na toplap aldi' ha'm pu'tkil Hindstan wo'ndiris sistemasi' u'stinen qadag'alaw wornatti'.

Ulli Britaniya kapitali' ju'da' tez wo'sip bardi'. Biraq, xali'q massasi'ni'n' turmi'si' ju'da' awi'rlasi'p barg'an. 1896 — 1906-ji'llari' 10 mln. nan aslam adam ashli'qtan wo'ldi. 1904-ji'li' 1 mln. adam oba keselinen qazalandi'.

Universitetlerge kiriw puli'n yeki yesege artti'rdi'. Wolardag'i' huquq fakultetleri jawi'p qoyi'ldi'. Universitetlerge demokratiyali'q ruwxtag'i', xali'q ma'plerin go'zleytug'i'n adamlardi'n' kiriwi pu'tkilley qadag'an yetildi.

### Milliy-azatli'q ha'reketi

Hindstan xali'qlari' koloniyali'q zuli'mg'a qarsi' azatli'q gu'resin ali'p bardi'. 1885-ji'li' Bombey qalasi'nda belgili bag'darlamag'a iye siyasiy partiya «Hindstan Milliy Kongresi» (HMK) du'zildi. Sol payi'tta «Musi'lmanlar ligasi'» da du'zildi. Yendi inglisler hind-musi'lman qarsi'li'g'i'n ja'ne de ku'sheytip jiberdi.

Kongress wo'z qatari'na iri sawda-sanaat kapitali' wa'killerin, liberal pomeshiklerin ha'm de milliy zi'yali'lardi' birlestirdi. Da'slepki waqi'tlarda Hindstan Milliy Kongresine ingliz koloniya ha'kimligi qarsi'li'q yetpedi. Bunday qatnasi'qti' Hindstan vice-koroli lord Dafferin «Milliy kongress revolyuciyadan arzani'raq» dep da'lillegen yedi.

Inglisler woylag'ani'nday, Milliy Kongresstin' talaplari' da's-lepki payi'tlarda birqansha wortasha boldi'. Bul talaplar Britaniya u'stemligin saqlag'an halda, ayi'ri'm reformalar wo'tkeriwdi ko'z-de tutatug'i'n yedi. Yag'ni'y, shetten keltirilgen jip gezlemelerge baji' belgilew, jergilikli wa'killik ma'kemelerinin' huquqi'n ken'ey-tiw, hindlerdi basqari'w islerine tarti'w, texnikali'q bilimdi sho'l-kemlestiriw ha'm basqalar yedi. Biraq, waqi't wo'tiwi menen bul partiya u'lken abi'rayg'a iye bola basladi'.

1890-ji'li' «sol» — radikal ag'i'm qa'liplesti. Wog'an Bal Gan-gadxara Tilak (1856 — 1920) basshi'li'q yetti. Wol hind xalqi'ni'n' milliy sanasi'n woyati'w, milliy maqtani'shi'n ko'teriw joli'nan bardi'. Dinge, woni'n' massani' sho'lkemlestiriwshi ku'shine joqari' baha berdi. Tez arada wol Puna qalasi'nda wo'z aldi'na worta mektep sho'lkemlestirdi. Mektep woqi'wshi'lar sanasi'na watandi' su'yiwshilik ideyalari'n sin'dire basladi'. Tilak «Kesari» (Ari'slan) gazetasi'n sho'lkemlestirdi. Jaslar arasi'nda watandi' su'yiw ideyalari'n u'git-na'siyatladi'. Hindstan sharayati'nda quralli' qozg'alan' joli' menen azatli'qqa yerisiwdin' ilaji' joqli'g'i'n an'lag'an Tilak «ku'sh jumsamaw» joli'n tan'ladi'. Bul usi'lda tiykarg'i' itibar inglis tovarlari'n boykot yetiwge qarati'ldi'. «Quday Hindstandi' shet yellerge heshqashan si'yli'q yetken yemes», — degen yedi Tilak.

Tilak ta'repdarlari' massani' kolonizatorlarg'a qarsi' g'a'zepke ta'rbiyalaytug'i'n yedi. Sonnan qa'wipsingen inglisler 1897-ji'li' Tilakti' bir yari'm ji'lg'a qamadi'. Biraq, tez arada woni' azat yetiwge ma'jbu'r boldi'.

**Bengaliyani'n' bo'liniwi**

Milliy-azatli'q ha'reketin buwi'wg'a um-ti'li'p, inglis kolonizatorlari' 1905-ji'li' Bengaliyani' yeki bo'limge bo'lip tasladi'. Sebebi, Bengaliya kolonizatorli'qqa qarsi' gu'restin' yen' ku'shli ha'reket woraylari'ni'n' birine aylang'an yedi. Bul ilaj keri ta'sirge iye boldi'. Hindstanda milliy-azatli'q ha'reketi jan'adan ku'sheyip ketti. Kalkuttada demonstraciya boli'p, wonda 100 mi'n' adam

qatnasti’. Narazi’li’q shi’g’i’wlari’ birinin’ izinen biri ma’mleket-tin’ u’lken bo’limin iyeledi.

1906-ji’li’ dekabrde «sol» radikal ag’i’m talabi’ menen Hindstan milliy kongresi qosi’msha qarar qabi’lladi’. «Svaraj» («Wo’z ha’kimiyati’mi’z»), «Svadeshi» («Wo’z wo’ndirisimiz») «Inglis tovarlari’na boykot» xali’q arasi’nda u’lken itibarg’a iye boldi’. Tilak tek inglis tovarlari’nan g’ana yemes, al inglis basqa-ri’wi’nan da waz keshiwge shaqi’rdi’. Basqari’wdi’ hindlestiriwge, jergilikli burjuaziyani’ fabrika zavodlar quri’wg’a shaqi’rdi’.

«Svaraj», «Svadeshi» bag’darlamasi’ massag’a u’lken ta’sir yetti. 1908-ji’li’ Bombey wa’layati’ni’n’ Surat qalasi’nda Hindstan milliy kongresinin’ quraltayi’ shaqi’ri’ldi’. Wortasha ag’i’m inglis imperiyasi’ qurami’nda qali’w, soni’n’ menen birge wo’zin-wo’zi basqari’w huquqi’ beriliwi ta’repdarlari’ni’n’ pikiri maqullandi’. Radikal ag’i’m (Tilak basshi’li’g’i’ndag’i’) HMK qurami’nan shi’g’ari’ldi’.

Inglis ha’kimshiligi tez arada ni’zamg’a qarsi’ ma’jilisler ha’m baspaso’z haqqi’nda sheklewshi ni’zamlar shi’g’ardi’ ha’m jawi’z-larsha jazalawg’a ku’sh berdi. Is taslaw ha’reketinin’ basshi’lari’n sudlamay-aq ati’p taslawg’a hu’kim yetti. Usi’ jol menen Hind-standag’i’ azatli’q ha’reketlerin waqti’nsha basti’ri’wg’a yeristi.

### Uri’s qarsan’i’nda

Hindstanni’n’ jergilikli u’stem toparlari’ inglis kolonizator ha’kimshiligi menen kelisip, 1909-ji’li’ «Hindstan ken’esleri haqqi’nda ni’zam» degen hu’jjet qabi’l yetti. Bul ni’zamg’a muwapi’q, xali’qti’n’ tek yari’m procenti g’ana saylaw huquqi’n aldi’. Saylawlar diniy ja’ma’a’t tiykari’nda wo’tkeriletug’i’n boldi’ (yag’ni’y hindler, musi’lmanlar wo’z aldi’na dawi’s beretug’i’n boldi’). Bunnan maqset hindler ha’m musi’lmanlar wortasi’na alawi’zli’q sali’w yedi.

Bul da’wirde Hindstan Ulli’ Britaniyani’n’ ja’ha’n uri’si’ rejelerinde a’hmiyetli rol woynay basladi’. Soni’n’ ushi’n da, wol Hindstandag’i’ jag’daydi’ jumsarti’wg’a umti’ldi’. Sebebi, 1911-ji’li’ koloniya ha’kimshiligi jumi’s waqti’n 12 saat penen sheklew haqqi’nda ni’zam qabi’l yetti.

1911-ji’li’ miynetkeshlerdin’ ha’reketlerinen shorshi’ng’an koloniya ha’kimleri bo’lip taslang’an Bengaliyani’ birlestiriwge ma’jbu’r boldi’. Paytaxt qa’wipsizirek aymaqta jaylasqan Delige ko’shirildi.

*Metropoliya* (grekshe) — basqa ma'mleketlerdi basi'p ali'p, wo'z koloniyasi'na aylandi'rg'an basqi'nshi' ma'mleket.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar***

1. Hindstanni'n' qalay yetip Ulli' Britaniya koloniyasi'na aylang'anli'g'i'n yeslen'.
2. Ingliz koloniya zuli'mi'ni'n' ayani'shli' aqi'betlerine mi'sallar keltirin'.
3. Hindstan xalqi'ni'n' milliy-azatli'q ha'reketinde Hindstan Milliy Kongressinin' tutqan worni' haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?
4. **Sali'sti'rma analiz islen':** Hindstan ha'm Qi'tay rawajlani'wi'ni'n' uqsas ha'm wo'zine ta'n wo'zgesheligin ayti'n'.

***Woylap ko'rin'!*** Nege HMK gu'restin' ti'ni'sh joli'n tan'lag'an?

## 30-§. XIX a'sirdin' aqi'ri' — XX a'sirdin' baslari'nda Iran

**Ulli' Britaniya ha'm Rossiyag'a g'a'rezliliktin' ku'sheyiwi**

XIX a'sirdin' aqi'ri' ha'm XX a'sirdin' baslari'nda Iran jer ju'zi kapitalistlik ma'mleketlerinin' yari'm koloniyasi'na aylandi'. Shah du'zimi ha'm kolonizatorlardi'n' zuli'mli'g'i' xali'q awhali'n ja'ne de awi'rlasti'rdi'. Yelde narazi'li'qlar ku'sheydi. Irandag'i' zuli'm ha'kimiyat iri jer iyeleri, wa'layat ha'kimleri ha'm de ruwlardi'n' xanlari'na su'yenetug'i'n yedi. Iranda sanaatti'n' burjualasi'wi' a'ste-aqi'ri'n boldi'. Jer diyqanlardi' ekspluataciyalap kiyati'rg'an jer iyelerinin' qoli'nda yedi. Qalalarda jasawshi' wo'nermentler ha'm mayda sawdagerler si'yaqli' diyqanlar da su'txorlar ta'repinen qari'zg'a bati'ri'ldi'.

Iran iri jer iyeleri, sawdagerleri ha'm su'txorlar shah hu'kimetin sheklep qoyi'wdi', wo'z mu'liklerinin' qol qati'lmasli'g'i'n, gubernatorlar ha'm xanlardi'n' wo'z betinsheligin saplasti'ri'wdi', iranli'q kapitalistlerdin' huquqlari'n shet yellik kapital iyeleri menen ten' yetip qoyi'wdi' talap yetti.

Irang'a kapital shi'g'ari'w boyi'nsha Ulli' Britaniya birinshi wori'nda yedi. 1872-ji'li' Iran neft ka'nlerinen paydalani'w, tas ha'm temir jol quri'w koncessiyalari' ali'ndi'. 1889-ji'li' ingliz monopolisti Reyter Iranda «Shahanshahbank» ashi'wg'a yeristi. Sha'rtnama boyi'nsha, bank qag'az pullar shi'g'ari'w ha'm yeldin' jer asti' bayli'qlari'nan yerkin paydalani'w huquqi'n aldi'. Birinshi

ja'ha'n uri'si' qarsan'i'nda Iran Ulli' Britaniyadan 9,6 million funt sterling qari'zdar boli'p qaldi'.

Irandi' g'a'rezli yetiwde Rossiya da qatnasti'. Birinshi ja'ha'n uri'si' qarsan'i'nda Iranni'n' Rossiyadan qari'zi' 164 million rubl yedi. Iranni'n' ekonomikali'q g'a'rezliligi siyasiy g'a'rezlilikti de ku'sheytti. A'sirese, ruslardi'n' shah sarayi'na ta'siri ku'shli yedi. Al, inglisler bolsa basqa joldan bardi'. Wolar Parsi' wa'layati'ndag'i' baxti'yarlar (ruwlar)i'n, Huzstan xanlari'n worayg'a, shah u'stemligine qarsi' g'i'jaq berip turdi'.

### 1905 — 1911-ji'llardag'i' Iran revolyuciyasi'

Ishki socialli'q qarama-qarsi'li'qlar, si'rtqi' ekonomikali'q ha'm siyasiy qi'si'mlar Iranda 1905-ji'li' revolyuciyali'q ha'reket-tin' baslani'wi'na sebep boldi'. Xali'q pu'tkil yeldin' sanaat tarawlari'na xojayi'nli'q yetiwshi rus-inglis kapitalistlerin yel aymag'i'nan shi'g'ari'p jiberiwdi talap yetti.

Yelde g'alaba is taslawlar ju'z berdi. Shah hu'kimeti is taslawshi'lardan ayawsi'z wo'sh ali'wg'a kiristi. Bug'an juwap retinde xali'q qozg'alan'i' baslani'p ketti. Wonda gu'restin' best usi'li' qollandi'. Bestte woti'rg'an adamg'a qarsi' jaza sharasi'n qollani'w mu'mkin yemes yedi. Demonstrantlar «a'dalatxana» sho'lkemlestiriw, jawi'z a'meldarlardi' joq yetiw talabi' menen shi'qti'.

Shah xali'q ha'reketine qarsi' a'skerlerden paydalanbaqshi' boldi'. Biraq, a'skerler xali'qqa woq ati'wdan bas tartti'. Na'tiyjede, 1906-ji'li' 5-avgustta shah konstituciya qabi'l yetiw haqqi'nda pa'rman ja'riyalawg'a ma'jbu'r boldi'. Biraq, pa'rman wori'nlanbadi', xali'q ja'ne qozg'aldi'. Buni'n' aqi'betinde Tabrizde Iran tariyxi'nda birinshi parlament — Ma'jilis du'zildi. Ma'jilis Iran social-demokratlari' ta'siri asti'nda yedi. 9-sentyabrde shah xali'q qi'si'mi' menen Ma'jiliske saylawlar wo'tkeriw haqqi'nda pa'rman berdi. Kojarlar (yag'ni'y, shah ruwi'na tiyisliler), ruwxani'yler, sawdagerler, jer iyeleri ha'm diyqanlar, wo'nermentler — ja'mi 6 socialli'q qatlam saylaw huquqi'na iye boldi'.

1906-ji'li' Ma'jiliske saylaw wo'tkerildi. Shah Muzaffariddin konstituciyani'n' birinshi bo'limin tasti'yi'qladi'. Wog'an baylani'sli' shahqa barli'q ni'zamlardi' tasti'yi'qlaw, byudjet qabi'l yetiw, woni'n' wori'nlani'wi'n qadag'alaw huquqi' berildi. Shet yellikler menen du'ziletug'i'n ekonomikali'q pitimge Ma'jilistin' kelisimi ali'ni'wi' belgilep qoyi'ldi'.

1907-ji'li' shah Muzaffariddin qayti's bolg'annan keyin, taxtqa zuli'mli'q du'zim ta'repdari', jan'ali'qqa qarsi' Muhammad

Alishah woti'rdi'. Wol revolyuciyali'q wo'zgerislerge qarsi' gu'resti rejelestirdi. Jan'a shah Ma'jiliske qatan' qarsi' yedi. Biraq, revolyuciyali'q ha'reket woni' Iranda konstituciyali'q ta'rtipti saqlap turi'wg'a ma'jbu'r yetti. Solay yetip, 1905 — 1907-ji'llardag'i' Iran revolyuciyasi'ni'n' birinshi basqi'shi' tamamlandi'.

**Revolyuciyani'n' yekinshi da'wiri**

1907—1911-ji'llar Iran revolyuciyasi'ni'n' 2-da'wiri delinedi. Ha'reket yendi tiykari'nan kolonizatorlarg'a qarsi' qarati'ldi'. Qalani'n' ka'mbag'al qatlamlari' da wo'z talaplari' menen shi'qti'.

A'sirese, mujohidler sho'lkemi u'lken ta'sirge iye boldi'. Wolar jasi'ri'n saylaw huquqi', ja'miyetler du'ziw, adam yerkinligi, shah jerlerin konfiskaciyalaw, jumi's waqti'n 8 saat yetip sheklew, pulsi'z ha'm ma'jbu'riy bilimdi yengiziw talaplari' menen shi'qti'.

Demokratiyali'q ha'reket ta'siri asti'nda shah jer iyeleri aqsu'yeklerinin' napaqasi'n qi'sqartti'. Feodalli'q zamang'a ta'n bolg'an ataqlardi' biykarladi'. Paraxorli'q, da'mego'ylikke qarsi' gu'res haqqi'nda ni'zam dag'azalandi'. Shah Iran Konstituciyasi'ni'n' yen' a'hmiyetli demokratiyali'q mazmundag'i' statiyalari'n tasti'yi'qlap qol qoyi'wg'a i'razi' boldi'. Ni'zam aldi'nda ha'mme ten', shaxs ha'm mu'lik qol qati'lmasli'g'i', ja'miyetler du'ziw, ma'jilisler wo'tkeriw, du'nyali'q sud (sha'riyat sudi' menen bir qatarda), ni'zam shi'g'ari'wshi' ha'm atqari'wshi' ma'mleket organlari'n aji'rati'w si'yaqli' statyalar ayri'qsha a'hmiyetke iye yedi.

Shahqa u'lken huquqlar da berildi. Sebebi, shah juwapkershilikten azat shaxs, Bas komanduyshiy si'pati'nda uri's dag'aza yetiw, pitim du'ziw, wa'zirdi saylaw ha'm bosati'w si'yaqli' huquqlarg'a iye yedi. Shahti'n' konstituciya ha'm ni'zamlarg'a sadi'qli'q haqqi'nda ant beriwi qag'i'yda yetip qoyi'ldi'. Qabi'l yetilip ati'rg'an ni'zamlardi'n' sha'riyatqa muwapi'qli'g'i'n qadag'alap turi'w ushi'n bes ulli' ulama tayi'nlanatug'i'n boldi'.

**Ulli' Britaniya — Rossiya pitimi**

Inglis-rus kolonizatorlari' Irandag'i' revolyuciyali'q wo'zgerislerge biypari'q bolmadi'. Wolar Irang'a zorli'q siyasati'n ju'rgizdi. 1907-ji'li' Ulli' Britaniya — Rossiya pitimine qol qoyi'ldi'. Bul boyi'nsha Iran 3 bo'limge bo'lindi. Arqa Iranni'n' Rossiya, Qubla Iranni'n' Ulli' Britaniya ta'sir shen'berinde boli'wi' tasti'yi'qlandi'. Iranni'n' worta bo'limi biyta'rep dep ja'riyalandi'. Bul da'wirde shah inglisler ha'm ruslar ja'rdeminde 1908-ji'li' kontrrevolyuciyali'q ma'mleket awdari'spag'i'n

wo'tkerdi. Rossiya kazak a'skerleri Ma'jilis imarati'n topqa tutti'. Ma'jilis tarqati'li'p, demokratiyali'q baspaso'z qadag'an yetildi.

Ma'jilis saplasti'ri'lg'annan keyin, revolyuciyali'q ha'reket worayi' Tabrizge ko'shti. Shah a'skerleri Tabrizge hu'jim jasadi' ha'm qalani' qamal yetti. Na'tiyjede asharshi'li'q baslandi'. Si'rtqi' du'nyadan bo'lip taslang'an Tabriz qozg'alan'i' jen'ildi.

**Ulli' ma'mleketlerdin' Irandag'i' siyasati'**

Tabriz qozg'alan'i' basti'ri'lg'ani' menen shahqa qarsi' ha'reketler toqtamadi'. 1909-ji'li' Tegeranda Muhammad Ali-shah taxttan tu'sirildi. Worni'na balasi' Axmad shah dep ja'riyalandi'. Konstituciya tiklendi. Hu'kimet ma'mleket ekonomikasi'n tiklew maqsetinde shet yelden, sonday-aq, Ulli' Britaniyadan 1 million 250 mi'n' funt sterling qari'z aldi'. Ishki kontrrevolyuciyali'q ku'shler Rossiya ha'm Ulli' Britaniya ja'rdeminde revolyuciyali'q Ma'jiliske qarsi' hu'jimge tayarlandi'. Na'tiyjede, Rossiya a'skeri 1911-ji'li' kontrrevolyuciyali'q ma'mleket awdari'spag'i' wo'tkeriliwinde qatnasti'. Iran revolyuciyasi' basti'ri'ldi'.

Irandag'i' 1905—1911-ji'llar revolyuciyasi' u'lken ja'miyetlik waqi'ya, feodalli'q-monarxiya du'ziminen konstituciyali'q monarxiyag'a wo'tiw basqi'shi' boldi'.

Birinshi ja'ha'n uri'si' qarsan'i'nda Iranni'n' shet yelge g'a'rezliligi ja'ne de ku'sheydi. 1912-ji'li' 1907-ji'lg'i' Rossiya-Ulli' Britaniyani'n' ta'sir zonalari' haqqi'ndag'i' pitimin ta'n ali'wg'a ma'jbu'r boldi'. Rossiyadan 14 million rubl qari'z aldi' ha'm Iran ekonomikali'q, siyasiy jaqtan ulli' ma'mleketlerge g'a'rezli boli'p qaldi'.

***Best*** — meshit ha'm qa'biristanlarda ti'ni'sh woti'ri'p, passiv qarsi'li'q ko'rsetiw.
***Koncessiya*** (lat. ruqsat yetiw) — ma'mleket organlari'ni'n' belgili sha'rtler tiykari'nda jer asti' bayli'qlari', jer u'sti obyektlerin ekspluataciyag'a beriw haqqi'ndag'i' pitim.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar***

1. Iran qalay yetip Ulli' Britaniya ha'm Rossiyani'n' ekonomikali'q ha'm siyasiy ta'sirine tu'sip qaldi'?
2. 1906-ji'li' qanday sebepler shahti' konstituciya yengiziwge ma'jbu'r yetti? Konstituciya shahqa qanday kepillikler berdi?
3. Iran revolyuciyasi' birinshi ha'm yekinshi basqi'shlari'ni'n' wo'zine ta'n wo'zgesheliklerin ani'qlan'.
4. Iran revolyuciyasi' qalay yetip basti'ri'ldi'?

1906-ji'lg'i' Iran Konstituciyasi' yelde qabi'l yetilgen ni'zamlardi'n' sha'riyatqa muwapi'qli'g'i'n 5 ulama qadag'alawi' belgilengen yedi. Bul jag'daydi' ha'zirgi Konstituciyali'q sudti'n' wo'tmishtegisi dep yesaplaw mu'mkin be?

## 31-§. XIX a'sirdin' aqi'ri' — XX a'sirdin' baslari'nda Awg'anstan

**Ulli' Britaniya ha'm Rossiya soqli'g'i'si'wi'**

70-ji'llari' Awg'anstan Rossiya menen Ulli' Britaniya arasi'nda ba'sekige sebep bolg'an yel boli'p qaldi'. 1873-ji'l Ulli' Britaniya Hindstan — Awg'anstan shegarasi'nda a'skeriy ku'sh ji'ynadi'. Awg'an a'miri Sherali'xan Rossiyadan ja'rdem sorap, yelshi jiberdi. Rossiya juwap retinde kishkene a'skeriy bo'limin shegarag'a jaqi'n jaylasti'rdi'. Qabulg'a general Stoletov basshi'li'g'i'nda yelshilik missiyasi' jiberildi. Biraq, bunnan arti'q ha'reketlerge bati'na almadi'. Bug'an Worta Aziyani' toli'q boysi'ndi'ri'w ha'm de Rossiya — Tu'rkiya uri'si' mashqalalari' imkan bermedi.

**Yekinshi ingliz— awg'an uri'si'**

1878-ji'li' Sherali'xan inglis missiyasi'n Qabul qalasi'nda qabi'l yetiwden bas tartti'. Ulli' Britaniyag'a bul Awg'anstang'a qarsi' basqi'nshi'li'q uri'si'n ashi'wg'a ba'ne boldi'. 1878-ji'li' noyabrde Awg'anstang'a qarsi' uri's ha'reketleri baslandi'. Sherali'xan wo'lgennen son' taxtqa woti'rg'an balasi' Yaqubxan 1879-ji'li' Gandamak pitimine qol qoydi'. Wol boyi'nsha, Awg'anstan is ju'zinde g'a'rezsizligin joq yetti. Qabulda inglis rezidenciyasi' ashi'ldi'. Woni'n' wazi'ypasi' awg'an a'miri taktikalari'n ha'm de Ulli' Britaniyadan jiberiletug'i'n qari'zlar qalay sarplani'p ati'rg'anli'g'i' u'stinen qadag'alap bari'w yedi.

A'mir Yaqubxanni'n' sheginiwshilik siyasati' qarsi'li'qqa ushi'rap, Qabulda wog'an qarsi' qozg'alan' boldi'. Qalali'lar inglis rezidenciyasi'n iyeledi. Inglisler Gandamak pitiminen keyin qaytari'p ali'p ketken a'skerlerin ja'ne Awg'anstang'a to'kti ha'm Qabuldi' qayta iyeledi. Bul arada Awg'anstanni'n' buri'ng'i' a'miri M. Afzalxanni'n' uli' Abdurahman qozg'alan'shi' a'skeri Qabuldi' qorshap aldi'. Inglisler awi'r awhalda qaldi'. 1880-ji'ldi'n' basi'nda Abdurahman Arqa Awg'anstanda wo'z ha'kimiyati'n wornatti'.

Inglisler Abdurahman menen so'ylesiwler ju'rgizip, Qabul Abdurahmang'a tapsi'ri'ldi'. Kandahar Ulli' Britaniya ta'sir

shen'berinde qaldi'. Buni'n' yesesine Awg'anstan Ulli' Britaniya ha'm de inglis Hindstani'nan basqa bir shet yel menen diplomatiyali'q baylani's jasamawi' kerek yedi. Abdurahman tek ishki siyasatta g'ana belgili da'rejede g'a'rezsizlikti saqlap qali'wg'a yeristi.

Awg'anstan taxti'ni'n' ni'zamli' miyrasxori' a'mir Sherali'xanni'n' balasi' Ayubxan Kandaharg'a ju'ris basladi'. 1880-ji'li' inglis a'skeriy brigadasi' jenship taslandi'. Inglisler jan'a a'skeriy bo'limler shaqi'ri'wg'a ma'jbu'r boldi'. Bul jan'a ku'shler Ayubxandi' Hiratqa sheginiwge ma'jbu'r yetti. Biraq, xali'qti'n' qarsi'li'g'i' sebepli inglisler Kandahardi' taslap shi'g'i'p ketiwge ma'jbu'r boldi'. Yekinshi inglis — awg'an uri'si' Ulli' Britaniyani'n' jen'iliwi menen tamamlandi'.

### Ishki kelispewshilikler

Tez arada taxt dawagerleri arasi'nda uri's baslani'p ketti. 1880-ji'li' Abdurahman Ayubxan a'skerlerin sa'tsizlikke ushi'ratti'. Ayubxan shet yelge qashi'wg'a ma'jbu'r boldi'. Awg'anstanda Abdurahmanni'n' toli'q ha'kimiyati' wornati'ldi'. A'mir Abdurahman da'wirinde (1880 — 1901-ji'llar) Awg'anstan qi'yi'n ekonomikali'q-socialli'q awhalda yedi. Ulli' Britaniya menen uri'slar wo'ndiristi izden shi'g'ardi'. Qabul ha'm basqa qalalar wayran yetildi.

A'mir yelde jabi'q siyasat ali'p bardi'. Shet yellikler, a'sirese evropali'lardi'n' yelge kiriwi qadag'an yetildi. A'mir yeldi siyasiy jaqtan birlestiriw ushi'n gu'resti. Ha'kimshilik policiya basqarmasi' du'zildi. Woni'n' ha'reketi menen g'a'ziynege sali'qlar tu'siwi birqansha jaqsi'landi'. Ka'rwan jollari' qa'wipsizligi ta'miyinlendi. Qaraqshi'lar ayawsi'z jazalanatug'i'n boldi'. Wolardi' temir qa'peske sali'p, jol jag'asi'ndag'i' u'stinlerge asi'p qoyi'li'p, ashli'q ha'm de sho'lden wo'limge hu'kim yetiletug'i'n yedi. Diniy ulamalardi' wo'z ta'repinde uslaw ushi'n Abdurahman wolarg'a ayli'q belgilendi. Waqi'p mu'lkin bolsa belgili da'rejede ma'mleketke wo'tkerdi. Birden-bir pul birligi, awi'rli'q ha'm uzi'nli'q wo'lshemleri yengizildi. Bul ilajlar sebepli Awg'anstanda sawdasatli'q, wo'ndiris ha'm wo'nermentshilik birqansha rawajlandi'rdi'.

### Dyurand pitim

Awg'anstanni'n' XIX a'sirdin' aqi'ri' ha'm XX a'sirdin' baslari'ndag'i' xali'q arali'q awhali' toli'q ma'niste Rossiya ha'm Ulli' Britaniyani'n' wo'z ara qatnasi'qlari'na baylani'sli' yedi. A'mir Abdurahman bul qi'yi'n sharayatta yeki iri kolonizator ma'mleket kelispewshiliginen paydalandi'. Na'tiyjede, Abdurahman wo'zinin' siyasiy poziciyasi'n bekkemledi. Yeldin' jerlerin arqada A'miwda'ryag'a

shekem ken'eytip aldi'. 1887-ji'li' tu'rkmenler jasaytug'i'n wori'nlarda awg'an-rus shegaralari' qatan' belgilep ali'ndi'.

Bunnan keyin Abdurahman qublada — Hind da'ryasi' boyi'nda jasaytug'i'n, biraq 1849-ji'li' inglislerge bag'i'ndi'ri'lg'an awg'an qa'wimlerin birlestiriw ha'reketin basladi'. Abdurahman wo'zin wolarg'a diniy qa'wenderi yetip ko'rsetip, inglislerge qarsi' gu'reske shaqi'rdi'. Bul Ulli' Britaniya menen jan'a uri's qa'wpin tuwdi'rdi'. Bunnan qori'qqan Abdurahman inglisler menen 1893-ji'li' pitim du'ziwge ma'jbu'r boldi'. Pitimde Awg'anstan qublasi'ndag'i' awg'an qa'wimleri aymaqlari' Ulli' Britaniya qol asti'nda qalatug'i'n boldi'. Inglisler kelisilgen Dyurand si'zi'g'i'na (so'ylesiwler ju'rgizgen inglis wa'kili Dyurand ati' menen atalg'an) a'sker jiberdi. Bug'an qarsi' tawli' awg'anlar qozg'alan' ko'terdi.

**Habibullaxan da'wiri**

1901-ji'li' Abdurahman qayti's boldi'. Taxtti' balasi' Habibulla iyeledi. Wol a'kesinin' joli'nan bari'p, awg'an qa'wimlerin birlestiriw siyasati'n ali'p bardi'. Inglislerge qarsi' gu'resti dawam yettirdi. Rossiya menen sawda baylani'slari'n wornati'wg'a uri'ndi'. Bug'an juwap retinde Ulli' Britaniya Awg'anstang'a qarsi' ekonomikali'q qamal siyasati'n qollandi'.

Soni'n' menen birge, Ulli' Britaniya Awg'anstang'a pitim usi'ni's yetti. Wonda si'rtqi' sawda Ulli' Britaniya qadag'alawi'nda boli'wi', yelde inglisler temir jol quri'wg'a i'razi'li'q beriw, inglis puqaralari'ni'n' Awg'anstang'a yerkin kirip-shi'g'i'wi'na ruqsat beriw usag'anlar talap yetilgen yedi. 1907-ji'li' usi' ma'selelerde pitimge qol qoyi'ldi'. Awg'anstan Ulli' Britaniya ma'pleri zonasi' dep dag'azalandi'. Rossiya ushi'n tek sawda huquqlari' berildi.

Awg'anstan XX a'sir basi'nda wo'ndiris sanaati' joq, artta qalg'an ma'mleket boli'p qaldi'. Sali'qlar pul menen yemes, wo'nim si'pati'nda ali'natug'i'n yedi.

**Ag'arti'wshi'li'q**

Awi'r sharayatqa qaramay, Awg'anstan si'rtqi' du'nyadan u'zilip qalg'ani' joq. Awg'anstanda da respublikashi'li'q ha'reketi payda boli'p, wol «Jas awg'anlar» dep ataldi'. Wolar mektep-ag'arti'w, ma'deniyat, ilim, texnika tarawlari'n rawajlandi'ri'w ideyasi'n alg'a su'rdi. Wolar a'mirlik ha'kimiyati' menen bara-bar konstituciya da boli'wi'n talap yetti. Wo'nim sali'g'i'n biykarlaw, ishki baji' to'lemlerin saplasti'ri'w, ruwlar ten'ligine yerisiw ha'm ko'p ma'selelerde aldi'ng'i' ko'zqaraslardi' ko'rsetti. «Jas awg'anlar» ha'reketine «Siroj ul-axbori afg'aniya» («Awg'an xabarlari' shi'rag'i'»)

gazetasi' redaktori' Muhammad Tarziy basshi'li'q yetti. Wol Habibullaxanni'n' u'shinshi balasi' Amanullaxanni'n' qayi'n atasi' yedi.

Reformashi'lardi'n' pu'tkil u'miti usi' Amanullaxang'a qarati'ldi'. Sebebi, wol «Jas awg'anlar» ruwxi'nda ta'rbiyalang'an yedi.

***Missiya*** (lat.) — joqari' minnet, juwapkeshilikli wazi'ypa; bir ma'mlekettin' yekinshi ma'mleketke arnawli' tapsi'rma menen jibergen wa'killeri.
***Rezidenciya*** (lat.) — bir ma'mlekettin' diplomatiyali'q wa'killeri bolatug'i'n jeri.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar***

1. 2-inglis — awg'an uri'si'ni'n' sebep ha'm aqi'betleri haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?
2. Nege XIX a'sirdin' 2-yari'mi'nda Awg'anstan Ulli' Britaniya ha'm Rossiya wortasi'nda «talas» yel boli'p qaldi'?
3. Nege Awg'anstandi' boysi'ndi'ri'w ushi'n Ulli' Britaniyani'n' ali'p barg'an gu'resi uzaq dawam yetken?

## 32-§. XIX a'sirdin' aqi'ri'—XX a'sirdin' baslari'nda Turkiya

### Turkiyani'n' social-ekonomikali'q awhali'

Turkiya monarxiya boli'p woni' sultan basqaratug'i'n yedi. Yelde worta a'sir feodal ta'rtipleri u'stem yedi.

Turkiya ekonomikasi'ni'n' tiykari' bolg'an awi'l xojali'g'i' wog'ada artta qalg'an yedi. Su'riletug'i'n jerlerdin' 65% u'lken jer iyeleri ha'm ruwxani'ylarg'a qarasli' boli'p, wol jersiz ha'm az jerli diyqanlarg'a ijarag'a beriletug'i'n yedi. Miynet wo'nimdarli'g'i' kem bolg'anli'qtan 1873—1875-ji'llari' ku'shli asharshi'li'q aqi'betinde ko'p adamlar qi'ri'li'p ketti.

Qala xalqi'ni'n' awhali' awi'rlasti'. Wo'nermentshilik tu'skinlikke ushi'radi'. Yeski ta'rtipler ha'm shet yel tovarlari'ni'n' ko'pligi yelde ekonomikani'n' rawajlani'wi'na tosi'q boldi'. Sanaatda wo'siw bolmadi'. Sebebi, sanaat ushi'n awi'l xojali'g'i' za'ru'r shiyki zat jetkerip bere almadi'.

Sultan hu'kimeti wo'zinin' finansli'q awhali'n jaqsi'law ushi'n shet yelden qari'z ala basladi'. 1870 — 1874-ji'llari' 3 mlrd. franktan aslam qulli'qqa aylandi'ratug'i'n qari'z ali'ndi'.

Ma'mlekettin' finansli'q awhali' to'menledi. Si'rtqi' qari'z ko'beyip, 5,5 mlrd. frankqa jetti. 1876-ji'li' hu'kimet Turkiyani' finansli'q bankrot dep ja'riyalawg'a ma'jbu'r boldi'.

Awi'r ekonomikali'q awhal Turkiyani' shet yel ma'mleketlerinin' yari'm koloniyasi'na aylandi'rdi'. Evropa ma'mleketleri imperiyani'n' koloniyalari'n tarti'p ala basladi'. Tek Germaniya imperiyadan u'les ala almag'an ma'mleket yedi. Soni'n' ushi'n da, Turkiya hu'kimeti XIX a'sir aqi'ri' — XX a'sir baslari'nda Germaniya menen jaqi'nlasti'. Germaniya kapitali' u'lken jetiskenlikti qolg'a kirgizdi. 1888-ji'li' bolajaq Bag'dad temir joli' jobasi'ni'n' Izmir — Ankara bo'limin quri'w wolarg'a tiyisti. 1903-ji'li' nemisler bul jobani' (Bag'dad arqali' Fors qolti'g'i'na shekem temir jol quri'w) toli'q qolg'a kirgizdi.

### Konstituciyali'q monarxiya ushi'n gu'res

Turkiya 1875-ji'li' qari'zlar ushi'n ji'li'na 570 mln. franktan arti'q procent to'lewi lazi'm yedi. Ma'mlekettin' da'ramati' 380 mln. frankti quradi'. Turkiya qari'zdi' to'lew bi'lay tursi'n, jumi'sshi'lardi'n' is haqi'si'n to'lewge de ilaji' bolmadi'. Na'tiyjede, xali'qti'n' turmi's da'rejesi to'menledi. Sonday sharayatta «Jan'a usmanli'lar ha'reketi» ju'zege keldi. Ha'reket ag'zalari' sultan ha'kimiyati'n saplasti'ri'w ideyasi'n alg'a ilgerletti. Ha'rekettin' «Ibrat» gazetasi' aldi'ng'i' demokratiyali'q ideyalar tarati'wshi'si'na aylandi'. Millet su'yiwshi zi'yali'lar, aldi'ng'i' pikirli ha'meldarlar ha'm oficerler de bul ha'reketke qosi'ldi'. Yelde sultan ha'kimiyati'n saplasti'ri'w ideyasi' qa'liplesti.

1876-ji'li' baslang'an xali'q qozg'alan'i' u'stem qatlamlardi' qorqi'ti'p jiberdi. Aqi'betinde, 1876-ji'li' 22-mayda Abdulaziz, Shayx ul-Islam ruqsati' menen taxttan tu'sirildi. Birqansha waqi'ttan son' taxtti' Abdulhamid II iyeledi.

1876-ji'l 23-dekabrde Turkiyada konstituciya ja'riyalandi'. Wonda, yelde yeki palatali' parlament yengizildi. To'mengi palata Deputatlar palatasi' dep, joqari' palata bolsa Senat dep ataldi'. Konstituciya sultang'a u'lken wa'killikler berdi. Puqaralardi'n' ju'da' az bo'legi g'ana saylaw huquqi'na iye boldi'.

### «Birlik ha'm progress» partiyasi'ni'n' ha'kimiyatqa keliwi

Abdulhamid II da'wiri Turkiya tariyxi'nda «zuli'mli'q da'wiri» ati'n aldi'. Wol parlamentti tarqati'p, Konstituciya ta'repdarlari'n quwg'i'ng'a ushi'ratti'. Ko'pshiligi wo'limge hu'kim yetildi. Yel qa'ha'r zulmetinde qaldi'. 1889-ji'li' Istanbulda a'skeriy-medicina woqi'w worni' kursantlari' jasi'ri'n

«Birlik ha'm progress» sho'lkemin du'zdi. Sho'lkemnin' bo'limleri pu'tkil Turkiyag'a tarqaldi' ha'm yelde konstituciyali'q ta'rtipti u'git-na'siyatladi'. Keyin bul ja'miyet ku'shli siyasiy partiyag'a aylandi'. Sultan Abdulhamid II 1897-ji'li' sho'lkem u'stinen sud uyi'mlasti'rdi'. 13 adam wo'limge hu'kim yetildi. «Birlik» ha'm «progress» partiyasi' ag'zalari' ha'm sog'an usas siyasiy do'gerekke qatnasqanlar uluwma at penen «Jas tu'rkler» dep ataldi'. «Jas tu'rkler» 1902-ji'li' Parij qalasi'nda 1-quri'ltayi'n wo'tkerdi. Wonda biykarlang'an konstituciyani' tiklewge qarar qabi'l yetildi.

1907 — 1908-ji'llari' Turkiyada revolyuciyali'q jag'day ju'zege keldi. 1908-ji'li' 3-iyul ku'ni «Jas tu'rkler»den bolg'an armiya oficerleri basshi'li'g'i'nda qozg'alan' boldi'. Wog'an Niyazbiy basshi'li'q yetti. Wol «Birlik ha'm progress» partiyasi' ag'zasi', a'skeriy garnizon komandiri yedi. 1908-ji'li' 20-iyulde Monastir qalasi'nda bul partiya konstituciya tiklengenligin ja'riyaladi' ha'm sultannan bul ma'selede pa'rman beriwdi talap yetti. Armiya «Jas tu'rkler» ta'repinde yekenligi Abdulhamidti qorqi'ti'p jiberdi. Wol 1908-ji'ldi'n' 24-iyul ku'ni konstituciyani' tiklewge ma'jbu'r boldi'. Parlamentke saylaw wo'tkeriwdi wa'de yetti. 1908-ji'li' Turkiya revolyuciyasi' jen'ip shi'qti'.

### 1909-ji'l 13-aprel ko'terilisi

Biraq, yeski ta'rtip ta'repdarlari' reformag'a qarsi' yedi. Wolardi'n' ishinde ruwxani'ylardi'n' worni' ku'shli yedi. Ruwxani'ylerdin' «Ittihodi Muhammedi» partiyasi' «Jas tu'rkler»di qudaysi'zli'qta ayi'pladi'.

«Ittihodi Muhammadi» partiyasi'ni'n' ta'repdari' bolg'an a's-kerler 13-aprelde kontrrevolyuciyali'q ko'terilis basladi'. Ko'terilisshiler parlamentti biykarlaw, sha'riyat ha'm sultan ha'kimiyati'ni'n' tikleniwin talap yetti. Abdulhamid IIge usi' kerek yedi ha'm wol bul talapti' tez wori'nladi'.

«Jas tu'rkler» g'ayratkerlerinen bir bo'limi Saloniki ha'm Adrianopolg'a qashi'p ketti. Saloniki ha'm Adrianopoldag'i' a'skeriy bo'limler «Jas tu'rkler» ta'repinde boli'p, 26-aprelde ko'terilisshiler hu'kimetin awdardi'. Sultan Abdulhamid taxttan awdari'ldi'. Taxtqa woni'n' inisi Mahmud V Rishad (1909 — 1918) woti'rg'i'zi'ldi'. Parlament qayta tiklendi.

### Ishki ha'm si'rtqi' awhal

«Jas tu'rkler» revolyuciyasi' ulli' ma'mleketlerdi ta'shwishke saldi'. Wolar Turkiyadag'i' ishki siyasiy turaqsi'zli'qtan paydalani'p, ko'birek woljag'a iye boli'wg'a ha'reket yetken.

1911-ji'li' Italiya Liviyani' basi'p alg'annan son', Ulli' Britaniyag'a tilekles «Azatli'q ha'm Birlik partiyasi'» «Jas tu'rkler» hu'kimetin i'layi'qli' yemes dep ayi'pladi'. Wolar 1912-ji'l 5-avgustta yelde ma'mleket awdari'spag'i'n wo'tkerdi.

Tez arada, Turkiyani'n' si'rtqi' awhali' tag'i' da to'menledi. Birinshi ha'm yekinshi Balkan uri'slari'nda Turkiya Balkandag'i' ta'sirinen derlik toli'q aji'raldi'. Bul waqi'ya «Azatli'q ha'm birlik» hu'kimetin awi'r awhalg'a sali'p qoydi'.

«Jas tu'rkler» basshi'lari'nan biri Anvarbiy basshi'li'g'i'nda 1913-ji'ldi'n' yanvari'nda ko'terilis boldi'. «Azatli'q ha'm Birlik» hu'kimeti awdari'ldi'. Ha'kimiyat «Jas tu'rkler» qoli'na wo'tti.

Ha'kimiyat 3 adamnan ibarat «U'shlik» topar (Anvar, Talat ha'm Jamal) qoli'na wo'tti. U'shlikke Anvar pashsha basshi'li'q yetti. «U'shlik» Germaniya menen jaqi'nlasi'w siyasati'n dawam yettirdi.

«U'shlik»tin' Germaniya menen jaqi'nlasi'wi' Germaniyani'n' Tu'rkiya imperiyasi' aymaqlari'na dawagerlik yetpegenligi menen tu'sindiriledi.

Germaniya *pantu'rk* ha'm *panislam* ideyalari'n wo'zine uran yetip alg'an «U'shlik»ti qollap-quwatlay basladi'. Bul ideologiya ideyalari' Antanta ma'plerine qarsi' yedi.

Bunnan basqa, Gemaniya Turkiya imperiyasi'ni'n' bo'liniwine qarsi' shi'g'a basladi'. Bunday sharayatta Germaniya «Jas tu'rkler» ko'z aldi'nda Turkiyani'n' jalg'i'z «qorg'awshi'si'»na aylandi'. Yendi Germaniya Turkiyani' awqam sha'rtnamasi'n du'ziwge iytermeley basladi'. Son'i'nda, 1914-ji'ldi'n' 2-avgusti'nda jasi'ri'n tezlikte awqam sha'rtnamasi' du'zildi. Bul sha'rtnamani' qol qoyi'w menen Turkiya u'stem shen'berleri imperiyani' qulatti'.

***Panislamizm*** — XIX a'sirdin' aqi'ri'nda pu'tkil musi'lman a'lemin kolonizatorlarg'a qarsi' gu'reste birlestiriw haqqi'ndag'i' ha'reketke Rossiya ha'm Ulli' Britaniya imperiyalari', sonday-aq, SSSR ta'repinen berilgen jasalma atama.
***Panturkizm*** — tu'rkiy xali'qlardi' birlestiriw ideyasi'na Rossiya ha'm Ulli' Britaniya imperiyalari', sonday-aq SSSR ta'repinen berilgen ra'smiy atama.
***Senat*** (lat) — a'yyemgi Rimde respublika da'wirine shekem ruw aqsaqallari'ni'n' ji'yi'ni'.
***Jas tu'rkler*** — 1889-ji'li' du'zilgen tu'rk burjua-pomeshik partiyasi'. «Birlik ha'm progress» partiyasi' ag'zalari'ni'n' evropasha ati'.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar***

1. Du'nyani'n' ku'shli ma'mleketi, koloniyalari' u'sh kontinentke jayi'lg'an Usmanli tu'rkler imperiyasi' nege XIX a'sir aqi'ri' — XX a'sir baslari'nda a'melde yari'm koloniya jag'dayi'na tu'sip qaldi'?
2. «Ekonomika bilim tiykarlari'» pa'ninen alg'an bilimlerin'izge su'yenip, «finansli'q bankrot» tu'sinigin da'lillep berin'.
3. Turkiyada qalay yetip konstituciyali'q monarxiya wornadi'?
4. Ne ushi'n sultan Abdulhamid II u'stemligi da'wiri Turkiya tariyxi'nda «zuli'mli'q da'wiri» dep atalg'an?
5. «Jas tu'rkler» revolyuciyasi' qalay jen'iske yeristi?
6. «Jas tu'rkler» hu'kimetinin' Germaniya menen jaqi'nlasi'wdan go'zlegen maqsetleri neden ibarat yedi?
7. Turkiya Germaniya menen awqam sha'rtnamasi'na qol qoyi'lmawi' mu'mkinbedi? Ne ushi'n?

# VI bap XIX A'SIRDIN' AQI'RI' — XX A'SIR BASLARI'NDA AFRIKA MA'MLEKETLERI

## 33-§. Arqa Afrika ma'mleketleri

**Ja'miyetlik ha'm siyasiy turmi's**

Afrikani'n' arqa bo'liminde, Saxara Kabirdin' (Sahara) qubla shegarasi'na shekem xali'qti'n' ko'pshiligin arablar quradi'. Bul jerlerde barbarlar, efioplar ha'm basqa xali'qlar jasaytug'i'n yedi.

XIX a'sirdin' 70-ji'llari'na shekem Afrikani'n' arqa ha'm arqa-shi'g'i'si'nda, yag'ni'y arablar jasawshi' aymaqlarda patshali'q du'zimi hu'kim su'retug'i'n yedi. Wolardan ra'smiy Usmaniyli' tu'rk imperiyasi'na kirgen Mi'sr, Tripolitaniya, Kirenaika (ha'zirgi Liviya) ha'm Tunis a'melde Tu'rkiya sultani'na bag'i'nbaytug'i'n yedi.

XIX a'sirdin' aqi'ri'nda Mi'sr ha'm Sudan Ulli' Britaniyani'n', Tunis, Aljir ha'm Marokko Franciyani'n', Marokkoni'n' bir bo'legi Ispaniyani'n', Liviya Italiyani'n' koloniyasi'na aylandi'.

**Mi'srdi'n' qulli'qqa tu'siwi**

Mi'srdi'n' XIX a'sirdin' aqi'ri' — XX a'sirdin' baslari'ndag'i' tariyxi' Turkiya u'stemliginen azat boli'w ha'm ingliz kolonizatorli'q siyasati'na qarsi' gu'res bayrag'i' asti'nda wo'tken wo'zgerisler da'wiri boldi'.

Musi'lman ruwxani'ylari'nan al-Azhar medresesinde mudarris bolg'an Jamaliddin al-Afg'aniy ha'm woni'n' sha'kirtleri milliy-azatli'q ha'reketinde u'lken abi'rayg'a iye boldi'. Wolar barli'q musi'lmanlardi' kolonizatorlarg'a, Turkiya zuli'mli'g'i'na qarsi' birlesiwge, konstituciyali'q du'zim wornati'li'wi'na shaqi'rdi'. 1871-ji'li' Jamaliddin al-Afg'aniy «Xizb ul-Watan» («Watan partiyasi'») partiyasi'n du'zdi. Bul partiya shet yellilerge qarsi' «Mi'sr mi'srli'qlardiki» shaqi'ri'g'i' asti'nda gu'resti. «Watan»shi'lar hu'kimdar (Hadiv)di'n' huquqi'n sheklewshi konstituciya ushi'n gu'resti. 1882-ji'li' 7-fevral ku'ni Hadiv jan'a ni'zamg'a qol qoyi'wg'a ma'jbu'r boldi'. Wol boyi'nsha, hu'kimet Deputatlar palatasi'na bag'i'natug'i'n, parlament byudjet u'stinen qadag'alaw huquqi'n alatug'i'n, bir de ni'zam Deputatlar palatasi' ruqsati'si'z qabi'l yetilmeytug'i'n boldi'. Bulardi'n' barli'g'i' feodalli'q zuli'mli'q du'ziminen burjua parlament du'zimine wo'tiw joli'ndag'i' u'lken jen'is yedi.



**Suec kanali'.**

Shet yellikler Mi'sr hu'kimetine ultimatum jiberip, a'meldegi hu'kimetti tarqati'wdi' talap yetti. Kolonizatorlardi'n' bul talabi' wori'nlanbadi'. Bug'an juwap retinde Ulli' Britaniya 1882-ji'li' Aleksandriyani' toplardan woqqa tutti'. Woni'n' desanti' qalani' iyeledi. Bug'an qarsi' Mi'sr armiyasi'ni'n' basshi'lari'ni'n' biri Axmad Orabibey Kairda joqari' ma'mleket organi' — Waqi'tsha ken'es du'zdi. 60 mi'n' adamli'q a'sker topladi'. Ko'p wo'tpey inglizler Suecti basi'p aldi' ha'm Kairg'a ju'ris basladi'. 1882-ji'l sentyabrde Mi'sr a'skerleri jen'ildi. Polkovnik Axmad Orabibey Ceylon atawi'na wo'mirlik su'rgin yetildi. Solay yetip, Mi'sr Ulli' Britaniya koloniyasi'na aylandi'.

Ulli' Britaniya Mi'srda Usmanli' tu'rk imperiyasi' ha'kimiyati'n ra'smiy tu'rde saplasti'rmadi'. Mi'sr hadivleri dinastiyasi', Wa'zirler ken'esi ati'na bolsa da saqlandi'. Finans u'stinen qadag'alaw toli'g'i' menen ingliz ma'sla'ha'tshilerine wo'tti.

1888-ji'li' Stanbulda Suec kanali'nan paydalani'w boyi'nsha Ulli' Britaniya, Germaniya, Ispaniya, Italiya, Rossiya, Turkiya, Franciya ma'mleketleri konvenciyag'a qol qoyi'sti'. Wol boyi'nsha,

kanaldan barli'q ma'mleketler meyli uri's, meyli ti'ni'shli'q waqti'nda bolsa da yerkin paydalani'w huqui'n aldi'.

Milliy-azatli'q gu'resinin' belsendi ta'repdari' bolg'an «Watan» partiyasi' inglisler na'zerinde yen' qa'wipli boli'p shi'qti'. Woni' ku'shsizlendiriw ushi'n keskin sharalar ko'rildi. Na'tiyjede, «Watan» partiyasi' siyasiy gu'res joli'nan jekke terror joli'na wo'tti. Partiyani'n' «Al-Liva» («Bayraq») gazetasi' qadag'an yetildi.

Biraq, azatli'q ha'reketi basqa ko'rinislerde dawam yetti. Majilis vice-prezidenti Saad Zaglul demokratiyali'q, milliy-azatli'q ruwxi'ndag'i' deputatlardi' wo'z a'tirapi'na ji'ynap, majilis ati'nan ingliz u'stemligine qarsi' hu'jjetti wo'tkeriwge yeristi.

### Mahdiylar qozg'alan'i'

XIX a'sirdin' aqi'ri' — XX a'sirdin' baslari'nda Shi'g'i's Sudan Mi'sr qol asti'nda yedi. 1881-ji'li' sudanli'qlardi'n' jetekshisi Muxammad Axmad xali'qti' Mi'sr — Tu'rk zuli'mi'na ha'm de evropali'larg'a qarsi' muqaddes uri'sqa shaqi'rdi'. Muhammad Axmad wo'zin Mahdiy dep ja'riyaladi'. Gubernator Mahdiydi qamaw ushi'n jibergen 200 adamli'q a'skeriy topari' joq yetip taslandi'.

1882-ji'li' Xartumg'a mi'srli' Abdul Qadi'r general-gubernator yetip saylandi'. Wol mahdiyler ha'reketin basti'ri'wg'a uri'ndi'. Biraq, sa'tsizlikke ushi'radi'. Bul arada Inglisler Mi'srdi' iyeledi. 1883-ji'li' general Xiks basli'q inglis a'skeri Sudan ansorlari' ta'repinen qi'yrati'ldi'. 1884-ji'li' inglisler Sudang'a general Gordon basshi'li'g'i'nda a'skeriy bo'lim jiberdi. Biraq, bul a'skerler de ansorlar ta'repinen joq yetildi ha'm Sudan azat yetildi.

1885-ji'li' Sudanda g'a'rezsiz mahdiyler ma'mleketi du'zildi. Qozg'alan' basshi'si' Mahdiy Muhammad Axmad wo'lip, woni'n' birinshi xalifi (xalif to'rtew yedi) Abdullah ha'kimiyatti' iyeledi. Omdurman qalasi' paytaxt yetip belgilendi. Ma'mleket wa'layatlarg'a bo'lindi. 200 mi'n' adamli'q armiya ma'mlekettin' tiykarg'i' tayani'shi' boli'p qaldi'. Biraq, yelde ishki narazi'li'qlar ku'sheydi. Mine, usi' jag'day mahdiylerdi ku'shsizlendirdi. Bunnan paydalang'an Ulli' Britaniya Efiopiyani' Sudang'a qarsi' gijgijledi. Na'tiyjede, 1885-ji'li' yeki wortada uri's ha'reketi baslandi'. Efiopiya hu'kimdari' Yoxanni Abdullahqa mu'ra'ja'a't yetip, uluwma dushpang'a qarsi' birgelikte gu'reske shaqi'rdi'. Biraq, Abdul-lah buni'n' yesesine Yoxonnidan islamg'a wo'tiwin talap yetti. Aqi'betinde, za'ru'r pitim du'zilmey qaldi'. Efiopiya — Sudan uri'si'nda ko'p qan to'gildi. 1889-ji'li' Efiopiya imperatori' Menelik sudanli'lar paydasi'n go'zlewshi pitimdi du'ziwge ma'jbu'r boldi'.

1889-ji'li' avgustta Ulli' Britaniya — Mi'sr birlesken a'skerleri Sudan mahdiylerinin' a'skerleri u'stinen jen'iske yeristi ha'm Sudanni'n' tiykarg'i' bo'limin basi'p ali'wg'a yeristi.

**Ulli' ma'mleketlerdin' Arqa Afrikadag'i' siyasati'**

1883-ji'l Tuniste Franciya u'stemligi wornati'ldi'. Bug'an shekem Franciya Aljirdi de iyelegen yedi. Aljirde XIX a'sirdin' aqi'ri'nda 300 mi'n'nan aslam francuz jasaytug'i'n yedi. Wo'nimdar jerler francuzlar qoli'nda yedi.

1905 — 1906-ji'llari' Aljirde koloniya zuli'mli'g'i'na qarsi' gu'res baslandi'. 1912-ji'li' «Jas Aljir» partiyasi' du'zildi. Bul partiya sud islerinde aljirliler ushi'n «jergilikli kodeks» kemsitiwshi ta'rtibin biykar yetiw, sali'q ali'wda aljirliler ha'm evropali'lardi' ten'lestiriw, xali'q bilimlendiriwin ken'eytiw, arablar ushi'n saylanatug'i'n lawazi'mlardi' ko'beytiw usag'an talaplar qoydi'.

Evropa ma'mleketlerinin' koloniya bo'liniwinde Franciya Marokkog'a da iye boldi'. 1900-ji'li' Italiya Franciyani'n' Marokkog'a bolg'an huquqlari'n ta'n aldi'. Buni'n' yesesine Italiya Liviyag'a tiyisli huquqqa iye boldi'.

Franciya Marokkog'a qarsi' uri's ashi'w ushi'n ba'ne izledi. 1907-ji'li' Marokko qalasi'nda francuz shi'pakeri wo'ltirildi. Usi' ba'ne menen Franciya tezlik penen uri's baslap jiberdi. Qi'sqa waqi't ishinde Franciya Marokkoni'n' barli'q tiykarg'i' qalalari'n basi'p aldi'. Marokkoni'n' ayi'ri'm aymaqlari' Ispaniyag'a berildi.

Liviya uzaq waqi't Turkiya koloniyasi' boli'p keldi. 1911-ji'l 29-sentyabrde Italiya Liviyag'a basqi'nshi'li'q uri'si'n basladi'. Turkiyada itibarli' juwap sharasi' ko'rilmedi. Aqi'betinde, 1911-ji'l 5-noyabr ku'ni Liviya Italiya mu'lki dep ja'riya yetildi.

***Ansorlar*** (arabsha — ja'rdemshiler, saplaslar) — Muhammad (s.a.v) sahabalari'ni'n' bir taypasi'ni'n' ati'. (Wolar 622-ji'li' Ma'kkeden Madinag'a ko'ship barg'an musi'lman imigrantlarg'a ha'm Rasulullohqa ja'rdem bergen ha'm Islam dinin qabi'llag'an Madinani'n' avs ha'm hazraj qa'wimlerinin' ag'zalari' bolg'an).
***Mahdiy*** (arabsha — Allah ta'repinen duri's jolg'a jeteklewshi)— Islamda aqi'rzaman bolg'ani'nda kelip, jerde a'dillik wornatadi', dep iseniwshi payg'ambar.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar***

**1.** Arqa Afrikada arab ma'mleketleri qalay yetip Turkiya koloniyasi'na aylang'ani'n yeslen'.
**2.** Arqa Afrikada qaysi' ulli' ma'mleketler ma'pleri duslasqan?

3. Mi'sr xalqi'ni'n' milliy-azatli'q gu'resi haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?
4. Mahdiyler qozg'alan'i' haqqi'nda ayti'p berin'.

## 34-§. Tropikali'q* ha'm Qubla Afrika ma'mleketleri

**Tropikali'q ha'm Qubla Afrika haqqi'nda**

XIX a'sirdin' son'g'i' shereginde Afrikada koloniyali'q basqi'nshi'li'g'i' ja'ne de ku'sheydi. Qubladag'i' qazi'lma bayli'qlarg'a bay jerlerde 70-ji'llarda almaz ha'm 80-ji'llarda alti'n ka'nlerinin' tabi'li'wi' evropali'lardi'n' «ag'i'li'p keliwlerin» tezlestirdi. Qubla Afrikani' koloniya yetiwde Ulli' Britaniya tiykarg'i' rol woynadi'. Ko'p wo'tpey bul jerge Germaniya kirip kele basladi'. Mozambik ha'm Angola usag'an jerlerdi birlestiriwdi portugallar wo'z rejelerine kirgizdi. Tiykarg'i' koloniya woraylari'nan biri — Burlar Respublikasi' (Transvaal ha'm Oranj g'a'rezsiz respublikalari') boli'p qaldi'. 70-ji'llardan baslap Ulli' Britaniya wo'z koloniyalari'n birlestirip, federaciya du'zbekshi boldi'. Burlar bul pikirge qosi'lmag'annan keyin, Ulli' Britaniya 1877-ji'li' Transvaaldi' basi'p aldi', Zululendti de wo'zine qarasli' koloniya dep dag'azaladi'.

**Bati's ha'm Shi'g'i's Afrika ushi'n gu'res**

Bati's Sudan, Senegal ha'm Nil da'ryasi' basseyni XIX a'sirdin' aqi'ri' — XX a'sirdin' baslari'nda Franciya, Gollandiya ha'm Ulli' Britaniya wortasi'nda ba'seki maydani'na aylandi'.

1892-ji'l Franciya Bati's Sudandi' basi'p aldi'. Bati's sudanli'lardi'n' azatli'q gu'resinde Samori Ture ati' jarqi'n iz qaldi'rdi'. Wol ataqli' la'shker basi' ha'm siyasatshi' yedi.

Francuzlar 1898-ji'lda g'ana woni' bag'i'ndi'ra aldi'. Tutqi'ng'a ali'ng'an Samori Gabong'a su'rgin yetildi ha'm sol jerde qazalandi'. 1900-ji'lda Shad ko'linin' a'tirapi' bag'i'ndi'ri'ldi'. 1904-ji'li' Gvineya bug'azi' boylari' da Franciyag'a bag'i'ndi'ri'ldi'. Wog'an Franciya Gvineyasi' dep at berildi.

Ulli' Britaniya, Franciyadan keyin Belgiya da Afrika jerleri ushi'n gu'reske qosi'ldi'. 1883-ji'lda Kongo basseynindegi jerler Belgiya koloniyasi' dep ja'riyalandi'.

Ko'p wo'tpey evropali'lar Shi'g'i's Afrikag'a da kirip kele basladi'. Nil da'ryasi' baslani'w basseynlerin ilimiy u'yreniw

*Tropik Afrika degende Worayli'q Afrika tu'siniledi.




**XIX a'sir aqi'ri' — XX a'sir baslari'nda Afrika ma'mleketleri.**

ba'nesi menen evropali'lar Buganda ma'mleketin ashti'. 1894-ji'li' Buganda Ulli' Britaniya ta'repinen du'zilgen Uganda protektorati' qurami'na kirgizildi.

Zanzibar arab sultanli'g'i' da qul sawdasi'na qarsi' gu'res ba'nesi menen nemisler, francuzlar ha'm inglisler ta'repinen bo'lip ali'ndi'. XIX a'sirdin' aqi'ri'nda Ulli' Britaniya Bunoro ma'mleketin basi'p aldi'.

XX a'sir basi'nda Bati's Afrikanin' Gambiya, Syerra-Leone, Alti'n Jag'a, Nigeriya, Senegal, Franciya Gvineyasi', Pil Su'yegi Jag'asi', Dagomeya — Franciyani'n'; Togo, Kamerun — Germaniyani'n'; Gvineyani'n' bir bo'limi Portugaliya koloniyasi' yedi. Evropa kolonizatorlari' tu'rli basqari'w sistemalari'n yengizdi. Ulli' Britaniya jergilikli basqari'w sistemasi'n saqlap, wo'z ma'pine boysi'ndi'rdi'. Al, Franciya bolsa yeski jergilikli basqari'wdi' buzi'p, Franciyag'a ta'n bolg'an ta'rtiplerdi yengizdi.

Bati's Afrikada koloniyalar ushi'n gu'reste Gollandiya, Belgiya, Portugaliya, Ulli' Britaniya, Germaniya, Franciya ha'm AQSH ma'pleri soqli'g'i'sti'. Belgiya koroli' Kongoni' ilimiy u'yreniw associaciyasi'n du'zip, woni'n' sayasi'nda sheberlik penen is ali'p bardi'. Bara-bara wol Belgiya koloniyasi'na aylandi'. Kongonin' bir bo'limi Franciyag'a, ja'ne bir bo'limi Portugaliyag'a tiyisti.

**Qubla Afrika**

Qubla Afrikada du'nyani'n' yen' iri almaz ka'nleri bar yedi. Inglis siyasatshi'si' Sesil Rods «De Rods» kompaniyasi'n du'zip, almaz ka'nlerin wo'z qoli'na aldi'. 1887-ji'li' Transvaal alti'n ha'm mi's ka'nleri ashi'li'p, buni' da iyeledi. Woni'n' baslamasi' menen «Britaniya-Qubla Afrika jen'illikli kompaniyasi'» du'zildi. Kompaniya «Keyptaunnan Kairg'a shekem Ulli' Britaniya koloniyasi' boli'wi' kerek», degen ma'niste basi'p ali'wshi'li'q ha'reketlerine ruqsat aldi'. Tez arada Arqa Rodeziyada inglis protektorati' wornati'ldi'. Ulli' Britaniya burlarg'a qarsi' uri'sqa tayarlandi'. 1899-ji'li' inglis — bur uri'si' baslandi'. 1902-ji'l Bur Respublikasi' (Transvaal ha'm Oranj) Britaniya mu'lkleri qurami'na qosi'p ali'ndi'.

1910-ji'li' Ulli' Britaniya koloniya aymaqlari' bolg'an Transvaal, Oranj, Natal, Kapti' «Qubla Afrika Awqami'» ati' menen birlestirdi.

**Madagaskardi'n' iyeleniwi**

Hind okeani'ni'n' bati'si'nda, Afrikani'n' qubla-shi'g'i's jag'asi' jani'nda jaylasqan bul ataw ulli' ma'mleketler kolonizatorli'q siyasati'nda ayri'qsha wori'n tutti'.

1883-ji'li' Franciya Madagaskarg'a uri's ja'riyaladi'. 1885-ji'li' bul uri's ta'repler ushi'n ten' yemes pitim du'ziliwi menen juwmaqlandi'. Franciya Madagaskar u'stinen protektorat wornatti' ha'm woni'n' si'rtqi' siyasati'n qadag'alaytug'i'n boldi'. 1896-ji'li' Franciya Madagaskardi' wo'z koloniyasi' dep ja'riyaladi'.

### Zuluslar

Ulli' Britaniya zuluslardi' boysi'ndi'ri'w ushi'n qatan' uri's ali'p bardi'. Zuluslar hu'kimdari' Ketchvayo 1879-ji'li' u'sh soqli'g'i'si'w dawami'nda inglizlerdin' 20 mi'n' adamli'q armiyasi'n qi'yratti'. Biraq, Ulli' Britaniya toplar ja'rdeminde basi'm keldi ha'm Zululendti' iyelep, woni' 13 mayda ha'kimlikke bo'lip tasladi'. Zululend ha'kimliklerin wo'z ara uri'sti'ri'p, wo'z paydasi'na islew ingliz hu'kimdarlari'na ta'n wo'zgeshelikke aylandi'.

### Somali ha'm Efiopiya

Efiopiya ha'm Somali 1869-ji'li' Suec kanali'ni'n' ashi'li'wi' sebepli ayri'qsha sawda-ekonomikali'q ha'm a'skeriy-strategiyali'q a'hmiyetke iye boli'p qaldi'. Bul jag'day kolonizatorlardi' biypari'q qaldi'rmadi'. Sa'l aldi'n 1867-ji'li' inglisler Efiopiyag'a qarsi' uri's ashi'p, patsha («negus» dep atalg'an) Feodor II nin' birlestiriwshi siyasati'n joqqa shi'g'ardi'. Tu'rli dinler wortasi'nda narazi'li'q sebepli Feodor II ge qarsi' bolg'an ruwxani'ylardan paydalani'p, inglisler habash (efiop) a'skerlerin qi'yratti'. Feodor II wo'zin-wo'zi wo'ltirdi. Ha'kimiyat basi'na inglis ta'repli ku'shler woti'rg'i'zi'ldi'. 1889—1913 ji'llarda Qi'zi'l ten'iz boyi' ha'm Somali yari'm atawi' Ulli' Britaniya, Franciya, Italiya wortasi'nda bo'linip ali'ndi'.

Efiopiyada Italiya wo'z koloniyali'q rejelerin yengiziwge uri'ndi'. Biraq, bug'an yerise almadi'. Efiopiya wo'z g'a'rezsizligin saqlap qaldi'.

### Gerero ha'm namalar

Qubla Afrikani'n' arqa-bati's bo'limi 1883-ji'ldan baslap Germaniya ta'repinen basi'p ali'na basladi'. Jergilikli gottentot ha'm gerero qa'wimleri rezervaciyalarg'a quwi'ldi'. Qalg'anlari' nemis kolonizatorlari'na qul boli'p qaldi'. 1904-ji'li' barli'q gerero qa'wimleri Samuil Magarero basshi'li'g'i'nda basqi'nshi'larg'a qarsi' qozg'alan' basladi'. Biraq, qozg'alan'shi'lar qi'yrati'ldi'. Gererolardan tiri qalg'anlari' yeldin' arqa ta'repine qashi'p, jan saqlawg'a ma'jbu'r boldi'.

Nama qa'wimleri de qozg'alan' ko'terdi. Namalardi'n' qozg'alan'i'n Xendrik Vitboy basqardi'. Vitboy nama qa'wimlerin birlestiriwge muwapi'q boldi'. Biraq, wol 1905-ji'lg'i' sawashta nabi't boldi'. Woni'n' wo'liminen keyin de namalar gu'resti yeki ji'l

dawam yettirdi. Biraq, zamanago'y nemis texnikasi' u'stin keldi. Germaniya basqi'nshi'lari' 200000 nan aslam namalardan 140 mi'n'i'n qi'ri'p tasladi'. Germaniyag'a qarsi' Shi'g'i's Afrikani'n' qubla ha'm worayi'nda (Tanganika) 1905-ji'li' azatli'q ushi'n baslang'an qozg'alan' 2 ji'ldan aslam dawam yetti. Nemis a'skerleri 120 mi'n' afrikali'lardi' qi'ri'p taslap, qozg'alan'di' basti'rdi'. Bul aymaqta neshe a'sirlerden beri jasap kelgen u'lken-u'lken qa'wimler birotala joq boli'p ketti.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar***

1. Qubla Afrika nege ulli' ma'mleketler ma'plerinin' soqli'g'i'si'wi'na sebep bolg'an?
2. Bati's Afrikada qaysi' ulli' ma'mleketler ma'pleri soqli'g'i'sqan?
3. Shi'g'i's Afrika qaysi' ulli' ma'mleketler wortasi'nda bo'lindi?
4. Ulli' Britaniya ha'm Burlar Respublikasi' wortasi'ndag'i' uri'slar qanday na'tiyje menen tamamlang'an? Ayti'p berin'.
5. Gerero ha'm Namalar kimler yedi?

Shabandozlar! Qa'ne, atlani'n' da'rhal,
Ha'mmege jetedi woq-da'ri, qural.
Biraq yeki yetpen' sa'rdardi'n' so'zin,
Tu'nde jol ju'rin' de, tan'da woq ati'n'.
G'a'plette qaldi'ri'n' dushpandi' ha'r waq,
Biraq sheginiwdi woylaman' ha'rgiz.
Du'nyada bolmag'an, bolmaydi' hesh waq,
Jen'is da'minen mazali'raq bir da'm.

*Xendrik Vitboy*

# VII bap
# 1914 — 1918-JI'LLARDAG'I' BIRINSHI JA'HA'N URI'SI'

## 35-§. Birinshi ja'ha'n uri'si'ni'n' baslani'wi' ha'm bari'si'

**Uri'sti'n' baslani'wi'**

Birinshi ja'ha'n uri'si'ni'n' basli' sebebi yeki a'skeriy-siyasiy topar arasi'nda bo'lingen du'nyani' qayta bo'lip ali'w ushi'n baslang'an gu'res yedi. Du'nyani'n' jetekshi ma'mleketleri jawi'z maqsetleri joli'nda, bayli'q artti'ri'w ushi'n millionlag'an

insanlardi' qurban yetiwge bel bayladi'. 1914-ji'ldi'n' 28-iyulinde serbiyali' milletshil G. Prinsip ta'repinen Sarayevoda Avstriya-Vengriya taxti' miyrasxori' Frans Ferdinand wo'ltirildi.

Avstriya-Vengriya hu'kimeti Serbiyag'a g'a'remetli talaplar menen ultimatum jiberdi. Serbiya hu'kimeti ultimatumni'n' tek bir talabi'na, yag'ni'y qasttan wo'tkeriletug'i'n tergew jumi'slari'n Avstriya-Vengriya ma'mleketlik huquqi'y ma'kemeleri ali'p bari'wi'na kelisim bermedi. Bul Avstriya-Vengriyani'n' 28-iyulde Serbiyag'a uri's ja'riyalawi'na ba'ne boldi'. Serbiya awqamlasi' Rossiya bug'an juwap retinde 29-iyulde a'skeriy mobilizaciyani' ja'riyaladi'.

Bunnan Germaniya u'stem shen'berleri 1-avgustta Rossiyag'a, 3-avgustta woni'n' awqamlasi' Franciyag'a uri's ja'riyalaw ushi'n ba'ne retinde paydalandi'. Usi' payi'tta, Germaniya Belgiyani'n' biyta'repligin buzi'p, wog'an hu'jim yetti. Belgiyani'n' biyta'repligi haqqi'ndag'i' xali'q arali'q hu'jjetke bir waqi'tlar Prussiya da qol qoyg'an yedi. Biraq, 1914-ji'li' Germaniya hu'kimeti bul hu'jjetti «bir bet qag'az» dep atadi'. Germaniyani'n' Belgiyag'a hu'jimine juwap retinde Ulli' Britaniya Belgiyani' qorg'aw ba'nesi menen 4-avgustta Germaniyag'a uri's ja'riyaladi'. Ja'ha'n uri'si' baslani'p ketti. 15-avgustta Yaponiya Germaniyadan Qi'taydag'i' koloniya aymaqlari'n Yaponiyag'a beriw talabi' menen shi'qti'. Kelisim bermegen son', 23-avgustta Yaponiya Germaniyag'a qarsi' uri's ja'riyaladi'. Germaniya 1914-ji'ldi'n' oktyabr ayi'nda Osmanli' tu'rkler imperiyasi'n, keyin ala Bolgariyani' wo'z ta'repinde turi'p uri'sta qatnasti'ri'wg'a yeristi. Tez arada Kavkaz arti', Siriya ha'm Palestinada, Balkan yari'm atawi'nda, Germaniyani'n' Afrikadag'i' koloniyalari'nda jan'a frontlar ju'zege keldi.

**Jasi'n tezliginde jen'iske yerisiwinin' joqqa shi'g'i'wi'**

Germaniya armiyasi' generali' fon Shliffen jasi'n tezliginde jen'iske yerisiw rejesin du'zip shi'qqan yedi. Reje boyi'nsha Germaniya armiyasi' biyta'rep Belgiya aymag'i' arqali' Franciyag'a hu'jimge wo'tiwi, Germaniya —Franciya shegarasi'nda toplang'an Franciya armiyasi'n qorshap ali'p, woni' gu'zge shekem joq qi'li'p ha'm sol arqali' Franciyani'n' bag'i'ni'wi'na yerisiwi kerek yedi. Son' qi'sqa waqi't ishinde, Rossiyani' da jen'iwdi jobalasti'rg'an yedi. 3-avgustta hu'jimge wo't-ken Germaniya armiyasi' bir ay ishinde Parijge jaqi'nlasi'p qaldi'. Franciyani'n' bag'i'ndi'ri'li'wi' ani'qtay yedi. Ha'tteki, hu'kimet waqti'nsha bolsa da Parijden shi'g'i'p ketiwge ma'jbu'r boldi'.

Biraq, Shliffen rejesi a'melge aspadi'. Bug'an Franciya hu'kimetinin' wo'tinishi boyi'nsha 17-avgustta Rossiyani'n' Germaniya ha'm Avstriya-Vengriyag'a qarsi' baslang'an hu'jimi sebep boldi'.

Bati's frontta Germaniya a'skeriy qu'diretinin' ku'shsizleniwi Franciyani' saqlap qaldi'. Sonday-aq, bul jag'day Franciyag'a ku'sh toplap qarsi' hu'jimge wo'tiwge imkan jaratti'. Germaniya rus armiyasi'n Shi'g'i's Prussiyadan qi'si'p shi'g'arsa da, rus a'rmiyasi' Avstriya-Vengriyag'a qarsi' hu'jimin dawam yettirdi.

Marna da'ryasi' boyi'nda Franciya ha'm Ulli' Britaniyani'n' birlesken armiyasi' 1914-ji'ldi'n' sentyabrinde Germaniya a'skerlerine qarsi' hu'jimge wo'tti. Marna sawashi'nda ha'r yeki ta'repten 2 mln.g'a jaqi'n a'sker qatnasti'. Bul sawashta Ulli' Britaniya ha'm Franciya armiyasi'ni'n' qoli' ba'lent keldi.

Awi'r awhalg'a tu'sip qalg'an nemis komandirligi 9-sentyabrde pu'tkil Bati's front boylap sheginiwge ma'jbu'r boldi'.

Marna sawashi'nda yerisilgen jen'is sebepli Germaniyani'n' jasi'n tezliginde jeni'ske yerisiw rejesi pushqa shi'qti'.

### Turkiyani'n' uri'sqa kirisiwi

Turkiya u'stem toparlari'ni'n' ko'pshiligi Germaniya ta'repinde turi'p uri'sta qatnasi'wdi' maqsetke muwapi'q dep yesapladi'. Sebebi, wolardi'n' pikirinshe Turkiyani'n' wo'zi basi'p ali'wi' mu'mkin bolg'an jer yaki Rossiya qaramag'i'nda, ya Ulli' Britaniya qol asti'nda yedi.

Mine, usi' basqi'nshi'li'q niyetin a'melge asi'ri'w tilegi Turkiyani' 1914-ji'ldi'n' 2-avgusti'nda jasi'ri'n sharayatta Germaniya menen awqamlas sha'rtnamasi'n du'ziwge ali'p keldi.

11-oktyabrde Germaniya Turkiyag'a u'lken mug'darda qari'z usi'ni's yetti. Turkiyadan usi' qari'zdi' alg'an zamatta-aq uri'sqa kirisiwge wa'de aldi'. Germanshi'l, a'skeriy wa'zir ha'm bas komandir Anvar pashsha 29-oktyabr ku'ni Turkiya floti'na nemis admirali' Sushan komandirliginde Qara ten'izge shi'g'i'wg'a ha'm Rossiyani'n' aymaqlari'n woqqa tuti'wg'a buyri'q berdi.

2-noyabr ku'ni Rossiya Turkiya hu'jimine qarsi' uri's ja'riyaladi'. Uri's ha'reketleri uzi'nli'g'i' 350 km bolg'an Kavkaz fronti'n ju'zege keltirdi. 5 — 6-noyabr ku'nleri Ulli' Britaniya ha'm Franciya da Turkiyag'a uri's ja'riyaladi'.

1915-ji'ldi'n' 19-yanvari'nda Antanta a'skeriy ten'iz ku'shleri Turkiyag'a qarsi' Dardanell qolti'g'i'nda a'skeriy operaciyalardi' baslap jiberdi. Germaniya mu'mkin bolg'an barli'q imkaniyatlardan paydalani'p, Turkiyag'a ja'rdem ko'rsetti.

Na'tiyjede, Ulli' Britaniya a'skeriy ten'iz floti' u'lken zi'yan ko'rdi. Buni'n' sebebinen 200 mi'n' ingliz soldati' nabi't boldi' ha'm jaralandi'.

**«Ulli' sheginiw»**

Shi'g'i's front 1915-ji'lda tiykarg'i' uri's ha'reketleri maydani'na aylandi'. Germaniya ha'm Avstriya-Vengriya wo'z quralli' ku'shlerinin' yari'mi'na jaqi'ni'n Rossiyag'a jiberiwge qarar yetti. Awqamlaslardi'n' a'skerleri 1915-ji'ldi'n' ba'ha'rinde hu'jim ha'reketlerin Galiciyadan (Bati's Ukraina) basladi'. Na'tiyjede, 1915-ji'ldi'n' ba'ha'ri ha'm jazi'nda rus armiyasi' qanli' jawi'ngerlik uri'sti' ali'p bari'wg'a ma'jbu'r boldi'. Rus armiyasi' misli ko'rilmegen da'rejede zi'yan ko'rdi. 850 mi'n' soldat ha'm oficer nabi't boldi'. 900 mi'n' a'skeri tutqi'ng'a ali'ndi'.

Rus armiyasi' sonsha qarsi'li'q ko'rsetse de, ku'shler ten' bolmag'an uri'slar sebepli Polshani', Baltik boyi', Bati's Belorussiya ha'm Bati's Ukrainani'n' bir bo'legin taslap shi'g'i'wg'a ma'jbu'r boldi'. Bul sheginiw birinshi ja'ha'n uri'si' tariyxi'na «ulli' sheginiw» ati' menen kirgen.

**Bati's fronttag'i' awhal**

Shi'g'i's fronttag'i' da'slepki tabi'slardan ruwxlang'an Germaniya Bati's fronttag'i' awhali'n da wo'zgerttirip almaqshi' boldi'. Bul wori'nda wol uluwma jan'a qural — suw asti' kemelerine u'lken u'mit bayladi'.

Sol waqi'tta, Germaniya a'skeriy ha'reketler aymaqlari'ndag'i' ha'rqanday suw u'sti kemelerin de sho'ktiriw niyetinde boldi'. Solay isledi de. Sonday-aq, 1915-ji'li' 7-mayda Germaniya suw asti' kemeleri Ulli' Britaniyani'n' «Luzitaniya» jolawshi'lar tasi'w kemesin sho'ktiridi. Woni'n' borti'nda uluwma 2000 g'a jaqi'n jolawshi' (126 si AQSH puqarasi') bar yedi. Wolardan 1195 si nabi't boldi'. Germaniya floti' ju'zlegen ju'k kemelerin de joq yetti.

Germaniya tek suw asti' kemelerinen paydalani'p qalmadi'. Wol 1915-ji'ldi'n' 25-aprelinde Ipr sawashi'nda uri'slar tariyxi'nda birinshi ma'rtebe ximiyali'q qural — za'ha'rli gaz (xlor) qollandi'. Buni'n' na'tiyjesinde 15000 adam za'ha'rlendi. Wolardan 5000 i' nabi't boldi'. Biraq, bul qural da Germaniya ku'tken na'tiyjeni bermedi. Antanta armiyasi' tez arada gazge qarsi' qorg'aw qurali' (protivogaz) benen ta'miyinlendi.

**Italiyani'n' uri'sqa kirisiwi**

Italiya ra'smiy «U'shlik awqami'»ni'n' ag'zasi' bolsa da, woni'n' maqseti uri'sta kimnin' qoli' ba'lent keliwine isenim

payda yetiw, qaysi’ ta’rep Italiyag’a uri’stan son’ ko’p wolja wa’de yetiwin ku’tip turi’w yedi.

Antanta Italiyag’a wol sorag’an aymaqlardi’n’ barli’g’i’n beriwge i’razi’ boldi’. 1915-ji’ldi’n’ 26-aprelinde Antanta menen Italiya arasi’nda Londonda sha’rtnama du’zildi. Wonda Italiya bir aydan son’ wo’zinin’ buri’ng’i’ awqamlaslari’na qarsi’ uri’sqa kirisiwi za’ru’r yedi. Bul minnetleme Ulli’ Britaniyani’n’ Italiyag’a 50 mln. funt sterling qari’z beriwi menen bekkemlendi.

3-may ku’ni Italiya hu’kimeti «U’shlik awqami’» haqqi’ndag’i’ sha’rtnamadan shi’qqanli’g’i’n bildirdi. 23-mayda bolsa Avstriya-Vengriyag’a qarsi’ uri’s ja’riyaladi’. Italiyani’n’ Antanta ta’repine awdari’li’wi’ Germaniya diplomatiyasi’ni’n’ u’lken jen’ilisi boldi’.

### Yaponiyani’n’ Uzaq Shi’g’i’s ha’m Ti’ni’sh okeandag’i’ ha’reketleri

Evropadag’i’ uri’s ha’reketleri Uzaq Shi’g’i’s ha’m Ti’ni’sh okeandag’i’ Yaponiyani’n’ a’skeriy ha’reketleri ushi’n qolayli’ sharayat jaratti’. Wol 1915-ji’ldi’n’ 18-yanvari’nda Qi’tay hu’kimeti aldi’na Shandun wa’layati’n Germaniyadan Yaponiyag’a wo’tkeriw; Shi’g’i’s Ishki Mongoliya ha’m Qubla Manjuriyada Yaponiyani’n’ jetekshiligin bekkemlewge imkan beriw; Port-Artur, Qubla Manjuriya ha’m Andun-Mukden temir jollari’ni’n’ ijara mu’ddetin tag’i’ 99 ji’lg’a uzayti’w; Yaponiya puqaralari’ni’n’ Qubla Manjuriya ha’m Shi’g’i’s Ishki Mongoliyada jer maydanlari’na iye boli’w usag’an talaplardi’ qoydi’. Sol waqi’tta, Yaponiya waqi’yag’a AQSHti’n’ aralasi’wi’ mu’mkinliginen ta’shwishke tu’sip qaldi’. Sol sebepli, Qi’tay aldi’na qoyg’an qatar talaplardan bas tartti’.

8-mayda Qi’tay Yaponiyani’n’ biraz jumsarti’lg’an talaplari’n qabi’l yetti. Rossiya armiyasi’ni’n’ 1915-ji’lg’i’ ulli’ sheginiwi Bolgariyani’n’ kimnin’ ta’repinde uri’si’w ma’selesin sheshti. 1915-ji’li’ 6-sentyabrde Avstriya-Vengriya ha’m Bolgariya, 15-sentyabrde bolsa Bolgariya ha’m Turkiya arasi’nda awqamlas sha’rtnamalari’ tasti’yi’qlandi’. Solay yetip, «To’rtlikler awqami’» ju’zege keldi. 14-oktyabrde Bolgariya Serbiyag’a hu’jim qi’ldi’. Germaniya, Avstriya-Vengriya a’skerleri arqadan Serbiyag’a hu’jimge wo’tti. Solay yetip, Serbiya basi’p ali’ndi’.

***Ulli’ sheginiw*** — rus armiyasi’ni’n’ 1915-ji’l ba’ha’r ha’m jazda awi’r jog’alti’wlar menen sheginiwi.
***«To’rtlikler awqami’»*** —1915-ji’l 15-sentyabrde Bolgariyani’n’ Germaniya, Avstriya-Vengriya ha’m Turkiya awqami’na qosi’li’wi’ na’tiyjesinde ju’zege kelgen awqam.

### *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. I ja'ha'n uri'si'ni'n' kelip shi'g'i'w sebeplerin ayti'p berin'.
2. Uri's qalay baslani'p ketti?
3. Germaniyani'n' jasi'n tezliginde jen'iske yerisiw rejesi qay ta'-rizde sa'tsizlikke ushi'radi'?
4. Nege Italiya «U'shlikler awqami'» sha'rtnamasi'nan shi'qti'?
5. Evropadag'i' uri's ha'reketinen Yaponiya qalay paydalandi'?

Ulli' Britaniya ma'mleket g'ayratkeri Lloyd Jorjdi'n' to'mendegi so'zlerine tu'sinik berin':
«Tariyx wo'zinin' menmenlershe qaysarli'g'i' menen qurallas rus doslari'n apatshi'li'qqa duwshar yetken Franciya ha'm Ulli' Britaniyani'n' a'skeriy komandirliginen juwap talap yetedi. Wolar ruslardi' an'sat qutqari'wi' mu'mkin yedi».

## 36-§. 1916—1917-ji'llardag'i' uri's ha'reketleri

**Verden sawashi'**

Germaniya u'stemlik shen'berleri Rossiyani' basi'p ala almag'annan son' tiykarg'i' itibardi' Bati's frontqa qaratti'. Bunnan maqset — Franciya ta'g'dirin u'zil-kesil sheshiw yedi. Soni'n' ushi'n Germaniya Franciyani'n' Verden qorg'ani'na hu'jim jasadi'. Sebebi, bul qorg'an Parijdi'n' joli'n tosi'p turatug'i'n yedi. Germaniya armiyasi'ni'n' hu'jimi 1916-ji'ldi'n' 21-fevrali'nda baslandi' ha'm 21-martqa shekem dawam yetti. Nemis piyada a'skerleri hu'jimge ko'terilgende francuzlar ku'tilmegende wolardi' toplardan qatti' woqqa tutti'.

Nemis armiyasi' tek 7 km aldi'g'a ji'lji'y aldi'. Germaniya armiyasi'ni'n' Verden bag'i'ti'ndag'i' a'skeriy ha'reketlerin pa'seytiw maqsetinde Franciya bas komandiri nemislerdin' Somma da'riyasi' boylap wo'tken qorg'ani'w si'zi'g'i'n jari'p wo'tiwge qarar yetti. Francuz ha'm inglis armiyasi' 1-iyulda Somma da'ryasi' boyi'nda hu'jimge wo'tti. Bul qanli' sawash 18-noyabrge shekem dawam yetti.

Bul sawashta inglisler uri'slar tariyxi'nda 1-ma'rte ja'ne bir g'ana qural — tankti iske qosti'. Polattan islengen bul qorqi'ni'shli' qural dushpan armiyasi'n albi'ratti'. 1916-ji'ldi'n' 21-dekabrinen baslap nemis armiyasi' qorg'ani'wg'a wo'tiwge ma'jbu'r boldi'. Verden ha'm Somma sawashlari' wog'ada qi'rg'i'n sawash boldi'. Wolarda ha'r yeki ta'repten 2 mln 260 mi'n'nan aslam a'skerler

nabi't boldi'. Verden sawashi'ni'n' tariyxqa «Verden qi'rg'i'ni'» ati' menen kirgenligi tosi'nnan yemes.

**Shi'g'i's fronttag'i' awhal**

Germaniya armiyasi' 1916-ji'l fevral ayi'nda Bati's frontta hu'jimge wo'tken son', Franciya Rossiyadan ja'rdem sorawg'a ma'jbu'r boldi'. Bug'an juwap retinde general A.A. Brusilov basqarg'an rus armiyasi' may ayi'nda hu'jimge wo'tti. 4-iyul ku'ni Avstriya-Vengriya armiyasi'ni'n' Galiciyadag'i' fronti' jari'p wo'tildi ha'm Avstriya-Vengriya armiyasi'na qatti' soqqi' berildi. Rus armiyasi'ni'n' hu'jimi aqi'betinde Avstriya-Vengriya armiyasi'ni'n' 1 mln.nan aslam a'skeri nabi't boldi'. 400 mi'n'nan aslami' bolsa qolg'a ali'ndi'. Rus armiyasi' 60 — 100 km aldi'g'a wo'tiwge miyasar boldi'.

**Rumi'niyani'n' uri'sqa kirisiwi**

1914-ji'ldi'n' 1-oktyabrinde Rossiya-Rumi'niya sha'rtnamasi'na qol qoyi'ldi'. Sha'rtnama boyi'nsha, Rossiya Rumi'niyani'n' aymaqli'q pu'tinligin kepillikke aldi'. Sonday-aq, Rumi'niyani'n' Avstriya-Vengriya imperiyasi'ndag'i' rumi'nlar jasaytug'i'n aymaqlarg'a bolg'an huquqi'n ta'n aldi'.

1916-ji'ldi'n' 17-avgust ku'ni Rumi'niya menen Antanta ma'mleketleri arasi'ndag'i' sha'rtnamag'a qol qoyi'ldi' ha'm Rumi'niya Avstriya-Vengriyag'a qarsi' uri'sqa kiriw minnetlemesin aldi'. Buni'n' yesesine wog'an Transilvaniya, Bukovina ha'm Banattin' u'lken bo'limi wa'de yetildi. 28-avgustta Rumi'niya Avstriya-Vengriyag'a qarsi' uri's ja'riyaladi'. Biraq, a'skeriy jaqtan bekkem tayarli'q ko'rilmegen Rumi'niya armiyasi' tez qi'yrati'ldi'.

**Ta'replerdin' rejeleri**

1917-ji'li' Antanta qauralli' ku'shlerinin' san ja'gi'nan u'stinligi 40% ti quradi'. Ha'tte, a'skeriy-ekonomikali'q jaqtan qalaq Rossiya da 1917-ji'ldi'n' baslari'nda ayli'q woq-da'ri ha'm a'skeriy texnika islep shi'g'ari'wda yen' joqari' ko'rsetkishke yeristi. Antanta ji'ldi'n' baslari'nda-aq hu'jimdi baslawdi' rejelestirdi. Sheshiwshi soqqi'ni' bolsa jazda beriwge qarar yetti.

Usi' da'wirde, «To'rtlikler awqami'» da qol qawi'sti'ri'p woti'rmadi'. 1916-ji'ldi'n' 29-avgusti'nda general-feldmarshal fon Gindenburg Germaniya armiyasi'ni'n' komandiri yetip tayi'nlandi' ha'm ko'p wo'tpey Germaniya armiyasi'ni'n' 1917-ji'lg'i' ha'reket rejesin du'zdi. Reje front si'zi'g'i' ko'lemin azayti'w maqsetinde armiyani' aldi'nnan bekkem da'rejede tayarlap qoyi'lg'an aqi'rg'i' punktine shekem qaytari'wdi' ko'zde tutqan.

**AQSHti'n' uri'sqa kirisiwi**

Uri's baslang'an waqi'tta AQSH biyta'replik ja'riyalag'an yedi. Biraq, AQSH 1-ja'ha'n uri'si'ni'n' bari'si'n di'qqat penen baqlap bardi'. Uri'si'wshi' toparlardi'n' toli'q jen'iske yerisiwin qa'lemedi. Wol Evropani'n' bir-birine dushpan bolg'an ma'mleketler topari'na bo'lingenshe qali'wi'n qa'ler yedi.

Uri'sti'n' u'lken a'skeriy qa'rejetler talap yetiwi ha'm uzaq sozi'li'wi' jag'dayi'nda AQSH ju'da' u'lken finansli'q ma'p ko'riwi ani'q yedi. Bul mu'mkinshilikti qoldan shi'g'ari'wdi' qa'lemegen AQSH Antantag'a ja'rdem ko'rsete basladi'.

Bir g'ana 1915-ji'li' AQSH Ulli' Britaniya ha'm Franciya menen 500 mln. dollar mug'dari'nda qari'z beriw haqqi'ndag'i' sha'rtnama du'zdi. A'ste-aqi'ri'n Evropadag'i' 20 ma'mlekettin' AQSHtan qari'zi' 10 mlrd. dollardi' quradi'.

1917-ji'ldi'n' 3-fevrali'nan baslap Germaniya Ulli' Britaniyag'a qarsi' sheklenbegen suw asti' uri'si' ja'riyalag'ani' ha'm bul uri'sti'n' AQSH ma'plerine de u'lken zi'yan jetkergenligi AQSH u'stem shen'berlerin shette qaldi'rmadi'. Qolayli' pursattan paydalang'an AQSH hu'kimeti 6-aprelde Germaniyag'a uri's ja'riyaladi'. AQSH a'skeriy ku'shlerinin' da'slepki bo'limleri 26-iyunda Franciya aymag'i'na taslandi'. Bir ji'ldan son' Bati's frontta sawash ju'rgizip ati'rg'an AQSH a'rmiyalari'ni'n' sani' 2 mln. adamdi' quradi'. AQSHti'n' uri'sqa kirisiwi uri's ta'g'dirin Antanta paydasi'na sheshiw joli'nda u'lken sebep boldi'.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar***

1. Germaniya Verden uri'si'nan qanday maqsetti go'zlegen yedi?
2. A. A. Brusilovti'n' Galiciya fronti' si'zi'g'i'n jari'p wo'tiwi qanday a'hmiyetke iye boldi'?
3. Somma da'ryasi' boyi'ndag'i' sawashti'n' a'hmiyeti haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?
4. Rumi'niya nege Antanta ta'repinde uri'sqa kirdi?
5. Nege AQSH tek g'ana 1917-ji'lg'a kelip uri'sqa kirdi? AQSHti'n' uri'sqa kiriwi I ja'ha'n uri'si'nda qanday rol woynadi'?

## 37-§. Birinshi ja'ha'n uri'si'ni'n' juwmaqlari' ha'm aqi'betleri

**Uri'si'p ati'rg'an ma'mleketler awhali'**

Uri's woni'n' qatnasi'wshi'lari' bolg'an ma'mleketler ishki turmi'si'na ju'da' unamsi'z ta'sir ko'rsetti. Ekonomika

a'skeriy maqsetlerge bag'i'ndi'ri'ldi'. Sonli'q-tan, awi'r sanaatti'n' 70%, jen'il sanaatti'n' 50% uri's talaplari'n qandi'ri'w ushi'n isledi. Uri's awi'l xojali'g'i'n da awi'r awhalg'a sali'p qoydi'. Awi'l xojali'q wo'nimlerin islep shi'g'ari'w keskin azaydi'.

Derlik barli'q ma'mleketlerde azi'q-awqat jetispewshiligi ju'zege keldi. Na'tiyjede, hu'kimetler azi'q-awqat wo'nimlerine kartochka ta'rtibin (qatan' belgilengen norma) yengizdi.

Xali'q arasi'nda shovinizm ku'shli u'git tarata basladi'. Solay yetip, uri's parlament demokratiyasi'na ku'shli soqqi' berdi.

Pu'tkil uri's dawami'nda bir de bir parlament qanli' sawashqa qarsi' narazi'li'q bildirmedi.

Yendi ma'mleket wo'ndiristi ta'rtipke sala basladi'. Bankler, shiyki zat bo'listiriw ha'm a'skeriy buyi'rtpalar u'stinen ma'mleket hu'kimetinin' qadag'alawi' ku'sheydi.

Uri'stan sharshag'an xali'q uri'sti'n' tez tamamlani'wi'n talap yetip hu'kimetke qarsi' shi'qti'. Uri'sti'n' da'slepki ji'llari'nda ja'miyette turaqlasqan puqarali'q birligi buzi'ldi'. Ayi'ri'm frontlarda a'skerlerdin' doslasi'wi', dushpan ta'replerinin' bir-birine woq ati'spawi' ju'z berdi. Sebebi, armiya da uri'stan sharshag'an yedi.

**Rossiyadag'i' awhal**

Uri's Rossiyani'n' ekonomikali'q ha'm siyasiy awhali'n ha'dden zi'yat keskinlestirip jiberdi. Aqi'betinde 1917-ji'ldi'n' fevrali'nda Rossiyada revolyuciya ju'z berdi. Rossiya imperatori' taxttan waz keshiwge ma'jbu'r boldi'. Ha'kimiyat burjuaziya qoli'na wo'tti. Wol waqi'tsha hu'kimet du'zdi.

Waqi'tsha hu'kimet uri'sti' dawam yettiriwge qarar yetti ha'm ha'tteki usi' ji'ldi'n' jazi'nda wol rus armiyasi'ni'n' hu'jimin de sho'lkemlestirdi. Biraq, bul hu'jim sa'tsizlikke ushi'radi'.

Bul sa'tsizlik Rossiyadag'i' siyasiy jag'daydi' tag'i' da qi'yi'nlasti'ri'p jiberdi. Na'tiyjede, 1917-ji'ldi'n' 7-noyabrinde ma'mleket awdari'spag'i' ju'z berdi. Waqi'tsha hu'kimet awdari'ldi'. Ha'kimiyatti' V. I. Lenin basshi'li'g'i'ndag'i' bolshevikler (kommunistler) partiyasi' basi'p aldi' ha'm wol Sovet hu'kimeti dep atalg'an hu'kimet du'zdi.

1917-ji'li' 8-noyabrde Sovet ma'mleketi «Ti'ni'shli'q haqqi'nda»g'i' dekretti qabi'l yetti.

Bul dekrette basqi'nshi'li'q uri'si' keskin qaralang'an ha'm woni' adamzatqa qarsi' yen' awi'r ji'nayat dep ja'riyaladi'.

Sovet hu'kimeti ha'rqanday sharayatta da separat pitim du'ziwge umti'ldi'. Sebebi, armiya jawi'ngerlik ruwxi'n toli'q

jog'altqan ha'm Shi'g'i's frontti'n' usi' sharayatta uri'sti' dawam yettiriwi toli'q qi'yrali'w menen barabar yedi.

1917-ji'ldi'n' 15-dekabrinde Sovet Rossiyasi' ha'm Avstriya-Germaniya komandirligi arasi'nda jarasi'w pitimine qol qoyi'ldi'. Bunday pitim 9-dekabrde Rumi'niya menen de qol qoyi'lg'an yedi. Solay yetip, Shi'g'i's front ha'reketsiz qati'p qaldi'.

**Basqa frontlardag'i' awhal**

1917-ji'li' aprelde Antantani'n' Bati's fronttag'i' quralli' ku'shleri hu'jimge wo'tti ha'm wonda 100 den aslam diviziya qatnasti'. Biraq, Germaniya qorg'ani'w si'zi'g'i'n jari'p wo'te almadi'. Kerisinshe, bul sawashlar aqi'betinde u'lken qurbanlar boldi'. Bul qurbanlar Franciya quralli' ku'shlerinin' bas komandiri Nivel ati' menen «Nivel qi'rg'i'ni'» degen at aldi'.

1917-ji'li' Italiya armiyasi' sa'tsizlikke ushi'radi'. Ulli' Britaniya ha'm Franciyani'n' jedel ra'wishte ja'rdem ku'shlerin Italiya fronti'na jiberiwi Italiyani' saqlap qaldi'. 1917-ji'li' noyabrde inglis armiyasi'ni'n' hu'jimin qaytari'wda Germaniya jan'a qural — ognemyotti qollandi'.

Mesopotamiya ha'm Palestina frontlari'nda inglis armiyasi'ni'n' ha'reketleri ku'sheydi. 1917-ji'ldi'n' marti'nda inglisler Bagdad qalasi'n iyeledi. Gu'zde Turkiya Arabiya yari'm atawi'n toli'q, Palestinani'n' bolsa bir bo'limin qoldan berdi.

**Sovet Rossiyasi'ni'n' uri'stan shi'g'i'wi'**

Sovet Rossiyasi' 1918-ji'ldi'n' 3-marti'nda «To'rtlikler awqami'» menen wolardi'n' sha'rtleri tiykari'nda Brest ti'ni'shli'q sha'rtnamasi'na qol qoydi'. Sha'rtnamani'n' sha'rtleri Rossiya ushi'n ju'da' awi'r yedi. Bunda Rossiya wo'z armiyasi'n toli'q demobilizaciya yetiwi, a'skeriy floti'n portlarg'a qaytari'wi', sonday-aq, Baltik boyi', Polsha, Finlyandiya ha'm Ukrainadan bas tarti'wi' kerek yedi. Ukraina ha'm Finlyandiya g'a'rezsiz ma'mleketler dep ta'n ali'ndi'. Kavkazdag'i' Kars, Ardagan ha'm Batumi Turkiyag'a berildi. Bunnan basqa, Rossiya Germaniyag'a 6 mlrd. marka mug'darda reparaciya to'leytug'i'n boldi'.

**Vudro Vilsonni'n' ti'ni'shli'q da'stu'ri**

AQSH prezidenti V. Vilson 1918-ji'ldi'n' 8-yanvari'nda I ja'ha'n uri'si'nan son' qol qoyi'latug'i'n ti'ni'shli'q sha'rtnamasi' ha'm qaytadan du'ziletug'i'n du'nyani'n' siyasiy kartasi' boyi'nsha AQSH hu'kimetinin' ko'zqarasi'nan du'nyag'a ma'lim yetti. Bul ko'zqaras tariyxqa «Vilson ti'ni'shli'q bag'darlamasi'» ati' menen kirgen.

Bul bag'darlama keyin ala jen'gen Antantani'n' jen'ilgen «To'rtlikler awqami'» menen du'zilgen sha'rtnamalari'na tiykar boldi'.

### Uri'sti'n' son'g'i' basqi'shi'

Bati's frontta barli'q diviziyalardi'n' 80%, artilleriyani'n' 90%in toplag'an Germaniya 1918-ji'ldi'n' marti'nda hu'jimge wo'tti. Biraq, bul hu'jim tabi'sqa ali'p kelmedi. Solay bolsa da, ha'r yeki ta'rep 300 mi'n' adamdi' qurban yetti. Sonday sharayatta Ulli' Britaniya ha'm Franciya jeke komandirlik du'ziwge qarar yetti. Franciya generali' Fosh birlesken ku'shlerdin' komandiri yetip tayi'nlandi'. 18-iyulde Franciya armiyalari' qarsi' hu'jimge wo'tti. Usi' hu'jimnen son' Antanta hu'jimin toqtati'wdi'n' ilaji' bolmadi'.

15-sentyabrde Bolgariyag'a soqqi' beriledi. 28-sentyabrde bolsa Bolgariya uri's ha'reketlerin toqtatti' ha'm uri'stan shi'qti'. 29-oktyabrde Avstriya-Vengriya jarasi'w pitimin du'ziw haqqi'nda Antantag'a joli'qti'. 3-noyabr ku'ni sha'rtnamag'a qol qoyi'ldi' ha'm Avstriya-Vengriya da uri'stan shi'qti'. 30-oktyabrde Turkiya Antanta menen jarasi'w pitimine qol qoyi'wg'a ma'jbu'r boldi'.

Uri's Germaniyada revolyuciyali'q jag'daydi' ju'zege keltirdi. 9-noyabrde Germaniya imperiyasi' quladi'. Imperator Vilgelm II taxttan bas tartti' ha'm yelden qashi'p ketti. 10-noyabrde social-demokrat Ebert basshi'li'g'i'nda jan'a hu'kimet du'zildi. 11-noyabr ku'ni Kompen tog'ayi'nda marshal Foshti'n' shtab vagoni'nda Germaniyani'n' ta'slim bolg'anli'g'i' haqqi'nda Antanta menen pitimge qol qoyi'ldi'. Solay yetip, birinshi ja'ha'n uri'si' Antantani'n' jen'isi menen tamamlandi'.

1919-ji'l 28-iyunde Versalda pitim sha'rtnamasi'na qol qoyi'ldi'. German blogi ma'mleketleri talandi', ko'plegen aymaqlari'nan ayi'ri'ldi', 132 mlrd. marka reparaciya to'leytug'i'n boldi'.

Birinshi ja'ha'n uri'si'nda du'nyani'n' 38 ma'mleketi qatnasti'. Wolarda 1,5 mlrd. tan aslam xali'q jasaytug'i'n yedi. Uri'sqa 74 mln. g'a jaqi'n adam jiberilgen. 10 mln. adam jaradar boldi', wo'lgenler sani' 20 mln. nan asi'p ketti. Bunnan ti'sqari', ju'da' ko'p adam kesellik ha'm ashli'qtan wo'lip ketti. I ja'ha'n uri'si'nda woni'n' tiykarg'i' qatnasi'wshi'lari' bolg'an ma'mleketler wo'z milliy bayli'qlari'ni'n' 1/3 bo'limin jog'altti'.

Adamzat birinshi ja'ha'n uri'si'na shekem bolg'an 1000 ji'l dawami'nda ju'z bergen barli'q uri'slarda da sonshelli qurban bermegen yedi.

***Dekret*** (lat. — qarar) — joqari' ha'kimiyat basqari'w organi' shi'g'arg'an ha'm ni'zam ku'shine iye bolg'an qarar.
***Reparaciya*** (lat. — tiklew) — xali'q arali'q huquqta uri'sta ko'rilgen zi'yandi' toli'q yaki az bo'legin qaplaw ushi'n jen'ilgen ma'mleket jen'gen ma'mleketke to'leytug'i'n kompensaciya.
***Separatizm*** (lat. — aji'rataman) — aji'rali'p shi'g'i'wg'a umti'li'w. Sonday-aq, Xali'q arali'q huquqta awqamlas ma'mleketlerdin' biri ta'repinen awqamlaslar ruqsati'si'z ha'm wolar menen kelispey turi'p, uri'si'p ati'rg'an dushpan ma'mleket penen du'zilgen pitim.
***Sulh*** — uri's ha'reketlerin toqtati'w ushi'n du'zilgen pitim. Xali'q arali'q sha'rtnamalardi'n' bir tu'ri.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar***

**1.** Uri'sti'n' uri'si'p ati'rg'an ma'mleketlerdin' ishki awhali'na ko'rsetken ta'siri haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?
**2.** Sovet hu'kimetinin' «Ti'ni'shli'q haqqi'nda» g'i' dekreti mazmuni' haqqi'nda ayti'p berin'.
**3.** Sovet Rossiyasi' qay ta'rizde uri'stan shi'qti'?
**4.** Ne ushi'n Brest ti'ni'shli'q sha'rtnamasi'ni'n' sha'rtleri ju'da' awi'r bolsa da Sovet hu'kimeti wog'an qol qoyg'an?
**5.** «To'rtlikler awqami'» qurami'ndag'i' ma'mleketlerdin' izbe-iz jen'iliw procesi haqqi'nda ayti'p berin'.
**6.** Uri'sta nege Germaniya blogi'ni'n' jen'ilgenligi haqqi'nda referat tayarlan'.

### Bul hu'jjetli material mazmuni' haqqi'nda pikir ju'rgizin':

AQSH prezidenti V.Vilsonni'n' 1916-ji'l iyul ayi'nda so'ylegen so'zinen:

«Biz du'nyada u'lken rol woynawi'mi'z mu'mkin. Sizler bir faktti'n' a'hmiyetin itibarg'a aldi'n'i'z ba, aqi'rg'i' bir yamasa yeki ji'l ishinde biz qari'zdar ma'mleketten qari'z beriwshi ma'mleketke aylandi'q. Ja'ha'ndegi arti'qsha alti'nni'n' sonshelli ko'p bo'legi bizin' qoli'mi'zda, buri'n heshqashan bunshelli alti'ng'a iye bolmag'anbi'z. Usi' waqi'ttan baslap bizin' jumi'si'mi'z qari'z beriw, u'lken xali'q arali'q ka'rxanalarg'a ja'rdemlesiw ha'm wolardi'n' jumi'si'n alg'a qoyi'wdan ibarat boli'p qaldi'. Bizin' pu'tkil ja'ha'ndi ko'p g'ana mug'darda qarji' menen ta'miyinlewimizge ha'm woni' wo'z bilgenimizshe ha'm qa'legenimizshe basqara ali'wi'mi'zg'a tuwri' kelmekte».

# IV BO'LIM
# ILIM HA'M MA'DENIYAT

## VIII bap
## XIX A'SIRDIN' AQI'RI' — XX A'SIR BASLARI'NDA ILIM HA'M MA'DENIYATTI'N' RAWAJLANI'WI'

### 38-§. Materialli'q wo'ndiriste texnika ha'm ilimnin' rawajlani'wi'

**Ulli' woylap tabi'wlar**

Bul da'wirde wo'ndiris ku'shlerdin' wo's-kenligi ha'm ja'miyettin' mu'ta'jlikleri artqani' sebepli transport, elektr, arxitektura, metallurgiya, mashinasazli'q ha'm basqa tarawlarda iri woylap tabi'wlar boldi'. Du'nya yellerinde temir jollardi'n' ko'beyiwi na'tiyjesinde parovozsazli'qta iri wo'zgerisler boldi'. A'piwayi' ha'm ku'shsiz bolg'an puw mashinalari' worni'na ishki jani'w dvigateli ha'm elektr dvigatelleri jarati'ldi'. Elektr dvigatelinen da'slep transportta paydalani'ldi'. 1895-ji'ldan Ulli' Britaniya ha'm AQSHti'n' iri qalalari'nda tramvay qollani'la baslandi'. Temir jollardi' elektrlestiriw tarawi'nda ta'jiriybeler wo'tkizildi'. Kemeler quri'li'si'nda polat ken' ko'lemde paydalani'la baslandi'.

**Elektr**

Elektr sanaati' joqari' da'rejede rawajlang'an yeller tez rawajlandi'. Sanaatti'n' rawajlani'wi' fabrika, zavod, sawda wori'nlari' ha'm ma'kemelerdin' jasalma jari'tqi'shlarg'a bolg'an talabi'n ji'l sayi'n artti'ri'p bardi'.

1876-jili' rus ali'mi' *P.N. Yablochkov* «elektr shami'» lampasi'n woylap tapti'. Amerikali' woylap tabi'wshi' *T. Edison* hawasi' sori'p ali'ng'an ko'mir talshi'qli' jaqti'rtqi'sh lampasi'n jaratti'. Woni'n' Nyu-Yorktag'i' birinshi i'ssi'li'q elektr stanciyasi' ju'z-legen tuti'ni'wshi'lardi' energiya menen ta'miyinley baslag'an.

**Quri'li'sta metall ha'm aynadan paydalani'w**

Quri'li's salasi'nda u'lken wo'zgerisler ju'z berdi. Yendi metall ha'm aynalardan ken' paydalani'latug'i'n boldi'. Sol sebepli, fabrikalar, banklar, bazarlar sawda du'kanlari', vokzallar, u'y-jaylar, u'lken miymanxanalar ha'm basqalar quri'la baslandi'.

Quri'li's isinde cement u'lken a'h-miyetke iye boldi'. Jan'a quri'li's materiali' — temir-beton payda boldi'. Buni' francuz bag'mani' Mone woylap tapqan dep yesaplanadi'. Wol temir-betonnan u'lken gu'ltu'bekler tayarlag'an.



**Tomas Edison.**

Jan'a materiallar — Temir-beton, metall ha'm shiyshelerdin' ko'plep paydalani'li'wi' binalar arxitekturasi'na da ta'sir yetti. 1889-ji'li' Parijdegi Ja'ha'n ko'rgizbesi ushi'n francuz injeneri Eyfel tek metalldan jasalg'an, biyikligi 300 m bolg'an minara qurdi'. Bunnan keyin Amerikada biyikligi 400 metrge shekem bolg'an biyik binalar quri'li'si'nda paydalandi'.

Temir jol tunnellerin ashi'w ha'm temir jol ko'pirlerin quri'w texnikasi' da wo'zgerip ketti. 1880-ji'li' Alp tawlari'ndag'i' belgili Sen-Gotard shi'g'arli'g'i' asti'nda 15 km. lik tunnel quri'ldi'.

Bul da'wirde gidroquri'li's texnikasi' da wo'zgerdi. Atlantika okeani' menen Ti'ni'sh okeani' tutasti'ri'wshi' Panama kanali' 1914-ji'li' quri'p pitkerildi.

**Metallurgiya**

Metallurgiya sanaati'n rawajlandi'rmay turi'p, quri'li's shiyki zatlari'n tayarlaw mu'mkin yemes yedi. Metall yeritiw texnikasi' jetilistirildi. Metallurgiyada avtomatlasti'ri'wdi' nemis ali'mi' *R. Kirxgof* jaratti'. Pechlerdin' si'yi'mli'li'g'i' artti'. Shoyi'ndi' polatqa aylandi'ri'w ma'selesi sheshildi. Sanaat ushi'n za'ru'r sulfat kislota islep shi'gari'wda jan'a texnologiyalar payda boldi'. Jasalma soda ali'wdi'n' ammiak usi'li' yengizildi.

1886-ji'li' elektrolit joli' menen alyuminiy aji'rati'p ali'ndi'. XX a'sir basi'nda *L. Bakeland* (Belgiya) plastmassa ali'wdi' tapti'.

Bul da'wirde mashinasazli'q ken' rawajlandi'. Metall kesiw procesin ilimiy jaqtan tekseriwge rus ilimpazi' *I.A. Time* tiykar saldi'. Elektr menen kepserlew usi'li'n da'slep 1867-ji'li' amerikali' elektrotexnik *Tomson* qollang'an yedi.

**Neftti qayta islew**

XIX a'sirdin' aqi'ri' ha'm XX a'sirdin' baslari'nda sanaatti'n' a'hmiyetli tarawlari'nan biri — neftti qayta islew sanaati' ju'zege keldi. Ishki jani'w dvigatelinin' rawajlani'wi' menen benzin ali'w mashqalasi' payda



**A.S. Popov.**

boldi'. Benzin menen isleytug'i'n jen'il dvigateller jarati'w tarawi'nda nemis ali'mi' *G. Daymler* u'lken tabi'sqa yeristi. Wol avtomobil, motorli' qayi'q, motociklge wornati'latug'i'n dvigatellerdi jaratti'. Daymler do'retken yeki cilindrli da'slepki dvigateldin' quwati' 34 at ku'shine ten' bolg'an.

1897-ji'li' *R. Dizel* jani'lg'i' qi'si'lg'anda wo'z-wo'zinen jali'nlani'p ketetug'i'n jan'a dvigatel do'retti. Birinshi aeroplandi' jarati'wda rus woylap tabi'wshi'si' *A. F. Mojayskiy,* ingliz konstruktori' *G. Filipps,* francuz woylap tabi'wshi'si' *K. Aderlar* u'lken u'les qosti'. 1903-ji'li' ag'a-ini *Uilber* ha'm *Orvill* Raytlar samolyotta ushti'. Sanli' yesaplaw mashinalari'n *Charlz Bebbij* (Angliya), tigiw mashinalari'n da'stu'rlestiriwshi *Jozef Mari Jakkard* (Franciya), samolyotlardi' avtomat basqari'wdi' *L.Spedri* (AQSH), raketaplandi' *N.I. Kibalchich* (Rossiya) jaratti'.

**Radiotelefon**

Texnika tarawi'ndag'i' ashi'li'wlardan biri radioni'n' woylap tabi'li'wi' boldi'. Nemis ilimpazi' *G. Gerc* elektromagnit tolqi'nlari' tarqali'wi'n du'nyada birinshi boli'p ta'jiriybe joli' menen da'lilledi. Rus ilimpazi' *A. S. Popov* si'msi'z baylani's ushi'n elektromagnit tolqi'nlari'n shi'g'ari'w ha'm qabi'l yetiw usi'li'n tapti' ha'm de kerekli a'sbaplardi' (peredatchik ha'm priyomnik) jaratti'. Solay yetip, radiog'a tiykar sali'ndi'. Ulli' Britaniyada *G. Markoni* ta'repinen si'msi'z telegraf woylap tabi'ldi'.

XIX a'sirdin' aqi'ri'nda texnikani'n' jan'a tarmag'i' — telefon tez rawajlandi'. Shotlandiyada tuwi'li'p, Amerikada jasag'an texnik *A. Bell* telefon apparati'na birinshi boli'p patent aldi'. Telefon basqa woylap tabi'li'wlardan parqi' sonda, wol derlik barli'q yellerde tez da'stu'rge aylandi'. Da'slepki qala telefon stanciyasi' AQSHta iske qosi'ldi'. Sonnan keyin Parij ha'm Berlinde telefon stanciyalari' ashi'ldi'.

T. Edison ses jazi'p ali'w ha'm woni' ta'kirarlap yesittiriw apparati' — fonograf islep shi'qti'. Fonograf tiykari'nda grammofon ha'm basqa mexanikali'q usi'lda ses jazi'p ali'w ushi'n qollani'latug'i'n a'sbaplar payda boldi'.

**A’skeriy taraw**

XIX a’sirdin’ aqi’ri’nda du’nyani’ qayta bo’listiriw ushi’n gu’res baslani’wi’ menen a’skeriy taraw ha’m ekonomika wortasi’nda baylani’s teren’lesti’. Mashinalasti’ri’lg’an industriya a’hmiyetli a’skeriy-texnika jan’ali’qlari’n a’melge asi’ri’w imkani’n berdi. Bul da’wirde barli’q yellerde dala armiyasi’ ha’m dala artilleriyasi’ sani’ni’n’ wo’siwi piyada ha’m artilleriya a’skerleri ushi’n qural-jaraq islep shi’g’ari’wdi’n’ san ha’m sapa jag’i’nan tez wo’siwine sebep boldi’.

Bul da’wirde magazinli woq da’ri tez atar mi’lti’q woylap tabi’ldi’. Biraq, tu’tinli poroxti’n’ woqda’ri qollani’li’wi’ bul mi’lti’qti’n’ jawi’ngerlik sapasi’n kemeyttiretug’i’n yedi. Magazinli mi’lti’qlar tez-tez ati’w waqti’nda tu’tin tarqali’wi’na u’lgere almay, ati’wshi’larg’a ni’shan jaqsi’ ko’rinbeytug’i’n yedi. Solay yetip, a’skeriy is a’meliyati’ tu’tinsiz porox woylap tabi’w wazi’ypasi’n qoydi.

1884-ji’li’ francuz ilimpazi’ *Vele* piroksilinli tu’tinsiz woq da’ri tayarlawg’a yeristi. Rossiyada D. I. Mendeleev francuzlardan g’a’rezsiz ra’wishte tu’tinsiz woq da’rinin’ si’ri’n tapti’. Ko’plegen yellerde tu’tinsiz woq da’ri islep shi’g’ari’w jolg’a qoyi’ldi’.

Mi’lti’qti’n’ jetilistiriliwi, woq da’rinin’ jaqsi’lani’wi’ menen birge, jaqsi’ qurallang’an, ko’p sanli’ a’skerlerdin’ qi’si’mi’na qarsi’li’q ko’rsetiwshi jawi’nger armiyalar ju’zege keldi. Franciya-da tez atar ko’shpeli toplardi’n’, jari’li’wshi’ zatlardi’n’ payda boli’wi’ armiyani’n’ jawi’ngerlik sapasi’n ko’terdi. Jan’a jari’li’wshi’ zat tayarlawda shveciyali’ injener A. Nobel du’nyani’ tan’ qaldi’rarli’q jan’ali’q ashti’. Wol 1888-ji’li’ dinamit jaratti’ ha’m ju’da’ bayi’p ketti.

Birinshi ja’ha’n uri’si’ qarsan’i’nda woq atar qurallar ha’m artilleriya birqansha jetilistirildi. Stanokli’ pulemyot penen bir qatarda uri’s dawami’nda jen’il qol pulemyotlari’ da islep shi’g’i’ldi’. Wog’ada uzaqqa atatug’i’n toplar payda boldi’. Ishki jani’w dvigateli wornati’lg’an, shi’nji’rli’, qalqanli’ artilleriya menen qurallang’an tank Somma da’ryasi’ jani’nda 1916-ji’l 15-sentyabrde birinshi ret inglisler ta’repinen qollani’ldi’. Tank qi’yrati’wshi’ sawash qurali’na aylandi’. XX a’sirdin’ baslari’nda saati’na 220 km ge shekem tezlik penen ushatug’i’n, ushi’w biyikligi 7000 metrge shekem, al ushi’w uzaqli’g’i’ bolsa 900 km ge shekem bolg’an samolyotlar islep shi’g’i’ldi’.

Solay yetip, bul da’wir ilimiy-texnikani’n’ jedel rawajlani’wi’ menen xarakterlenedi.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar***

1. XIX a'sirdin' 70-ji'llari'nda ja'ha'nnin' iri rawajlang'an yellerinde texnikani'n' rawajlani'w da'rejesi nelerge tiykarlandi'?
2. Qaysi' ma'mleketlerde transport ha'm temir jollar yen' a'hmiyetli, strategiyali'q a'hmiyetke iye tarawlar si'pati'nda qaraldi'?
3. Rus woylap tabi'wshi'lari'nan kimlerdi bilesiz? Wolar ilimnin' rawajlani'wi'na qanday u'les qosqan?
4. Samolyotti' kim woylap tapqan ha'm ne maqsette? Birinshi samolyot neshinshi ji'li' pa'rwaz qi'ldi'?
5. Uzaq arali'qlardi' jaqi'n yetiw maqsetinde telefon apparatlari' qashannan baslap iske tu'sirilgen?
6. Radioni' woylap tapqan kim? Ha'zirgi ku'nde radioni'n' worni' qanday?

**Alfred Nobel haqqi'nda referat jazi'n'.**

## 39-§. Ani'q ha'm ta'biyiy pa'nlerdin' rawajlani'wi'

**Ta'biyat iliminin' rawajlani'wi'**

XIX a'sirdin' aqi'ri' ha'm XX a'sirdin' baslari' — ha'zirgi zaman ta'biyat iliminin' rawajlani'wi'ndag'i' yen' a'hmiyetli da'wirlerden biri. Ta'biyat haqqi'ndag'i' ilimlerdin' ha'r qi'yli' tarawlari'nda revolyuciyali'q ashi'li'wlar bolg'an, a'lem haqqi'ndag'i' yeski tu'siniklerdin' tami'ri'na balta uri'lg'an da'wir.

Bul da'wirde ta'biyat iliminin' rawajlani'wi' ayi'ri'm yeller wortasi'nda ekonomikali'q ba'sekinin' ku'sheyiwi ha'm du'nyani'n' jan'a aymaqlari'na ekonomikali'q jaqtan kirip bari'wg'a umti'li'wi' menen baylani'sqan. Ta'biyat haqqi'ndag'i' ani'q ilimler bul da'wirde de ta'jiriybe tiykari'nda rawajlandi' ha'm bul a'meliy ta'jiriybeni jan'a ilimiy woylap tabi'wlar nuri' menen bayi'tti'. Ko'rip wo'tilip ati'rg'an da'wirden ilim ja'ne de qa'nigelestirildi ha'm ilimnin' jan'adan arnawli' tarawlari' ju'zege keldi. Buri'ng'i' ayi'ri'm ali'ng'an ilimler wo'z ara birlesti. Atap aytqanda, fizika menen ximiya shegarasi'nda wo'z aldi'na fizika-ximiya payda boldi'. Bul da'wirde islengen woylap tabi'wlar XX a'sirdin' yekinshi yari'mi'ndag'i' ilim-texnika revolyuciyasi'na jol ashi'p berdi. Bilimlerdin' jan'a tarawi'— texnika ilimleri ju'zege keldi. Wolar tiykari'nan wo'tken da'wir ilimiy tabi'slari' negizinde wo'ndiristi jetilistiriw mashqalalari' menen shug'i'llanatug'i'n yedi.

Ilimnin' rawajlani'wi' a'lemnin' birligi haqqi'ndag'i' ideyani' alg'a su'rdi ha'm a'lem haqqi'ndag'i' bilimlerimiz sali'sti'rmali', degen koncepciyag'a ali'p keldi.

### Matematika, ximiya, fizika

Matematika tarawi'ndag'i' woylap tabi'wlar rus ilimpazi' *N. I. Lobachevskiy,* italyan ilimpazi' *Y. Beltrami*, Avstriya matematigi *D. Gilbert* ha'm basqa ilimpazlardi'n' atlari' menen baylani'sli'. Rus ilimpazi' *N.Y. Jukovskiy* 1904-ji'li' tapqan jan'ali'g'i', ha'zirgi zaman aerodinamikasi'ni'n' rawajlani'wi' ushi'n tiykar boldi'. Bul qanatti'n' ko'teriw ku'shin ani'qlaw formulasi' yedi.

1895-ji'li' nemis ilimpazi' *V. Rentgen* tu'rli predmetlerdi tu'rli da'rejede tesip wo'tetug'i'n ko'zge ko'rinbeytug'i'n nurlardi ani'qladi'. Elektromagnit tolqi'nlari'ni'n' bul nuri' «Rentgen nurlari'» dep ataldi'. Bul nurlardan medicina ha'm texnikag'a ken' paydalani'la baslandi'. V. Rentgenge Nobel si'yli'g'i' berildi.

Ha'r yeki jag'dayda da nur shi'g'ari'w ushi'n impulslar jasalma tu'rde berilip, adam qa'legen minutta radioperedatchik yamasa Rentgen apparati'ni'n' jumi'si'n toqtati'p ku'sh alar yedi. Biraq, bul nurlani'wdi'n' fizikali'q ta'biyati qanday? Wol zatti'n' du'ziliwi menen qalay baylani'sqan? Bul sorawlarg'a zatti'n' yen' mayda bo'lekshelerin tekseriw joli' menen g'ana juwap beriw mu'mkin yedi. Atomlar a'ne usi'nday bo'leksheler yedi. Wolardi' teren'irek u'yreniwge rus ilimpazi' *D.I. Mendeleev* tiykar saldi'. Wol 1869-ji'li' barli'q ximiyali'q elementlerdin' atom salmaqlari' wortasi'ndag'i' baylani'sli'li'q bar yekenligin woylap tapti' ha'm turaqli' da'wirlik sistemani' jaratti', bul sistema woni'n' ati' menen ataldi'.

Atomni'n' ishki strukturasi'na kirip bari'w nurlani'wdi' u'yreniw menen baylani'sli' yedi. Francuz fizigi *A. Bekkerel* bul qubi'li'sti' u'yrenip, uran atomlari' jaqi'n jerde turg'an denelerden wo'tip ketetug'i'n nurlardi' wo'z-wo'zinen shi'g'ari'wi'n ani'qladi'. Na'wbettegi qa'demdi Parijde *M. Sklodovckaya-Kyuri* ta'jiriybeler procesinde wol wo'z-wo'zinen nur shi'g'ari'w tek uran atomlari'na g'ana ta'n yemes degen juwmaqqa keldi. Belgili atomlardi'n' bul wo'zge-sheligin wol radioaktivlik dep atadi'. Wol yeri — ataqli' francuz fizigi *P. Kyuri* menen birge geypara radioaktiv elementler urang'a qarag'anda intensivirek nur shi'g'aratug'i'ni'n da'lillewge yeristi. Yerli-zayi'pli' Kyuriler yeki a'ne sonday elementti aji'rati'wg'a muwapi'q boldi'. Bul elementler poloniy (M. Sklodovskaya-Kyuridin' watani' hu'rmetine, sebebi wol Polshadan yedi) ha'm radiy (nurlani'wshi') dep ataldi'.



**Albert Eynshteyn.**

Ilimpazlar atom zatti'n' yen' mayda bo'lekshesi yemesligine isenim payda yete basladi'. XX a'sirdin' baslari'nda 1-mikro bo'lekshe — elektron woylap tabi'ldi'. Ko'p wo'tpey radioaktiv elementler maydalang'an waqi'tta tap usi' elektronlar aji'rali'p shi'qqanli'g'i' belgili boldi'. Ingliz fizigi *E. Rezerford* barli'q atomlar awi'r yadrog'a iye yekenligin da'lilledi. Wol atomni'n' planetar modelin jasadi', bul modelde yadro («quyash») a'tirapi'nda elektronlar («planetalar») aylanatug'i'n yedi.

Daniyali' fizik *N. Bordi'n'* du'zetiwler kirgizdi, yag'ni'y, woni'n' modelindegi elektronlar bir orbitadan yekinshisine sekirip wo'tip, bunda energiya porciyasi'n (kvant) shi'g'aradi'. Bul klassik Nyuton fizikasi' menen pu'tkilley aji'rali'wi' yedi ha'm klassik fizikani'n' ni'zamlari' mikro-du'nya ushi'n duri's kelmey qalg'anli'g'i'n ko'rsetetug'i'n yedi.

Sol waqi'tta ken'islik penen waqi'tti'n' wo'z-ara qatnasi' haqqi'ndag'i' ilimiy ko'zqaras tawo'zgerip bardi'. 1905-ji'li' nemis ilimpazi' *A. Eynshteyn* sali'sti'rmali'li'q teoriyasi'ni'n' tiykarg'i' ideyalari'n dag'azaladi'. Denelerdin' u'lkenligi ha'm waqi'tti'n' uzi'nli'g'i' sali'sti'rmali' dep da'lilledi, wol, ken'islik penen waqi'tti'n' wo'zgeshelikleri materialli'q obyektlerdin' ha'reketine baylani'sli'. Tezlik jaqti'li'q tezligine jaqi'nlasi'p barg'ani'nda waqi'tti'n' wo'tiwi pa'seyedi, denelerdin' u'lkenligi qi'sqaradi'.

Biologiyada da ilgerilewler ju'z berdi. *G. Mendeldin'* na'sil ni'zamlari'n woylap tabi'wi' — genetikani'n' rawajlani'wi'na tiykar saldi'. Sol da'wirde pikirlewdin' materialli'q negizlerin biliwge da'slepki qa'demler qoyi'ldi'. Rus fiziologi *I.P.Pavlov* insan ha'reketinin' negizinde bas miy qabi'g'i'nda ju'z beretug'i'n materialli'q fiziologiyali'q procesler jati'wi'n da'lilledi. Solay yetip, pikirlew procesi joqari' da'rejede payda bolg'an materiyani'n' ayri'qsha wo'zgesheligi boli'p yesaplanadi'.

Organikali'q sintez tarawi'nda da tabi'slarg'a yerisildi. *V. Grinyar* 1900-ji'li' tu'rli organikali'q zatlardi' sintezlew usi'li'n ashti'. *P. Grisstin'* diazotlaw reakciyasi'n woylap tabi'wi' azotli' boyawlardi'n' u'lken bir klasi'n jarati'w mu'mkinshiligin berdi.

Boyawlardi' sintezlew tarawi'ndag'i' jumi'slar da'riler islep shi'g'ari'wdi'n' rawajlani'wi'na ja'rdem berdi. Ximiyali'q proceslerdi izertlewge termodinamikani'n' yengiziliwi na'tiyjesinde ximiyali'q termodinamika payda boldi'. 1887-ji'li' shved ilimpazi' *S. Arrenius* elektrolitlik dissociaciya teoriyasi'n jaratti'. 1881-ji'li' *M. G. Kucherov* bolsa gidratlani'w reakciyasi'n ashti'.

**Tabiyattani'w**

Nemis ilimpazi' *T. Shvanni'n'* barli'q organizmlerdin' kletkali' du'zilisi haqqi'ndag'i' jan'ali'qlari' ta'biyattani'wdi'n' ilimiy tiykari'n bekkemlewge xi'zmet yetti. Ulli' ingliz ta'biyattani'w ilimpazi' *Charlz Darvinnin'* (1809 — 1882) «Tu'rlerdin' kelip shi'g'i'wi'» miynetinin' shi'g'ari'li'wi' ilimde u'lken buri'li's boldi'. XIX a'sirdin' son'g'i' sheregi darvinizmnin' tarqali'w ha'm qarar tabi'w da'wiri boldi'. Darvin ta'liymati' biologiya tarawi'ndag'i' izertlewlerdin' bag'dari'n tu'pten wo'zgertip jiberdi. Du'nya boylap 5 ji'lli'q sayaxati' da'wirinde toplang'an u'lken botanikali'q ha'm zoologiyali'q materiallardi' uluwmalasti'ri'w tiykari'nda Ch. Darvin pu'tkil tiri ta'biyat, sonnan adam da evolyuciya (uzaq rawajlani'w) procesinin' wo'nimi, degen juwmaqqa keldi.

**Mikrobiologiya**

Mikrobiologiya ilimindegi revolyuciyali'q wo'zgeris francuz mikrobiologi ha'm ximigi, ha'zirgi zaman mikrobiologiya ha'm immunologiya pa'ninin' tiykarshi'si' *Lui Paster* (1822 — 1895) ati' menen baylani's-li'. Wol ashi'w procesin u'yrenip, vino, pivo ha'm basqa wo'nimler islep shi'g'ari'w sanaati'na ilimiy tiykar saldi'. Wo'nimnin' ashi'w procesin mikroblar keltirip shi'g'aratug'i'n biologiyali'q proces yekenligin da'lilledi. Woni'n' jan'ali'g'i' vino tayarlawshi'lardi' juwapkershilikten qutqardi'. Pasterdin' ta'jiriybeleri tu'rli azi'q-awqat wo'nimlerin sterillew ha'm pasterlew usi'llari'n jarati'w ushi'n u'lken a'hmiyetke iye boldi'. Ulli' ilimpaz adam, haywan ha'm quslardi'n' juqpali' kesellikleri — ku'ydirgi, quti'ri'w, xolera ha'm basqalari'n u'yrenip, wolardi'n' (a'sirese, quti'ri'wdi'n') aldi'n ali'wshi' yemlew usi'llari'n jaratti'. Woni'n' izleniwleri immunitet haqqi'ndag'i' ilimnin' jarati'li'wi' ushi'n tiykar boldi'.

**Medicina**

Medicina ilimi de tabi'slarg'a yeristi. 1880-ji'li' nemis ilimpazi' *K. Eber* su'zek (tif), 1884-ji'li' *F. Lyufler* difteriya keltiriwshi mikrobti' tapti'. Nemis ilimpazi' *R. Virxov* (1821 — 1902) ha'zirgi zaman patologiyali'q anatomiya tiykarlari'n jaratti'. 1875-ji'li' rus ilimpazi' *F. A. Lesh* amyoba dizenteriyasi'n tuwdi'ri'wshi' mikrobti' ani'qladi'.



Vilgelm Rentgen.

Fizika tarawi'ndag'i' ashi'li'wlar da medicinag'a ja'rdem berdi. Maksvelldin' elektromagnit tolqi'nlari' haqqi'ndag'i' teoriyasi'nan kelip shi'g'i'p, nemis fizigi *Vilgelm Konrad Rentgen* (1845 — 1932) ha'r qi'yli' buyi'm, na'rselerden ha'r tu'rli wo'tiwshi ko'rinbes nurlardi' woylaptapti'. Nurlardi'n' kelip shi'g'i'wi' ilimpazg'a ma'lim yemes yedi ha'm wolardi' «X nurlar» dep atadi'. Mine, usi' ashi'li'wg'a tiykarlang'an ha'm ilimpazdi'n' ati' menen «Rentgen» apparati' jarati'ldi'. Yendi shi'pakerler ishki jaraqatlari'n, su'yek si'ni'wlari'n ko'riwleri mu'mkin yedi. Bul ashi'li'wlar ushi'n fizikler arasi'nda birinshi boli'p Rentgenge Nobel si'yli'g'i' berildi.

Ximiya tarawi'ndag'i' ashi'li'wlardan da medicinada wo'nimli paydalani'ldi'. Sabi'n ali'wdi'n' sanaat usi'li'n iyelew, wonnan yemlewxanalarda, a'sirese xirurglar ta'repinen paydalani'w operaciyalar payi'ti'nda infekciya qa'wpin kemeyttirdi.

Juqpali' keselliklerge qarsi' gu'reske tuberkulyoz keselligin keltirip shi'g'ari'wshi' bacillani' woylap tapqan nemis ilimpazi' *Rovert Kox* (1843 — 1910) u'lken u'les qosti'. Wol epidemiyalarg'a qarsi' profilaktikali'q ilajlardi' islep shi'qti' ha'm da'ri-da'rmaqlar jaratti'. Rus ilimpazi', Nobel si'yli'g'i'ni'n' laureati' *I. Mechnikov* bolsa organizmlerdi mikroblardan qorg'aw haqqi'nda jan'a ta'liymat jaratti'.

**_Ilim_** (arabsha) — adamni'n' woqi'w, u'yreniw ha'm turmi'sli'q ta'jiriybesi arqali' artti'rg'an bilimi.

**_Pa'n_** (arabsha) — duri'sli'g'i' a'melde tasti'yi'qlang'an, ta'biyat ha'm ja'miyet ni'zamli'qlari'n ashi'p beriwshi ha'm de qorshag'an wortali'qqa ta'sir ko'rsetiwshi bilimler sistemasi'.

**_Sterilizaciya_** (lat. — taza) — medicina ha'm biologiyada tu'rli zatlar, baylaw materiallari', azi'q-awqat wo'nimlerin zi'yanli' mikroorganizmlerden toli'q tazalaw.

**_Pasterlew_** (avtor shaxs Paster ati'nan ali'ng'an) — zi'yanli' mikroorganizmlerdi wo'ltiriw ushi'n suyi'qli'qti' 60 — 80$^{o}$C g'a shekem qi'zdi'ri'w ha'm wolardi' tez suwi'ti'w.

**_Bacilla_** — kesellik qozdi'ri'wshi' ha'm tarqati'wshi' mikroorganizm (mikrob — tayaqsha).

***Soraw ha'm tapsi'rmalar***

1. XIX a'sirdin' aqi'ri' — XX a'sirdin' baslari'nda ilim-pa'n rawajlani'wi'na sebep bolg'an ilimpazlardi' ayti'p berin'.
2. Fizika pa'ninde qanday ashi'li'wlar a'melge asi'ri'ldi'?
3. Ximiya ilimi tarawi'nda ilimiy ashi'li'wlardi' a'melge asi'rg'an belgili ilimpazlardi'n' jumi'si' haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?
4. XIX a'sirdin' aqi'ri' — XX a'sirdin' baslari'nda qaysi' jan'a ilim tarawlari'na tiykar sali'ndi'?

«Ja'ha'n tariyxi'» sabaqli'g'i'ni'n' usi' temada alg'an mag'luwmatlari'n'i'zdi' fizika, ximiya ha'm biologiya sabaqli'qlari'n'i'zdan alg'an mag'luwmatlar menen tolti'ri'n'. Ayi'ri'm pikirler ha'm sorawlar boyi'nsha woqi'ti'wshi'n'i'zg'a mu'ra'ja'a't yetin'.

XIX a'sir aqi'ri' —XX a'sir baslari'nda nege yelimizden du'nyag'a belgili ta'biyattani'w ilimleri boyi'nsha ilimpaz jetisip shi'qpag'an?

## 40-§. Xali'q bilimlendiriwi. Gumanitar pa'nler. Ko'rkem wo'ner

**Xali'q bilimlendiriwi**

Texnikani'n' rawajlani'wi' joqari' da'rejeli qa'nige ha'm jumi'sshi'larg'a bolg'an talapti' ku'sheytip jiberdi. Rawajlang'an yellerde 12 — 13 jasqa shekem bolg'an balalardi' uluwma ma'jbu'riy ha'm biypul woqi'ti'w yengizildi. Bul faktor xali'q sawatli'li'g'i'n asi'ri'wg'a ali'p keldi.

Jen'illestirilgen woqi'w wori'nlari'ni'n' tarawi' ken'eydi. Biraq, xali'qti'n' tiykarg'i' bo'limi jarli' jasag'anli'g'i', to'men u'y-jay sharayatlari', balali'g'i'nan tirishilik ushi'n pul tabi'w za'ru'rligi bir qatar yellerde ko'plegen balalardi' woqi'wdi' aqi'ri'na jetkermesten mektepti taslap ketiwge ma'jbu'r yetetug'i'n yedi.

Sonday-aq, bilimlendiriw tarawi'nda unamsi'z ta'repleri de bar yedi. Ayi'ri'm yellerde jaslardi' milletshilik, rasali'q ruwxta ta'rbiyalawg'a itibar berilgen yedi. A'sirese, AQSHta xali'q bilimlendiriw sistemasi' rasali'q ruwxi'nda yedi. Negrlerdin' balalari' ushi'n arnawli' mektepler ashi'lg'an boli'p, bul mekteplerde aq denelilerdin' balalari' ushi'n sho'lkemlestirilgen mekteplerge qarag'anda az ko'lemde bilim beretug'i'n yedi. Yeldegi rasali'qqa

qarsi' gu'res ma'selesi *Garriyet Bicher-Stoudi'n'* «Tom ag'ani'n' i'lashi'g'i'» shi'g'armasi'nda wo'z ko'rinisin ani'q tapti'.

Bul da'wirde Shi'g'i'sta xali'q bilimlendiriwi tarawi'nda Bati'sti'n' jetiskenlikleri u'git-na'siyat yetile basladi'. Evropa ta'siri ku'sheydi.

XX a'sirdin' baslari'na kelip, ja'miyettin' rawajlani'wi' ushi'n za'ru'r bolg'an ta'biyiy ilimlerdin' jedel rawajlani'wi', texnikani'n' ja'ne de tez rawajlani'wi' diniy u'rp-a'detlerden awlaq bolg'an ilimiy du'nyag'a ko'zqaras da'rejesinin' bekkemleniwi ushi'n sharayat jarati'ldi'. Gumanitar ilimlerde, birinshi gezekte filosofiya, ekonomika teoriyasi', a'debiyat ha'm sociologiyada realistlik haqi'yqatli'qti' sa'wlelendiretug'i'n shi'g'armalar ju'zege keldi. Bir qatar ali'mlar ha'm jazi'wshi'lar insanlardi'n' jaqsi' jasawi' ushi'n, demokratiya, ten'likti ta'miyinlewshi ja'miyetti du'ziw maqsetinde sog'an umti'li'wshi' ideyalardi' sa'wlelendiriwshi shi'g'armalardi' ju'zege keltirdi. Biraq, qalay yetip bolsa da bayli'q toplawg'a shaqi'ratug'i'n shi'g'armalar da payda boldi'.

Bul da'wirde ma'deniyat, a'debiyat ha'm ko'rkem-wo'nerdin' demokratiyali'q tiykarda rawajlani'wi' ushi'n sharayat jarati'ldi'. A'sirese, bul na'rse a'debiyatta ani'q wo'z ko'rinisin tapti'. Sol sebepli kritikali'q realizm ha'm naturalizm ju'zege keldi.

Tariyxshi'lar adamzat rawajlani'wi'ni'n' tu'rli da'wirleri haqqi'nda materiallar topladi'. Bul da'wirde de a'zeliy gu'res — jaqsi'li'q benen jamanli'q arasi'ndag'i' gu'res — ideologiyali'q, ideyali'q turmi'sti'n' tiykari'n quradi'. Gumanitar taraw ilimpazlari' XX a'sir basi'nda ju'z berip ati'rg'an jan'a social-ekonomikali'q proceslerdi u'yreniwdi ku'sheyttirdi.

**Filosofiya ha'm koloniyali'q ideyalari'**

Bul da'wirde filosofiya ilimi de rawajlani'p da'wirge iykemlesti. Buri'n ag'arti'wshi'li'q ku'shli bolsa, yendi insan huquqlari'na itibar ku'sheydi. Ilimnin' rawajlani'wi' menen woni'n' ja'miyettegi worni'n belgilew, barli'q socialli'q mashqalalardi' sheshiwde ilimnin' unamli' qubi'li's yekenlig'in da'lillew ku'sheydi.

Bul da'wirdin' belgili filosoflari'ni'n' biri *Fridrix Nicshe* insan yerki ma'selesine u'lken itibar berdi. Insan barli'g'i'nda maqluqli'q ha'm yerkinlik birlesip ketkenin da'lillewge ha'reket yetti. Wol zardushtiylik ta'siri asti'nda «Zardusht tavollasi» shi'g'armasi'n jazdi'. Bunda ku'shli shaxslardi' ta'rbiyalaw ideyasi' alg'a qoyi'ldi'.

*O. Shpengler* «Evropacentrizm»ge qarsi’ shi’qti’. Ha’rbir ma’deniyatti’n’ wo’zine ta’nligi, bir-birinen basqasha jag’dayda rawajlani’w ideyasi’n bekkemlestirdi. Bul pikirler woni’n’ «Evropa quyashi’ni’n’ bati’wi’» shi’g’armasi’nda wo’z ko’rinisin tapti’.

*Z. Freyd* — psixoanaliz teoriyasi’ni’n’ tiykari’n sali’wshi’si’, du’nyag’a tani’lg’an ilimpaz. Woni’n’ shi’g’armalari’ XIX a’sirdin’ aqi’ri’ ha’m XX a’sir baslari’nda Evropada a’debiyat ha’m ko’rkem wo’nerdin’ rawajlani’wi’na u’lken ta’sir ko’rsetti. Freyd islegen ulli’ revolyuciyani’n’ a’hmiyeti sonda, wol Dekartti’n’ insan haqqi’ndag’i’ tu’siniklerin biykarlap, fenomenologiyali’q (ayri’qsha, siyrek) ta’siri ja’rdeminde sanasi’zli’qti’ analizlew mu’mkinshiligin da’lillep berdi. Psixoanaliz tu’siniklerine muwapi’q, sanasi’zli’q bilip-bolmas proces dep tu’sindiriledi. Freydtin’ psixoanalitikali’q filosofiyasi’ insan barli’g’i’n ju’zege keltirgen negizlerdi ani’qlawg’a, adamni’n’ minez-qulqi’, xarakterdin’ ju’zege keliw sebepleri, jeke turmi’s ta’rizi principlerinin’ payda boli’wi’n tu’sindiriwge umti’ladi’.

Tariyxi’y rawajlani’wdi’n’ da’wirli modeli, du’nya dinleri (budda, xristian, islam)nin’ barli’q xali’qlardi’ jaqi’nlasti’ri’wshi’ ha’m birlestiriwshi bas faktor yekenligi ideyalari’ alg’a su’rildi.

Solay yetip, shirkew hu’jdan yerkinligi, diniy isenim yerkinligi, barli’q dinlerdin’ ten’ligi principlerine shi’dam menen ko’nlige basladi’.

> Bul da’wir fashistlik ideyalar qa’liplesken da’wir de yedi, sebebi ha’rbir ha’reket payda boli’wi’nan aldi’n woni’n’ ideyasi’ payda boli’wi’ ta’biyiy. Sonday-aq, bayli’q, du’nya bazari’n talasi’wi’, u’stemlikke umti’li’w, jan’a kolonizatorli’q ideyalari’ da rawajlandi’.

Bir qatar jazi’wshi’lar wo’z shi’g’armalari’nda ten’iz ha’m okeanlar «iyesi», «quyashi’ heshqashan batpaytug’i’n» imperiya bolg’an Britaniya imperiyasi’n ko’klerge ko’terdi. Wolar «aq deneli adam» basqalardan u’stin boli’p, «ren’li» xali’qlar arasi’na ma’deniyat ali’p kiriwge tayar turadi’, degen isenimdi alg’a ilgerletti. Sonday ideyalar ingliz jazi’wshi’si’ *R. Kiplingtin’* «Aq deneli adamni’n’ minnet qayg’i’si’» kitabi’nda da ushi’raydi’.

**Muzi’ka**

Muzi’ka wo’nerinde realizm ha’m xali’qshi’lli’q dekadentlershe na’ziklikke ha’m quramali’li’qqa qarsi’ gu’reste rawajlandi’. Bul da’wirde Myun-

xende avstriya shan'arag'i'nda tuwi'lg'an kompozitor *Rixard Shtraus* «Salomeya», «Elektra», «Gu'ller ashi'g'i'», avstriyali' simfonist *Gustav Maler* «Qaza bolg'an balalar haqqi'nda qosi'q», «Balani'n' si'yqi'rli' shaqi'» ha'm basqa shi'g'armalari' menen hu'rmetke yeristi.

R. Shtraus mocartsha operani' qaytadan tikledi. Woni'n' shi'g'armalari' turmi'sli'g'i', insani'yli'g'i' go'zzali'qti' sa'wlelendiriwi menen aji'rali'p turadi'. Betxoven da'stu'rlerin *G. Maler* rawajlandi'rdi'. Maler muzi'ka shi'g'armalari'ni'n' socialli'q a'hmiyetin ko'klerge ko'terdi, quramali' muzi'kali'q temalar menen a'piwayi' xali'q namalari'ni'n' birlesiwine yerise aldi'.

Rossiyali' kompozitor — novator *A. M. Skryabin* muzi'kada da'wirdin' ideya ha'm obrazlari'n sa'wlelendirdi. Kompozitor, pianinoshi' ha'm dirijyor *S. V. Raxmaninov* bay namalarda Watan temasi'n romantikali'q pafos ha'm lirika menen ashi'p berdi.

**Su'wretlew wo'neri**

Su'wret sali'wdag'i' jan'a ag'i'mlar ju'zege keldi. Bul jan'a ag'i'mlardi'n' biri impressionizm (ta'sirler) yedi. Bul ag'i'mg'a kirgen xudojnikler haqi'yqatli'qti', baqlawdan alg'an ta'sirlerin sol turi'si'nda sa'wlelendirdi. *Eduard Mane*, *Klod Mone*, *Ogyust Renuar* ha'm *Kamil Pissaro* impressionizmnin' yen' talantli' wa'killeri yedi. Wolardi'n' na'zik boyawlar u'ylesimliligi sa'wlelengen shi'g'armalari'nda wo'mirge sheksiz muhabbat su'wretlengen. Wolar quyash nurlari'n, ken'islik ha'm ayqi'nli'qti' su'wretlewdin' jan'a texnikali'q qurallari'n tapti'. Biraq, wolar insanni'n' ishki du'nyasi'n, woni'n' ja'miyetlik turmi'stag'i' worni'n ko'rsetip beriwdi wo'z aldi'lari'na maqset yetip qoymag'an yedi.

Su'wretshilikte real turmi'sti' toli'q barli'g'i'nsha sa'wlelendirgen ag'i'm da bar yedi. Bunda *Pol Sezann*, *Pol Gogen* ha'm *Vinsent Van Gog* miynet adamlari'n ayri'qsha wori'nlarda su'wretley aldi'. Sebebi, wolar jumi'sshi'lardi'n' azap-aqi'retlerinen qatti' ta'sirlendi.

Ataqli' qi'tayli' xudojnik *Jen Bonyan* jipek gezlemege su'wret sali'wdi'n' qolay usi'llari'n jaratti'. Ulli' francuz skulptori' *O. Rodennin'* «Woyshi'l» shi'g'armasi'na qarap heshkim insanni'n', dekadentler isendirmekshi bolg'ani'nday, «joqari'» ku'shler qoli'nda woyi'nshi'q yekenligine isenbeydi.

Uluwma, gumanitar ilimler, a'debiyat ha'm ko'rkem-wo'ner da'wirdin' talabi'na aylandi' ha'm de ha'r qi'yli' ideologiyani'n' qa'liplesiwine xi'zmet yetti.

***Gumanitar*** (fran. — insaniyli'q ta'biyat, bilimlilik)—insan shaxsi'na, insan huquqi' ha'm ma'plerine tiyislilikti an'lati'wshi' tu'sinik.
***Gumanitar pa'n*** — insan ha'm woni'n' turmi'si'n, ma'deniyati'n u'yreniwshi pa'nler (tariyx, filosofiya, til tani'w, a'debiyat h.t.b.)
***Evropacentrizm*** — barli'q ma'deniyatlardi' evropalasti'ri'w ideyasi'.
***Individ*** — ayi'ri'm adam, shaxs.
***Psixoanaliz*** — avstriyali' shi'paker ha'm psixolog ilimpaz Z. Freyd ta'repinen alg'a qoyi'lg'an nerv keselliklerin yemlew usi'li'. Freyd ta'liymati'na muwapi'q, insanni'n' psixologiyali'q wo'miri tuwma, sanasi'z sezimlerge baylani'sli'. Insandag'i' tu'rli ruwxi'y keshirmeler, a'melge aspag'an tilekler jog'ali'p ketpeydi. Wolar sana shen'berinen shi'g'i'p, sanasi'zli'q jag'dayg'a wo'tedi ha'm insanni'n' ruwxi'y turmi'si'na aktiv ta'sir ko'rsetedi. Bul jag'day ashi'wlani'wda payda boladi'. Woni' yemlewdin' tiykarg'i' usi'li' — sezimlerdi g'ayri'ta'biyiy jol menen qandi'ri'w yamasa wolardi' basqa iskerlik tarawi'na (mi'sali', do'retiwshilik, siyasat, miynet ha'm t.b.) ko'shiriw.
***Filosofiya*** — ta'biyat, ja'miyet ha'm woy-pikirdin' rawajlani'wi'ni'n' uluwma ni'zamli'qlari' haqqi'ndag'i' pa'n.
***Fashistlik ideya*** — yen' ayawsi'z terrorshi'li'q diktaturasi'n, milletshilik ha'm rasali'q aqlawshi', milletshilik, shovinistlikke tiykarlang'an ideya.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar***

1. Xali'q bilimlendiriwinin' rawajlani'wi'na unamli' ta'sir ko'rsetken faktorlardi' ayti'p berin'.
2. Z. Freyd ta'liymati'nda qanday ideya u'stin turg'an?
3. Koloniyali'qti' jaqlag'an jazi'wshi'lar wo'z pikirlerin qanday ideyalar menen tiykarlag'an?
4. Su'wretlew wo'nerinin' ulli' tulg'alari' haqqi'nda ayti'p berin'.

## 41-§. A'debiyat. Kritikali'q realizm

**A'debiyat**

XIX a'sirdin' aqi'ri' — XX a'sirdin' baslari'nda Evropa ma'deniy turmi'si'nda realistlik ag'i'm menen dekadentlik ag'i'm wortasi'nda gu'res ha'wij aldi'. Xali'q dekadentlik ruwxi'nda jazi'lg'an shi'g'armalardi' qabi'l yetpedi. Na'tiyjede, turmi'sti' ani'q sa'wlelendiretug'i'n shi'g'armalarg'a talap ku'sheydi. Realist jazi'wshi'lar a'tiraptag'i' haqi'yqatli'qti' qori'qpastan ha'm duri's ko'rsetiwge umti'ldi'. Soni'n' ushi'n bul da'wir realizm yaki «kritikali'q realizm» dep ataldi'. Bul da'wirde rus a'debiyati' g'ayratkerleri *F.M. Dostoevskiy*, *L. N. Tolstoy*, *A. P. Chexov* si'rt yellerdegi



**F.M. Dostoevskiy.**

zamanlaslari' ushi'n realistlik do'retiwshiliktin' jan'a imkaniyatlari'n ashi'p berdi.

*Gi de Mopassan* wo'zinin' «Turmi's», «A'ziyzim», «Mont-Oriol» ha'm basqa shi'g'armalari' menen francuz ko'rkem a'debiyat du'nyasi'nda bir qatar sociallі'q ma'selelerdi sheberlik penen ra'n'-ba'ren' boyawlarda su'wretlegen jazi'wshi'.

Amerika jazi'wshi'si' *J. Londonni'n'* do'retpeleri radikal umti'li'wlari' menen aji'rali'p turatug'i'n yedi. Woni'n' «Temir taban» romani'nda adamzat aldi'nda turg'an apatshi'li'q yamasa qorqi'ni'shli' azaplar aldi'n ala ayti'p berildi. Avtobiografiyali'q «Martin I den» romani'nda hadal do'retiwshi xali'qti'n' jasalma ma'deniyat penen tragediyali'q soqli'g'i'si'wi'n ashi'p berdi.

Amerikali' jazi'wshi' *T. Drayzerdin'* «Finansist», «Titan» romanlari'nda amerikali'q monopolist, taji'si'z korol, bay Kaupervudti'n' uluwmalasqan obrazi' berilgen. Kaupervud bayi'w ushi'n gu'reste ma'kkarli'q usi'llari'nan, adamlardi' aldaw, sati'p ali'wdan paydalani'p, wo'z maqsetine qaray umti'ladi'.

*R. Rollan* wo'zinin' ko'p tomli' «Jan Kristof» romani'nda francuz ha'm german burjua ja'miyetinin' buzi'li'wi'n ko'rsetedi. Woni'n' qaharmani'—kompozitor Kristof haramzadali'q, yeki ju'zlilik, a'melparazli'qti' ko'rip azaplanadi'. «Maydandag'i' yarmarka» kitabi' ashi'qtan-ashi'q a'shkaralawi' menen aji'rali'p turadi'. Bunda avtor satqi'n wa'zirlerdi, «saray toti'lari'n», «socialist» a'melparazlardi', ko'rkem-wo'ner baslawshi'lari'n a'shkaralawda satirali'q usi'llardan paydalanadi'.

Bul da'wirde satira u'lken ahmiyetke iye boldi'. Nemis jazi'wshi' yumoristi *G. Manni'n'* «Sadi'q puqara» romani' ha'm de «Imperiya» trilogiyasi'na kirgen basqa shi'g'armalari' ju'da' u'lken a'shkaralawshi' ku'sh retinde ayqi'n ko'rinedi. Woni'n' betlerinde ko'plegen korol ha'm kanclerlerdi, aqsu'yek ha'm ha'meldarlardi', xali'qqa qi'yanet islegenlerdi, wa'layatlardan shi'qqan aq su'yeklerdi ha'tte imperator Vilgelm II ni ko'riw mu'mkin.

Bul sistemani' a'shkaralawdi'n' iri ustasi', ataqli' francuz jazi'wshi'si' *A. Fransti'n'* «Silvester Bonnardi'n' ji'nayati'» shi'-

g'armasi'nda «U'shinshi Respublika»-ni'n' illetleri, u'stem toparlardi'n' ruwxi'y buzi'li'wi', siyasat iskerlerinin' satqi'nli'g'i', monarxlardi'n' til biriktiriwleri keskin, si'ng'a ali'ndi'. Ataqli' amerikali' satirik jazi'wshi' *M. Tvennin'* romanlari', gu'rrin'leri, maqalalari' ashshi' ha'm ku'shli satirag'a bay. «Sudsi'z jazalawshi' Qurama Shtatlar» maqalasi'ni'n' ati' yaki «Senator tyurmada woti'rmag'an waqi'tlari'nda ni'zam shi'g'ari'wshi' adam», «Xali'q xi'zmetkerleri —parani' bo'lisiw ushi'n wo'z lawazi'mlari'na saylang'an adamlar» degen wo'tkir su'wretlewlerdin' wo'zi qi'mbatli' yedi.



**Rabindranat Tagor.**

Ja'ha'n demokratiyali'q ma'deniyati'ni'n' fondi' Aziya ham Lati'n Amerikasi' yellerinin' jazi'wshi'lari'ni'n' do'retpeleri menen bayi'di'. Ataqli' yapon jazi'wshi'si' *A. Ryunoske* novellalari'nda jer iyeleri a'dep-ikramli'li'g'i'ni'n' krizisi, xali'q massasi'ni'n' uluwma ku'shin an'law wo'z ko'rinisin tapti'. Hind gumanist jazi'wshi'si' *R. Tagor* filosofiyali'q teren'ligi ha'm ko'rkemlik jaqtan jetiliskenligi menen aji'rali'p turatug'i'n romanlar, pyesalar, gu'rrin' ha'm qosi'qlari' menen pu'tkil du'nyaga belgili boldi'. Woni'n' pu'tkil do'retpeleri milliy g'a'rezsizlikke jali'nli' shaqi'ri'qlardan ibarat yedi. A'sirese, «Qi'yrali'w ha'm bu'lginshilik» romani' ken' taraldi'. Qi'tayli' *Lu Sinnin'* do'retpesi gedeylerdin' awi'r awhali'na teren' kewil bildiriwshilik ruwxi' bildirilgen yedi.

**Demokratiyali'q a'debiyat**

Demokratiyali'q a'debiyat do'retiwshileri ten'lik ha'm a'dalatli'q principlerinin' jen'iske yerisiwine, insanni'n' do'retiwshilik ku'shlerine, woni'n' du'nyani' wo'zgerte alatug'i'ni'na isenetug'i'n yedi. Woni'n' wa'killerinen biri amerikali' jazi'wshi' *G. Bicher-Stou* yedi. Bicher-Stoudi'n' «Tom ag'aydi'n' i'lashi'g'i'» romani' ja'ha'n a'debiyati'ni'n' bahali' shi'g'armalari'nan boldi'. XIX a'sir Amerika qullari' ha'm qul iyelerinin' turmi'si', wolar arasi'ndag'i' qulshi'li'qqa qarsi' negrler ko'terilisi ani'q su'wretlengen. Woni'n' «Men ha'm menin' hayali'm», «Biz ha'm qon'si'lari'mi'z» shi'g'armalari'nda Amerika turmi'si' ani'q su'wretlengen.

Jek Londonni'n' ta'biyatti' boysi'ndi'rg'an qaharman haqqi'n-dag'i' «Wo'mirge muhabbat», jumi'sshi'si' ha'm diyqanlar turmi'si'na bag'i'shlang'an «Bir bo'lek go'sh», «Ten'iz qasqi'ri'» ha'm basqa shi'g'armalari' belgili.

Inglis dramaturgi *Bernard Shou* wo'z miynetlerinde ekspluataciyani', mechanli'qti', a'depsizliklerdi, ju'zego'ylikti qaralag'an. «Qariyalar u'yinde», «Korol ha'm insan», «Shaytanni'n' malayi'», «Mayor Barbara» shi'g'armalari'nda ja'miyettegi kemshiliklerdi a'shkaralaw menen birge, socialli'q rawajlani'wg'a, a'dalatqa xi'zmet yetiwshi ku'shlerdi zorli'qqa qarsi' qoyi'w ideyalari' alg'a qoyi'ldi'.

Francuz shayi'ri' *Viktor Gyugo* «Qorqi'ni'shli' ji'l», «Qorlang'anlar», «Toqsan u'shinshi ji'l» shi'g'armalari'nda zuli'mli'qqa, g'a'zep ha'm a'dalatsi'zli'qqa qarsi' narazi'li'q, basqi'nshi'li'qqa g'a'zep, gu'resshen' xali'qqa tilekleslik bildiredi ha'm qorlang'an miynetkesh insanni'n' qayg'i'li' turmi'si' ha'm gu'resin su'wretleydi.

Francuz jazi'wshi'si' *Jyul Vern* ilimiy-fantastikali'q romanshi'li'qti'n' u'lken wa'kili. Jazi'wshi' «Hawa shari'nda bes ha'pte», «Jer worayi'na sayaxat», «Kapitan Grant balalari'», «Won bes jasli' kapitan» shi'g'armalari'ni'n' qaharmanlari' — bati'r, ma'rt, gu'resiwshi adamlar.

Rus jazi'wshi'si' *L. N. Tolstoy* wo'mirinin' son'g'i' ji'llari'nda patsha Rossiyasi'ni'n' ma'mleket, shirkew, ekonomikali'q ha'm ja'miyetlik ta'rtiplerin, a'depsizlik negizlerin si'ng'a ali'wdi' dawam yettirdi. *A. P. Chexov* «U'sh apa-sin'li», «Shiye bag'i'» pyesalari'nda socialli'q ma'selelerdi uluwmalasti'ri'wg'a yeristi.

Bul da'wirde yaponiyali' belgili jazi'wshi' *Roka Tokutomidin'* «Kurosivo», «Jasamag'an jaqsi'», *Naoe Kinositoni'n'* «Jali'nli' u'stin» romanlari' feodalli'q qaldi'qlarg'a qarsi', milliy u'rp-a'detlerdi saqlawg'a, si'rt yellerdin' ruwxi'y ta'sirine qarsi' qarati'lg'an yedi.

Qi'tay shayi'ri' *Xua Szunsyan* wo'z qosi'qlari'nda xali'qti' basqi'nshi'larg'a qarsi' gu'reske shaqi'rdi'. Kritikali'q romanlar ku'sheydi. *Li Baoczya* «Bizin' chinovnikler», *U. Voyao* «Jigirma ji'l ishinde», *Lyu. E.* «Lao San sayaxati'», *Szen Pu* «Qa'ha'rli ten'izdegi gu'ller» romanlari' menen belgili boldi'. Bul shi'g'armalarda yel turmi'si'ndag'i' tu'rli jawi'zli'qlar, qarama-qarsi'li'qlar, basqi'nshi'lardi'n' qi'lmi'slari' ko'rkem tu'rde su'wretlengen yedi.

**Naturalizm**

Naturalizm a'debiyatti' ko'rkemlik jan'a-lawda revolyuciya jasadi'. Sol da'wirdin' turmi'si'n wo'tkir ko'rkem boyawlarda su'wretlegen bir topar ko'rkem wo'ner xi'zmetkerleri wo'zlerin naturalistler dep atadi'. Wolardi'n' iri wa'killerinin' biri francuz jazi'wshi'si' *Emil Zolya* Franciyadag'i' barli'q klaslar ha'm socialli'q toparlardi'n' poziciyalari'n, turmi's da'rejesin ha'm psixologiyasi'n ko'rsetiwdi aldi'na maqset yetip qoydi'. Emil Zolyani'n' 20 tomli'q «Rugon-Makkarlar» shi'g'armasi' Yekinshi imperiya da'wirindegi bir shan'araqti'n' turmi'si' ha'm ja'miyetlik tariyxi'na bag'i'shlanadi'. «Jerminal» ha'm «Qi'yrali'w» romanlari' woni'n' do'retpesinin' shi'n'i' boli'p yesaplanadi'.

Italiyada naturalizim wa'killerinen *Luidji Kapuana* ha'm *Jovanni Vegalar*di' ko'rsetiw mu'mkin. Wolar wo'z shi'g'armalari'nda Qubla Italiyadag'i' ka'mbag'alshi'li'qti', wog'an qarsi' gu'resiwshilerdi ko'rkem sheberlik penen su'wretledi. Amerika naturalistlerinen *Stiven Kreyn* «Ma'rtliktin' qanli' belgisi», *Frenk Norris* «Girdap» shi'g'armalari'nda u'lken socialli'q ma'selelerdi ko'terip shi'qti'.

Dekadentlik da'slep francuz a'debiyati'nda ani'q ko'rinisin tapti'. «Na'letlengen shayi'rlar» dep atalg'an *P. Verlen, A. Relebo, S. Mallorme* si'yaqli' shayi'rlar jetekshilik yetken simvolizm ag'i'mi'na dekadentlik wog'ada ku'shli ta'sir yetken.

***Demokratiyali'q a'debiyat*** — u'stem qatlamlar ma'plerine yemes, xali'q ma'plerine, woni'n' keleshegine xi'zmet yetiwshi, adamlardi' keleshekke isenimli ruwxta ta'rbiyalwshi', haqi'yqatli'qti' ani'q sa'wlelendiriwshi a'debiyat.
***Dekadentlik*** (lat. — tu'skinlik) — Evropa ma'deniyati'nda krizis jag'dayi'n uluwma ta'rizde ko'rsetiwshi tu'sinik.
tu'skinlikke bet buri'w, u'mitsizlik keypi, wo'mirden beziwdi wo'zinde ko'rsetiwshi ag'i'm.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar***

1. Kritikali'q realizm a'debiyati' qalay ju'zege keldi?
2. Demokratiyali'q a'debiyatti'n' wo'zine ta'n wo'zgesheliklerin ko'rsetin'.
3. A'debiyattag'i' naturalizm ha'm dekadentlik, kritikali'q realizm ag'i'mlari'n sali'sti'ri'n'.
4. XIX a'sirdin' aqi'ri' — XX a'sirdin' baslari'nda ja'ha'n a'debiyati'ni'n' ulli' g'ayratkerleri haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?




**XIX a'sir aqi'ri' — XX a'sir baslari'nda Lati'n Amerikasi' ma'mleketleri.**




**Rus — Yapon uri'si'.**


XIX A'SIRDIN' AQI'RI'–XX A'SIRDIN' BASLARI'NDAG'I' QI'TAY–YAPONIYA
I M P E R I Y A S I'
R O S S I Y A
M O N G O L I Y A
Q I' T A Y
H I N D S T A N
NEPAL
HINDIQI'TAY
YAPON TEN'IZI
QUBLA QI'TAY TEN'IZI
T I' N I' S H O K E A N
Saxalin at.
Xaynan at.
Tayvan at.
PEKIN
TOKIO
Xaylar
Xarbin
Sungari
Xanka k.
Amur
Shenyan (Mukden)
Fushun
Lyaoyan
Pxenyan
Pusan
Sindao (Germ.)
Szinan
Szyaotszo
Shanxay
Nankin
Ushan
Xanshjou
Nimbo
Ichan
Pinsyan
Fushjou
Taychjun
Guanchjou (Kanton)
Syangan (Gonkong) (Brit.)
Simszyan
Kunmin
Minszi
Chunsin
Yanszi
Lanshjou
Sian
Xuanxe
Lxasa
Braxmaputra
Mekong
Shugushak
G'ulja
Urumshi
Turfan
Xami
Dunxuan
Lobnor k.
Koshg'ar
Tarim
Hind
Gang
Xoranay
Amori
Asip
Ikuno
Iokogama
Osaka
Bessiyama
Kagosima
40°
140°
120°
1904
Imperialistlik ma'mleketlerdin' Qi'taydag'i agressiyasi' bag'dalari'
Angliya
Germaniya
Franciya
Rossiya
Yaponiya
AQSH
1914-ji'ldag'i' ta'sir shen'berlerinin' shegaralari'
Angliya
Germaniya
Franciya
Rossiya
Yaponiya
1914-ji'lg'a kelip shet yel kapitali'na tiyisli bolg'an a'hmiyetli ka'rxanalar ha'm temir jollari'
Milliy kapitalg'a tiyisli bolg'an a'hmiyetli ka'rxanalar
«Ixetuan» xali'q ko'terilisi (1899–1901) bolg'an rayon
Yaponiyada XIX a'sirdin' aqi'ri'– XX a'sirdin' baslari'ndag'i' yen' a'hmiyetli sanaat woraylari'
Yapon–Qi'tay (1894–95-jj.) ha'm rus–yapon (1904–05) uri'slari'ni'n' sheshiwshi sawashlari' boli'p wo't-ken jerler ha'm waqti'
Yaponiyag'a qarsi' ko'terilis ha'm Tayvan atawi'nda respublika ja'riyalani'wi'. May, 1895.
Koreyada yapon basqi'nshi'-lari'na qarsi' azatli'q gu'resi.
XIX a'sirdin' aqi'ri'nda Yaponiyada jumi'sshi'lar ha'reketi woraylari'
Qi'tay ha'm Yaponiyada 1905–1907-jj. rus revolyuciyasi' ta'sirinde qozg'a-lan'lar bolg'an rayonlar

## MAZMUNI'


Kirisiw ........................................................................................ 3

*I bo'lim*

**JA'HA'N XIX A'SIRDIN' AQI'RI' — XX A'SIR BASLARI'NDA**

*I bap.* **DU'NYANI'N' SOCIAL-EKONOMIKALI'Q HA'M SIYASIY KO'RINISI**

1-§. XIX a'sirdin' aqi'ri' — XX a'sirdin' baslari'nda kapitalizmnin' rawajlani'wi'nda ju'z bergen tu'pkilikli wo'zgerisler ................. 4

2-§. Industrial civilizaciya ........................................................... 11

*II bo'lim*

**EVROPA HA'M AMERIKA MA'MLEKETLERI**

*II bap.* **BATI'S EVROPA MA'MLEKETLERI XIX A'SIRDIN' AQI'RI' HA'M XX A'SIRDIN' BASLARI'NDA**

3-§. Franciya-Prussiya uri'si' ha'm woni'n' juwmaqlari' .............. 16

4-§. Franciyada U'shinshi Respublika ha'm 1871-ji'l 18-mart ma'mleket awdari'spag'i' ....................................................... 18

5-§. XIX a'sirdin' aqi'ri' — XX a'sirdin' baslari'nda Franciyada ekonomikali'q ha'm siyasiy turmi's.................... 21

6-§. Franciyani'n' ishki siyasati' .................................................. 23

7-§. Franciyani'n' si'rtqi' siyasati' ................................................ 26

8-§. XIX a'sirdin' aqi'ri' — XX a'sirdin' baslari'nda Germaniya. Imperiyani'n' du'ziliwi ...................................... 29

9-§. Imperiyani'n' ishki siyasati' .................................................. 32

10-§. Imperiyani'n' si'rtqi' siyasati' ................................................ 35

11-§. XIX a'sirdin' aqi'ri' — XX a'sirdin' baslari'nda Ulli' Britaniyani'n' siyasiy ha'm ekonomikali'q awhali' ....... 39

12-§. Ulli' Britaniyani'n' ishki siyasati' ......................................... 42

13-§. Ulli' Britaniyani'n' si'rtqi' siyasati' ...................................... 45

*III bap.* **XIX A'SIR AQI'RI' — XX A'SIR BASLARI'NDA AMERIKA MA'MLEKETLERI**

14-§. Amerika Qurama Shtatlari' .................................................... 48

15-§. AQSHti'n' ishki siyasati' ........................................................ 52

16-§. AQSHti'n' si'rtqi' siyasati' ..................................................... 55

17-§. XIX a'sirdin' aqi'ri' ha'm XX a'sirdin' baslari'nda Lati'n Amerikasi' ma'mleketleri ........................... 59

18-§. Lati'n Amerikasi'ni'n' basqa ma'mleketleri ........................... 63

*IV bap.* **XIX A'SIR AQI'RI' — XX A'SIR BASLARI'NDA PADSHA ROSSIYASI' HA'M QUBLA-SHI'G'I'S EVROPA MA'MLEKETLERI**

19-§. XIX a'sir aqi'ri' — XX a'sir baslari'nda patsha Rossiyasi'ni'n' socialli'q-siyasiy ha'm ekonomikali'q awhali' ...... 66

20-§. Patsha Rossiyasi'ni'n' si'rtqi' siyasati' .................................... 69
21-§. Rossiyada Ma'mleket dumasi'ni'n' du'ziliwi ........................... 73
22-§. XIX a'sirdin' aqi'ri' — XX a'sirdin' baslari'nda Avstriya-Vengriya imperiyasi' .................................................. 76
23-§. Avstriya-Vengriya imperiyasi'ni'n' si'rtqi' siyasati' .................. 80
24-§. XIX a'sirdin' aqi'ri' — XX a'sirdin' baslari'nda Italiya ........ 82
25-§. XIX a'sirdin' aqi'ri'—XX a'sirdin' baslari'nda Balkan ma'mleketleri ........................................................................ 86

## *III bo'lim*

## AZIYA HA'M AFRIKA MA'MLEKETLERI

### *V bap.* XIX A'SIR AQI'R'I — XX A'SIR BASLARI'NDA AZIYA MA'MLEKETLERI

26-§. XIX a'sirdin' aqi'ri' ha'm XX a'sirdin' baslari'nda Yaponiya ............................................................. 90
27-§. XIX a'sirdin' aqi'ri'nda Qi'tay ................................................ 94
28-§. XX a'sirdin' baslari'nda Qi'taydi'n' social-ekonomikali'q ha'm siyasiy awhali' ............................................................ 97
29-§. XIX a'sirdin' aqi'ri'—XX a'sirdin' baslari'nda Hindstan ....... 101
30-§. XIX a'sirdin' aqi'ri' — XX a'sirdin' baslari'nda Iran ......... 105
31-§. XIX a'sirdin' aqi'ri' — XX a'sirdin' baslari'nda Awg'anstan . 109
32-§. XIX a'sirdin' aqi'ri'—XX a'sirdin' baslari'nda Turkiya ......... 112

### *VI bap.* XIX A'SIRDIN' AQI'RI' — XX A'SIR BASLARI'NDA AFRIKA MA'MLEKETLERI

33-§. Arqa Afrika ma'mleketleri ................................................... 116
34-§. Tropikali'q ha'm Qubla Afrika ma'mleketleri ....................... 120

### *VII bap.* 1914 — 1918-JI'LLARDAG'I' BIRINSHI JA'HA'N URI'SI'

35-§. Birinshi ja'ha'n urusi'ni'n' baslani'wi ha'm bari'si' ....... 124
36-§. 1916—1917-ji'llardag'i' uri's ha'reketleri ............................... 129
37-§. Birinshi ja'ha'n uri'si'ni'n' juwmaqlari' ha'm aqi'betleri . 131

## *IV bo'lim*

## ILIM HA'M MA'DENIYAT

### *VIII bap.* XIX A'SIRDIN' AQI'RI' — XX A'SIR BASLARI'NDA ILIM HA'M MA'DENIYATTI'N' RAWAJLANI'WI'

38-§. Materialli'q wo'ndiriste texnika ha'm ilimnin' rawajlani'wi' ... 136
39-§. Ani'q ha'm ta'biyiy pa'nlerdin' rawajlani'wi' .......................... 140
40-§. Xali'q bilimlendiriw. Gumanitar pa'nler. Ko'rkem-wo'ner .. 145
41-§. A'debiyat. Kritikali'q realizm .................................................. 149
Qosimshalar ........................................................................................ 154

**63.3(0)**
**J 39**

**Ja'ha'n tariyxi': 9 :** uluwma worta bilim mekteplerinin' 9-klasi' ushi'n sabaqli'q /M. Lafasov ha'm basq. 3-qayta islengen ha'm du'zetilgen basi'li'm. — Tashkent: «O'qituvchi» BPDU', 2014. — 160 b.

ISBN 978-9943-02-756-5

**UO'K: 94(4/9)-512.121(075)**
**KBK 63.3(0)**

**MOYLI FOZILOVICH LAFASOV**
**USMON TOSHPO'LATOVICH JO'RAYEV**
**ESHQOBIL XOLIQOVICH XOLIQOV**
**DILOROM QODIROVA**

# JAHON TARIXI

**9-sinf uchun darslik**

Qayta ishlangan va tuzatilgan 3-nashri

*«O'qituvchi» nashriyot-matbaa ijodiy uyi*
*Toshkent — 2014*

*Qaraqalpaq tilinde*

Awdarmashi'lar *W. Baylepesov, S. Baynazarova*
Redaktor *S. Baynazarova*
Xud.redaktor *I. Serjanov*
Tex. redaktor *Z. Allamuratov*
Operator *G. Serimbetova*

Baspa licenziyasi AI№ 161 14.08.2009. Original maketten basi'wg'a ruqsat yetildi 16.06. 2014. Formati' 60x90$^{1}/_{16}$. Kegli 11 shponli. «Times KRKP» garn. Ofset baspa usi'li'nda basi'ldi'. 10,0 sha'rtli b. t. 9,72 yesap b. t. Nusqasi' 1406 nusxa. Buyi'rtpa №

Original-maket O'zbekiston Baspaso'z ha'm xabar agentliginin' «O'qituvchi» baspa-poligrafiyali'q do'retiwshilik u'yinde tayarlandi'. Tashkent—129, Nawayi' ko'shesi, 30-uy. // Tashkent, Yunusabad dahasi, Yangishahar ko'shesi, 1-uy. Sha'rtnama № 07-52-14.

### İjarag'a berilgen sabaqli'qti'n' jag'dayi'n ko'rsetiwshi keste

| T/n | Woqi'wshi'ni'n' ati', familiyasi' | Woqi'w j'i'li' | Sabaqli'qti'n' ali'ng'andag'i' jag'dayi' | Klass basshi'si'ni'n' qol tan'basi' | Sabaqli'qti'n' qayti'p tapsi'ri'lg'andag'i' jag'dayi' | Klass basshi'si'ni'n' qol tan'basi' |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | | | | | | |
| 2. | | | | | | |
| 3. | | | | | | |
| 4. | | | | | | |
| 5. | | | | | | |
| 6. | | | | | | |

### Sabaqli'q ijarag'a berilgende ha'm woqi'w ji'li'ni'n' juwmag'i'nda qaytari'p ali'ng'anda joqari'dag'i' keste klass basshi'si' ta'repinen to'mendegishe bahalawg'a muwapi'q tolti'ri'ladi'

| Jan'a | Sabaqli'qti'n' paydalani'wg'a birinshi berilgendegi jag'dayi' |
|---|---|
| Jaqsi' | Muqabasi' pu'tin, sabaqli'qti'n' tiykarg'i' bo'liminen aji'ralmag'an. Barli'q betleri bar, ji'rti'lmag'an, ko'shpegen, betlerinde jazi'w ha'm si'zi'wlar joq. |
| Qanaatlanarli'q | Muqaba jazi'lg'an, bir qansha si'zi'li'p, shetleri jelingen, sabaqli'qti'n' tiykarg'i' bo'liminen aji'rali'w jag'dayi' bar, paydalani'wshi' ta'repinen qanaatlanarli'q won'lang'an. Ko'shken betleri qayta won'lang'an, ayi'ri'm betleri si'zi'lg'an. |
| Qanaatlandi'rmaydi' | Muqaba si'zi'lg'an, wol ji'rti'lg'an, tiykarg'i' bo'limnen aji'ralg'an yamasa pu'tkilley joq, qanaatlandi'rarsi'zli'q won'lang'an. Betleri ji'rti'lg'an, betleri jetispeydi, si'zi'p, boyap taslang'an, sabaqli'qti' tiklewge bolmaydi'. |